

Dados Manungsa PASKA

MANGSA PASKA

2021



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH

Samironobaru 27 kompleks LPPS

Yogyakarta 55281

Telp. 0274 514721 - Rek. BRI Tiro No. 0029-01-000409-30-9

Web: www.lpps.or.id

Mangsa Paska 2021

Jejer:

“Dados Manungsa Paska”

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia

Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télépon: 0274-514721

Fax: 0274-543001

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku

Atur Sapala

Wungunipun Sang Kristus dados tukung pangajeng-ajeng minangka cendhéla kanggé kita ningali gesang ing mangsa ingkang badhé kelampahan. Sanadyan kita wonten ing jaman samangké, ananging amargi wungunipun Gusti Yésus saking pejah pramila kita sampun wiwit ngalami mangsa ingkang badhé kelampahan kasebat. Pangraos ingkang kados mekaten ndadosaken kita katimbangan dados manungsa Paska, inggih punika manungsa ingkang nggadhahi pangajeng-ajeng. Mekaten gagasan ingkang ndhasari jejer Mangsa Paska 2021. Lumantar jejer “Dados Manungsa Paska”, umat kaajab ngraos-raosaken prastawa ingkang dipun alami déning Gusti Yésus supados pangajeng-ajenging gesangipun saged kasantosakaken.

Amargi bahan punika dipun anggit ing mangsa pandhemi, pramila swasana pandhemi saestu karaosaken wonten ing bahan-bahan ingkang dipun serat déning para panyerat. Supados umat saged ngalami Sang Kristus lumantar bahan-bahan punika, kawula nyuwun dhumateng Ibu/Bapak/Pradataning Pasamuwan supados ngolah malih bahan-bahan ing buku punika miturut kabetahan saha kawontenaning Ibu/Bapak/Pasamuwan. Umpaminipun bab “Prosesi Lilin” ingkang wonten ing bahan liturgi, sumangga kacundhukna kaliyan padatan ingkang wonten ing pasamuwan panjenengan piyambak-piyambak. Pancèn samangké wonten pasamuwan ingkang nggadhahi kabiyasan mejahi lilin Prapaska, sanès nyumet. Kabiyasan kasebat adhedhasar pangraos bilih mejahi lilin Prapaska ngemu teges nyélaki dhiri lan ngakeni dosa. Lumantar tumindak mekaten, umat kaajak supados sami ngasoraken dhirinipun wonten ing ngarsanipun Allah saha meteg égo (pepénginan mentingaken dhiri) lumantar anggènipun sami ngraos-raosaken prastawa-prastawa ingkang dipun alami Sang Kristus wonten ing Minggu-minggu Prapaska. Déné padatan nyumet lilin wonten ing Minggu-minggu Prapaska dipun tindakaken kanthi pangraos bilih séda saha

pangurbanipun Sang Kristus kanggé jagad punika kados lilin ingkang madhangi pepeteng sanadyan kedah lèlèh ngantos telas. Lumantar panyumeting lilin kasebat, umat kaajak supados rila ngurbanaken dhiri lan ngladosi gesang sesarengan.

Conto sanès, umpaminipun bab ngolah bahan-bahan ing buku punika dados bahan ingkang katindakaken sacara *online* (lumantar *internèt/youtube*). Contonipun kados ingkang kaserat minangka Liturgi Minggu Paska Sonten. Ing bab punika, kawula ngaturi kalodhangan dhumateng Ibu/Bapak/Pasamuwan supados migunakaken bahan-bahan ing buku punika miturut ing kabetahan saha kawontenan Ibu/Bapak/Pasamuwan piyambak-piyambak.

Buku ingkang wonten ing asta Ibu/Bapak punika wohing panyambutdamel sesarengan kanca-kanca tunggil paladosan inggih punika:

1. Pdt. Immanuel Adi Saputro - PWG Bapelsin GKJ
2. Pdt. Neny Suprihartati - PWG Bapelsin GKJ
3. Pdt. Darmanto Lemuel - DPG BPMSW GKI SW Jateng
4. Pdt. Paulus Kristian M DPG BPMSW GKI SW Jateng
5. Pdt. Yosef Krisetyo Nugroho – GKJ Wirobrajan
6. Pdt. Agung Jatmiko – GKJ Wirosari Grobogan
7. Pdt. Widya Nowo M. Nelwan – GKJ Salaman
8. Pdt. Erni Ratna Y – GKJ Tengahan Kebumen
9. Pdt Trombin Naftaliyus - GKJ Moga – Pemalang
10. Pdt. Tata Mira Dewi Istanti – GKJ Cepu
11. Pdt. Dwi Argo M - GKJ Pekalongan
12. Pdt. Yuliana Saragih – GKJ Kutoarjo
13. Capen Mario Gunawan - GKI Kediri
14. Sdri. Grace Devina – GKI Pajajaran Magelang
15. Sdr. Yosua Booby Wijaya – Mhs FTh UKDW
16. Pdt. Yosua Agung Nugroho Hadiusodo–GKI Pekalongan
17. Pdt. Tohom Marison P – GKI Kebayoran Baru Jakarta
18. Pdt. Veri Susanto – Pdt. RS Bethesda Yogyakarta
19. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode)
20. Pdt. Yusak Tridarmanto (Fak. Teologi UKDW)
21. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan, Solo)

Awit panyambutdamel ingkang saé saking kanca-kanca kasebat, kawula ngaturaken agenging panuwun. Dhumateng kita sedaya, sugeng ngraos-raosaken sih-katresnanipun Allah lumantar Mangsa Paska 2021. Gusti hamberkahi kita sedaya.

Wiwitaning Januari 2021

Salam katresnan,
PPP LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng:

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Addi S. Patriabara
Pdt. Murtini Hehanussa

Dhaptar Isi

Atur Sapala.....	i
Dhaptar Isi	iii

Bahan Khotbah

Rebo Awu [17 Februari 2021]	1
Minggu I Prapaska [21 Februari 2021]	5
Minggu II Prapaska [28 Februari 2021]	13
Minggu III Prapaska [7 Maret 2021]	19
Minggu IV Prapaska [14 Maret 2021]	27
Minggu V Prapaska [21 Maret 2021]	37
Minggu VI Prapaska (Palmarum) [28 Maret 2021]	43
Kemis Pethak [1 April 2021]	49
Jumuwah Adi [2 April 2021]	57
Setu Sepi [3 April 2021]	61
Riyaya Minggu Paska [4 April 2021]	65
Riyaya Minggu Paska Sore [4 April 2021]	71

Bahan Liturgi

Rebo Awu [17 Februari 2021]	75
Minggu I Prapaska [21 Februari 2021]	83
Minggu II Prapaska [28 Februari 2021]	93
Minggu III Prapaska [7 Maret 2021]	99
Minggu IV Prapaska [14 Maret 2021]	107
Minggu V Prapaska [21 Maret 2021]	115
Minggu VI Prapaska (Palmarum) [28 Maret 2021]	125
Kemis Pethak [1 April 2021]	133
Jumuwah Adi [2 April 2021]	143
Setu Sepi [3 April 2021]	151
Riyaya Minggu Paska [4 April 2021]	157
Riyaya Minggu Paska Sore [4 April 2021]	167

Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional

Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 1	175
Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 2	179
Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 3	185

Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa

Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa 1	191
Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa 2.....	201
Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa 3.....	207

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1	213
Pakempalan Pandonga 2	219
Pakempalan Pandonga 3	225
Pakempalan Pandonga 4	231
Pakempalan Pandonga 5.....	235
Pakempalan Pandonga 6	241
Pakempalan Pandonga 7.....	245



BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

KHOTBAH JANGKEP**Rebo Awu***Rebo, 17 Februari 2021*

Waosan 1 : Yoel 2:12-17

Tanggapan : Mazmur 51

Waosan 2 : II Kor. 5:20-6:10

Waosan Injil: Matius 6:1-6, 16-21

**MARA,
SUWÈKEN
ATIMU**

☸☸☸

KHOTBAH JANGKEP**“Mara, Suwèken Atimu”**

Para Sedhèrèk ingkang dipun kasihi dening Gusti, Punapa panjenengan sami naté mireng tetembungan “tobat sambel” utawi ingkang asring kasebat “kapok lombok”? Tetembungan kalawau asring dipun anggè nggambaraken sikeping patobat ingkang mboten sayektos. Salajengipun ugi kita pireng tetembungan “eluh baya” utawi ing salebeting basa Indonesia winastan “air mata buaya”, ingkang ngemot makna kasisahan utawi ngraos lepat ingkang palsu.

Ing wekdal punika kita sami nyatunggilaken manah ing salebeting pangibadah Rebo Awu, pangibadah ingkang ngajak kita sedaya kanthi temen-temen ngraos-ngraosaken dalah ngresepni maknaning patobat ing ngarsanipun Gusti. Patobat ingkang mboten namung “tobat sambel” utawi “kapok lombok” kémawon, saha sanès patobat ingkang namung nètèsaken “luh baya” kémawon.

Miturut kitab Yoèl 2: 12, patobat ingkang dipun kersakaken déning Gusti, inggih punika patobat ingkang kelampahan “*kanthi sawetahing manah, lumantar siyam, lan nangis sarta sambat-sambat*”.

Patobat sejati sanès sadremi tumindak lair kemawon kados ingkang asring dipun lampahi déning tiyang kathah nalika semanten kados ta: nyuwèk sandhang panganggé, nyiramaken

awu ing sirah, ngrasuk ageman bélasungkawa, pinarak lenggah ing lebu lan awu. Awit saking punika nabi Yoèl ngandika: “*Atimu suwèken, aja sandhanganmu*” (ay. 13). Nyuwèk ati mujudaken panalangsa ingkang tumemen awit saking sedaya kalepatan ingkang sampun katindakaken. Nyuwèk ati mujudaken krenteg lan pikajengan kanggé mepes lan ngremukaken manah ingkang kebak dosa. Sasampunipun punika lajeng samia sowan ing ngarsanipun Gusti, nyuwun sih kawelasan saha pangaksamanipun.

Sang juru Mazmur mitadosi bilih Gusti mboten badhé mirsani nistha tumrap jiwa ingkang remuk dalah manah ingkang pepes lan rempu. Rasul Paulus mastani prekawis punika minangka “pakaryan ngrukunaken: ingkang kasarira déning Allah wonten ing Sang Kristus (2 Kor. 5: 20-21). Sarana manah ingkang sampun kaanyaraken, kita sami nglampahi gesang pitados saben dinten. Gesang pitados ingkang mligi tumuju dhateng Gusti. Tegesipun, sedaya prekawis ingkang kita lampahi wonten ing gesang padintenan punika, namung konjuk dhumateng Gusti.

Rasul Paulus ngèngetaken pasamuwan ing Korinta supados Sih-nugrahanipun Allah ingkang sampun sami katampèn mboten kadamel muspra. Piyambakipun maringaken conto lan tuladha bab kados pundi ngaosi kanthi pamuji sokur tumrap peparangipun Allah ing salebeting gesangipun, inggih punika sarana nyawisaken gesang minangka peladosipun Gusti. Peladosan punika ugi tansah katindakaken ing sedaya kawontenan dadosa ing kawontenan ingkang mbingahaken punapa déné ingkang nyisahaken.

Kados pundi menggah kita sedaya? Ndedana, ndedonga dalah siyam mujudaken péranganing praktèk gesang pitados ingkang dipun lampahi déning kathah tiyang. Tumrap kita, Rebo Awu mratandhani pambukanipun wekdal Pra-Paska ingkang asring kaisi srana ngawontenaken Pakempalan pandonga, lan ugi lampah siyam. Kathah warga pasamuwan ingkang nglampahi siyam kinanthènan pangempaling pisungsung arta ingkang badhé kaagem dados sarana suka pitulungan dhateng tiyang ingkang mbetahaken (*aksi sosial*). Prelu kita èneti bilih pandonga, siyam, dalah dedana kanggé tiyang sanès ingkang kita tindakaken punika kedahipun katindakaken kanthi krenteging manah lan ancas

tujuan ingkang leres, inggih punika awit saking lan namung konjuk dhumateng Gusti. Pandonga, siyam dalah dedana ingkang sami kita tindakaken sanès namung pakulinan limrah kémawon, ugi sanès lelampahan sadremi kanggé miket raos simpati lan pangalembana saking asanès. Ananging kosok- wangsulipun, minangka wujuding pisungsung gesang konjuk dhumateng Gusti.

Gusti Yesus paring piwulang, bilih ndedana, pandonga punapa déné siyam kedah katindakaken kanthi “sesingitan” (Mat. 6: 4, 6, 18). Tegesipun sesingitan inggih punika “sinenger” mligi kagem Gusti. Kados déné pisungsung ingkang kagem sang raja mboten pantes menawi dipun pamèraken dhumateng tiyang kathah, satemah saben tiyang saged ningali punapa déné njamah. Inggih mekaten mila ndedana, pandonga dalah siyam kedahipun katindakaken namung konjuk dhumateng Gusti.

Saksisihipun punika, Gusti Yesus ugi paring piwulang supados gesang lan karya kita salaminipun wonten ing jagad punika kaginakaken kanggé ngempalaken bandha kaswargan (Mat. 6: 20). Raja kaya mujudaken prekawis ingkang kaanggep aji. Raja kaya kadonyan saged awujud arta, mas picis, barang darbé, siti, griya, kendharaan lan sapiturutipun. Lajeng punapa ingkang winastan bandha kaswargan punika? Bandha kaswargan ateges prekawis ingkang kaanggep aji wonten ing swarga. Ing bab punika, sanès ukuranipun manungsa ingkang kaanggé, nanging ukuranipun Gusti. Inggih aji wonten ngarsanipun Gusti inggih punika tumindak ingkang nyondhongi karsanipun Gusti (kacundhukna pasemon bab talenta ing Mat. 25: 21: “... becik banget pagawéanmu iku hèh, batur kang becik lan tumemen...”). Nglempakaken bandha kaswargan katindakaken sarana netepi sedaya dhawuh timbalanipun Gusti kanthi kebak kasetyan.

Prelu dipun tandhesaken ing mriki, bilih ngempalaken bandha kaswargan punika mboten sami kaliyan ngempalaken amal kasaénan utawi “pahala”. Wonten ing kapitadosan sanès angertosan ingkang pinanggih ing salebeting ngempalaken amal kasaénan inggih punika bilih sedaya amal kasaénan punika badhé nemtokaken nasib lan kawilujenganipun manungsa. Aanging wonten ing kapitadosan kita ngempalaken bandha kaswargan punika nindakaken karsanipun Gusti supados kita sedaya mboten badhé ndamel muspra peparangipun Gusti

ingkang sampun kita tampèni (2 Kor. 6: 1). Ngempalaken bandha kaswargan ateges nglampahi gesang minangka atur panuwun sokur dhumateng nugrahaning Pangéran awujud pangapuntening dosa.

Asring kita kesupèn bilih gesang punika namung sawetawis kémawon. Kita asring ketungkul lan nelasaken sedaya wekdal kita kanggé nglempakaken bandha kadonyan ingkang ugi sawetawis kémawon sipatipun. Kita asring dados cubluk karana ngaosi samukawis namung adhedhasar ukuran kadonyan kémawon. Kanthi mekaten, tanpa kita lengganani, kita nembé sami ndadosken sih nugrahanipun Pangéran ingkang sampun kita tampèni, dados muspra. Awit saking punika, kita sedaya ugi prelu sami mratobat kanthi tulusing manah.

Lumebet ing wanci kita sami ngraos-ngraosken sangsaranipun Gusti Yesus, sumangga kita nélakaken patobat ingkang sejati, saé ing salebeting manah punapa déné ing gesang padintenan. Sumangga anggèn kita ndedana, ndedonga, siyam lan makarya ing gesang padintenan, kita senger sacara mligi minangka pisungsong kita konjuk dhumateng Gusti. Amin.

[ERY/YTD]

KHOTBAH JANGKEP**Minggu Pra-Paska I***Minggu, 21 Februari 2021*

Waosan 1 : Pur.Dum. 9:8–17
 Tanggapan : Mazmur 21:1–10
 Waosan 2 : 1 Pétrus 3: 18–22
 Injil : Markus 1: 9–15

DARBÉ
PANGAJENG-
AJENG ING
PRASETYANING
ALLAH
 ❧❧❧

KHOTBAH JANGKEP**“Darbé Pangajeng-ajeng Ing Prasetyaning Allah”**

Pasamuwan ingkang kinasihan dalah ngasihi Gusti, Ing Minggu punika, kita sami lumebet ing Pra-Paska I 2021. Ing Minggu punika ugi, kita sedaya sami kaèngetaken malih supados ningali utawi naliti manah kita piyambak-piyambak: “Punapa kula sampun gesang manut miturut tuladhanipun Gusti Yésus Kristus kanthi tumemen”? Punapa kita sami purun mbikak manah kita lan masrahaken dhiri supados Gusti Yésus dados napas, greget lan jiwa kita?” Mila, wekdal Pra-Paska I punika saèstu dados wekdal tumrap umat Kristen kanggé mratobat sacara pribadi, lan mbangun dhiri tumuju gesang ingkang langkung saé jumbuh kaliyan irah-irahan kita ingkang ijemani pun: “Darbé Pangajeng-ajeng ing Prasetyanipun Allah”

Pasamuwan ingkang kinasihan dalah ngasihi Gusti, Ngrembag bab janji, pindhanipun kados mudha lan mudhi kekalih, ingkang sarujuk badhé nglampahi gesang sesarengan, kawiwitan saking wekdal pitepangan (pacaran) ngantos dumugi dinten nenikahan, mboten badhé pepisahan ngantos pejah misahaken kekalihipun. Ing salebeting kabudayan kita Indonesia, umumipun priya ingkang langkung rumiyin madosi lan migatosaken pawèstri idham-idhamanipun. Ing antawisipun atusan, maèwu-èwu malah ugi yutan, inggih namung pawèstri punika ingkang saèstu sampun nyengesemaken manahipun.

Pasamuwan ing kinasihan lan ngasihi Gusti, Inggihi mekaten punika priya ingkang nembé nindakaken, ing tetembungan samangké, pendekatan utawi PDKT.

Nalikanipun mudha mudhi kekalih sampun rumaos tresna lan cocok, kekalihipun lajeng sami sarujuk aprajani: “kowé duwèkku lan aku duwèkmu”. Kosok-wangsulipun, menawi tresna punika tetéla namung sasisih kemawon, punika ateges “mboten keplok”, Pramila inggihi mboten badhé wonten pasarujukan punapa déné prajani. Tumrap mudha lan mudhi ingkang sarujuk, mesthi badhé wonten pasarujukan pundi ingkang saged utawi mboten saged katindakaken dhemi katresnan kekalihipun. Mesthi kémawon badhé wonten akibatipun menawi pasarujukan kalawau kalanggar, gumantung ageng alitipun pelanggaranipun.

Salajengipun mudha mudhi kekalih, nglampahi gesang pepasangan ing satengah-tengahing wekdal lan kawontenan ingkang mboten kalis saking éwah gingsiring kawontenan. Malah èstunipun, punapa ingkang kawastanan éwah gingsiring kawontenan punika mujudaken prekawis ingkang boten naté saged dipun suwak. Tegesipun, pasangan putri ingkang swaunipun kadosdéne malaékat, pasuryanipun ayu, salah bawanipun saèstu nyengsemaken, saged kémawon ngalami ewah-ewahan mboten kados asal-usulipun sakawit. Kulitipun wiwit kendho, salah bawanipun mboten ngemu watak tresna (romantis) malih, malah tuwuh salah bawa ingkang swaunipun mboten naté katindakaken, lan sakpiturutipun.

Éwah-éwahaning gesang saged kémawon nglairaken panggodha tumrap ingkang nglampahi. Wonten ingkang saged ngatasi lan mboten ndadosaken pangurbanan ing gesanging bebrayatan, nanging ugi wonten ingkang mboten saged ngrampungni prekawis éwah-éwahan punika. Ing babagan punika, janji sabaya mati saged kémawon mboten kaleksanan awit wontenipun éwah-éwahan kalawau. Sanadyan kawontenan gesang punika pancèn ngandhut manéka warni prekawising gesang ingkang ruwet, nanging kita prelu asung pakurmat ingkang inggil (“angkat topi”) tumrap pasangan gesang ingkang saged lan sambada ngatasi prekawising gesang tanpa kedah ngurbanaken prasetya gesang sesarengan ingkang sampun katetepaken

sekdèrèngipun. Sikep gesang ingkang mekaten punika mesthi kémawon saged dados tuladha ingkang saé tumrap asanès.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Waosan ing Markus 1: 9-15 badhé asung pawartos tigang makna ingkang wigatos kadosdéné gegambaran saking pasangan mudha lan mudhi ing ngajeng. Tigang makna wigatos kalawau inggih punika: paneguhan, panggodha, lan lelados. Nalika Gusti Yésus tedhak dhateng lèpèn Yardèn, Panjenengani-Pun pinanggih kaliyan Yokanan Pambaptis. Kados ingkang sampun kita mangertosi sesarengan, Yokanan punika satunggiling nabi ingkang rawuh awit saking karsanipun Allah, supados lumantar Yokanan, kathah tiyang Israèl ingkang sami mratobat dhumateng Allah (kacun-dhukna Luk. 1). Kita sami pitados bilih pepanggihan antawisipun Gusti Yésus kaliyan Yokanan Pambaptis punika sanès prekawis limrah utawi pepanggihan ingkang langka kémawon, nanging saèstu sampun karancang dangu sakdèrèngipun kekalihipun kalairaken ing jagad punika. Sakdèrèngipun nabi Yokanan lan Gusti Yésus tedhak ing jagad punika, Allah sampun langkung rumiyin ngutus malaikati-Pun, asma Gabrièl, andhatengi tiyang sepuhipun Yokanan dalah tiyang sepuhipun Gusti Yésus kanthi netepaken Injil Kratoning Allah.

Pepanggihan ing lèpèn Yardèn èstunipun dados wekdal ing pundi Gusti Yésus kabaptis déning nabi Yokanan. Prelu kita mangertosi sesarengan bilih nalika semanten baptisan punika mujudaken praktèk agami ingkang umum ing antawisipun warga masyarakat Yahudi. Baptisan punika dados syarat kanggénipun tiyang-tiyang sanès Yahudi, ingkang kepéngin manjing dados umatipun Allah. Nanging baptisan ingkang mekaten punika, sanès katetepanipun Allah, nanging katetepanipun agami Yahudi. Tiyang sanès Yahudi ingkang sami kabaptis badhé nglampahi gesang kados déné tiyang Yahudi.

Béda kaliyan baptisan Yahudi, nabi Yokanan mbaptisi mboten namung tiyang-tiyang sanès Yahudi kémawon, nanging ugi tiyang-tiyang Yahudi piyambak (Yoh. 1: 33; Luk. 3: 2). Ingkang dados sipat khas saking baptisanipun Yokananan Pambaptis inggih punika kaleksanan kanthi ngagem asmanipun Gusti Allah. Lajeng tuwuh pitakènan: kénging punapa Gusti

Yésus kedah kabaptis déning Yokanan Pambaptis? Punapa Gusti Yésus mboten kagungan panguwaos ingkang langkung ageng, punapa malih Panjenengani-Pun rawuh ngagem asmanipun Allah piyambak, lan ugi ingkang badhé mbaptis kanthi Roh Suci?

Injil Markus piyambak mboten kanthi cetha nerangaken alesanipun, nanging Matius (Mat. 3: 15) suka paseksi bilih Gusti Yésus kersa kabaptis awit punika sampun dados karsanipun Allah. Yésus ngakeni bilih baptisan punika kelampahan awit saking titahipun Allah. Kanthi mekaten, miturut Yésus, nampik baptisanipun Yokanan ateges nampik utawi nglawan (baptisan) Gusti Allah piyambak (Luk. 7: 30). Kosok wangsulipun, nampèni baptisan ateges ndarbèni wekdal kanggé mratobat ingkang sejati. Pramila, ing ngriki kita pikantuk makna ingkang sepisan, inggih punika bilih baptisan *neguhaken (paneguhan) wontenipun* pitobat lan sumadyaning gesang nampèni pratandha prasetyanipun Allah.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti.

Nalikanipun tiyang lumebet ing tandha kawilujenganipun Allah, mboten ateges lajeng lumebet ing gesang ingkang kebak kabingahan kémawon, nanging ugi tetep ngalami wontenipun panandhang, kasangsaran, dalah panggodha. Ibaratipun kadosdéne paku ingkang kapakokaken ing satunggiling papan. Nalika paku punika béngkong, mila badhé mandheg kapukul, lajeng paku kasebat kabucal. Nanging paku ingkang tetep lempeng, malah badhé terus nampèni pukulan ngantos paku kalawau saged nembus papan ingkang kapaku.

Inggih kados mekaten punika paribasanipun Nuh ingkang nglampahi gesang leres wonten ing ngarsanipun Allah. Nuh tansah setya tuhu dhumateng Gusti Allah, éwa semanten mboten dipun sarengi déning warga masyarakat umumipun. Satunggal brayat alit kedah mapan wonten ing lingkunganing masyarakat ingkang sampun risak lan kebak tumindak kasar (6: 11). Mbok menawi kita ugi sami nglampahi lelampahan ingkang sami. Sanadyan kita sampun nglampahi gesang leres, ananging pangaribawanipun warga masyarakat ingkang mboten saé taksih tan kendhat nempuh gesang kita sami. Sanadyan kita nglampahi gesang kanthi jumaga dhiri dhemi brayat lan sesami, tiyang sanès

nindakaken tumindak ingkang béda. Mekaten manékawarnining pacobèn asring ugi andhatengi kita sawanci-wanci wonten ing kawontenan.

Pandhemi Covid-19 ingkang sumebar warata ing tahun 2020, ngedahaken saben pribadi setya tuhu dhateng pranatan keséhatan supados mboten badhé sami gampil katularan virus. Anggèn kita nindakaken sedaya punika, mesthi ugi badhé ngadhepi kawontenan ingkang manéka warni. Nalika kita sampun sami setya ngginakaken masker, tetéla wonten sawetawis tiyang ingkang mboten migunakaken masker. Kita sampun sregep wisuh, saha ngginakaken *hand sanitizer*, ananging wonten ugi ingkang tetep ngrèngkèl mboten nindakaken. Kita sampun setya njagi jarak setunggal mèter, ananging wonten ugi ingkang tetep ngèyèl mboten nglampahi, malah kanthi terang-terangan nindakaken kekempalan kaliyan tiyang kathah. Kamangka, saben dinten kapireng wartos sangsaya kathah tiyang ingkang sami ketularan virus punika.

Ing satengahing kawontenan mekaten punika, asring tuwuh pamanggih ing dhiri kita: “Menawi tiyang sanès sami mboten setya tuhu dhateng pranatan keséhatan, punapa kula sedaya ugi kedah tetep setya tuhu?” Menawi tiyang sanès mboten setya tuhu mangka tetep sami abebingah, kénging punapa kula kedah tetep setya tuhu lan ngraosaken panandhang?

Nalikanipun kita nampèni pacobèn sacara pribadi, kita prelu nulad dhumateng Gusti Yésus, ingkang ing salebeting adeg kamanungsanipun kagodha wonten ing ara-ara samun. Sekawan dasa dinten laminipun Panjenenganipun puwasa lan manggèn sesarengan kaliyan kéwan-kéwan alas (kacund. Mat. 4: 2). Mesthi kémawon ing kawontenan ingkang mekaten punika Gusti Yésus ngraos ngelak lan kerap. Setuju punapa déné mboten setuju, kita sedaya mesthi ngakeni bilih minangka manungsa, nalika ngraos luwé, punika dados kawontenan ingkang mboten ènthèng sekéca tumrap kita sedaya. Kacariyos, ing salah satunggaling panelitèn dipun télakaken bilih raos luwé punika saged mrabawani swasananing manah. Nalika kawontenaning manah kaprabawan déning raos luwé, padatanipun ityang lajeng “*stress*”, satemah nuwuhaken panalaran ingkang kirang saé, raos mangkel saha adreng kepéngin nepsu kémawon.

Minangka manungsa, Gusti Yésus ugi ngraosaken kérépan lan punika saged ugi mrabawani swasana manahipun. Punapa malih Iblis ugi tumut damel kisruh kawontenanipun sarana panggodha ingkang kaajengaken. Lelampahan ing ara-ara samun kasebat, saèstu dados pancadan tumrapping Gusti Yésus nglampahi “panampi” sadèrèngipun wiwit martosaken Injilipun Allah. Kanthi mekaten, sepintena awrat panggodha ingkang kasarira, dadosa sacara kajasmanèn punapadéné karohanèn, kersa mboten kersa, Gusti Yésus kedah ngadhepi panggodha kasebat.

Kita prelu nglengganani bilih minangka manungsa, kita punika sèkèng lan ringkih saha winates. Pacobèn ingkang andhatengi kita saged kémawon sangsaya damel ringkihing kamanungsan kita. Malah mboten namung punika, pitados tuwin kasetyan kita dhumateng Gusti Allah ugi saged sangsaya surut. Nanging, punapa kita kedah mandheg lan kawon dhumateng karingkihan ingkang mekaten punika?

Nalika kedah ngadhepi pacobèn ingkang nempuh kita, sampun samesthinipun kita sami nyuwun kekiyatan saking Gusti Yésus, ingkang sampun kanthi sembada ngawonaken sagunging panggodha ing ara-ara samun, malah ngantos ugi ing kajeng salib. Tegesipun, minangka manungsa ingkang winates, kita namung saged ngrampungni pacobèn punika kanthi nyenyuwun lan suméndhé dhateng Gusti Allah ingkang tan winates, sinarengan jumangkah medal saking sedaya panggodha lan panandhanging gesang. Sang Juru Mazmur ugi tumut ngèngetaken kita bilih Gusti Allah mesthi badhé tumut cawé-cawé tumrap sedaya kangèlaning gesang, ingkang sinandhang déning tiyang ingkang leres ing ngarsanipun Allah (Maz. 21: 1-19). Pancèn gesang punika piyambak tansah mujudaken lelampahan “dhawah lan gumregah malih.”

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Sasampunipun kita sami mangertosi kadospundi Gusti Yésus nampèni *paneguhan* prasetyanipun Allah, lan kuwawi nglawan panggodha, mila piwucal ingkang kaping tiga tumrap kita sedaya inggih punika kados pundi cak-cakaning (*relevansi*) paladosan-

ipun Gusti Yésus ing jagad punika, inggih punika Pawartosing Injil Kratonipun Allah wonten ing jagad.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Injil Kratonipun Allah nenuntun manungsa tumuju ing pitobat lan kawilujengan. Pawartos bab pitobat lan kawilujengan punika kedah tansah kabiwaraaken dhateng sedaya titah ing bumi. Sadèrèngipun Gusti Yésus, rawuh Yokanan Pambaptis ingkang sampun nyawisaken margi kagem Panjenengani-Pun. Salajengipun Gusti Yésus nimbali para sakabat supados tansah martosaken Injil Kratonipun Allah ngantos ing wekdal samangké.

Salah satunggaling muriding Gusti Yésus ingkang nglajengaken lelados martosaken Injil Kratonipun Allah inggih punika Rasul Pétrus. Piyambakipun ngengèn para méndanipun Gusti ing tlatah Asia Alit kados ta: Pontus, Galatia, Kapadokia, lan Bitinia. Pasamuwan-oasamuwan kasebat dumados saking tiyang-tiyang Yunani lan sanès Yahudi ingkang kapimpin supados nglampahi gesang sacara Kristen ing jagad punika. Gesang sacara Kristen, ingkang mesthinipun adhedhasar:

- 1) Sikep sami urmat-ingurmatan ing antawisipun bapa lan ibu (1 Pétrus 3:1-7).
- 2) Tansah asih lan kebak pirukun ing antawisipun warganing pasamuwan punapadéné kaliyan masyarakat (1 Pétrus 3:8-12).
- 3) Nglampahi gesang leres sanadyan kathah ngraosaken panandhang (1 Pétrus 3:13-17).
- 4) Tansah ngèngeti Sang Kristus lan margi ingkang kaambah satemah lila nanggél kasangsaran (1 Pétrus 3:18-22).

Rasul Pétrus ngèngetaken pasamuwan-pasamuwan kasebat supados nglampahi gesang Kristen ingkang satuhu. Sanadyan warga masyarakat nalika semanten dipun renggani déning sikep manembah dhumateng para déwa lan penjajahan kekaisaran Romawi, ananging warga pasamuwan tetep kabereg gesang suci lan murni. Awit menawi katandhingaken kaliyan panggodha lan panandhangipun Gusti Yésus Kristus, panandhangipun warganing pasamuwan nalika semanten dèrèng sepiutena. Mekaten ugi wekdal samangké.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Kita sampun sami sinau lan kaèngetaken malih déning tigang prekawis saking Injil Markus 1: 19-15, inggih punika bab *paneguhan, pacobèn lan paladosan*. Tigang prekawis punika dados landhesan kanggé kita sedaya nglampahi gesang ing satengah-tengahing manékawarnining reribet, gesang ingkang kelampahan awit saking wontenipun pandhemi Covid-19. Kita wajib nampèni Allah ing salebeting pitobat ingkang murni, kedah tetep kiyat sanadyan ta gesang ing satengah-tengahing panandhang, ugi kedah nglampahi gesang ingkang nyunaraken peladosaning Injil Kratoning Allah.

Kita prelu mitadosi bilih Allah marengaken kasangsaran andhatengi manungsa, awit manungsa mesthi kuwawi nglampahi awrating kasangsaran kasebat. Pitakènanipun samangké, punapa kita sami kuwagang ningali lan ngraosaken bilih kasangsaran utawi pacobèn punika mujudaken tantanganing gesang para tiyang pitados ingkang perlu kanggé ngrembakaning gesang ing kapitadosankasebat? Punapa tiyang Kristen badhé tetep kiyat lan sembada nglampahi gesang ingkang aben ajeng kaliyan manékawarnining panandhang, sinarengan tetep cepengan lan nyumèndhèkaken pangajeng-ajengipun dhumateng prasetyani-Pun? Mugi Gusti Allah ingkang sampun nitahaken jagad raya punika, Gusti Yésus Kristus dalah Sang Roh Suci kémawon ingkang badhé tansah cawé-cawé lan kepareng ngiyataken kita sedaya salebetipun kita nglampahi tantanganing gesang samangké. Amin.

[TMDI/YTD]

KHOTBAH JANGKEP**Minggu Pra-Paska II***Minggu, 28 Februari 2021*

Waosan 1 : Pur. Dum 17:1-7, 15-16

Tanggapan : Mazmur 22:23-32

Waosan 2 : Rum 4:13-25

Waosan Injil: Markus 8:31-38

**WANTUN
PITADOS****KHOTBAH JANGKEP****“Wantun Pitados”**

Mbok menawi kita sedaya taksih sami ènet satunggiling cariyos ingkang mekaten: wonten satunggaling bapa ingkang lumampah ing sainggiling tali ingkang sampun kacancang ing antawisipun cagak kalih, ingkang dohipun antawis 20 meter lan inggilipun antawis 30 meter. Bapa kasebat lumampah ing sainggiling tali kasebat, wiwit saking poncod ingkang setunggal dhateng poncod sanèsipun. Sadèrèngipun miwiti lumampah, piyambakipun nantang para pamirsa kanthi pitakènan: “Punapa para sedhèrèk sedaya pitados kula saged lumampah ing sainggiling tali saking poncod punika dumugi poncod sanèsipun?” Sedaya tiyang kasebat sami suka wangsulan: pitados... pitados, kairing swanten sorak-sorak sora. Suwanten mbata rubuh lan keplok mawurahan kapireng sora saking para pamirsa kasebat. Sanadyan mekaten, sadèrèngipun miwiti lumampah ing tali, sepisan malih bapa kasebat ngajengaken pitakènan bab kapitadosanipun para pamirsa. Keplok mawurahan dalah surak-surak ingkang sora kapireng malih. Lan kaping tiganipun bapa kasebat ngajengaken pitakènan ingkang sami malih, lan wangsulanipun para pamirsa ugi tetep sami, inggih punika: pitados. Lajeng bapa kasebat pitakèn malih: menawi panjenengan sedaya pitados, punapa wonten ing antawisipun panjenengan ingkang wantun lan purun lumampah

sesarengan kaliyan kula ing tali punika? Sanalika swanten lajeng kèndel, sepi, mboten wonten ingkang sami cemluwit, mboten wonten setunggal tiyang kémawon ingkang wantun mangsuli: kula... kula... kula... Bapa kasebat pitakèn malih ngantos ambal kaping tiga, lan tetep sepi, mboten wonten ingkang cemluit. Dumadakan ing satengah-tengahing swasana sepi kasebat, kapireng swantenipun tiyang enèm: “kula-kula wantun lumampah ing tali punika sesarengan bapak. Sedaya tiyang tumolèh dhateng asal usulipun swanten kasebat. Bapak kasebat lajeng ngendika: “Yen kowé pracaya, mara munggha mréné. Tiyang enèm kasebat lajeng minggah ing tali lan inggih sampun wonten ing caketipun bapak kasebat. Sadèrèngipun miwiti lumampah ing sainggiling tali, bapa kasebat pitakèn malih ingkang kaping tiganipun: “Punapa panjenengan sedaya pitados kula saged lumampah ing inggilang tali punika sesarengan kaliyan tiyang anèm punika, ngantos dumugi ing poncod mrika? Samangké sedaya wangsulan karaos kandheg ing jangga. Babar blas mboten sami saged kumecap. Lajeng bapa kaliyan tiyang nèm kasebat miwiti lumampah ing sainggiling tali. Wonten ingkang tetep gumreget nyeksèni. Wonten ingkang namung ningali sakeclapan kémawon. Ananging kathah ugi ingkang kapeksa merem mboten wantun ningali. Wusana bapak lan tiyang enèm kasebat saèstu saged rampung lumampah ing sainggiling tali, ngantos dumugi wekasan. Dumadakan, sepining swasana pecah, kagantos sorak-sorak mawurahan saking sedaya pamirsa. Kanggé lampah ing sainggiling tali ingkang pungkasan, bapak kasebat pitakèn malih: “Punapa panjenengan sedaya pitados kula saged lumampah ing sainggiling tali punika sesarengan kaliyan satunggiling pawongan?” Wangsulaniipun sami: pitados. Menawi panjenengan pitados, **punapa panjenengan wantun lumampah ing tali punika sesarengan kaliyan kula?** Lajeng sepi malih, lan inggih namung tiyang anèm kalawau ingkang tetep suka wangsulan wantun lumampah ing inggilang tali sesarengan kaliyan bapa kasebat. Wusana kekalihipun saèstu saged ngrampungaken lumampah ing sainggiling tali, ngantos dumugi wekasan. Lan ing wekdal punika swantenipun para pamirsa sangsaya ambata rubuh, sinartan swanten kepok mawurah-wurahan.

Sasampunipun nèm-nèman kasebat mandhap saking tali, wonten juru wartos (wartawan) ingkang andhatengi lan ngajengaken pitakènan: “Kénging punapa sampéyan pitados lan wantun lumampah ing sainggiling tali kaliyan bapak punika”? Nèm-nèman kasebat suka wangsulan: “Punika bapak kula, lan kula pitados dhumateng piyambakipun. Sedaya pamirsa sami éram dhateng lelampahan punika.

Pracaya (pitados), gampil kaucapaken, nanging mboten gampil dipun gesangi lan lampahi. Langkung-langkung menawi kedah mitadosi satunggiling prekawis ingkang sacara kamanungsan karaos mokal kanggé dipun lampahi. Mekaten ugi gesang pitados dhumateng Gusti, ugi sanès prekawis ingkang gampil. Pitados dhateng Gusti mboten sadremi pitados bilih Panjenengani-Pun punika wonten. Ugi mboten namung pitados bilih Gusti Allah punika Maha Saé, Maha Kuwaos, lan sanès-sanèsipun, jumbuh kaliyan sipatipun Allah. Kita pitados dhumateng Allah, ugi mboten winates nalikanipun kita nembé ngraosaken kabingahan, karana sedaya ingkang kita jangka saged kasembadan. Kosok-wangsulipun, pitados dhumateng Gusti punika kalebet pitados nalikanipun kita nembé ngalami lampah gesang ingkang kebak panandhang lan kasisahan, ngantos paribasaniipun sampun mboten wonten pangajeng-ajeng malih.

Menawi dipun éja ing salebeting pitakènan, saged mungel mekaten: “Sepinten kekendelan kita mitadosi Gusti”? Punapa kita tetep badhé pitados dhumateng Gusti sanadyan ngalami kalah ing salebeting tetandingan? Punapa kita tetep pitados dhumateng Gusti sanadyan Gusti mboten maringaken momongan dhateng kita? Punapa kita tetep pitados dhumateng Gusti sanadyan panèn kita wurung? Punapa kita tetep pitados dhumateng Gusti sanadyan sesakit kita mboten énggal saras? Punapa tetep pitados dhumateng Gusti sanadyan salah satunggiling anggota brayat kita pejah karana sesakit utawi malah karana virus corona? Punapa kita tetep pitados dhumateng Gusti, sanadyan kekirangan arta, karana blanja wulanan kita kapeksa mboten saged katampi malih? Punapa kita tetep pitados dhumateng Gusti sanadyan kita tansah dipun pepoyok, dipun pitenah, lan tansah dipun ricuki déning sedhèrèk

patunggilan? Punapa kita tetep pitados dhumateng Gusti sanadyan ngalami rugi karana kapusan, ugi karana utang ingkang numpuk utawi karana bangkrut? **Punapa kita tetep ndarbèni kekendelan kanggé pracaya dhumateng Gusti sanadyan kasangsaran lan pejah dados mitra gesang kita?**

Sumangga kita sami nuladha Rama Abraham ing prekawis punika. Nalika Abraham pitados bilih Gusti badhé maringaken keturunan nadyan yuswanipun sampun sepuh. Gusti ngétang punika dados kaleresan (Rum 4: 9; kacund. Pur. Dum. 15: 6). Malah déning Rasul Paulus, punika sinebat “pitados/imanipun Abraham. **Abraham mboten pitados sasampunipun kaparingan keturunan, ananging Abraham pitados langkung rumiyin, sadèrèngipun kaparingan keturunan.**

Menawi ngèneti tembung pracaya ing salebeting basa Ibrani, *aman*, mila tumrap Abraham, Gusti lan prasetyanipun punika dados jaminanipun. Abraham ngantebaken, netepaken lan ngleresaken prasetyanipun Gusti dhumateng dhiri pribadinipun, sanadyan piyambakipun dèrèng nampèni. Tembung Ibrani *aman* ugi ateges Abraham lila lan tabah dhumateng janjinipun Gusti.

Menawi ngèneti tembung Yunani *pisteuō* utawi *pistis* mila ateges bilih Abraham masrahaken dhiri sawetahipun dhumateng Gusti lan prasetyanipun. Abraham nggadahi kapitadosan bilih Gusti kuwawi mitulungi kanggé nggayuh samukawis utawi nindakaken samukawis. Abraham pitados lan kumandel dhumateng Gusti.

Sipat pracaya lan kumandelipun Abraham ingkang ngédap-édapi punika kelampahan namung awit sih kamirahanipun Gusti. Kasagedanipun Abraham pitados lan kumandel, punika namung karana peparingipun Gusti awit anggènipun Abraham nanggapi pangandika lan prasetyanipun Gusti. Punika ngènetaken kita sami dhumateng punapa ingkang kapangandikakaken déning Rasul Paulus ing serat Rum 10: 17: “Dadinè pracaya iku thukulé awit saka pangrungu, sarta pangrungu iku marga saka pangandikané Sang Kristus.” Inggih

punika prasetyanipun Allah ing kitab Purwaning Dumadi lan pangandikanipun Kristus ing serat Rum.

Menawi pracaya lan kumandel punika sih kamirahanipun Allah, lajeng punapa wujudipun sikep pitados lan kumandel kita minangka manugsa? Wangsulaniipun inggih punika **“Wantun/Kendel.”**

Ing salebeting kamus basa Indonesia, tembung wantun/kendel nggadahi teges ndarbèni manah ingkang manteb dalah kapitadosan dhiri ingkang ageng ing salebetipun ngadhepi sakwarnining bebaya, karibetan lan sapanunggalanipun; mboten ajrih (gigrik, pepes manah). Sikeping pitados *wantun pracaya* ateges nggadahi manah ingkang manteb ing salebetipun ngadhepi sedaya risikoning gesang, ingkang mijil saking sikep pracaya kita dhumateng Gusti. Menawi Abraham katuntun déning Gusti lumebet ing tengah-tengahing kawontenan ingkang sarwa mboten mesthi, semanten ugi para muridipun Gusti Yésus ugi katuntun nyeksèni lan tumut ngraosaken kasangsaran lan sedanipun Gusti. Kadosdéné pitados punika sih-kamirahanipun Allah, mila mekaten kekendelan ugi mujudaken sih-nugrahanipun Gusti kanggé kita sami, awit kita sedaya sami ngasihi Gusti.

Wantun utawi kendel pracaya, mboten saking dhiri kita asal-usulipun, ugi mboten karana pitados lan dados muridipun Gusti Yésus. Ugi mboten pethénthang-pethènthèng kados Pétrus. Nalika Pétrus mratélakaken bilih Gusti Yésus punika Sang Mesih ing Injil Markus 8: 29, èstunipun punika sanès Pétrus ingkang nélakaken. Miturut Injil Matius 16: 17, inggih namung Sang Rama ing Swarga kémawon ingkang nélakaken dhumateng Pétrus. Pancèn leres, bilih kekendelanipun Pétrus punika asal usulipun saking Allah ing swarga. Nanging nalika Gusti Yésus nélakaken: “Yèn Putraning Manungsa iku kudu nglampahi sangsara akèh, sarta ditampik déning para pinituwa lan para pangareping imam, tuwin para ahli Torèt, banjur disédani lan sawusé telung dina wungu manèh” (Mark. 8: 31), Pétrus malah nyaruwé Gusti. Punapa punika kekendelan ingkang pinangkanipun saking Gusti? Sanès. Kekendelan ingkang kados mekaten punika pinangkanipun saking Iblis. Pramila Gusti

lajeng paring duka dhateng Pétrus kanthi ngandika: “lungaa Iblis”.

Gusti Yésus ngèngetaken para muridipun nalika semanten, lan mesthinipun ugi kita sedaya ing wanci punika, supados tetep kendel/wantun. Ing basanipun Injil Markus 8: 38 dipun pertal “mboten isin” minangka kosok wangsulipun isin kanggé mitadosi pangandikanipun Allah, Gusti Yésus, lan prasetyanipun Gusti, sanadyan kedah kanthi ngetohaken nyawa kita.

Menawi satunggiling paribasan nélakaken “Wani karana bener, lan wedi karana salah,” mila sumangga kita sami ngumandhangaken sesanti: **“Wani karana pracaya, lan ora isin marga kumandel.”**

Sumangga samia wantun pitados sanadyan asring ngadhepi kasunyataning gesang ingkang kebak panandhang lan kasangsaran.

Amin.

[TMP/YTD]

KHOTBAH JANGKEP**Minggu Pra-Paska III***Minggu, 7 Maret 2021*

Waosan 1 : Pangentasan 20:1-17

Tanggapan : Mazmur 19

Waosan 2 : I Korinta 1:18-25

Waosan Injil: Yokanan 2:13-22

**TRESNA
KAWULA
DHATENG
PADALEMAN
TUWAN**

**KHOTBAH JANGKEP****“Tresna Kawula Dhateng Padaleman Tuwan”**

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang dipun déning tresnani Gusti Yésus,

Setunggal taun laminipun pandhemi Covid-19 kita adhepi sesarengan. Punika kawiwitan nalika pandhemi punika dipun tetepaken minangka pageblug Virus Corona 19 (Covid-19) dados pageblug nasional lumantar Serat Keputusan Presidhèn nomor 12 taun 2020 ing wulan April 2020 kapengker. Katetepaning pageblug punika mangaribawani sedaya péranganing gesang padintenan, kalebet ing bab gesang agami. Sakdèrèngipun mangsa pandhemi, umat Kristen taksih saged nindakaken pangibadah ing salebeting gedhung gréja kanthi raos tentrem. Nanging salebeting mangsa Covid-19 gedhung gréja mboten saged kaagem kanggé ngibadah malih. Pasamuwan kedah nindakaken pangibadah ing griya sesarengan kaliyan brayat lumantar pirantos dharing, lan ugi mawi caranipun piyambak-piyambak jumbuh kaliyan kawontenan brayat.

Menggah gedhung gréja ingkang kapeksa mboten saged kaginakaken kanggé ngibadah, lajeng ngalami éwah-éwahan ing bab kaginipun. Déné sadèrèngipun pandhemi gedhung gréja dados pusating upacara pangibadah, mila ing salebeting mangsa pandhemi gedhung gréja kathah ingkang kaginakaken dados pusat tumindaking peladosan dhiakonia lan sosial. Wonten upaminipun ingkang migunakaken gedhung gréja kanggé papan

nyimpen sembako kanggé mujudaken peladosan dhiakonía sarana suka pambiyantu ékonomi dhateng warga masyarakat sakiwa-tengenipun. Malah saged kémawon gedhung gréja kaagem minangka papan panginepanipun tiyang-tiyang sakit awit ketularan virus corona ingkang kedah dipun pisahaken (karantina) sawetawis saking warga masyarakat sanès. Paguyuban Gréja-gréja sa-Indonesia (PGI) paring paéguh supados gedhung gréja ingkang sadèrèngipun kaagem dados papan pangibadah, samangké sageda kaginakaken dados pusat suka pitulungan dhateng tiyang-tiyang ingkang sami kaprabawan déning covid 19 punika (kapirsanana ing video <https://www.youtube.com/watch?v=UO6WcbULhUU>)

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus,

Punapa nalika kita sami migunakaken gedhung gréja ingkang sewaunipun kanggé nindakaken pangibadah, lan samangké kangge nindakaken tanggel jawab sosial, kita raosaken minangka tumindak ingkang mboten trep? Menawi ngantos wanci punika kita taksih kablenggu déning pangertosan winates bab kaginanipun gedhung gréja, mligi minangka papan pangibadah, mila samangké lumantar waosan kita ing dinten punika, kita saged nganyaraken lan nyegeraken pangertosan kita punika.

Ing salebeting teologi Prajanjian Lami, Padaleman Suci mujudaken simbol utawi lambang rawuhipun Gusti Allah ingkang Maha Suci. Punika pengertosan umum ingkang sampun dipun mangertosi déning tiyang-tiyang Yahudi. Kalih prekawis ingkang umumipun dipun mangertosi dados pratandha rawuhipun Allah, inggih punika nalikanipun Musa lan bangsa Israèl ngrampungaken pambanguning Tarub Suci, mila “meganipun nglimputi Tarub Paséwakan, sarta Tarub Suci banjur kinèbekan ing kamulyaning Yéhuwah” (Pang. 40: 34). Allah ingkang Maha Mulya rawuh ing salebeting Tarub Suci punika.

Pengalaman sanèsipun pinanggih nalika Raja Suléman ngrampungaken pambanguning Padaleman Sucinipun Allah (2 Babad 7: 2). Sasampunipun Raja Suléman rampung anggènipun ngunjukaken pandonga dhumateng Allah, mila katingal geni

ingkang tumurun saking langit mbesmi sedaya kurban obaran lan kurban sesembelèhan punapadéné kamulyanipun Allah ngèbeki Padaleman suci kasebat (2 Babad 7: 2-3).

Adhedhasar pengalaman ingkang mekaten punika pramila bangsa Israèl ngrosaken ing salebeting manah bilih nalikanipun sami sowan ing Padaleman Suci, bangsa Israèl punika èstunipun nembé ngabyantara ing Padanipun Allah. Padalemanipun Allah saèstu mujudaken punjering upacara pangibadah, dadosa nalikanipun bangsa Israèl wonten ing tanah Israèl punapadéné nalika sumebar ing njawi rangkah Israèl. Timbalan kanggé sowan ing Padanipun Allah ing salebeting upacara ibadah ugi dados pérangan setya tuhunipun bangsa Israèl dhumateng titahipun Allah lumantar Angger-anggering Torèt. Inggih punika Allah ingkang sampun langkung rumiyin nresnani bangsa Israèl lumantar pakaryanipun paring pangluwaran saking pangawulan Mesir.

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus,
Saben tiyang Yahudi ingkang sampun dhiwasa, kajibah nindakaken pèngetan riyaya agami ingkang kaadanan ing Padalemanipun Allah ing Yèrusalem. Paling sekedhik wonten tigang pèngetan riyaya (Pang. 23: 14-17). Salah satunggaling pèngetan riyaya ingkang kedah katindakaken inggih punika riyaya Suléman (Yok. 2: 13, 23). Padalemanipun Allah ing Yèrusalem badhé kebak tiyang Yahudi saking pundi-pundi papan lan panggènan nalikanipun riyaya kasebat kaleksanan, saé ingkang asalipun saking tanah Israel piyambak, punpa déné saking amanca. Tiyang-tiyang ingkang sami badhé nindakaken kuwajibaning agami mbetahaken kéwan kurban dalah arta ingkang katampi minangka sarana mbayar kuwajiban dhateng Padaleman Suci. Mesthi kémawon tiyang-tiyang saking sanjawinipun Yerusalèm badhé répot menawi kedah nyawisaken kéwan kurban dalah arta saking padununganipun ingkang tebih. Arta ingkang kaginakaken mbayar kuwajiban agami dhateng Padaleman Suci, ugi arta ingkang sah, ingkang mesthi kémawon mboten saged dipun darbèni ing papan aslinipun. Lajeng kados pundi sedaya karépotan kasebat saged dipun rampungi?

Nalika semanten, para imam paring palilah dhateng para bakul kanggé sesadéyan punapa ingkang kabetahaken déning para peziarah ing slebeting riyaya kasebat. Para bakul kasebat lajeng sami sesadéyan ing plataranipun Padaleman Suci utawi ing plataranipun tiyang-tiyang sanès Yahudi ingkang asring sinebat ing basa Inggris *the Court of Gentiles*. Yokanan 2: 14-15 martosaken para bakul wedhus, wedhus gèmbèl, sapi, manuk dara lan juru lintu arta. Ancas sakawit saking praktèk sesadéyan punika sejatosipun saé kémawon. Kita saged mbayangkaken kados pundi sisahipun para peziarah kasebat, menawi kedah nyawisaken sedaya ubarampéning riyaya, saking papan padunungan aslinipun. Para peziarah punika mesthi kémawon badhe répot sanget kanggé nglintokaken artanipun ing papan aslinipun. Sepisan malih, lumantar praktèk sesadéyan ingkang mekaten kasebat, para peziarah badhé kaènthèngaken karépotanipun. Nanging kénging punapa Gusti Yésus nedahaken sikep ingkang béda kaliyan tiyang kathah umumipun, kanthi nundhungi para bakul lan kéwan sadéyanipun? Kénging punapa ugi Gusti Yésus njungkiri méja-méjanipun para juru lintu arta?

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus, Tembung “Padaleman Suci” ing ayat 13-18 migunakaken tembung Yunani *hieron*, ingkang makili tatananing bangunan, makili tatananing paguyuban/organisasi. Ing ayat 16, nalikanipun Gusti Yésus mratélakaken raos mboten sarujukipun déné Padalemanipun Allah kanggé bebakulan, tembung ingkang dipun ginakaken inggih punika tembung *oikon*. Lan ing ayat 17, ingkang ngewrat bab tresna dhateng Padaleman Tuwan (*tou oikou*), katujokaken dhateng kulawarga/brayat, inggih punika pakempalan ing satunggiling papan ingkang cinandra kadya kulawarga utawi brayat.

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus, Kanthi mekaten Gusti Yésus mirsa, bilih papan ingkang mesthinipun para umat saged nélakaken sih lan tresnanipun dhumateng Allah lan sesami lumantar praktèk nyawisaken

ubarampéning upacara riyaya, samangké karisak awit saking anggènipun sami nengenaken kaperluan pribadinipun piyambak. Sanès katresnan dhumateng Allah lan sesami ingkang langkung rumiyin katengenaken kados timbalanipun angger-enggering Torèt, nanging hawa nepsu pribadi ingkang kaèbekan raos srakah ingkang langkung katengenaken.

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus,
Nyuèkaken Padalemanipun Allah ingkang katindakaken déning Gusti Yésus, mujudaken tumindak mangsulaken malih adeg lan ginanipun Padalemanipun Allah, ingkang sakawit dipun mangertosi winates minangka papan, paguyuban, utawi bangunan ingkang mati dumadi saking tumpukanipun séla. Nanging tembung “Padalemanipun Allah” ing ayat 19-20 migunakaken tembung Yunani *naos* ingkang nggambaraken Allah ngèbeki, Allah dedalem ing Padaleman kasebat ingkang awit saking punika lajeng sinebut Suci. Dados, samangké *sanès tatananing bangunan malih ingkang karembag, utawi bangunan ingkang pejah, nanging papan ingkang ing ngriku Allah dedalem.*

Kita ugi sami ngèngeti lelampahan Salib nalikanipun gubah Padaleman Suci sigar nratas. Kamar Maha Suci ingkang kapisahaken déning gubah lajeng kwiyak lan nyipta margi tumuju dhateng “papan umum”. Tegesipun, dhamparipun Allah mboten winatesan déning tembok malih, saha saged dipun sowani. Gusti Yésus wungu saking antawisipun tiyang pejah, lan kepareng rawuh ing gesanging para tiyang pitados ingkang sami tetunggilan (*oikos*) kanthi kebak katresnan, ingkang lajeng sinebat gréja (pasamuwan).

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan dening Gusti Yésus,
Sadèrèngipun Pandemi Covid-19, saged ugi kita sedaya sami ngudaraos: “Punapa gedhung gréja dipun parengaken kanggé sesadéyan?” Malah sami kita mangertosi ugi wontenipun toko buku gréja ingkang nyadé buku-buku dalah rerenggan gréja. Mekaten ugi salebeting mangsa pandhemi Covid-19 gedhung

gréja mboten kaanggé nindakaken upacara pangibadah malih (tumrap gréja ingkang taksih ngleksanani pangibadah sacara dharing), nanging kanggé pusat nindakaken peladosan dhiakonia ingkang tetéla mbetahaken wekdal lan kawigatosan ingkang langkung kathah tinimbang peladosaning pangibadah.

Bapak, Ibu lan para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti Yésus,

Inkang dados prekawis, sanès bab pikantuk lan mbotenipun gedhung gréja (padalemanipun Allah) kaginakaken kanggé nindakaken peladosan ingkang kados mekaten kasebat. Nanging ingkang paling wigatos inggih punika Kados pundi gesanging patunggilan minangka Sariranipun Gusti (*oikos*) ingkang manggèn ing Padalemanipun Allah (gedhung gréja) kasagedaken nindakaken katresnan minangka wujuding tindak setya tuhu dhumateng Gusti, lan mboten namung mbujeng kaperluaning dhiri pribadi kéwala.

Ing salebeting kawontenan pageblug lan sapengkeripun warsa 2020, kita ningali wontenipun éwah-éwahan ageng ugi ing wekdal samangké. Pamanganggep lan pamanggih kita bab gedhung gréja ugi ngalami éwah-éwahan ing mangsa sasampunipun Covid 19. Ing satengahing éwah-éwahaning gesang ingkang mekaten punika, sumangga kita sami ngresepi maknaning pasamuwan (gréja) minangka sariranipun Sang Kristus, tinangsulan ing patunggilan suci kanggé nindakaken katresnan lan andhatengaken kratonipun Allah ing gesang padintenan kita. Mekaten punika maknaning pangibadah, ingkang mboten winatesan malih déning gedhung ingkang sinebat gréja. Sanadyan nembé ngalami pandhemi Covid-19, kita tetéla ugi saged nyeksèni rawuhipun Gusti Allah ing tengah-tengahing brayat kita, nalikanipun kita nindakaken pangibadah sacara dharing ing papan lan griya kita piyambak-piyambak? Malah kita ugi sami kabereg gumrégah (awit katresnan kita dhateng Padalemanipun Allah) kanggé rawuhipun dhamparipun Allah ing tengah-tengahing masyarakat lumantar peladosan dhiakonia ingkang saèstu karancang kanthi tumemen lan saèstu maédahi.

Peladosan dhiakonia ingkang ngarah santosaning pasamuwan lan masyarakat, dadosa nalikanipun pandhemi taksih rinaosaken punapadéné sasampunipun purna, sageda tansah dados penggalihan awit saking tresna kita dhateng Padalemanipun Allah. Gregeting gesang tetunggilan ingkang kaéjawantahaken déning gréja (pasamuwan) ing tengah-tengahing masyarakat (ruang publik) sageda tansah dados sarana rawuhipun dhamparing Allah lumantar katresnan lan pasedhèrèkan.

Daya pangaribawanipun éwah-éwahan ageng, dalah pandhemi Covid-19 ingkang nempuh kathah leladan, mliginipun ing babagan ékonomi, saged dados leladan tumrap gréja (pasamuwan) nindakaken timbalan pengutusanipun. Mboten namung para buruh kémawon ingkang sami kécalan padamelan, nanging kathah ugi para pengusaha ingkang anjlog usahanipun. Punika sedaya saged dados lahan tumrapipun gréja (pasamuwan) nglairaken paseksinipun sarana dados pirantosipun Allah cawé-cawé ing bot repotipun tiyang sanès.

Nalikanipun kita ngaturi rauwhipun dhamparipun Gusti ing satengahing masyarakat, kita ugi sami kasagedaken migatosaken warganing masyarakat kasebat, kita rengkuh kadosdéné mitra sinarawèdi, sanadyan tiyang-tiyang punika sanès warganing pasamuwan. Minangka manungsa Paska, kita prelu nganggep sedhèrèk- sedhèrèk kasebat dados péranganing badan setunggal ing patunggilanipun Sang Kristus. Kadosdéné Sang Kristus piyambak sampun masrahaken sariranipun dados kurban lan tebusan ingkang sampurna tumrap dosa, mila inggih mekaten kita minangka manungsa Paska katimbalan kanggé nélakaken raos tresna kita dhateng “Padalemanipun Gusti”, inggih punika gesang tetunggilan sadinten-dinten. Gusti mberkahi lan nyagedaken kita nélakaken welas asih kita ing pundia panggènan kita sami kapapanaken. Amin.

[TN/YTD]

KHOTBAH JANGKEP**Minggu Pra-Paska IV***Minggu, 14 Maret 2021*

Waosan 1 : Wilangan 21:4-9
 Tanggapan : Mazmur 107:1-3,
 17-22
 Waosan 2 : Efesus 2:1-10
 Waosan Injil: Yokanan 3:14-21

**SIH-
 NUGRAHANIPUN
 ALLAH INKGANG
 NGGESANGAKEN**

**KHOTBAH JANGKEP****“Sih Nugrahanipun Allah Inkgang Nggesangaken”**

Punapa kita naté mirsani bonéka tali? Sirah, suku lan tanganipun katangsulan ing tali inkgang lajeng kasetir déning tiyang inkgang miragakaken. Bonéka inkgang mesthinipun pejah punika, lajeng ketingal gesang karena dipun kendhalèni déning juru kendhalinipun. Punika saged dados gambaran bab manungsa

ingkgang dosa, inkgang gesangipun dipun kendhalèni déning driji-drijining dosa inkgang nguwaosi pikiran, pangraos punapadéné tandang tanduk padintenanipun. Kita sami ketingal gesang, nanging sejatosipun pejah tanpa daya, karena panguwaosing dosa inkgang ngendhalèni kita (pirsanana Éfesus 2:1-3).



Kita ugi ningali mobil-mobilan inkgang dipun kendhalèni déning *remote control* saking katebihan. Lumantar tombol-tombolipun, *remote control* kasebat ngéntunaken tandha-tandha préntah, ménggok ngiwa punapadéné nengen, mundur-maju, lan mandheg. Mobil-mobilan kasebat mesthi badhé manut préntahipun *remote control* kasebat. Punika ugi saged dados

gegambaran bab manungsa ingkang dipun kuwaosi déning dosa, ingkang namung nuruti tandha-tandha préntahipun hawa nepsunipun dosa kémawon.

Dosa Saèstu Mbebayani



Tiyang ingkang dipun kendhalèni dosa prasasat badhé mejahi dhiri pribadinipun, lan punika ugi mbebayani tumrap asanès. Dosa punika pindhanipun kadosdéné sawer ingkang mawa wisa mandi lan mbebayani, ugi kadosdéné

virus ingkang andhatengaken pepejah, ingkang saged nularaken pepejah kasebat dhateng tiyang sanès. Menawi tiyang ingkang dipun kuwaosi dosa punika pengusaha, upaminipun, mila anggènipun nindakaken bisnis saged kémawon ngracuni tiyang kathah, dadosa lumantar manékawarnining bisnis (upaminipun bisnis: narkoba, ngabotohan, pelacuran, lan sanès-sanèsipun), utawi saged ugi lumantar caranipun nindakaken bisnis (sarana apus krama, besel, korupsi, nyulap rancangan kahartakan, lan sapiturutipun). Menawi tiyang punika satunggiling politikus, saged ugi trep-trepan politikipun badhé ngrugèkaken lan mbebayani tumrap bangsa, negari lan rakyatipun (upaminipun: money politik, nyebar wartos apus-apus, sengit dhateng asanès lan sapiturutipun). Menawi tiyang kasebat pangarsaning agami, saged kémawon cak-cakaning agami asipat ngrisak. Upaminipun: ngecakaken sipat fanatik ingkang kaku, ngetingalaken sikap intoleransi, radikalisme, lan sapiturutipun. Punapa malih menawi pengusaha, tokoh politik lan agami nyawiji, saged nuwuhaken kekiyatan pangrisak ingkang ageng tumrap pagesangan kita. Taksih kathah conto ingkang saged kita padosi malih. Iblis asring migunakaken pirantos ékonomi, panguwaos, lan agami kanggé njiret supados manungsa dhumawah ing dosa. (punika kados nalikanipun Gusti Yésus kagodha déning Iblis ing ara-ara samun).

Panguwaosing dosa ingkang anjalari pati, asring sumebar warata ing pundia panggènan. Gesanging brayat, ékonomi, sosial lan politik kados-kados nembé nandhang “sakit ingkang awrat”. Pitakenanipun: “Punapa pancèn taksih wonten margi pangluwaran?”

Ngrumaosi dosa



Ngrumaosi dosa prelu kita darbèni kados déné bangsa Israèl nalika ngalami kacokot sawer mandi. “Wong-wong banjur padha sowan marang ngarsané Musa sarta matur: *Kula sampun sami damel dosa, déné ngantos nglawan dhateng Pangéran Yéhuwah saha dhateng panjenengan; panjenengan mugèni karsaa ndedonga dhateng Sang Yéhuwah, supados karsaa nyirnakaken sawer-sawer saking kula*” (Wilangan 21:7a). Tanpa Pitobat, dosa badhé tansah nguwaosi gesang kita sedaya. Pangaken dosa kita, prelu kita unjukaken kanthi tumemen, lan mijil saking telenging manah kita. Dosa ingkang kita lampahi, ugi prelu kita unjukaken wonten ngarsanipun Gusti sacara nyata ing salebeting pandonga kita. Mbok menawi, kados déné bangsa Israèl, kita sampun ngrèmèhaken pangrimatipun Gusti lan tansah waringatan kémawon. Mbok menawi kita ugi sampun natoni sesami kita lumantar tetembungan punapadéné tandang tanduk kita. Mbok menawi kita ugi nindakaken dosa ing salebeting nyambut damel lan ing bisnis kita, ing brayat kita, peladosan kita lan salajengipun. Sumangga kita unjukaken kanthi jujur lan kanthi manah ingkang kebak raos nalangsa awit saking dosa-dosa kita. Pangakening dosa ingkang mekaten punika, prelu dipun kanthèni pangéjawantahing Pitobat ing salebeting tumindak nyata.

Pitobat mujudaken wiwitanipun kita nampèni pemulihan. Punika dados kori tumrap sih nugrahanipun Allah sagedipun rumasuk ing gesang kita. Nalika bangsa Israèl ngakeni

dosanipun lan mratobat, Allah ugi kepareng mitulungi bangsa punika (bdk. Mazmur 107: 19-20). Kita pitados bilih Gusti Allah ugi badhé mitulungi lan mulihaken kita nalikanipun kita sami ngrumaosi dosa-dosa kita.

Pandongga



Musa lajeng ndedonga (Wilangan 21:7b). Gusti Allah miyarsakaken pandonganipun lan milujengaken bangsa Israèl. Juru Mazmur ugi nyariosaken sagolongan tiyang ingkang ndedonga dhumateng Allah, nyenyuwun kasarasan saking sesakitipun ingkang nggegirisi. Gusti Allah ugi karsa migatosaken saha inggih paring kasarasan (Mazmur 107:17-22). Sumangga kita ugi sami ndedonga nyuwun sih kawelasan dalah panguwaosipun Allah kanggé milujengaken kita sami. Kita pitados bilih pandonganipun tiyang ingkang barès nalika kaunjukaken kanthi pitados lan tumemen, badhé ageng khasiatipun (bdk. Yakobus 5:16-18). Pandonga punika kados déné kabel ingkang nyambungaken barang elektronik kaliyan daya listrikipun, satemah barang èlèktronik kasebat saged gesang. Pandonga dados talang ingkang nyambetaken kita kaliyan panguwaosipun Allah ingkang ageng. Pandonga ugi kadosdéné thothokan ing korining manahipun Gusti supados mratélakaken katresnanipun dhumateng kita sami.

Sih Nugrahanipun Allah ing Salebeting Sabda



Kita pitados bilih Allah ingkang kebak sih nugraha sagah lan karsa milujengaken kita sami.



Mesthi kémawon kita sami katimbangan nanggapi sih nugraha punika. Allah maringaken sih nugrahanipun lumantar sabdanipun ingkang sami kita pitadosi lan kita ugemi. Laras kaliyan sabdanipun Gusti, Musa pitados lan setya tuhu kanggé ngréka

sawer tembaga ingkang kedah kasawang déning bangsa Israèl ingkang sami kacokot ing sawer. Musa pitados lan setya tuhu, mekaten ugi bangsa Israèl ugi pitados lan nindakaken sabdanipun Gusti. Wusananipun bangsa Israèl sami kaluwaran saking pati ingkang nggegirisi. Sih nugraha lan sabdanipun Allah ingkang kita tampèni adhedhasar pitados lan kasetyan, badhé mbekta gesang, mbekta pemulihan.

Syair lagu Kidung Jemaat 54, “Tak Kita Menyerahkan” pada ingkang kaping tiga ngiyataken kita dhateng panguwaos Pangandikanipun Gusti ingkang saèstu mujarab, kebak ing sih-nugrahanipun Allah.

*Yang dapat memecahkan segala hati k'ras,
yang mencurahkan hidup di hati yang lemas,
yang menyembuhkan luka, mujarab obatnya,
yaitu Firman Allah, penuh anugerah.*

Sih nugrahanipun Allah wonten ing Sang Putra

Sih-nugrahanipun Allah sangsaya nyata lan ketinggal cetha ing salebeting peparingingipun Allah wonten ing Sang Putra (Yok. 3: 16). Sacara sampurna, Allah sampun kepareng nglumpuhaken panguwaosing dosa sarana salib lan wungunipun Sang Kristus. Salibipun Sang Kristus nedahaken sihipun Allah ingkang saèstu ageng dhumateng kita manungsa dosa. Sang Kristus ngalami tatu kanggé nyarasaken kita, Kristus séda kanggé nggesangaken kita. Racuning dosa ndamel kita pejah, nanging Sang Kristus karsa maringaken pemulihan lan gesangipun kanggé kita. Wungunipun Sang Kristus nedahaken panguwaosipun Allah ingkang saèstu ageng, ingkang sampun ngawonaken panguwaosipun dosa ing salebeting gesang kita. Sinten kémawon ingkang sami pitados dhumateng Sang Kristus badhé kawilujengaken; badhé pikantuk gesang ingkang wetah lan langgeng, saha kuwaosipun Sang Kristus ingkang gesang badhé lumintu ing gesang kita.



Buku lelampahanipun satung-galing Musafir (*The Pilgrim's Progress*) anggitanipun

John Bunyan, nggambar-aken dosa kados déné momodan awrat ingkang tansah tumèmpèl ing



gigiripun sang musafir. Momodan punika ngawrat-awrati piyambakipun ing saben wekdal; anjalari jumangkahipun karaos awrat nalikanipun nembé lumampah. Gigiripun dados wungkuk lan pasuryanipun katingal surem. Nanging nalikanipun piyambakipun pinanggih lan nyawang salibipun Sang Kristus, momodaning dosa punika laejgn luwar. Piyambakipun rumaos lega, lan saged lumampah kanthi badan ingkang jejeg malah saged lumajar kanthi kebak kabingahan. Kawontenan ingkang mekaten punika ingkang sami kita alami nalikanipun kita nampèni nugrahanipun Allah ing salebeting Sang Krisus. Dosa ingkang saèstu awrat kados mekaten punika sampun nindhih kita, nanging jamahan astanipun Gusti ngluwari kita. (bdk. Lagu PKJ 190 Dulu Ku tertindih Dosa).

Gesang Ing Sang Kristus



Ing salebeting Sang Kristus, kita saèstu ndarbèni gesang ingkang wetah, mboten kadosdéné boneka tali ingkang kasetir déning panguwaosing dosa utawi kadosdéné mobil-mobilan ingkang kasetir déning kekiyataning hawa nepsu (gegambaran ing wiwitaning khotbah).

Kita sampun kalairaken malih, tinitah dados titah anyar ing salebeting Sang Kristus, supados sesarengan kaliyan Sang Kristus kita saged nindakaken punapa ingkang ugi katindakaken déning Sang Kristus, inggih punika pandamel saé Ef. 2: 10 nyerat, “*Marga kita iki titahé Gusti Allah, katitahaké ana ing Sang Kristus Yesus, supaya padha nglakoni panggawé becik*

kang kacawisaké Gusti Allah sadurungé minangka ambah-ambahan kita.” Kita sanès bonéka tali kita punika pribadi ingkang gesang awit Sang Kristus gesang wonten ing dhiri kita. Punika ingkang ndadosaken kita sagah ngawonaken kekiyataning dosa, lan nyagedaken kita sedaya nindakaken kasaénan kados ingkang katindakaken déning Sang Kristus. Menawi kendhalining dosa punika mejahi, mila kendhalinipun Allah, mbekta gesang ingkang kebak daya cipta.

Sih-nugrahanipun Allah ing salebeting sabda lan Sang Putra saèstu ageng. Kita mesthi nanggapi kanthi raos kebak pamuji sokur. Juru Mazmur ngajak kita ngunjukaken raos sokur kasebat kanthi pisungsung sokur lan pepujèn ingkang martosaken pakaryan katresnanipun Allah. Punapa ingkang saged kita lampahi? Salah satunggiling wujud pamuji sokur kita dhumateng Allah, inggih punika dados lantaran lumèbèring nugrahanipun Allah dhateng sesami, supados sesami kita ugi ngraosaken gesang anyar wonten ing Gusti.

Gesang ingkang Ngilèkaken Pagesangan



Wonten ing Sang Kristus, gesang kita badhé mbekta pagesangan tumrap sesami kita. Watak lan



pakaryan kreatipipun Gusti Yesus ingkang nyarasaken tiyang sakit, maringi tetedhan tiyang ingkang luwé, ngluwari tiyang ingkang kablenggu, ngapunten tiyang dosa, martosaken kabar kabingahan lan sapiturutipun, badhé kajilma sacara kreatif ing salebeting peladosan, padamelan/bisnis lan sesambetan kita kaliyan sesami. Padamelankita dadosa ing laladan ékonomi, politik, pasamuwan, lsp. badhé saged nuwuhaken gesang tumrap sesami kita. Lumantar gesang kita, sesami kita mugi badhé ngraosaken ilining gesangipun Sang Kristus.

Kathah sanget conto padamelan kreatip ingkang dipun lampahi déning tiyang-tiyang ingkang sampun nampèni gesang anyar wonten ing Sang Kristus. Sadèrèngipun mratobat, padamelan/bisnisipun tiyang-tiyang kasebat saèstu “ngracuni” tiyang kathah. Ananging sasampunipun mratobat, tiyang-tiyang kasebat dados lantaranipun berkah lan pagesangan dhateng tiyang kathah. Punika kados ingkang dipun alami Teddy Hung, piyambakipun sewaunipun dados pentholanipun préman mratobat. Sadèrèngipun mratobat, piyambakipun punika padamelanipun dados botoh main, bisnis pelacuran, obat-obat awisan, lan sapiturutipun. Sasampunipun mratobat, piyambakipun mbiyantu para préman kanggé pikantuk pedamelan ingkang resmi. Ryan Longmuir, ingkang sewaunipun dados pecandu narkoba, mratobat, lajeng dados juru bisnis lan saged suka padamelan tiyang 65 cacahipun ing leladan sosial lan Yayasan amal “justGiving” mligi kanggé para tunawisma. Bill Sands, ingkang sewaunipun dados tukang maling lan rampok, mratobat sasampunipun medal saking pakunjaran. Sasampunipun mratobat, piyambakipun netepaken badhé mbiyantu para tiyang nasar supados sami mratobat. Piyambakipun yasa bebadan lan nyerat buku ingkang ngemot 7 tataran kanggé mulihaken para narapidana.



Panutup

Wonten satunggiling pepujèn ingkang ngèngetaken kita bab agenging sihipun Allah wonten ing Sang Kristus tumrap kita. Allah maringaken Sang Putra kanggé séda sinalib supados kita luwar saking bandaning dosa. Supados kita sami ndarbèni gesang ingkang sejati, ingkang langgeng lan mulya.

For God So Loved The World (Karena Begitu Allah Cinta Dunia)

For God so loved the world, He gave His only Son
To die on Calv`rys tree from sin to set me free

Someday He`s coming back what glory that will be
Wonderful His love to me

Karena begitu Allah cinta dunia
Hingga dib`rikan-Nya Anak-Nya yang tunggal
Supaya yang percaya jangan binasa
M`lainkan dapat hidup kekal.

Mugi-mugi sih-nugrahanipun Allah ingkang mbekta
gesang saged tansah kita raosaken, lan ugi kita dumaken dhateng
sesami kita. Amin.

[DL/YTD]

KHOTBAH JANGKEP**Minggu Pra-Paska V***Minggu, 21 Maret 2021*

Waosan 1: Yeremia 31:31-34
 Tanggapan: Mazmur 51:2-13
 Waosan 2: Ibrani 5:5-10
 Injil: Yokanan 12:20-33

KATRESNANIPUN
ALLAH
NGLANGKUNGI
PAUKUMAN
 ☸

KHOTBAH JANGKEP**“Katresnanipun Allah Nglangkungi Paukuman”**

Para Sedhèrèk ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti. Punapa ingkang panjenengan sami raosaken nalika panjenengan sampun ngapunteni kalepatanipun satunggaling tiyang, lajeng kalepatan ingkang sami tetéla dipun tindakaken malih déning tiyang kasebat? Jèngkèl, kuciwa, nepsu, lan mbok menawi mboten badhé suka pangapunten malih. Menawi kita lajeng nepsu sanget, lan jèngkèl dhumateng kalepatanipun tiyang ingkang sampun naté damel lepat, kados pundi tumraping Allah ingkang sampun ngapunteni dosa-dosa kita, nanging kita ugi nindakaken malih kalepatan ingkang sami, ingkang katindakaken ing wekdal kapengker? Punapa kita naté kanthi temen-temen ngraos-raosaken prekawis kasebat?

Umat Israèl punika umat pilihanipun Allah. Allah nuntun bangsa punika medal saking pangawulan Mesir, tumuju dhateng tanah prajanjian lan madeg dados bangsa ingkang ageng. Nanging wekasanipun sih-nugrahanipun Gusti Allah punika mboten njalari bangsa kasebat gesang ing salebeting kaleresan. Kosok-wangsulipun sih-nugraha punika sami dipun damel muspra, sarana anggènipun nglampahi gesang ingkang mboten leres, nglawan lan nyimpang saking titahipun Gusti Allah. Bangsa Israèl nindakaken prekawis ingkang awon wonten ngarsanipun Allah, lan ndadosaken sekel galihipun Allah. Kadospundi wusananipun? Ing jamanipun Nabi Yeremia,

karisakan moril dalah gesang karohanènipun umat Israèl anjalari bangsa kasebat ngalami karisakan lan kabucal dhateng tanah pangawulan. Punika dados pepènget saking Gusti Allah ingkang saèstu tumrap bangsa Israèl.

Sanadyan Allah paring paukuman dhateng bangsa Israèl awit saking dosa-dosanipun, nanging wonten satunggal prekawis ingkang tetep, inggih punika bilih Allah mboten naté nilar bangsa punika piyambakan. Malah lumantar paukuman punika, katresnanipun Allah kapratélakaken kanggé ngiyataken, nuwuhaken pangajeng-ajeng, punapadéné mulihaken. Gusti Allah setya tuhu njangkepi prasetyanipun dhumateng umatipun, sanadyan umat Israèl mblénjani prasetya kalawau. Pawartos ingkang mekaten punika ingkang kawartosaken déning Nabi Yérémia dhumateng umat Israèl, bilih lumantar pambucalanipun dhateng tanah pangawulan, Gusti Allah kepareng nindakaken pakaryan mulihaken lan milujengaken bangsa Israèl, sauger bangsa punika ngakeni sedaya kalepatanipun dalah mratobat. Pakaryanipun Allah ingkang mulihaken kasebat, ketingal saking:

- 1) ***Pangapunten lan sih kawelasanipun Allah (ay. 34).***
 Pitobatipun bangsa Israèl mesthi kémawon katampi déning Allah sarana anggènipun maringaken pangapunten lan sih kawelasanipun. Gusti Allah sanès Allah ingkang tansah ngendhem sengit. Sabab, nalikanipun umatipun mratobat, kalepatanipun umat kalawau lajeng inggih dipun apunteni lan kabirat.
- 2) ***Prasetyanipun Allah lan umat Israèl ingkang anyar sasampunipun luwar saking pangawulan (ay. 31)***
 “Prasetyan anyar” kasebat nuntun umat dhateng raos tanggel jawab lan tumemening manah ingkang kakarsaaken déning Allah. Ancasipun supados sami gesang kebak kasetyan Allah. tansah ngugemi prasetyanipun bangsa Israèl dhumateng Allah.
- 3) ***Pakaryanipun Gusti nganyaraken (ay. 33).*** Torètipun Gusti badhé kaserataken ing batinipun Israèl. Punika nyethakaken bab anggènipun Allah nganyaraken gesangipun Israèl. Punika katindakaken supados bangsa punika tepang

dhumateng Allah lan sabdanipun kanthi tumemen ing gesang padintenipun.

Sedaya punika badhé mesthèkaken bilih katresnanipun Allah punika mboten naté saged kagantosaken déning punapa kémawon, ingkang pinanggih ing jagad punika. Sanadyan Allah duka, lan mboten kersa mirsani dosanipun manungsa, nanging katresnanipun ingkang ageng punika angéjawantah lumantar anggènipun ndhapuk, mulihaken, lan nganyaraken gesangipun manungsa. Paukumanipun Allah mboten nedahaken bilih katresnanipun Allah sampun éwah gingsir, nanging kosok-wangsulipun lumantar paukuman punika, Panjenenganipun malah mratélakaken sih-katresnanipun, ingkang nimbali umatipun wangsul dhumateng Panjenenganipun.

Inggih pengalaman punika ingkang karaosaken déning Dawud nalika ngakeni kalepatanipun ngrebat Betsyeba, ingkang mboten ndadosaken keparengipun Allah. Dawud ngandika: “Pancèn saèstu, anggèn kawula kalairaken punika nandhang duraka, sarta biyung kawula ngandhut kawula ing salebeting dosa” (Mzm.51:7). Tetembungan punika makili panalangsani-pun Dawud, nanging sesarengan kaliyan punika, ugi mujudaken panyuwunan dhateng sih kawelasanipun Allah tumrap sedaya kalepatan ingkang sampun katindakaken. Natan ngèngetaken Dawud bilih dosanipun punika ingkang sampun andhatengaken paukumanipun Allah. Sanadyan mekaten, Dawud mitadosi bilih sihipun Allah punika nglangkungi dukanipun, satemah wonten pangapunten lan sih-katresnanipun Allah dhumateng tiyang-tiyang ingkang sami mratobat lan wangsul dhumateng Allah (Maz. 51: 3).

Sampun ngantos kita sami nggadhahi sikep tidha-tidha dhumateng sihipun Allah! Sihipun Allah sampun kabuktèn lumantar pakaryan pirukunanipun Sang Kristus ing sainggiling kajeng salib. Ing kajeng salib punika, Kristus sampun misungsungaken korban panebusing dosa, inggih mboten sanès awujud dhiri pribadinipun minangka korban pirukunan lan pulihipun sesambetan ing antawisipun umatipun kaliyan Gusti Allah. Lelampahaning salib nedahaken bilih Sang Kristus jumeneng dados Imam Agung, nanging sesarengan kaliyan

punika, ugi jumeneng dados cempénipun Allah, ingkang sepisan kagem salaminipun sampun mbirat dosa lan panerakipun manungsa. Kristus nglampahi sangsara ngantos dumugi séda ing kajeng salib, ing salebeting kasetyan dhumateng Allah. Lumantar panandhang lan kasangsaran punika, katresnanipun Allah nglangkungi paukuman dosa lan pejah, satemah kawilujengan saged kaparingaken dhumateng manungsa. Inggih punika ingkang winastan kasampurnaning katresnanipun Allah, ingkang mbekta saben tiyang pitados, gesang ing salebeting pangapunten lan sih-katresnanipun Allah, lan sanès ing salebeting paukuman lan pengadilan (Ibr.5:8-9).

Para Sedhèrèk ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Kita setunggal lan setunggalipun madeg dados tiyang ingkang pitados dhumateng Sang Kristus. Kapitadosan (iman) sampun ndamel kita ngakeni Yésus minangka Gusti lan Juru Wiujenging jagad punika. Inggih namung karana peparangipun Allah, kita sami kawilujengaken lumantar pangapuntening dosa lan kalepatan kita. Namung kémawon, punapa kita temen-temen gesang ing salebeting pepadhang katresnanipun Allah, ingkang nuntun kita sedaya lumampah ing margi ingkang leres? Utawi malah kosok-wangsulipun, kita jebul taksih gesang ing salebeting pepeteng? Ing salebeting pawartosipun Gusti Yésus ngéngingi dhiri pribadinipun minangka Sang Mesih ingkang nandhang sangsara, Gusti Yésus nawèkaken nanging ugi nantang para pamiyarsanipun kanggé ndamel keputusan ingkang gumathok. Keputusan ndhèrèk Panjenenganipun lan lumampah ing salebeting pepadhang, utawi kosok-wangsulipun: nampik lan tetep gesang ing salebeting pepeteng?

Pitados dhumateng Kristus, ateges gesang ing salebeting pepadhang ingkang nuntun kita tumuju ing margining kaleresan lan kawilujengan (Yok. 12: 35-36). Nanging pitados kémawon dèrèng cekap, amargi gesang kita kedah saèstu kaanyaraken minangka pratandha bilih kita mboten gesang malih ing salebeting pepeteng, nanging ing salebeting pepadhang. Tegesipun, pitobat kita kedah kinanthènan éwah-éwahaning gesang. Pitados kedah ngéjawantah ing salebeting tumindak nyata. Ngakeni dados pandhèrèkipun Sang Kristus ateges kedah

nuladha gesangipun Sang Kristus. Gesang ing salebeting katresnanipun Allah ateges gesang ing salebeting pangapunten lan welas asih. Punika ugi ateges bilih gréja (pasamuwan) kedah ngumandhangaken katresnan, pangapunten lan pemulihan saking Gusti Allah, ing salebeting gesangipun para manungsa. Mboten kosok-wangsulipun, ngumandhangaken dosa, paukuman lan raos ajrih. Awit katresnanipun Allah saèstu nglangkungi paukuman, satemah lumantar sih-katresnanipun, saben tiyang ing wanci punika pikantuk gesang. Amin.

[MG/YTD]

KHOTBAH JANGKEP**Minggu Palmarum/Pra-Paska VI***Minggu, 28 Maret 2021*

Waosan 1: Yésaya 50:4-9a
 Tanggapan: Mazmur 118:1-2, 19-29
 Wosan 2: Filipi 2:5-11
 Injil: Markus 11:1-11

**WANTUN
NANDHANG
SANGSARA**
**KHOTBAH JANGKEP****“Wantun Nandhang Sangsara”**

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Sumebaripun Covid-19 ingkang sangsaya warata ing saben wekdal punika anjalari kita sami pitakèn: “Kenging punapa watesan sosial (*social distancing*) dalah pranata gesang miturut pakulinan énggal (*new normal*) ingkang sampun dipun tetepaken ing Indonesia punika, mboten saged medhot ranténing panularanipun Covid-19?”

Wangulan prasaja ingkang saged kaaturaken inggih punika, karana dèrèng wontenipun kasetyan saking warga masyarakat netepi paugeran ingkang sampun katetepaken déning pamarintah. Kirangipun kasetyan dhumateng paugeran ingkang wonten, mboten sadremi namung amargi “sami angèl katata utawi namung miturut pikajengipun pribadi” kémawon, utawi “ndableg”. Ananging punika ugi sesambetan kaliyan “pangrombaking tata pranataning pagesangan”. Tumrap masyarakat ingkang taksih asipat “bebrayatan” (komunal) kanthi sesantipun ingkang mungel: “mangan ora mangan anggeré kumpul”, gesang pepisahan kalian sesami punapadéné sedhèrèk, saged karaos dados panandhang ingkang mboten ènthèng. Tumrap warga masyarakat ingkang saèstu nengenaken sikep urmat dhateng tiyang sepuh kanthi sesanti “mikul dhuwur mendhem jero”, mboten sowan wanci riyaya karana dipun awisi kekésahan tebih, badhè karaos dosa. Mboten mbancaki tiyang sepuh ingkang tilar donya ugi karaos klèntu. Nlusuri riwayatipun

tiyang ingkang ketularan covid 19, ugi karaos kirang prayogi. Mboten nglenggana lan mboten sapa aruh awit katutupan masker, ugi karaos mboten sopan. Pranata gesang ingkang mekaten punika, ingkang lajeng karaosaken angèl dipun lampahi mahanani angèlipun netepi pranatan watesan sosial lan pranata gesang pakulinan anyar. Supados watesan sosial dalah pranata gesang pakulinan anyar punika saged wujud dipun wujudaken dipun betahaken wontenipun éwah-éwahaning pranata gesang.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Mekaten ugi sesambetan kaliyan pangertosan bab Sang Mesih ingkang dipun cepengi déning warga masyarakat Yahudi nalika semanten. Sang Mesih dipun pitadosi minangka manungsa super, ingkang sagah ngluwari umatipun saking panjajahanipun bangsa Romawi. Sang Mesih ingkang mekaten punika ingkang pinitados badhé mangsulaken kaunggulaning ukumipun Allah sacara murni lan kebak tanggel jawab, kados nalikanipun pamarintahanipun Sang Prabu Dawud. Mila limrah menawi panguwuh-uwuhipun tiyang kathah nalikanipun Gusti Yésus lumebet Yérusalèm mungel: Hosana, ingkang nggadhahi teges “Gusti mugi nylametaken kawula sedaya”. “Binerkahana ingkang rawuh ngagem asmanipun Pangéran, binerkahana karaton ingkang badhé dhateng, karatonipun raja kita Dawud, hosana ing ngaluhur (Mar. 11: 9-10).

Tebih saking nyetujoni lan ngekahaken pangajeng-ajeng mesianis kasebat, rawuhipun Gusti Yésus ing Yérusalèm ndungkap riyaya Paska kasebat ngemu pangertosan ingkang béda. Sarana nitih kuldi mudha, mratandhani bilih: 1). Rawuhipun nedahaken sipat lembah manahipun ingkang nyunaraken katentreman. Mboten wonten tandha-tandha ceongkrahan lan memengsahan. 2). Sarana ngginakaken kuldi mudha kanggé mbekta momotan, nedahaken bilih momotaning jagad (kawaosa: dosa) ingkang samangké kedah kapikul punika mboten ènthèng. 3). Inggih momotaning dosa punika ingkang badhé “kalarung”, “karuwat” ing Sang Kristus minangka cempéning Paska, ingkang kakurbanaken kanggé nebusi dosanipun jagad. Punika kelampahan lumantar sangsara lan sédanipun ing kajeng salib. Salib sampun ndamel pepati dados

gesang, raos ajrih dados kakendelan, kécalan pangajeng-ajeng dados ndarbèni pangajeng-ajeng, kasangsaran dados kaslametan. Wantun nandhang sangsara mujudaken prekawis ingkang kedah kelampahan salebeting ngéjawantahaken salib.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Émanipun pangertosan anyar ngéngingi Sang Mesih punika, mboten kanthi gampil katampi déning tiyang kathah. Panandhang ingkang mboten énggal rampung, kawontenan tanpa daya, icalipun pangajeng-ajeng anjalari warga masyarakat nalika semanten, kangélan nampèni pangertosan bab Sang Mesih ingkang dipun wartosaken déning Gusti Yésus, minangka “cempénipun Allah,” ingkang kakorbanaken kanggé nebusi dosanipun jagad. Inggih ingkang tiyang-tiyang betahaken nalika semanten tumindakipun pawongan super ingkang ngluwari lan netepaken karaton Israèl ingkang anyar. Sami kémawon ing babagan Covid-19; ingkang dipun ajeng-ajeng inggih tumindak ingkang ngédap-édabi, ingkang anjalari énggal uwal saking panandhangipun Covid-19.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Punapa saèstu bilih jagad punika saged dipun slametaken amargi vaksin Covid-19 sampun kapanggihaken? Ing satengah-tengahing manékawarnining pemanggih ngéngingi vaksinasi masal Covid-19, kawontenanipun virus teras ngalami éwah-éwahan (mutasi). Mila katingalipun ingkang saged dados suka wangsulan bab mandhegipun sumebaring virus punika mboten dipun temtokaken déning vaksin covid ingkang sampun kapanggihaken. Satunggal prekawis ingkang saged dipun cepengi inggih punika prelunipun medhot ranté panularanipun virus dalah turunanipun kalawau. Punika kelampahan sarana anggèn kita netepi paugeran bab watesan sosial dalah pranata gesang pakulinan anyar. Pranata gesang pakulinan anyar punika pancèn mbereg kita sedaya nglampahi gesang kanthi pathokan lan tumindak ingkang anyar. Punika ingkang dados panandhang kita, lan punika ugi ingkang winastan salib.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Pitakènanipun inggih punika kados pundi kita saged nglampahi gesang kanthi pranata gesang pakulinan anyar punika, kados déné Sang Kristus ingkang ugi nglampahi kemesiasanipun ingkang énggal ing salebeting kasangsaran lan salib? Pangandikanipun Gusti mucal kita kados pundi caranipun supados kita saged nglampahi kanthi pranata gesang pakulinan anyar.

1. Dados abdi ingkang tansah sinau. (Yésaya 50:4-9a)

Mboten saben tiyang siyaga lan saged gesang kanthi pranata gesang pakulinan anyar. Namung tiyang-tiyang ingkang purun tansah sinau lan mbudidaya kanthi tumemen ingkang saged nindakaken. Ing mriki kaprigelan kanggé mirengakan (maos) saèstu dipun perlokaken. Langkung-langkung sarana deresing pawartos bab Covid-19 ingkang teras ngrembaka, ngènetaken kita perlunipun milah lan milih pawartos pundi ingkang migunani, lan pawartos pundi ingkang mboten migunani. Sasampunipun milah-milah lan milih, kalajengna sinau ngetrepaken wohing pasinaon kasebat, ingkang kawawas migunani kanggé medhot ranté sumebaripun Covid-19. Nadyan kanggé prekawis punika kita prelu pambudidaya ingkang tumemen, ugi prelunipun patuladhan. Kita sedaya prelu pitados bilih sedaya pangurbanan ingkang kita lampahi, mboten badhé nglaha awit Allah kita punika jumeneng dados juru pitulung.

2. Panyambut damel sesarengan (Mazmur 118:1-2, 19-29 & Fil. 2:5-11)

Sanadyan kita punika jejeripun minangka séla ingkang kabucal déning tukang bangunan, nanging sampun kadadosaken séla pojokan, kita mboten badhé saged mbangun bangunan piyambakan kémawon. Kita tetep mbetahaken pitulunganipun asanès. Pramila, makarya sesarengan salebetipun ngéjawantahaken berkahipun Pangéran saèstu dipun betahaken. Mazmur 118:26 nyerat: “Binerkahana ingkang rawuh atas asmanipun Pangéran Yéhuwah. Aku padha mberkahi kowé kabèh saka ing padalemané Sang Yéhuwah.” Pangandika punika nedahaken

bilih kita prelu ugi dados lantaraning berkah ingkang lumintu tumrap tiyang sanès. Inggih punika sababipun Rasul Paulus mituturi pasamuwan ing Filipi supados mboten kapecah, mila mbetahaken pangangen-angen lan pangraos ingkang pinanggih wonten Sang Kristus Yésus (Fil. 2:5). Inggih punika kanthi andhap asor lan setya tuhu nindakaken pakaryan kawilujengan tumrap jagad lumantar kasangsaranipun ing kajeng salib.

3. Wantun nandhang sangsara. (Markus 11:1-11)

Kadosdéné Kristus ingkang mboten namung ngéwahi katetepan anyar bab kemesiasanipun lumantar sedaya piwulangipun, nanging ugi kanthi kasetyan ingkang golong gilig mratelakaken adegipun minangka Sang Mesih ingkang anyar, lumantar panandhang ingkang kasanggi kanggé kawilujenganipun jagad. Mekaten ugi khotbah “Wantun nandhang sangsara” mboten badhé mandheg namung wonten ing teori lan piwulang bab kekendelan nandhang sangsara kémawon, nanging ugi kadospundi kita kanthi kebak kasetyan, mujudaken panandhang punika ing salebeting gesang sacara nyata. Inggih punika kanthi cara ngecakaken watesan sosial dalah pranata gesang pakulinan anyar kanthi cetha.

Pasamuwan ingkang kinasihan lan ngasihi Gusti, Minggu Palem ingkang saged kita resepi lan riyayakaken sesarengan dados pangènget, saiba kendelipun Sang Kristus nglampahi sangsara sinalib kanggé kaslametanipun jagad. Lumantar sangsara lan sédanipun, Gusti Yésus madeg dados manungsa Paska, ingkang ndamel pati dados gesang, kécalan pangajeng-ajeng dados ndarbèni pangajeng-ajeng, ajrih dados kendel, kasangsaran dados kawilujengan. Mekaten ugi tumrap kita sedaya. Supados madeg dados manungsa Paska, kita kedah wantun nandhang sangsara. Mboten namung sangsara karena ngetrepaken watesan sosial punapadéné pranata gesang pakulinan anyar, nanging sangsara ugi karena tatananing gesang ingkang nengenaken kawilujengan sesarengan adhedhasar paugeran tata Susila, bekti lan urmat dhateng sesami. Inggih

namung kekendelan nandhang sangsara ingkang kados mekaten punika ranté sumebaripun Covid-19 saged kapedhot. Kados déné Kristus ingkang lila legawa nandhang sangsara lan séda supados manungsa pikantuk gesang ing salebeting kawilujengan ingkang weta, sumangga kita sami wantun nandhang sangsara ing salebeting ngetrapaken pranatan-pranatan nanggulangi Covid-19? Sugeng lumebet ing Minggu Sangsara! Gusti mberkahi. Amin!

[AJ/YTD]

KHOTBAH JANGKEP**Kemis Pethak***Kemis, 1 April 2021*

Waosan I: Pangentasan 12:1-14
 Mazmur: Jabur Masmur 116:1-2;
 12-19
 Waosan II: 1 Korintus 11:23-26
 Injil: Yohanes 13:1-17, 31-35

**ANDHAP
 ASORING
 MANAH,
 KAMULYANING
 SIH**

❧❧❧

KHOTBAH JANGKEP**“Andhap-asoring Manah, Kamulyaning Sih”**

Pasamuwan ingkang kinasih ing Gusti Yésus Kristus,

Punapa ingkang badhé kita lampahi menawi kita pikantuk wewengan pungkasan gesang ing ndonya punika? Wonten kathah jinising wangsulanipun. Wonten ingkang kepéngin nikmati dhaharan ingkang dipun-remeni. Wonten ingkang kepéngin kekésahan ngubengi jagad. Ugi wonten ingkang kepéngin nelasaken wekdal sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ingkang dipun teresnani. Ananging saiba kathahipun wangsulan ingkang mboten sami, sadaya wangsulan nedahaken pepénginan kanggé maremaken pepénginanipun dhiri pribadi minangka sangat pungkasan.

mBok bilih prakawis punika karaosaken limrah ngémuti kanyataning pejah makaten dados pungkasaning gesang ing jagad punika. Kanthi pejah ateges gesang mboten saged wangsul malih sarta ugi mboten wonten kelajenganipun malih. Sadaya wewengan sampun telas. Sadaya sampun kèndel. Émanipun, pejah punika satunggaling wewadi. Kita mboten mangertos bénjing punapa kita pejah, ing pundi kita pejah, kadospundi kita pejah. Ngantos sinaosa kita mangertos bilih kita temtu pejah, kita nélakaken dèrèng samekta pejah. Kita kagèt nalika pati punika ndhatengi kita. Langkung mrihatosaken malih, bab sasampunipun pejah kémawon ugi nilaraken satunggaling

pitakénan: “Punapa ingkang kelampahan sasampunipun kita pejah? Kita badhé dhateng pundi, sesarengan kaliyan sinten, sarta kadospundi kawontenan sasampunipun pejah?” Kamangka ing salebeting pejah kita wonten ing pucaking kécalan. Pejah punika kécalan sadaya ingkang wonten ing jagat punika sarta mboten mbekta punapa-punapa. Kalenggahan, kasugihan, tiyang ingkang dipun tresnani ngantos badan kita piyambak ugi dipun tilaraken.

Pejah ibarat satunggaling pepeteng. Yuswa sepuh punapa mboten kawastanan minangka yuswa serap, wayah sonten srengéngé angslup? Prakawis punika amargi nyawang pejah kadosdéné satunggaling pepetengipun dalu. Kita sarwa mboten mangertos ing salebeting pepeteng. Kita mboten mangertos ener ingkang leres. Kita mboten saged nindakaken sadaya prakawis kanthi leres. Kita gesang ing salebeting kawontenan ingkang mboten gumathok. Ananging punika samining maknanipun pepeteng kaliyan pejah, inggih punika kanyataning “gesang tanpa Gusti Allah”. Kawontenan pepetenging gesangipun manungsa, punika kawontenanipun manungsa tanpa Gusti Allah. Sayektosipun manungsa “pejah” nalika gesang tanpa Gusti Allah. Winengku raos ajrih, mboten gadhah daya, sarta mboten saged nindakaken ingkang leres.

Pasamuwan ingkang kinasih ing Gusti Yésus Kristus,

Ing dalu ndungkap sangsaranipun Gusti Yésus, utawi ingkang kita riyayakaken ing Kemis Pethak, kita malah kaajak mirsani wekdal-wekdal pungkasanipun Gusti Yésus ingkang saèstu bènten. Gusti Yésus mboten ngginakaken minangka wewengan kagem Dhirinipun piyambak. Gusti Yésus mboten nedahaken bilih wekdal séda punika wekdal kécalan, ananging wekdal Kamulyanipun. Kita dipun kiyataken malih tumrap sayektosing maknanipun Paska. Kadosdéné wonten Prajanjian Lami, Paska punika pèngetan medalipun bangsa Israèl saking tanah pangawulan ing Mesir (Pangentasan 12:1-14). Pancèn wonten “kasangsaran”, ing pundi cempé kedah dipun-kurbanaken, rah-ipun kedah dipun-usaraken, tuwin ugi jangan pait kedah katedha. Pancèn wonten wewayanganing pejah, ing pundi sadaya anak pambajengipun bangsa Mesir badhé dipun-

tumpes. Ananging sadaya raos tintrim punika malah dados satunggaling margi panebusan tuwin pangluwaran tumrap umatipun Gusti Allah.

Ing dalu ingkang pungkasan sesarengan kaliyan murid-murid-Ipun, Gusti Yésus sayektosipun kalimputan ing wewayanganing kasisahan tuwin kasangsaran. Wonten Yudas Iskariot ingkang badhé ngiyanati. Wonten Pétrus ingkang badhé nyélaki ngantos kaping tiga. Ugi wonten murid-murid ingkang taksih dèrèng mangertos karsanipun Gusti sarta ing tembé badhé sami nebih saking Panjenenganipun kanggé milujengaken dhirinipun piyambak-piyambak. Ananging Gusti Yésus mboten nélakaken kasisahanipun. Ayat 3 nélakaken, *“Yésus pirsá, menawa Sang Rama wis masrahaké samubarang kabèh marang Panjenengané sarta menawa Panjenengané iku pinangkané saka ing Allah lan wangsul marang Allah.”* Ing salebeting kawontenan ingkang damel sisah, Panjenenganipun pirsá hakékat-Ipun bilih Panjenenganipun rawuh saking Gusti Allah sarta badhé wangsul dhumateng Gusti Allah. Bilih Gusti Allah saking wiwitan ngantos pungkasan tetep ngasta kendhali tumrapping gesang. Amargi sugengipun Gusti Yésus rawuh saking Gusti Allah sarta kondur malih dhumateng Gusti Allah, mila pungkasaning sugengipun punika dados satunggaling kamulyan. Sanès satunggaling pungkasan sarta kécalan. Kasangsaran tuwin sédanipun Gusti Yésus malah badhé nélakaken kaluhuraning pakaryanipun Gusti Allah dhateng manungsa.

Wonten ing paseksinipun Injil Gusti Yésus salajengipun tumindak ngwijiki sukunipun para murid-murid-Ipun. Gusti Yésus mundhut pérangan ingkang andhap piyambak. Gusti Yésus mundhut pérangan ingkang reget piyambak. Nindakaken pakaryanipun satunggaling abdi. Punika dados kaluhuran ing wekasaning sugeng-Ipun. Kaluhuranipun Gusti Allah mboten katujokaken dhateng dhirinipun piyambak, ananging kanggé tiyang sanès. Awit hakékatipun Gusti Yésus sampun mulya. Mila kaluhuraning sugeng-Ipun dipun télakaken kanthi ngladosi para murid-Ipun minangka wekasaning pakaryanipun ing pérangan pungkasaning sugeng-Ipun. Ing sangandhaping wewayanganing pati, malah ketinggal pucaking kaluhuran lan kamulyanipun Gusti Yésus kanthi ngwijiki sukunipun para murid. Anggènipun

ngasoraken dhirinipun punika, Gusti Yésus badhé nélakaken bilih kaluhuranipun Gusti Allah ingkang gesang punika katresnan. Ing salebeting kaasoranipun kanthi ngwijiki suku, Gusti Yésus nyunaraken kaluhuranipun Gusti Allah. Punapa piwulang tuwin tuladha ingkang dipun paringaken déning patrap ngwijiki suku?

Kaping sapisan, katresnan mboten wonten telasipun. Katresnan mboten saged kèndel. Katresnan mboten saged nyerah. Ing sangandhaping wewayanganing pati, patrapipun Gusti Yésus ngwijiki suku nedahaken Katresnanipun punika tuntas. Katresnan badhé ngrampungaken ngantos pungkasan. Malah sinaosa ngadhepi tiyang ingkang nyidrani kadosta Yudas Iskariot, tiyang ingkang nyélaki kadosta Simon Pétrus, ngantos para tiyang jirih kadosta para murid-Ipun, patrapipun ngwijiki suku nélakaken bilih katresnanipun Gusti Allah mboten saged dipun-cegah sarta dipun-ndhek déning kadurakanipun manungsa. Kadosdéne padhang ing satengahing pepeteng. mBoten wonten pepeteng ingkang saged ngawonaken padhang. Kapara padhang nyingkiraken pepeteng. Makaten ing satengahipun pepetenging jiwaniipun manungsa, katresnanipun Gusti Allah malah saya gumilang gumebyar. Wusananipun ing salebeting pepadhangipun Gusti Allah, malah kita ingkang badhé kawon. Kawontenan kita ingkang dosa badhé nungkul sarta nyerah ing ngarsaning katresnanipun Gusti Allah. Saèstu, punika mujudaken satunggaling prakawis ingkang lelawanan, bilih patrap ngwijiki suku punika gegambaraning kanyatan saya durakanipun manungsa, ananging Gusti Allah ugi badhé saya nresnani manungsa.

Émanipun, wonten ing gesang wekdal samangké, kathah tiyang gampil nyerah salebetipun nresnani. Kita piyambak kapara langkung gampil nyerah nindakaken kabecikan, ananging kapara nékad menawi tumindak duraka. Mangkotaken manah kanggé damel dosa. mBoten mratobat malah pados pawadan ngleresaken dhirinipun. Malah sanajan sampun dipun saruwé, kebentus ngantos kedhungsang-dhungsang mboten damel kita ènget tuwin kapok. Déné menawi kita nindakaken kasaénan tumunten pikantuk kawigatosan ingkang kirang ngremenaken sampun énggal nyerah. Rumaos kegepok sarta semplah. Patrap

ngwijiki suku punika wujuding kamulyanipun katresnan ingkang sejati, inggih punika katresnan ingkang mboten naté nyerah lan kèndel. Katresnan ingkang wetah tuwin tuntas ngantos pungkasan, sinaosa ing sangandhapipun wewayanganing pejah.

Kaping kalih, katresnan badhé tansah damel ada-ada. Amargi katresnan mboten saged namung pasip (tanpa greget) sarta kèndel kémawon. Amargi menawi kita namung nengga kanggé nanggapi, sayektosipun punika katresnan ingkang mawi sarat. Katresnan ingkang tanpa sarat ateges mboten nengga ananging miwiti tumindak rumiyin sarta gadhah ada-ada. Makaten ugi Gusti Yésus, Panjenenganipun jumeneng, lukar jubahipun, tumunten ngwijiki sukunipun para murid sinaosa para murid dèrèng naté ngwijiki sampéyanipun Gusti Yésus. Gusti Yésus pancèn badhé kondur sowan dhumateng Gusti Allah, ananging malah kapara ngwijiki sukunipun para muridipun. Prakawis punika nélakaken bilih saya celak dhumateng Gusti Allah, ugi badhé saya celak kaliyan manungsa. Sejarahhing pakaryanipun Gusti Allah kapenuhan déning katresnan ingkang damel ada-ada. Saking ada-ada nitahaken jagad-rayu (Panyipta), ada-ada manjalma (*inkarnasi*) dhateng jagad (Panebusan), ngantos ada-ada dedalem wonten ing manahipun manungsa (Péntakosta).

Émanipun, manungsa asring nggadhahe katresnan ingkang nengga. Katresnan ingkang mawi sarat. Malah milih mberek tiyang sanès. Ngorbanaken tiyang sanès tinimbang miwiti saking dhirinipun piyambak. Mangka katresnan ingkang damel ada-ada temtu samekta kanggé ngurbanaken dhiri. Gatosna nalika tiyang pikantuk timbalan paladosan ing pasamuwan! Kathah tiyang ingkang sami milih mènèl, nengga, ngantos-ngantos wonten ingkang ngéndhani, mboten sami aktip sarta gadhah ada-ada.

Kaping tiga, katresnan mboten naté rumaos kinggilen kanggé nindakaken ingkang asor. Ing salebeting kamulyanipun, Gusti Allah karsa nyuwungaken sariranipun lan ngagem wujuding manungsa malah ngantos ngasoraken dhiri dados abdi. Saking abdi ngasoraken dhiri ing salebeting nandhang sangsara. Wusananipun ing salebeting kasangsaran taksih dipun-asoraken ing salebeting pejah. Mila patrapipun Gusti Yésus ngwijiki suku ngantos dumugi pakaryanipun Gusti Yésus ing kajeng salib,

nélakaken agenging Sih sarta mboten rumaos kinggilen kanggé nindakaken prakawis ingkang asor. Kosok-wangsulipun manungsa langkung lingsem menawi ketingal awon, ananging mboten naté lingsem nutupi kadurakanipun. Gusti Yésus ngatingalaken kaluhuranipun bilih katresnan mboten wonten gèngsi (ajining dhiri). Wantun dados ingkang asor piyambak, sinaosa ketingal mboten kinurmatan.

Émanipun, malah ing mangsa pageblug punika, kita mirsani drajading katresnan ingkang asor. Kathah tiyang sambat amargi dados kesèt lan bosen. Mangka sayektosipun kathah prakawis ingkang saged katindakaken wonten ing nggriya. Ananging sayektosipun raos bosen amargi mboten purun ngasoraken dhiri kanggé nindakaken padamelan nggriya. Dados kesèt tuwin bosen amargi mboten kersa nyapu, asah-asah, mangsak, utawi nindakaken padamelan nggriya sanèsipun. Awit padamelan ingkang kados makaten punika kaanggep asor, mboten kinurmatan. Kathah tiyang rumaos mongkog kanthi anggènipun rèbyèk sarta padamelan ing njawi. Megurua dhumateng andhap-asoripun Sang Kristus. Awit Panjenenganipun mboten namung nindakaken padamelan nggriya, malah ugi nindakaken padamelanipun abdi kanthi ngwijiki sukunipun para Muridipun.

Pasamuwan ingkang kinasih ing Gusti Yésus Kristus,

Kita manggihaken malih panguwaosipun Paska, wonten ing tumindakipun Gusti Yésus ngwijiki sukunipun para muridipun. Kasangsaran tuwin sédanipun Gusti Yésus sanès pungkasan utawi anggènipun wurung, ananging satunggaling margi pangluwaran tuwin panebusanipun umat manungsa (Pangentasan 12:1-14). Pangurbananipun Gusti Yésus nélakaken saiba agenging katresnanipun Gusti Allah ingkang tumindak ngayomi supados Kagunganipun wilujeng. Wewayanganing pati dipun lebeti Gusti Yésus supados kita kauwalaken saking panguwaosipun pati (Masmur 116: 1, 2; 12-19). Andhap-asoripun Gusti Yésus kanthi ngwijiki sukunipun para murid, dados tuladha bab katresnan ing salebetipun paladosan tuwin kasetyan dhateng mitra (1 Korintus 11: 23-26).

Pungkasanipun, piwucal utami saking patrap ngwijiki suku inggih punika andhap-asoring manah minangka marginipun kamulyaning-sih. “*Satemen-temené Aku pitutur marang kowé: Abdi iku ora ngungkuli bendarané, utawa utusan iya ora ngungkuli kang ngutus. Menawa kowé padha mangerti prakara iku kabèh, rahayu kowé, menawa kowé kabèh padha nglakoni*” (Ayat 16 lan 17). Ing sangandhapipun wewayanganing pati, Kamulyaning-Shipun Allah nélakaken bilih kita badhé tansah nresnani ngantos pungkasan, tansah nindakaken ada-ada tuwin wantun kanggé nindakaken bab-bab ingkang alit sarta asor. Lelados punika kamulyaning gesang. Soksintena ingkang gesang andhap-asor sarta ngladosi mboten prelu ajrih badhé kécalan punapa-punapa. Malah tiyang ingkang gesang kanggé nindakaken pakaryanipun Gusti Allah, mboten prelu ajrih dhateng pejah. Amin.

[JKN-DEN]

KHOTBAH JANGKEP**Jumuwah Adi***Jumuwah, 2 April 2021*

Waosan I: Yésaya 52:13-53:12;
 Tanggapan: Jabur Masmur 22;
 Waosan II: Ibrani 10:16-25;
 Waosan Injil: Yohanes 18:1-19:42

**PUNAPA
 KELAMPAHAN
 GUSTI ALLAH
 SAMPUN KAWON?**

☸☸☸

KHOTBAH JANGKEP**“Punapa Kelampahan Gusti Allah sampun Kawon?”**

Tembung *pandemi* utawi pageblug tuwuh malih sarta dados caket sanget wonten ing talingan wiwit sesakit *corona virus 2019* sumebar wrata ing pundi-pundi papan. **Pandemi** (saking basa Yunani *pān pan* ingkang tegesipun sadaya tuwin *δήμος demos* ingkang tegesipun tiyang) punika *epidemi* (sesakit nular) ingkang sumebar ing laladan ingkang wiyar, ing sawetawis bawana, utawi ing saindenging jagad. Sakathahipun *pandemi* sampun kelampahan, kados *cacar* utawi cangkrang (*variola*) sarta *tuberculosis* utawi sakit mengguk. Salah satunggaling *pandemi* ingkang ngrisak sanget inggih punika *maut hitam*, ingkang njalari tiwasipun kirang langkung 75-200 yuta tiyang ing abad kaping sekawan welas. *Pandemi* ndadosaken manungsa ngalami kawontenan gawat.

Pungkasaning tahun 2019 jagad dipun-gègèraken déning “Corona” (*Corona* kawaos makutha) ingkang ndadosaken mèh sadaya prakawis ingkang saged kagayuh, pondhasinipun gesanging jagad, risak pating blangkrèh. Satunggaling “makutha” punika simbuling panguwasa tuwin hak kanggé tumindak – temtu kémawon *virus* utawi bibit sesakit punika nggadhi daya ingkang ageng sanget tumrap gesangipun manungsa. Sinaosa mboten kasat mripat, poma kadospundi *bibit sesakit* punika sampun njiyad yutan manungsa – malah milyaran manungsa – kanggé tumindak lan mboten tumindak. Bibit

sesakit punika ugi ngémutaken kita saiba ringkihipun gesang kita.

Wiwit pasamuwan-pasamuwan ing salumahing bumi mboten nindakaken pepanggihan ibadah kanggé nyandhet sumebaripun bibit sesakit, kathah tiyang ingkang nakèkaken lenggahipun Gusti Allah, ing pundi dunungipun Gusti Allah nalika pageblug punika kelampahan, punapa Gusti Allah èstu-èstu wonten. Punapa Gusti Allah saweg miyambak kanthi cara mandhiri ngantos angèl malah mboten saged dipun sambeti? Saking pundi utawi saking sinten kita saged pikantuk panglipur utawi pangajeng-ajeng ingkang sejati? Utawi langkung keladukipun kanthi pitakénan, punapa kelampahan Gusti Allah kawon, mboten kagungan daya ngadhepi kawontenan punika?

Piwulanging agami Kristen ngleresaken bilih manungsa Yésus Kristus punika Gusti Allah ingkang manjalma dados manungsa - Ingkang Nitahaken Jagad Raya. Intining piwelingipun tiyang-tiyang ingkang ngrungkebi agami Kristen inggih punika sédanipun Gusti Yésus Kristus ing kajeng salib ing sanjawining kitha Yérusalem. Pitakèn ingkang tumunten tuwuh: "Menawi Panjenenganipun punika Gusti Allah ingkang manjalma, punapa ingkang Panjenenganipun tindakaken ing sanginggiling kajeng salib? Kanthi pitakèn punika kelerasan sanget punika dados salah satunggaling kuncinipun wangsulan bilih Gusti Allah mboten tebih saking raos sakit, kasangsaran ingkang dipun-alami Gusti Yésus sarta kawontenan bebayani ingkang dipun-alami murd-murid-Ipun Gusti Yésus, ananging Gusti Allah ndhèrèk ngraosaken lan ugi mboten nilar Gusti Yésus amargi Gusti Allah wonten ing Gusti Yésus, sarta Gusti Yésus punika Gusti Allah pribadi.

Kados ingkang kita uningani, sadèrèngipun Gusti Yésus dipun-cepeng, Panjenenganipun ndedonga: *"Dhuh, Rama Kawula, manawi kepareng, mugi tuwung punika sumingkira saking Kawula, nanging mboten awit saking pikajeng Kawula, nanging karana karsa Paduka."* (Matius 26:39). Gusti Yésus ngagem pepindhan 'ngunjuk saking tuwung' kanggé nggambaraken sangsara tuwin séda ingkang kedah dipun rembat. Gusti Yésus ing Pandonga ingkang dipun cathet déning Yohanes ngandika bilih Panjenenganipun mboten nyuwun

dhumateng Sang Rama supados milujengaken gesang-Ipun saking wekdal kasangsaran ingkang badhé kelampahan (Yohanes 12:27-28). Bab punika ingkang ugi ngiyataken pangertosan bab **Gusti Allah ingkang mboten kawon**. Malah minangka Putra Ontang-antingipun Sang Rama, Gusti Yésus nedahaken pambangun-turutipun dhumateng Sang Rama, lumantar kasetyanipun nandhang sangsara ngantos séda kasalib minangka kurban panebusing dosa, sarta inggih punika kaunggulan ingkang mirunggan.

Kanthi mapanaken dhiri minangka manungsa dosa punika, Abdinipun Allah kasebat kagambaraken kadosdéné trubusan wonten ing lembah garing, mboten bagus ing warna, lan mboten kagungan kaéndahan ingkang njalari kita lajeng sami nyawang. Panjenenganipun kaanggep asor, dipun-singkiri tiyang, sugengipun kebak kasangsaran, sarta kulina nandhang gerah (Yésaya 53:2-3).

Mangka saèstunipun sesakit kita ingkang dipun-sanggi lan kasangsaran kita ingkang dipun-rembat, Panjenenganipun punika sinudukan margi saking anggèn kita sami mbaléla, Panjenenganipun karemuk margi saking piala kita; Panjenenganipun nggentosi kita nampi ganjaran paukuman. Ganjaran paukuman ingkang ndhatengaken karahayon tumrap kita punika kadhawahaken ing Panjenenganipun. Margi saking bilur-biluripun kita lajeng sami dados waras. Panjenenganipun ngalami sadaya pengalaman kita ingkang awrat piyambak, ngantos dumugi kasangsaran ingkang nggegirisi sanget (Yésaya 53:4, 5, 10)

Lelampahan salib ngajak kita ngraosaken lelampahan wekdal samangké supados manggihaken wangsulan dahteng pitakènan, “Punapa Gusti Allah punika kawon sarta ngèndelaken kacilakan misésa jagad?” Kanggé punika, sumangga kita mirsani seratanipun satunggaling teolog asma Choan Seng Song makaten:

Saking wiwitan, kapitadosan Kristen kedah nenimbang bab sédanipun Gusti Yésus ing kajeng salib. Saèstu punika satunggaling wiwitan ingkang maringi tetenger bab wurung! Pati punika pegating gesang – satunggaling kawontenan pedhot ingkang mboten saged

dipun-wurungaken. Pati nyélaki gesang, nelukaken makna sarta ngrisak sesambetan-sesambetan ingkang ndayani wontenipun gesang. Pati mungkasi kawontenan ingkang saged kelampahan dados watakipun manungsa sarta pribadi. Déné sédanipun Gusti Yésus sanès séda ingkang limrah; punika margi kebak wirang sarta salib ingkang nggegirisi Panjenenganipun nélakaken panampik dhumateng bab-bab kautaman ingkang dipun ugem déning tradhisi ingkang wonten gegayutanipun kaliyan agami umat-Ipun. Sédanipun mboten namung séda minangka pribadi, ananging sédanipun méhias ingkang dipun antu-antu, ngantos nuwuhaken raos kuciwa ingkang ageng. Punika langkung saking sadremi risaking gesang minangka pribadi Sédanipun Gusti Yésus ing kajeng salib kados-kados mujudaken impèn awon, impèn ingkang nggegirisi, ingkang saking impèn wau tiyang jenggèlèk sarta kanthi ngrekaos nyobi nyupèkaken (*Bahan Dasar Masa Paska 2020*).

Séda tuwin salib mujudaken patrapipun Gusti Allah ngaruh-aruhi jagad lumantar kasangsaranipun Gusti Yésus. Gusti Yésus ngraosaken kasepèn tuwin kasangsaran-Ipun kanthi pambangun-turut. Menawi ngantos wekdal samangké kita taksih dipun-kupengi déning raos kuwatos tumrap kawontenan gawat karana *corona*, émuta ugi dhateng *corona* (kawaos: makutha) ingkang karajut saking eri dados makutha eri ingkang dipun-agemaken ing mustakanipun Gusti Yésus, *Corona diseases* utawi sesakit corona saged nyirnakaken jagad, ananging pitadosa bilih *Corona* (makutha) kagunganipun Gusti Yésus maringi pangajeng-ajeng lan mulihaken. Malah langkung saking punika, sédanipun Gusti Yésus ing kajeng salib maringi pangajeng-ajeng dhateng kawilujengan langgeng kanggé kita.

Amin.

[WM-DEN]

KHOTBAH JANGKEP**Setu Sepi***Setu, 3 April 2021*

Waosan 1: Ayub 14:1-14
 Tanggapan: Jabur Masmur 31:2-5,
 16-17;
 Waosan 2: 1 Pétrus 4:1-8;
 Injil: Matius 27:57-66

**PANGAJENG-
 AJENG ING
 SALEBETING
 SUNKAWA**

**KHOTBAH JANGKEP****“Pangajeng-ajeng ing salebeting Sungkawa”**

Pasamuwan ingkang nresnani tuwin dipun tresnani Gusti Yésus, punapa panjenengan naté ngalami satunggaling lelampahan ingkang nggoregaken sanget ngantos gesang punika ketingal mboten wonten maknanipun sarta kita kécalan ancasing gesang? mBokmenawi wonten ing antawis kita ingkang dèrèng dangu punika ngalami lelampahan kados mekaten amargi pageblug Covid-19. Raos sisah, kuwatos, kuciwa, sarta frustrasi utawi raos cuwa sanget amargi mboten kasembadan wongsal-wangsul karaosaken mbingungaken ngantos mboten sekedhik ing antawis kita ingkang salajengipun kapara nindakaken bab-bab ingkang ngrisak gesang kita piyambak punapadéné gesangipun tiyang sanès.

Kita mboten piyambakan. Tiyang-tiyang ingkang caket pasrawunganipun kaliyan Gusti Yésus, ugi ngalami raos ingkang makaten. Sadangunipun kirang langkung tigang taun, tiyang-tiyang kasebat gesang kanthi kebak pangajeng-ajeng sarta gumun dhateng blegripun Gusti Yésus ingkang prasaja. Ananging namung ing wekdal kirang saking 24 jam, pangajeng-ajengkasebat ajur mumur. Manahipun sami lebur nalika nyipati blegripun Gusti Yésus ingkang séda ing kajeng salib. Tiyang-tiyang kasebat ingkang padatanipun pating grombol ngetutaken Gusti Yésus, samangké setunggal mbaka setunggal nilaraken

Panjenenganipun. Malah para murid-Ipun Gusti Yésus ugi namung nyawang Panjenenganipun saking katebihan.

Kantun sawetawis tiyang ingkang katut wonten ing *narasi* utawi andharan lelampahan sasampunipun sédanipun Gusti Yésus. Inkang kaping sepisan inggih punika Yusuf. mBoten kathah ingkang saget kita mangertosi tumrap Yusuf, kajawi ingkang kaserat bilih piyambakipun punika tiyang sugih saking Arimatéa (Matius 27:57). Piyambakipun punika satunggaling warga Pradata Agami ingkang saé tuwin mursid. Gesangipun ngantos-antos dhateng Kratonipun Allah (Lukas 23:50-51), sarta sampun dados muridipun Gusti Yésus kanthi sesidheman (Yohanes 19:38). Yusuf séba ing ngarsanipun Pilatus nyuwun layonipun Gusti Yésus supados dipun sarèkaken sadèrèngipun dinten Sabat, kadosdéné pranatan adat tata cara agami Yahudi. Yusuf saking Arimatéa nganggep layonipun Gusti Yésus kanthi kawigatosan mirunggan: ngulesi layonipun Gusti Yésus mawi mori pethak ingkang resik minangka simbulipun kasucèning moral sarta anggènipun mboten damel dosa. Salajengipun piyambakipun nyarèkaken Gusti Yésus ing satunggaling pasaréanipun ingkang énggal. Sasampunipun rampung, Yusuf nunten kundur.

Tiyang ingkang kaping kalih, inggih punika Maria Magdaléna sarta Maria ibunipun Gusti Yésus. Pawestri kalih punika mboten késah saking sisihipun Gusti Yésus wiwit Panjenenganipun kasalib (Matius 27:56). Menawi Yusuf késah sasampunipun nyarèkaken Gusti Yésus, Maria kekalih jebul milih lenggah ing ngajeng pasaréan punika. mBoten dipun terangaken pawadanipun Maria kekalih milih tetep sami wonten ing ngajeng pasaréan nalikanipun murid-murid sanèsipun sampun sami késah kajawi kanggé nangisi sédanipun Gusti Yésus. Ananging ingkang nengsemaken inggih punika, malah pawestri kalih ingkang kantun wonten pasaréan punika mangkènipun badhé dados seksi kapisan menggah wungunipun Gusti Yésus (Matius 28:2).

Tiyang ingkang kaping tiga inggih punika golonganipun para pangareping imam lan para Farisi ingkang sajakipun nggatosaken sanget pangandikanipun Gusti Yésus nalikanipun taksih sugeng. Amargi kuwatosipun tiyang-tiyang punika

menawi layonipun Gusti Yésus dipun-pendhet para murid kanggé bukti pameca bab wungunipun Gusti Yésus, golonganipun para pangareping imam lan para Farisi nyuwun supados pasaréanipun Gusti Yésus kasègel sarta kajagi.

Tetiganing tiyang kasebat nengsemaken kangge dipun gatosaken bab kadospundi tanggapanipun dhumateng sédanipun Gusi Yésus. Yusuf saking Arimatéa nélakaken katresnanipun dhumateng Gusti Yésus kanthi nganggep layonipun Gusti Yésus kanthi sasaé-saénipun, ananging sasampunipun rampung anggènipun nyarèkaken, Yusuf Arimatéa tumunten késah (*move on*) nglajengaken gesangipun. Maria kekalih, milih kanggé nélakaken katresnanipun kanthi tetep kanton wonten pasaréan, sarta nangisi layonipun Gusti Yésus. Déné para pangareping imam lan para Farisi minangka para pangarsaning agami Yahudi, temtu kémawon mboten nélakaken katresnanipun dhateng Gusti Yésus, ananging nélakaken kuwatosipun. mBoten remenipun para pangarsaning agami Yahudi dhumateng Gusti Yésus punika lajeng dipun-bacutaken malah ngantos Gusti Yésus sampun kasarèkaken.

Dinten punika, kita lumebet ing Setu Sepi, pahargyan éwah-éwahan saking séda ngener dhateng wungunipun Gusti Yésus Kristus. Kita mangertos bilih sédanipun Gusti Yésus sanès tetenger pungkasan tumrap pakaryanipun Gusti Allah anggènipun milujengaken jagat. Ananging para pandhèrèkipun Gusti Yésus mboten mangertos bilih Gusti Yésus badhé wungu saking séda. Sédanipun Gusti Yésus ing pamawasing para pandhèrèk-Ipun inggih punika satunggaling pepejah ingkang *tragis* utawi mrihatosaken sanget, ing pundi kangen sarta pangajeng-ajengipun tumrap Gusti Yésus risak babar pisan. Grengseng sarta raos makantar-kantar ingkang sadèrèngipun karaosaken sesarengan sadangunipun Gusti Yésus taksih sesarengan kaliyan tiyang-tiyang kasebat, samangké sampun mboten saget karaosaken malih. Saget dipun wastani, tiyang-tiyang kasebat kécalan sedayanipun.

Saèmper kaliyan raos kécalan ingkang kasandhang déning para pandhèrèkipun Gusti Yésus, Ayub ugi ngalami prakawis ingkang sami. Wonten ing waosan Sabda, kita nyeksèni saiba Ayub dumunung ing kawontenan ingkang mboten wonten pangajeng-

ajeng. Ayub mbandhingaken gesangipun kaliyan wit-witan ingkang menawi dipun tegor taksih medal trubusipun, déné dhirinipun piyambak minangka manungsa mboten saget mandamel punapa-punapa menawi ngadhepi pejah. Semanten keblesekipun Ayub, ngantos piyambakipun nyuwun supados dhirinipun dipun umpetaken ing teleng palimengan supados uwal saking bebendunipun Gusti Allah.

Punapa ingkang karaosaken Ayub sarta ugi karaosaken pandhèrèkipun Gusti Yésus sabibaring sedan-Ipun ugi mbokbilih sanget kita raosaken wonten ing gesang kita samangké. Kadosdéne para murid, kita ugi asring ngalami lelampahan-lelampahan ingkang natoni batos, ingkang saget nggoregaken gesang malah nggoregaken iman kita. Raos kécalan pangajeng-ajeng, kuciwa, sisah sarta ketatoning batos punika prakawis ingkang limrah kita raosaken minangka manungsa. Ing salebetipun ngraos-raosaken Setu Sepi wekdal punika, sumangga kita sowan dhumateng Gusti Allah kanthi manah ingkang tinarbuka. Kita nglengganani winates tuwin kakirangan kita minangka manungsa ingkang nggadhahi tatu, saget rumaos sayah, sarta asring dumunung ing pungkasaning kakiyatan kita. Ananging ing satengahing winatesipun kasebat, kita ugi mitadosi pangajeng-ajeng menggah pakaryanipun Gusti Allah ingkang lajeng lumampah, malah sanadyan ing sawingkinging kasangsaran ingkang awrat piyambak.

Amin.

[YAN-DEN]

KHOTBAH JANGKEP**Minggu Paska Subuh***Minggu, 4 April 2021*

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul

10:34-43

Tanggapan: Jabur Masmur 118:1-2,

14-24

Waosan 2: 1 Korintus 15:1-11

Waosan Injil: Yohanes 20:1-18

**DADOS
MANUNGSA
PASKA****KHOTBAH JANGKEP****“Dados Manungsa Paska”**

*“Meski tak layak diriku, tetapi kar'na darah-Mu..
dan kar'na kau memanggilku, 'ku datang, Yesus, pada-Mu...
“Sebagaimana adanya jiwaku sungguh bercela,
Darah-Mulah pembasuhnya; 'ku datang,
Tuhan, pada-Mu ...*

Rerangkèning tembung-tembung nginggil punika kaserat wonten ing Kidung Jemaat 27 *MESKI TAK LAYAK DIRIKU* (SANADYAN ORA PANTES URIPKU). Kidung kasebat kaanggit déning Charlotte Eliott, satunggaling wanodya ingkang ngalami kawontenan lumpuh nalika yuswa 32 taun. Pasuryanipun ingkang tansah sumringah, kiyat grengsengipun, sarta kagungan watak nglucu, ing wekdal taksih enèm sanget sampun kasendhal déning kawontenan lumpuhipun. Para ahli ing babagan nenambani tiyang sakit mboten saget nyarasaken sakitipun. Temahanipun, piyambakipun dados gampil bunek sarta muring, tansah nglepataken kawontenan sakiwatengenipun sarta Gusti Allah. Ananging katresnanipun Gusti Allah ngéwahi pamawasipun. Lumantar satunggaling pandhita ingkang nuwèni lan nglelipur piyambakipun, Charlotte wangsul malih kiyat grengsengipun. “Charlotte, sliramu ditresnani apa anané” punika ingkang dipun-ngandikakaken pandhita Malan ingkang salajengipun ngosikaken manah tuwin imanipun kanggé

makarya, sinaosa namung wonteng ing patileman. Raos sakit taksih karaosaken, anggènipun kijénan tuwin kasepèn ugi taksih ngribedi. Charlotte ugi taksih mboten gadhah daya sarta namung saged nampèni panganggep minangka tiyang ringkih saking tiyang-tiyang ing kiwa tengenipun. Ananging nalika piyambakipun ngraosaken katresnan tuwin kawilujengan ingkang dipun paringaken Gusti Allah, Charlotte saged ngéwahi caranipun menggalih, memanah, lan memawas gesangipun, bilih Gusti Allah ingkang nyagedaken piyambakipun nindakaken padamelan kanggé tiyang kathah. [Cariyos jangkepipun saget dipun-pirsani ing *channel youtube*: <https://www.youtube.com/watch?v=cFzVCcdVeVw&t=137s>].

mBokmenawi kawontenan ingkang kados makaten punika ugi ingkang asring ndamel kita ngalami awang-awangen, mangu-mangu sarta kécalan enering iman. Nalika kasedhihan, kaprihatosan, sarta karépotaning gesang nggitik tuwin pepalanging iman tansah metek; kasantosan sarta kayakinan dhumateng prajanjining kawilujengan kados-kados ramyang-ramyang mboten cetha. Rasul Pétrus, para muridipun Gusti Yésus sanèsipun, Maria Magdaléna sarta Rasul Paulus ngadhepi prakawis ingkang sami. Rasul Pétrus naté nyélaki Gusti Yésus ngantos rambah kaping tiga, Maria Magdaléna naté dhumawah ing dosa, sarta Rasul Paulus dados tiyang ingkang dhemen milara lan nyirnakaken nyawanipun para pandhèrèkipun Gusti Yésus. Ananging sareng ngalami lelampahan wungunipun Gusti Yésus, tumindak sarta kayakinan lami dipun-éwahi dados anyar.

Kacariyos ing lelakone Para Rasul, Rasul Pétrus kanthi suwanten sora, jumeneng lan nglairaken paseksi ing ngajengipun tiyang-tiyang Yahudi tuwin medhar pangandika bilih Gusti Allah mboten naté mbédak-mbédaaken tiyang. Panjenenganipun mboten milah-milah tiyang manut ukuranipun manungsa. Gusti Allah nresnani sadaya tiyang. Sadaya bangsa ingkang ngabekti dhateng Pangéran saha ingkang purun nindakaken punapa ingkang leres, punika ndadosaken keparengipun Allah. Wonten pawadan ingkang pokok tumrap pangandika ingkang dipun wedharaken ing ngajengipun tiyang-tiyang Yahudi. Wonten ing cariyos sadèrèngipun (Lelakoné Para Rasul 10:1-33), Rasul Pétrus sampun katuntun Gusti Allah supados mbikak

manahipun sarta nampèni tiyang sanès Yahudi. Wonten ing péranganing cariyos kasebat, kita saget mirsani geguletan lan pangudinipun Rasul Pétrus salebetipun mangertosi karsanipun Gusti Allah ingkang umum (*universal*). Lumantar satunggaling tetingalan ingkang kaparingaken déning Gusti Allah, *"Panjenengané pirsá langit menga sarta banjur ana barang kang wujud lawon amba, poncoté papat katalènan, kaudhunaké menyang lemah. Lawon mau isi sakèhing kéwan kang sikilé papat, kéwan kang rumangkang sarta manuk"* (Lelakoné Para Rasul 10:11-12). Pangandikanipun Gusti Allah *"Apa kang wis kapangandikakaké halal déning Allah, aja kokarani haram"* (Lelakoné Para Rasul 10:15). Lelampahan punika kelampahan ngantos tigang rambahan ngantos ndamel Rasul Pétrus manahipun kaosikaken kanggé nampi sarta mbaptis Kornélius sesarengan brayatipun.

Wiwit saking lelampahan punika, Rasul Pétrus saya dipunsagedaken mangertosi sarta ngalami Gusti Yésus ingkang kagungan welas asih dhumateng sadaya tiyang. Minangka tiyang Yahudi, Gusti Yésus maringi welas-asih dhumateng sadaya manungsa. Salah satunggaling tuladhan-Ipun, inggih punika nalika Gusti Yésus maringaken kawilujengan dhumateng tiyang-tiyang Samaria lumantar pepanggihan-Ipun kalayan pawèstri Samaria. Gusti Allah ngangkat pawèstri Samaria kanggé nindakaken jejibahaning kawilujengan kanggé sadaya tiyang. Makaten ugi ingkang dipun-ketingalaken déning Gusti Allah lumantar tumindakipun Maria Magdaléna. Kénging punapa malah Maria Magdaléna sarta sawetawis pawèstri sanèsipun ingkang langkung rumiyin nginguk pasaréanipun Gusti Yésus? Kénging punapa sanès Rasul Pétrus sarta murid-murid sanèsipun ingkang langkung rumiyin nginguk pasaréanipun Gusti Yésus?

INnjl Yohanes 20:1 nyerat, *"1 Ing dina kapisan ing Minggu iku, wayah ésuk umun-umun, nalika isih peteng, Maria Magdaléna menyang pasaréan lan weruh menawa watu tutupé guwa wis kasingkiraké saka ing pasaréan."* Maria Magdaléna sarta para pawèstri sanèsipun punika tiyang-tiyang ingkang sepisanan ingkang nginguk pasaréanipun Gusti Yésus (kcn. Mat. 28:1-10; Mrk. 16:1-8; Luk. 24:1-12). Maria Magdalena ugi

ingkang sepisanan dipun panggihi déning Gusti Yésus ingkang wungu saking séda. Ing salebeting kasisahanipun ingkang mbebles sanget, Gusti Yésus nyebat naminipun “Maria”. Sanalika kawontenaning manahipun éwah. Kasisahan, panelangsa éwah dados kabingahan sarta pangajeng-ajeng énggal. Kabingahanipun punika ndamel Maria kepéngin ngalami petangèn tumrap dhirinipun piyambak. Prakawis punika ketingal wonten ing tumindakipun kepéngin nyepengi Gusti Yésus, Gurunipun. Awit saking punika Gusti Yésus ngandika, *“Aja nggondhèli Aku, awit Aku durung sowan menyang ngarsané Ramaku, nanging lungaa nemonana para Sadulurku, lan padha kandhanana, menawa Aku arep sowan menyang ngarsané Ramaku lan Ramamu ing ngarsané Allahku lan Allahmu.”* (Yohanes 20:17). Maria Magdaléna èstu-èstu nyepengi Gusti Yésus ingkang sampun wungu. Ananging Gusti Yésus ngersakaken supados Maria Magdaléna mboten nggondhèli utawi nahan Panjenenganipun amargi Gusti Yésus kedah sowan dhumateng Sang Rama, tuwin Maria Magdaléna kedah nyukani mangertos dhumateng para murid-Ipun Gusti Yésus. Kanthi makaten, dipun wiwiti déning wungu saha Kaluhuran-Ipun Gusti Yésus, para murid dados putra-putrinipun Allah sarta dados sedhèrèkipun Gusti Yésus ingkang wungu saking séda. Sinaosa Gusti Yésus ngawisi kanggé ndemèk Panjenenganipun, ananging Maria sampun dipun-éwahi kawontenanipun. Kasisahanipun éwah dados kabingahan. Maria mingset saking pasaréan punika, énggal-énggal ngabaraken pawartos kabingahan dhumateng para muridipun Gusti Yésus. Wonten ing sangajenging murid-muridipun Gusti Yésus, Maria ngucap: “Aku wus ndeleng Gusti!” Bludaging manah ingkang bingah badhé ndamel tiyang kanthi ènthèng jumangkah sarta nyariyosaken malih lelampahan agung ing gesangipun. Manahipun Maria mbludag kanthi sukarena, sesarengan kaliyan pangandikanipun Gusti Yésus “..... nanging lungaa nemonana para Sadulurku, lan padha kandhanana,” Maria ugi ngèstokaken dhawuhipun Gusti.

Kados ingkang dipun raosaken déning Maria Magdaléna, makaten ugi ingkang karaosaken Juru Masmur. Pakaryanipun Pangéran Yéhuwah ingkang sampun mitulungi Juru Masmur punika dipun-lairaken lumantar pangaken bilih namung

Pangéran Yéhuwah ingkang dados karaharjanipun (Jabur Masmur 118:14); Astanipun tengen Sang Yéhuwah nindakaken kaprawiran lan saget njunjung (Jabur Masmur 118:16-17). Kawilujengan ingkang kados mekaten ingkang mulyakaken gesangipun manungsa. Awit raos pangraos tentrem tuwin kayakinan ingkang santosa kasebat salajengipun mberek Juru Masmur kanggé:

- a. Tetep gesang kanthi nyariyosaken pakaryanipun Allah.
- b. Nglampahi gesang kanthi kebak pangajeng-ajeng awit Sang Yéhuwah mboten badhé ngulungaken gesangipun dhateng pati.
- c. Lumbet dhateng gapuraning kaleresan kalayan tansah ngonjukaken panuwun.

Pamberegipun Juru Masmur kanggé tetep nyariyosaken pakaryanipun Sang Yéhuwah, gesang ing salebetipun pangajeng-ajeng, sarta gesang ing salebetipun pangucap sokur dados péranganing piwulang sarta paseksinipun Rasul Paulus dhumateng pasamuwan ing Korintus. Nalika semanten pasamuwan Korintus saweg mangu-mangu amargi wonten pamawasipun tiyang Yunani ingkang mangaribawani kapitadosanipun umat Korintus dhumateng lelampahan sarta dayaning wungunipun Sang Kristus. Awit saking punika, Rasul Paulus nganggep wigatos kanggé wangsul ngiyataken pasamuwan dhumateng sawernaning pamblithuk pamawasipun tiyang Yunani. Wonten 1 Korintus 15:14 Rasul Paulus ngandika: *“Mangka menawa Kristus ora kawungokaké, dadi kang padha dakwartakaké iku kothong lan pracayamu iya kothong.”*

Paska makaten intining imanipun tiyang pitados. Tanpa Paska, imanipun tiyang pitados badhé muspra. Wungunipun Sang Kristus maringi panguwaos dhumateng saben tiyang ingkang masrahaken dhiri sarta kakiyatanipun kanggé ingkang purun kesangkut ing pakaryaning kawilujengan. Prakawis punika sampun dipun buktèkaken déning Rasul Paulus. Rumiyan piyambakipun tiyang ingkang ngina Sang Kristus sarta nganiaya pasamuwan. Ananging sasampunipun gesangipun dipunwilujengaken déning Gusti Yésus, piyambakipun ngaturaken paseksi: *“Kosok-baliné, aku wis nglakoni pagawéan luwih akèh katimbang para rasul kabèh; mung baé dudu aku, nanging sih-*

rahmaté Allah kang nunggil kalawan aku.” (1 Kor. 15:10)” Panguwaosing wungunipun Sang Kristus sampun mbereg Rasul Paulus kanggé langkung mepeng ngabaraken Injil, amargi ing salebeting Injil, wonten katetepaning gesang. Paulus ingkang kedahipun pikantuk paukumaning Allah awit saking pandamelipun, ananging malah pikantuk kawilujengan. Underaning gesangipun Rasul Paulus mboten malih kanggé kapentingan dhirinipun utawi kapentinganing panguwaosipun jagat ingkang sadèrèngipun dipun suyudi. Sasampunipun wanuh Gusti Yésus, underaning gesangipun Rasul Paulus namung dhateng Gusti Yésus sarta kanggé kawilujenganipun sadaya tiyang.

Awit saking punika lumantar pengalamaning rohaninipun para pandhèrèkipun Gusti Yésus ingkang sampun dados seksi gesang tumrap wungunipun Gusti Yésus mbiyantu kita sadaya kanggé saya yakin bilih pitados dhumateng Gusti Yésus sanès prakawis ingkang muspra. Pitados dhumateng wungunipun Sang Kristus maringi pengalaman sarta pangajeng-ajeng énggal dhateng sadaya tiyang ingkang pitados dumateng Panjenengan-Ipun. Sasampunipun wanuh dhumateng Gusti Yésus saha dhumateng dayaning wungunipun kita kedah tansah mbudidaya ngucap sokur, saha gesang ing salebeting kabingahan lan pangajeng-ajeng, nggadhahi pamawas ingkang langkung wiyar, tansah ngudi gesang ingkang ngajèni lan “nguwongké” tiyang sanès. Punika ateges kanggé kita kedah saged nyunaraken gregeting gesang ingkang leres, ngudi maujudaken karahayon, tentrem rahayu, sarta kawilujengan tumrap sadaya tiyang. Amin.

[IAS-DEN]

KHOTBAH JANGKEP
Minggu Paska Sonten
Minggu, 4 April 2021

Waosan 1: Yésaya 25:6-9
 Tanggapan: Jabur Masmur 114
 Waosan 2: 1 Korintus 5:6-8
 Waosan Injil: Lukas 24:13-49

GUSTI ALLAH
NANGÈKAKEN
PANGÉLING-ÉLING
AMBA
 ☸☸☸

KHOTBAH JANGKEP

“Gusti Allah Nangèkaken Pangéling-éling Amba”

Para Sedhèrèk ingkang kinasih, wonten ing kabudayanipun bangsa Indonesia, kita tepang kaliyan budaya “wangsul dhateng dhusunipun” utawi *mudik*. Raos kangen ingkang kadadosaken satunggal sadangunipun sawetawis wekdal mberek satunggaling tiyang kanggé tumindak mlampah wangsul kanggé pinanggih kaliyan tiyang sepuh sarta sanak sedhèrèk. Limrahipun mlampah *mudik* punika dipun-tengga-tengga sanget sarta dipun-tampi kanthi sukarena. Menawi kita mirsani dhateng waosan Injil kita dinten punika, sukarena ingkang makaten punika mboten pinanggih wonten ing dhirinipun Kléopas kaliyan kancanipun sinaosa tiyang kalih punika tumindak mlampah wangsul saking Yérusalèm dhateng dhusun Émaus, satunggaling dhusun ingkang dunungipun watawis sewelas kilometer saking Yérusalèm.

Wonten ing Lukas 24, ing dinten ingkang sami kaliyan wungunipun Sang Kristus, nalika para tiyang èstri martosaken kabar kabingahan bab pasaréyan ingkang suwung. Kléopas lan kancanipun milih tumindak mlampah wangsul. Ananging wonten ing sauruting margi wangsul kasebat manahipun tiyang kekalih punika dipun-kebaki raos sisah. Sinambi mlampah tiyang kalih wau wangsul ngrembak sarta rerasanan ngéngingi lelampahan sakathahing cariyos ingkang dipun wartosaken para tiyang èstri. Ngantos satunggaling tiyang manca nyelaki lan nyarengi tiyang kalih wau anggènipun mlampah. Kléopas tuwin kancanipun mboten ngrumaosi bilih satunggaling tiyang manca punika Sang

Kristus ingkang sampun wungu. Tiyang kalih punika mboten saged ndeleng Gusti Allah ingkang wungu, rawuh sarta mlampah sesarengan kaliyan piyambakipun.

Wonten ing lelampahaning gesang, saged kalampahan kita nggadahi kawontenan ingkang sami kaliyan Kléopas. Kita miwiti lampahing gesang kanthi manah ingkang pating jlarèt mboten kantenan, kadosata kawontenan kados mekaten, kasedhihan, kawontenan mangu-mangu, kuciwa malah semplah. Wonten ing pawartos ngéngingi Sang Kristus ingkang wungu ingkang kita pireng saben taun kados-kados mboten wonten maknanipun punapa-punapa, amargi kita saweg ngraosaken raos kuciwa. Pangajeng-ajeng kita kados-kados namung dados pangangen-angen. Kita ngajeng-ajeng Gusti Allah dados margining uwal saking saben pakèwet ingkang saweg kita adhepi, ananging ingkang kita raosaken malah kados-kados mbudidaya karosan kita piyambak. Dinten-dinten ingkang wonten karaosaken awrat saèstu tuwin nyakitaken manah. Kita ngajap mugi-mugi dinten ingkang badhé dhateng sadayanipun dados langkung saé, ananging nalika kita mbikak mripat énjingipun, kita taksih gulet kaliyan kanyatan ingkang sami. Bangsa Israèl wonten ing Yésaya 25 ugi ngraosaken prakawis ingkang sami. (Nalika semanten bangsa Isarèl kajajah déning bangsa sanès. Punika dados wekdal ingkang saèstu awrat. Saben dinten tiyang-tiyang ingkang gesangipun kawengku déning bangsa sanès kasebat ngajeng-ajeng supados sadaya ngimpi awon punika énggal rampung. Ananging kamardikan punika mboten énggal ketingal. Wonten ing gesang ingkang kebak warni-warni lelampahanipun, kalamangsa wonten bab-bab tertamtu ingkang ngirangi grengsengipun sukarenaning manah nambut wungunipun Sang Kristus. Punika ndadosaken sadaya sukarenaning wungunipun Sang Kristus namung kapiireng kadosdéné dongèngipun iman kémawon. Kados-kados kita mboten saged mirsani Sang Kristus ingkang wungu saking séda.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, wonten ing waosan Injil kita dinten punika, kita ningali nalika Kléopas ingkang sekawit mboten ngrumaosi kawontenanipun Gusti Allah, wusanipun ngaturi Gusti Allah pinarak ing griyanipun. Tiyang kekalih kaliyan Gusti Yésus ngaso sekedhap, sarta ing wekdal tiyang-tiyang punika dhahar sesarengan, tumunten

wangsul pangéling-élingipun Kléopas. Kléopas kémutan dhumateng Gusti Yésus nalika piyambakipun nyipati Gusti Yésus ngucapaken berkah sarta nyuwil-nyuwil roti.

Nalika raos kuciwa lan kasedhihan, ngalang-alangi mripat kita kanggé nyipati Gusti Allah, wonten tigang prakawis ingkang saged kita tindakaken:

1. Ndedonga kanthi ngakeni kawontenan kita saha saben pangraos ing saweg kita raosaken. Sarta ngaturi Gusti Allah rawuh wonten ing gesang kita.
2. Ngaso kanthi ngendelaken dhiri, manah, tuwin jiwa kita mendhet let-letan sekedhap saking sadaya warna-warnining gesang ingkang saweg karaosaken.
3. Emuta malih dhateng kaélokaning pakaryanipun Gusti Allah ingkang naté kelampahan wonten ing gesang kita. Punika sami kadosdéné ingkang katindakaken déning nabi Yésaya nalika ngajak bangsa Israèl kanggé ngenget-ènet malih prajanni ingkang dipun-ngendikakaken Pangéran Yéhuwah dhateng umat Israèl. Juru Masmur ugi nindakaken ingkang sami nalika piyambakipun ngènet-ènet sadaya pakaryan ingkang katindakaken Gusti Allah wonten ing sujarahing gesangipun.

Prosès utawi reruntutaning bab ngènet-ènet menggah kasaénan tuwin kaélokaning pakaryanipun Gusti Allah wonten ing sujarahing gesang kita dados kakiyatan tumrap kita kanggé tansah ngajeng-ajeng dhumateng Panjenenganipun dadosa ing wekdal samangké punapadéné ing wekdal ingkang badhé dhateng. Menawi wekdal samangké kita dèrèng saged mirsani Sang Kristus ingkang sampun wungu saking séda, sumangga sami ngaturi Sang Kristus lumebet wonten ing manah kita sacara pribadi. Sumangga sami ngraosaken sarta ngènet-ènet malih dhateng pakaryan ingkang naté katindakaken Panjenenganipun. Kanthi mekaten temtu mripat kita tansah saged nyawang dhumateng Sang Kristus ingkang sampun wungu saking séda, rawuh, tuwin nyarengi lampah kita wonten ing satengahing sadaya getiring gesang, ugi ing salebetipun prakawis ingkang ruwet, saha wonten ing salebetipun gesang ingkang kalimputan déning wewayanganing pati. Sang Kristus ingkang wungu saking

séda **wonten** lan **pinarak** sesarengan kaliyan kita. Pitadosa, saha raosna rawuhipun Gusti wonten ing salebeting manah kita. Awit saking punika, sumangga kita ndedonga kados mekaten:

“Dhuh Allah, menawi wekdal punika mripat kawula taksih kandheg kanggé saged pinanggih Paduka, keparenga Paduka lèkaken mripat kawula dhuh Allah.

Mugi Paduka lèkaken kawula ngantos kawula tansah saged nyawang Paduka.

Kajengipun kawicaksanan Paduka, supados nalika kawula ngènget-ènget sadaya pakaryan Paduka ingkang élok, kawula tansah pitados bilih Paduka Allah ingkang ngasta saben wolak-waliking gesang kawula.

Bilih Paduka Allah ingkang tansah karsa dados mitra kawula, Paduka èstu-èstu wonten, rawuh sarta kawula menangi piyambak. Amin.”

[GD-DEN]

BAHAN LITURGI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

BAHAN LITURGI**Rebo Awu***Rebo, 17 Februari 2021*

Katerangan:

PS : Pamedhar Sabda

M : Anggotaning Majelis

U : Umat

S : Sedaya

L : Lektor

**Suwèken
Atimu!****PACAWISAN**

- Pandonga pacawisan
- M1 maos pokok-pokok pawartosing pasamuwan
- Arak-arakan lilin
- Umat jumeneng

TIMBALAN PANGIBADAH*(Umat Jemeneng)*

M1: Para Sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami lumebet ing pangibadah Rebo Awu kanthi manah ingkang tumuju dhateng Gusti. Kita wiwiti pangibadah punika kanthi sesarengan memuji saking KPJ 26: 1-3

“PINUJI GUSTI”

- 1) Pinuji Gusti, kang nitahken jagad
Siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
Reff.:
Haléluya, sagung puji, tansah konjuk Gusti
Haléluya sagung bekti, mring Ratu swargi.
- 2) Pinuji Gusti, Sang juru basuki,
Kang ngurbanken sarira nebus manungsa.
Reff.:
- 3) Pinuji Gusti, Allah Sang Roh Suci
Kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan
Reff.:

VOTUM

PS: Mripatku tumenga marang gunung-gunung; pitulunganku iku pinangkané saka ngendi?

S : Pitulunganku iku pinangkané saka Sang Yéhuwah, kang nitahaké langit lan bumi

PS: Panjenengané ora bakal marengaké yèn sikilku gloyoran, kang ngreksa kowé ora bakal ngantuk.

U : **(mujèkaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus, mugi wontena ing panjenengan sedaya.

U : **Lan wontena ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

M2: Juru Mazmur naté ngandika: “*Ana déné manungsa iku dina-dinané kaya suket, kaya kembang ing ara-ara, kaya mangkono anggoné akembang: manawa kasiliran ing angin, banjur wus ora ana, tilas panggonané wus ora wanuh marang dhèwèké manèh*” (Mazmur 103:15-16). Inggih mekaten punika, kita para manungsa, ingkang angkuh lan asring nggunggung dhiri. Lumantar pangibadah punika, kita badhé sesarengan sinahu ngasoraken dhiri ing ngarsanipun Gusti ing salebeting irah-irahan: **“Suwèken Atimu”**

U : **(mujèkaken KPJ 34: 1-2)**

“ULUKNA PAMUJI”

- 1) Ulukna pamuji, kanthi trusing ati
Hé titah, mring Gusti Allah
Kang setya lan maha mirah
Wit sira rinoban berkah
- 2) Saosa panuwun, kanthi mazmur kidung
Hé sira, wong kang pracaya
Mring Allah sumbering berkah
Wit sira sinung raharja

PANGAKENING DOSA

PS: *“Saka ing swarga Sang Yéhuwah mirsani mangisor, marang para anaking manungsa, karsa nguningani apa ana kang kadunungan akal budi lan ngupaya Gusti Allah. Wus padha nyimpang kabèh, kabèh wus bejad, ora ana kang gawé becik, sijia waé ora ana”* (Mazmur 14:2-3).

Para Sedhèrèk kula sedaya, kita punika èstunipun tiyang-tiyang ingkang pantes nampèni dukanipun Allah, kita tiyang-tiyang ingkang ginubel ing dosa...

U : **(Mujèkaken KPJ 63: 1,3)**

“TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA”

1. Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga Allah tan sudi mirsani, sabarang kang nistha.

Reff.:

Nyuwun suci, adhuh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci.

3. Tyang najis ndlarung ing dosa, pinagas ing sihnya Dé kang yekti, asung bekti, tinunggil ing Gusti.

Reff.:

PANGOLÈSING AWU

(Organis tetep ngungelaken instrumentalialia KPJ 63 salaminipun pangolèsaning awu dèrèng rampung)

PS: Para Sedhèrèk, awu punika mralambangaken asoring dhiri kita. Sumangga kita olèsaken ing bathuk minangka pratandha bilih kita sami ngrumaosi asoring kawontenan kita ing ngarsanipun Gusti.

Awu punika lambang kawontenan kita ingkang mboten langgeng. Sumangga kita olèsaken ing bathuk minangka pratandha bilih kita punika ugi namung lebu, lan ugi badhé wangsul dhateng lebu

Awu punika lambang panyuwunan kita. Sumangga kita olèsaken ing bathuk, minangka pratandha bilih kita saèstu mratobat lan ngajeng-ajeng sih kawelasanipun Allah.

PS lan Pradataning Pasamuwan miwiti ngolèsaken awu ing bathukipun piyambak-piyambak lan dipun etutaken déning sedaya warga pasamuwan. Prayoginipun awu kaolèsaken piyambak-piyambak, mboten dening pendhita, kanggé nedahaken bilih patobat punika lair saking katulusaning manah saben pribadi.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Saben tiyang ingkang saèstu mratobat, Gusti mratélakaken sihramatipun: *“Sanadyan dosanira abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju; sanadyan rupané abang kaya jarit sumba, bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus gèmbèl”*. (Yésaya 1: 18).

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti

U : Puji sokur konjuk ing Gusti!

(Mujèkaken KPJ 113:1-2)

“GUSTI YÉsus SANG PAMARTA”

1. Gusti Yésus Sang Pamarta, kula ndhèrèk Paduka
Manggul salib ing slaminya, klayan bingahing driya
Kula Paduka kiyatken, sageda tahan sisah
Sampun ngantos kemuriten, sampun cuwa ing manah.
2. Nadyan tinilar ing mitra, sinengitan nèng Donya
Kula manteb ing pracaya, ndhèrèk Gusti slaminya
Lamun Gusti ingkang nganthi, kabegjan kang pinanggya
Lamun Gusti kang ngasihi, mokal yèn ta cilaka.

PAMEDHARING SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking Yoèl 2:1-2, 12-17

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk ing Gusti!

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kalawau sarana maos sacara saut-sautan saking **Mazmur 51** (*saged ugi dipun pujèkaken*)

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **II Korinta 5:20-6:10**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Gusti!**

Pamaosing kitab Injil

PS: Waosan kitab Injil saking **Matius 6:1-6, 16-21**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan sami dipun lampahi ing gesang padintenan. HOSIANA.

U: **(mujèkaken HOSIANA)**

Khotbah: “Suwèken Atimu!”

Wekdal Ening**SAHADAT PANGAKEN PITADOS** (*Umat Jumeneng*)

M3: Para Sedhèrèk kula ingkang kinasih, Sabdanipun Gusti ing dinten punika ngekahaken kapitadosan kita. Pramila, sumangga kita télakaken pangaken pitados kita sarana sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli:

U: **(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados rasuli)**

PANDONGA SYAFAAT (*Umat Lenggah*)

PS: (Ngaturaken pandonga syafaat. Saged dipun pungkasi kanthi Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

M4: Para sedhèrèk ingkang kinasihan lan binerkahan déning Gusti, sumangga kita nélakaken pamuji sokur kita dhumateng Gusti, awit saking sih lan pangrimatipun dhateng gesang kita sami, kanthi ngèngeti pangandika ing Mazmur 145:15-16, “*Sakathahipun mripat sami*

*ngadhang-adhang dhumateng Paduka, lan inggih sami
Paduka paringi tedha ing kala mangsanipun. Paduka
ingkang ngegaraken asta Paduka lan kepareng nuwuki
sedaya ingkang gesang“*

**U: (ngaturaken pisungsung sinartan mujèkaken KPJ
157:1-3)**

- 1) Caosna pisungsungmu, anèng pasamuwan
Klayan lilaning ati, klawan legawa
Aturna pisungsungmu, kanthi sukarena
Reff.:
Caosna pisungsungmu, dadya cihnaning bungah
Minangka panuwunmu, wit sihing Allah
- 2) Kamirahaning Gusti, tanpa tinandhingan
Sarana samubarang, saisining bumi
Jer sih rahmating Gusti tansah binabar
Reff.:
- 3) Pisungsung kagem Gusti, dadia sarana
Amrih Kratoning Allah, énggal kelampah
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring
Reff.:

PANDONGA PISUNGSUNG

(Umat Jumeneng)

M4: (Nglantaraken pandonga)

KIDUNG PENGUTUSAN

U: (Mujèkaken KPJ 452:1-2

“TEKADING MANAH KAWULA”

- 1) Tékadang manah kawula, tansah ndhèrèk mring Gusti
Yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
Reff.:
Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti, ngantos slami-lamina
Martosaken Injil suci, dimèn samya waluya.
Reff.:
- 3) Nulad Sang Pamarta Gusti, sagah ngurbanken dhiri
Tan remen ing kekerasan, nging lubèr ing katresnan.
Reff.:

LUMANTARING BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti,
“Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhumateng
panjenengan, lan ugi ngayomi panjenengan. Pangéran
Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wedananipun,
dhateng panjenengan, lan maringana sih rahmat.
Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken
wedananipun dhumateng panjenengan, lan maringana
tentrem rahayu. (Wilangan 6:24-26)

U: **(mujèkaken HOSIANA 5x AMIN 3x).**

[ER/YTD]



BAHAN LITURGI**Minggu Pra-Paska I***Minggu, 21 Februari 2021*

Keterangan:

Pdt.: Pendhita

M: Majelis

U: Umat

L: Lektor

**DARBÉ
PANGAJENG-
AJENG ING
SALEBETING
PRASETYANIPUN
ALLAH**

**PACAWISAN**

- Organis/pianis nglantaraken lagu-lagu instrumental ingkang mbekta warga pasamuwan lumebet ing swasana ibadah
- Pasamuwan lumebet ing swasana ening, cecawis sacara pribadi

TIMBALAN PANGIBADAH*(Umat Jumeneng)*

M1: Para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti, kluwung, mujudaken corètan éndahipun Allah ing angkasa. Kathah tiyang ingkang maknani warni abrit nggambaraken daya kekiyatan ingkang santosa. Jingga nggambaraken angeting swasana lan greget. Jenéng nggambaraken kawontenan ingkang sumringah. Ijem nedahaken warninipun alam lan nggambaraken swasana santai. Biru mbekta swasana ayem, nuwuhaken raos pitados. Nila nggambaraken gegayuhan saé mahanani perlunipun mawas dhiru. Ungu nyunaraken kawicaksanan lan pangajeng-ajeng.

Éndahing kluwung, ngènetaken sih-susetyanipun Allah anggènipun ngrancang rancangan éndah tumrap para umat. Lengkunganing kluwung ngènetaken malih sih-susetyanipun Allah ingkang mboten naté pedhot. Kita lumebet ing pangibadah Minggu Pra-Paska I, kanthi

pangraos bilih Gusti Allah ingkang setya tuhu tansah nunggil kita sedaya ing sadhengah kawontenan. Sumangga kita sami memuji Gusti kanthi ngrepèkaken kidung pamuji saking ...

KPJ 32: 1-2 “SWAWI SAMI MUJI ALLAH”

- 1) Swawi sami muji Allah Pangéran Mahawlas
kang tansah nglubèrken berkah, Pangéran Mahawlas
Rinten dalu datan kendhat,
tansah njangkung mring pra umat
swawi muji kang Murbèngrat, Pangéran Mahawlas
- 2) Tan males dosa duraka, Pangéran Mahawlas
Nging ngegungken sih-apura, Pangéran Mahawlas
Ngantos kang Putra kinasih, kinurbanaken sinalib
Swawi muji kanthi bingah, Pangéran Mahawlas

VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah Pra-Paska I, kanthi pangaken: Juru pitulung kita punika Gusti Allah, ingkang sampun nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, saha ingkang tansah setya tuhu ngèngeti prasetyanipun.

U: **(mujèkaken: Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yésus Kristus mugi nunggila ing panjenengan sedaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

M2: Prajanjinipun Allah dhumateng manungsa punika éndah lan tansah trep ing wancinipun. Panjenenganipun punika setya tuhu lan adil ing sauruting gesangipun manungsa. Panjenenganipun tansah nyanggi gesang kita ing pundia papan lan kawontenan. Mazmur 25:10 nélakaken: Kabèh

margining Yéhuwah iku katresnan, kasetyan lan kabeneran tumrap wong kang padha netepi prajanjian lan pepèngeté.

U: **(mujèkaken KPJ 19: 1-3)**

“PAMUJI KONJUK GUSTI”

- 1) Pamuji konjuk Gusti, kang nitahken jagad raya
Wit siyang dalah ratri, tansah lubèr sih rahmat-Nya
Nadyan ta jagad sirna, sih-Nya langgeng slaminya
- 2) Pamuji konjuk Gusti, nggih Allah kang Mahamirah
Pra umat kang ngabekti, tinuwukan klayan berkah
Salir ingkang pinangya, dados margining begja
- 3) Pamuji konjuk Gusti, Hyang Maluhur Mahasuci
Kang nucèkken manungsa, srana tinebus sing dosa
Wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati

PANGAKENING DOSA

M3: Kawula asring sami mblénjani prajANJI kawula dhumateng Paduka, dhuh Gusti. Asring kawula sami remen ngucapaken prajANJI, nanging nalika kawula sedaya kedah ngadhepi pepalang, kawula lajeng sami kléwa-kléwa dhateng prajANJI kawula. Asring kawula taksih sami ènget prajANJI kawula, namung kawula aras-arasen anglampahi. Kawula sami mratélakaken prajANJI kawula dhumateng Paduka, nanging èstunipun manah kawula ngucapaken panampik. Kawula prajANJI ngladosi Paduka, nanging kawula sami éndha ing peladosan. PrajANJI tansah cecaketan kaliyan Paduka ing salebeting pandonga, nanging kawula malah sami lumajar lan ketungkul nindakaken sedaya rancangan kamanungsan kawula.

U: **Gusti, mugi karsa ngapunteni dosa kawula**

(mujèkaken KPJ 49: 1-2)

“GUSTI KANG MAHAWILASA”

- 1) Gusti kang Mahawilasa, mugi paring aksama
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran
Nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya
Temah tan ngraosken tentrem, wah malih gesang
langgeng.
 - 2) Gusti ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula
Temah kula dados suci, miwah nunggil lan Gusti
Manah kang peteng wit dosa, énggal pulih lejara
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.
- M3: Prajanji kawula dhateng sesami kawula, ugi asring mboten
sami kawula tetepi. Asring kawula sami mboten jujur,
malah ugi asring mblénjani prajanji kawula dhateng
sesami.

U: **Gusti, mugi karsa ngapunteni dosa kawula**

(Mujekaken KPJ 48:1-2)

“GUSTI ANGANTYA SIRA”

- 1) Gusti angantya sira wong dosa
Aruming swara nimbali sira
Nyuwuna luwar lan pangapura
Mareka saosna atinira.
Reff.
Lah mareka Gusti angantya, aywa adoh-adoh umareka
Gusti anganti-anti sira, ywa nyenyuwé mula gya
mareka.
- 2) He wong dosa lempar dalanira
Nyata gampang lamun liniwatan
Nging sira tan nduga tan uninga
Yéku tan anjog mring nagri baka.
Reff.

- M3: Asring kawula ugi mboten preduli dhateng alam ing sakiwa tengen kawula. Paduka prajangi badhé nylametaken alam raya punika, nanging kawula malah asring tumindak awon dhateng alam raya punika. Mbucal larahan sak enggèn-enggèn, mbabati asrining tetaneman ingkang sarwa ijo royo-royo ing kiwa tengen kawula.
- U: **Gusti, mugè karsa ngapuntèni dosa kawula (mujèkaken KPJ 53: 1,2)**

“KAPYARSI GUSTI NIMBALI”

- 1) Kapyarsi Gusti nimbali hé wong kamomotan Mareka lan mbukak ati, nampi pangluwaran Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati Awit tansah binerkahan, sinung karaharjan.
- 2) Kapyarsi Gusti nimbali, wong ngelak mareka Ngombé banyu panguripan, kang saka ing swarga Kula ngungsi maring Gusti, sinunga Roh Suci Nuntun mrih mursid sejati, tresna mring sesami.

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Umat Jumeneng)*

- PS: Sih susetyanipun Allah saèstu nyata ing gesangipun para umat kagunganipun. Nadyan kathah nindakaken dosa lan piawon, nanging menawi purun sami mratobat, Gusti Allah kepareng paring pangaksama. Kados pangandikanipun ingkang mekaten: “Marga kabèh wong wis padha gawé dosa sarta koncatan ing kamulyanipun Allah lan padha kabeneraké kanthi lelahanan awit saka sih rahmaté lumantar panebusé Sang Kristus Yésus” (Rum 3:23-24).
- U: **(Mujèkaken PKJ 124: 1,3)**

“KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI”

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti, kang jumeneng Panutan Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan. Reff.: Dhuh nyawaku ja kwatir, Gusti tan éwah gingsir Tut wuria salaminya, ing satindake Gusti.

- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlas-Nya
Mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja.
Reff.:

PAMEDHARING SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Pandonga Épiklésé)

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking Purwaning Dumadi **9:8-17**

Mekaten dhawuh pangandikanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita sami tanggapi Sabda kalawau kanthi
sesarengan maos **Mazmur 25:1-10** sacara sesautan
(saged ugi dipun pujèkaken).

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Pétrus 3:18-22**

Mekaten dhawuh pangandikanipun Gusti

U: **Puji Sokur konjuk ing Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Markus 1:9-15**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggi punika tiyang ingkang mirengaken sabdanipun
Gusti lan sami dipun tetepi ing gesang padintenanipun
HOSIANA.

U: **(mujèkaken HOSIANA)**

Khotbah:

“Darbé Pangajeng-ajeng Ing Salebeting Prasetyanipun Allah”

Wekdal Ening

Pangakening Pitados

(Umat Jumeneng)

M4: Sesarengan kaliyan sedaya umatipun Allah ing sadhengah
jaman, kita sami ngikraraken lan ngantebaken malih

punapa ingkang sampun kita pitadosi, sarana ngucapaken Sahadat Kalih Welas:

U: **(Sesarengan ngucapaken Pangaken Iman Rasuli)**

Pandonga Syafaat *(Umat Lenggah)*

PS: (Ngunjukaken pandonga syafaat lan dipun pungkasi kanthi ndedonga Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

M5: Prajanjinipun Gusti Allah tansah dipun tetepi. Prasetyanipun ngrimati umatipun tansah dumeling ing sauruting gesang kita. Pramila sumangga kita sami ngunjukaken panuwun sokur awit sedaya berkahipun Gusti, sarana ngempalaken pisungsung sesarengan.

U: **(mujèkaken KPJ 171: 1-3)**

“MANGGA SAOS PISUNGSUNG“

- 1) Mangga saos pisungsung, mring Allah Maagung
Krana gunging sih rahmat, kang lubèr tan kendhat.
- 2) Misungsung kanthi loma, cihnaning panuwun
Dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.
- 3) Bandha arta pethingan, kang katur mring Gusti
Bludaging kabingahan, wit berkah tan sepi.
- 4) Saos pisungsung kathah, cacahnya tan timbang
Lan gung berkahing Allah, tan kénging winilang.

Pandonga Pisungsung *(Umat Jumeneng)*

M4: (Nuntun pandonga pisungsung)

Pepujèn Pengutusan

U: **(mujèkaken KPJ 433: 1-3)**

“GUSTI MUGI NUNTUN KAWULA”

1. Gusti mugi nuntun kawula
Amrih tansah manut Paduka
Nadyan ribed gilir gumanti
Tamtu kula kedugi nyanggi.
2. Gusti mugi nglanting kawula
Amrih sagah nahan bebaya
Nadyan awrat kados punapa
Tatag datan semplah ing driya.
3. Gusti mugi nunggil kawula
Murih kedugi nglawan dosa
Temah kula unggul ing yuda
Lan nampi makhuthaning Swarga.

PENGUTUSAN

PS: Sami mengkera kanthi raos kebak ing kabingahan ngèneti sabdanipun Gusti bilih prajanjinipun tansah dipun tetepi. Rancanganipun Allah tansah saé kagem para manungsa. Nglampahana gesang kanthi tansah setya tuhu dhumateng prasetyan punika. Mugi tansah setya tuhu dhumateng Gusti Allah Sang Juru Wilujeng, setya tuhu dhateng rowanging gesang, brayat, lan dhateng lestarining alam raya.

LUMANTARING BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhumateng panjenengan, lan ugi ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wedananipun, dhateng panjenengan, lan maringana sih rahmat. Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan, lan maringana tentrem rahayu. Amin.

U: **(mujèkaken KPJ 428: 1, 3)**

“BUNGAHAA, SUSAHA, GUSTI KULA PUJI“

- 1) Bungaha, susaha, Gusti kula puji
Kang mranata gesang kula
Kula rinimatan klayan katresnan
Mila kula pasrah pangreh-Nya.
Reff.:
Pasraha, pasraha ing sapangrèhé Kang Makwasa

- 2) Sanadyan kawula kasinungan drajat
Kaluhuran miwah pangkat
Tebih kula saking raos gumunggung
Nging tumungkul mring Kang Maagung.
Reff.:

[TMDI/YTD]



BAHAN LITURGI**Minggu Pra-Paska II***Minggu, 28 Februari 2021*

Katerangan:

PS : Pamedhar Sabda

M : Anggota Majelis

U : Umat

S : Sedaya

L : Lektor

**WANTUN
PITADOS****✠✠✠****PACAWISAN**

- Donga Pacawisan
- M1 maos wos-wosing Pawartos Pasamuwan
- Umat jumeneng
- Arak-arakan Lilin

TIMBALAN PANGIBADAH*(Umat Jumeneng)*

M1: Para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti, sumangga kita sami sowan wonten ngarsanipun Gusti kinanthènan pitados bilih Panjenenganipun punika pantes kita pepuji lan sembah. Sumangga kita sesarengan memuji Gusti:

KPJ 5: 1-2 “DHUH PANGÉRAN”

1. Dhuh Pangéran, ingkang Mahasuci
Kula sami marek tetunggilan
Salir bangsa salumahing bumi
Amemuji asmané Pangéran
2. Gusti tresna mring kula sedaya
Saking kilèn miwah saking wétan
Sami nunggil klayan Sang Pamarta
Yésus Kristus kang dados Panutan

VOTUM

PF: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Allah ingkang sampun nitahaken langit lan bumi

U : **(mujèkaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti kita Yésus Kristus mungi nunggila ing panjenengan sedaya.

U : **Lan nunggila ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

M2: Wantun pitados, sanès prekawis ingkang gampil, mliginipun nalika sedaya prekawis karaos mokal saged kelampahan. Nanging sumangga kita sami sinau wantun pitados kadosdéne Abraham: nalikanipun Allah ngétang kapitadosanipun, nalika kawartosan bilih keturunanipun badhé kados lintang ing langit, ingkang sedayanipun punika karaos mokal awit yuswanipun Abraham sampun sepuh.

U : **(Mujèkaken KPJ. 353: 1,3)**

“SEMBAH BEKTI WAH PUJI”

1. Sembah bekti wah puji, konjuk ngarsèng Gusti
Kang mberkahi gréja-Nya temah tansah begja
Injil Kratoning Allah, ingundhangken sumrambah
Asmané kamulyakna, déning sagung bangsa.
3. Salir kidung pangunggung, konjuk Hyang Maagung
Kang maring pasamuwan tansah sung pitulung
Nadyan panggodha nempah, gréja panggah tan dhawah
Asmané kamulyakna, salami laminya.

PANGAKENING DOSA

PS: “*Dhuh Yéhuwah, kawula nyebut dhumateng Paduka, kawula mugé énggal Paduka rawuhi, mugé nilingaken dhateng swanten kawula samangsa kawula sesambat dhumateng Paduka!*” (Mazmur 141:1)

U : (Mujèkaken PKJ 70: 1, 4,5) “AMUNG GODHONG”

- 1) Amung godhong lah ta adhuh Gusti nganti muwun
Déné ngupados wohira, katemenan miwah tresna
Nanging kang pinangya, amung godhong,
Amung godhong.
- 4) Amung godhong kembang lambé ujar tanpa gawé
Kang sinebar gung kadarman, kang thukul mung
kasaguhan.
Tembung-tembung lahan, amung godhong, amung
godhong.
- 5) Amung godhong Gusti rawuh priksa kang tumuwuh
Playunira menyang ngendi, lamun wohira mung dami
Mung pakaning geni, amung godhong,
Amung godhong

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Tumrap saben tiyang ingkang temen-temen mratobat,
Gusti kepareng mratélakaken sih-nugrahanipun:
“Pangéran Yéhuwah punika ingkang dados panduman
kawula, kawula sampun prajanji badhé netepi pangandika
Paduka. Klayan sanget adreng saha gumolonging manah
anggèn kawula nyuwun sih-piwelas Paduka, mugi Paduka
karsaa paring sih palimirma dhumateng kawula laras
kaliyan janji Paduka”. (Mazmur 119:57-58).
Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U : Puji sokur konjuk Gusti!

(Mujèkaken KPJ 123: 1-2)

“KULA PITADOS MRING GUSTI”

1. Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah
Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah
Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos
Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.
Reff.:
Kula tan was sumelang, Gusti tan nilar kula
Wajib kawula cumadhang, gesang manut Sabdanya.

2. Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya
Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing
pandonga, siyaga tansah leladi, ing sakatoging driya
Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.
Reff.:

PAMEDHARING SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Pandonga Épiklésé)

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan saking Purwaning Dumadi **17:1-7, 15-16**
Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga sami kitaanggapi sabdanipun Gusti kalawau
sarana maos sesarengan **Mazmur 22:23-32** sacara
sesautan (saged kapujèkaken)

Wosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking Serat **Rum 4:13-25**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking Injil **Markus 8:31-38**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggi punika tiyang ingkang sami mirengaken
Sabdanipun Gusti, lan sami dipun tetepi ing gesang
padintenan. HOSIANA.

U: **(mujèkaken HOSIANA)**

Khotbah: “Wantun Pitados”

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS

(Umat Jumeneng)

M3: Para Sedhèrèk ingkang kinasih, Sabdanipun Gusti ing dinten punika ngiyataken kapitadosan kita. Pramila sumangga kita sami sesarengan ngucapaken Sahadat Pangaken Pitados Rasuli:

U: **(Sesarengan ngucapaken Sahadat Pangaken Pitados Rasuli)**

PANDONGA SYAFAAT

(Umat Lenggah)

PS: (Ngunjukaken pandonga syafaat, saged dipun pungkasi sarana ndedonga Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

M4: Para Sedhèrèk ingkang dipun tresnani dalah binerkahan déning Gusti, sumangga kita sami nélakaken pamuji sokur kita dhumateng Gusti, awit saking sedaya sih-piwelas lan pangrimatipun dhumateng kita, sarana atur pisungsung kanthi ngèngeti pangandika ing Mazmur 136:26: *“Padha saosa puji sokur marang Gusti Allah ing swarga, awit langgeng sih-kadarmané.”*

U: **(Mujèkaken KPJ. 186: 1,2,3)**

“URIP KANG SAMESTHINÉ”

- 1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.
Reff.:
Jroning susah lan bungah, sadhéngah kaanan
Aku angidung memuji sokur, yéku karsa-Nya.
- 2) Nadyan prahara nempuh, sarta ombak anyempyuh
Aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.
Reff.:
- 3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur?
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.
Reff.:

PANDONGA PISUNGSUNG

(Umat Lenggah)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung)

PENGUTUSAN

U: **(mujèkaken KPJ 451: 1,2)**

“SUMANGGA PRA KADANG”

- 1) Sumangga pra kadang, misungsungken gesang
 Ngayahi timbalan, karyaning Pangéran
 Martosken Injilnya, pangluwar saking dosa
 Mring saliring bangsa, mrih samya wilujenga
- 2) Tyang papa kesrakat, nyadhonga sih rahmat
 Tyang kang kinunjara, mrih luwara sigra
 Tentrem kang sejati, binabarna sabumi
 Sagung tyang manembah, tansah rinoban berkah

LUMANTARING BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti,
 “Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhumateng panjenengan, lan ugi ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wedananipun, dhateng panjenengan, lan maringana sih rahmat. Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan, lan maringana tentrem rahayu“. Amin.

U: **(mujèkaken HOSIANA 5x AMIN 3x)**

[TMP/YTD]



BAHAN LITURGI Minggu Pra Paska III

Minggu, 7 Maret 2021

Keterangan:

PS: Pelados Sabda

Pns: Pinisepuh

U: Umat

PL: Petugas Liturgi

L: Lektor

TRESNA KAWULA DHATENG PADALEMAN TUWAN



PACAWISAN

- Kairing swantening lagu intrumental gerejawi, utawi puji-pujianipun para chantoria (*sakdèrèngipun pangibadah kawiwitan*)
- Warga pasamuwan cecawis dhiri sarana ndedonga
- Loncèng gereja kaungelaken (*5 menit sakdèrèngipun pangibadah kawiwitan*)
- Pamaosing wartos pasamuwan (ingkang perlu kémawon)
- Arak-arakan lilin

TIMBALAN PANGIBADAH

PL.: Lumbet ing Minggu kaping tiga Pra-Paska punika, sumangga kita manembah Gusti kanthi ngèneti bilih kita lumebet ing Padalemanipun Gusti lan ngarahaken manah kita dhumateng Kristus Ratuning Pasamuwan. Kanthi jumeneng sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti sarana **mujèkaken...**

KPJ 23: 1-2 “PUJI MRING ALLAH”

(Umat Jumeneng)

U: 1. Puji mring Allah Pangéran kang Mahawilasa
Muji ramya binarung lan sawernining gangsa
Pangidungnya klayan bingahing manah
Nggungung Gustining pra titah
(Sawetawis taksih memuji, pinisepuh lan pamedhar Sabda dalah Pradata lumebet ing gedhung pangibadah, sesarengan lonceng kaungelakan kaping 3)

2. Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhé
 Ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkah-Nya
 Wah saklangkung gung sih-Nya mring tyang dosa
 Tinebus temah waluya

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Pra paska kaping tiga punika kaleksanan awit saking pitulunganipun Gusti ingkang akarya jagad lan saisinipun, dalah ingkang tansah ngreksa gesang kita sami.

U: **(Mujèkaken) Amin, amin, amin.**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti kita Yésus Kristus, mugè nunggila ing panjenengan (kita) sedaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

(Umat Lenggah)

ATUR PAMBUKA

PL: Jejer “Tresna kawula dhateng Padaleman Tuwan.” Irah-irahan punika kita resep sesarengan ing dinten punika, lumantar cariyos bab Gusti nyucèkaken Padaleman Suci. Cecawis kéwan-kéwan kurban dalah linton arta ingkang swaunipun kanggé kaperluanipun pangibadah, samangké gantos namung kanggé kaperluan pribadi kémawon. Gusti Yésus duka, awit padalemanipun Allah mboten dipun anggè kanggé mratélakaken katresnan dhumateng Allah malih, nanging namung kanggé kaperluan dhirinipun kémawon.

Timbalanipun Allah dhateng kita sedaya, inggih punika supados kita sami mratélakaken sembah bekti kita dhumateng Panjenenganipun ingkang kacihna ing salebeting pangibadah wanci punika. Nanggapi timbalanipun Gusti ingkang kados mekatan kalawau, sumangga kita sami memuji sarana mujèkaken:

U: **(mujèkaken KPJ 347: 1,2)**

“PAPAN PANGIBADAH”

1. Papan pangibadah saèstu ngangeni
Kawula sami ngabekti, ngraosken nunggil Gusti
Ngluhurken asmanya, mirengken Sabdanya
Reff.:
Mareka, mareka, kanthi manah tulus memuji
Nampi berkahing Gusti, mrih saged mbabarken tresna
2. Papan pangibadah, papan kang adi
Manga nggumolongken manah, nyuwun manteping pracaya
mrih wantun neksèni sih rahmating Gusti
Reff.:

PANGAKENING DOSA

Pns: Sang Kristus, kawula sami sowan klawan pangaken bilih kawula asring nglampahi gesang ingkang namung nengenaken kaperluan kawula pribadi. Kawula asring mboten saged ningali katresnan Paduka ingkang ageng dhateng kawula. Asring kawula ngiwakaken kaperluanipun sesami kawula, lan namung mituhu ing hawa nepsu dalah sipat serakah kawula. Mugi Paduka mulang kawula, supados kawula saged wangsul ngeneraken gesang kawula namung tumuju dhateng Sang Kristus, ingkang sampun kepareng ngurbanaken dhiri minangka wujud ing katresnan ingkang sejati. Mekaten punika pangaken kawula dhuh Gusti, lan ing salebeting sih rahmat Paduka kawula sami nyuwun pangapunten, lan mugi Paduka ugi kepareng ngresiki kawula saking sedaya dosa-dosa kawula. Amin.

U: **(mujèkaken KPJ 56: 1,2)**

“MULIHA ANGGÈR”

1. Muliha anggèr, muliha dèn énggal
Paranmu wus adoh, lakumu kesasar
Adhuh cilaka, anggèr muliha, dèn énggal muliha.
2. Elinga sira, wong dosa tobata
Ramamu kang asih, nganti klawan sedhik
Adhuh cilaka, sira wong dosa, dèn énggal tobata.

(Umat Jumeneng)

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Dhateng saben tiyang ingkang sami nalangsani dosa-dosanipun lan mratobat, kaparingan pawartos sih rahmat: “Dakngakoni panerakku ana ing ngarsané Sang Yéhuwah, Paduka nunten ngapuntèn kalepatan kawula margi saking dosa kawula” (*Mazmur 32:5*).

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

*(Umat sami nélakaken namaste kanthi ngucap:
”Katentremanipun Sang Kristus wonten ing panjenengan)*

MEMUJI GUSTI

*(Umat nélakaken tekad gesang anyaripun sarana memuji saking **KPJ 114: 1-2***

“GUSTI SÈSTU KULA TRESNA“

1. Gusti sèstu kula tresna, dhumateng Paduka
Kula masrahken manah, badan dalasan nyawa
Paduka kang agung sih, ingkang sampun menang
Saèstu kula pasrah, dhumateng Paduka
Reff.
Kula tresna dhateng Gusti,
Wit Gusti sampun nresnani kawula
Kula sèstu tresna Gusti,
Wit Gusti sampun nresnani kawula
2. Gusti anandhang sangsara, ngrembat dosa kula
Ngantos sinalib séda, karana gunging tresna
Mila kawula pasrah, klayan trusing manah
Dhawuh-Nya kula pundhi, nresnani sesami
Reff.

PAMEDHARING SABDA

(Umat lenggah)

Pandonga Peladosaning Sabda

PS: *(Ndedonga nyuwun pitulunganipun Sang Roh Suci)*

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Sepisan

L1: Pangentasan **17: 1-7**
Mekaten Sabdabipun Gusti

U: Puji sokur konjuk ing Allah.

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kalawau sarana maos sesarengan **Mazmur 19** sacara sesautan (saged ugi kapujèkaken)

Waosan Kaping Kalih

L3: **1 Korinta 1:18-25.**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk ing Allah.

Waosan Injil

PS: Waosan Injil kapendhet saking **Yokanan 2:13-22**
Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Allah lan sami dipun tetepi ing gesang padintenan. HOSIANA.

U: (Mujèkaken) Hosiana (3x).

Khotbah

“Tresna Kawula Dhumateng Padaleman Tuwan”

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS

(Umat Jumeneng)

Pns: Minangka péranganing umatipun Gusti Allah ing jagad lan ing sedaya jaman, sumangga kita ngèneti lan ngantebaken malih kapitadosan kita, sarana ngucapaken sahadat pangaken pitados kita mekaten:

U: Kawula pitados Lsl.

(Umat Lenggah)

PANDONGA SYAFAAT

PS: *(nuntun pandonga syafaat)*

PISUNGSUNG**Dhasaring Pisungsung**

Dkn/Pns: Sumangga kita sami ngèngeti katresnanipun Gusti lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken sesarengan konjuk dhumateng Gusti. Sami ngèngetana Pangandikanipun Gusti ingkang sinerat wonten ing **1 Pétrus 2:5**, “Sarta kowé dhéwé iya padha dikaya watu urip, kang dienggo mbangun padaleman kasukman, minangka kaimaman kang suci, kang nyaosaké pisungsung kasukman, kang katrimah ing Allah marga déning Gusti Yésus Kristus.”

Lumampahipun pisungsung kairing pepujèn

KPJ 167: 1-3 “KULA TANSAH NGRAOSKEN BINGAH”

U: **MEMUJI GUSTI**

1. Kula tansah ngraosken bingah,
Wit sih kamirahaning Allah
Ngganjar wilujeng dhateng kula
Lantaran kurbaning Sang Putra
Mila kula saos pisungsung
Tandha sokur mring Allah Maagung
Wit yektiné gesang kula
Namung krana lubèring sih rahamat-Nya
2. Kula tansah manggih kabegjan
Wit karoban ing kamirahan
Saliring kabetahan kula
Kacekapan ing wancinira
Mila kula saos pisungsung
Tandha sokur mring Allah Maagung
Wit yektiné gesang kula
Namung krana lubèring sih rahmat-Nya

3. Kula sinungan kasarasan
 Krana sih mirmaning Pangéran
 Temahan saged nambut kardi
 Margining pikantuk rejeki
 Mila kula saos pisungsung
 Tandha sokur mring Allah Maagung
 Wit yektiné gesang kula
 Namung karana lubèring sih rahmat-Nya

(*Umat Jumeneng*)

Pandongga Pisungsung

Dkn/Pns: (Nuntun ndedonga katutup sarana donga *Rama Kawula*)

... Kawula ndedonga ing asmanipun *Gusti Yésus Kristus, ingkang mulang kita sedaya ndedonga donga Rama Kawula: ... (saged dipun pujèkaken, menawi wonten)*

U: Amin.

PENGUTUSAN

Pepujèn Pengutusan

U: (*Mujekaken, KPJ 354: 1,2*)

“TETALESNYA SAWIJI”

1. Tetalesnya sawiji, peparang sejati
 Nggih Gusti Yésus Kristus, kang dadya marginya
 Adeg ing salir greja, ing tengahing Donya
 Mrih mbabarken sih rahmat, mring tiyang sajagad
2. Gréja tampi timbalan, angabdi mring Gusti
 Mrih sami tetunggilan, wah dados paseksi
 Lelados mring sesami, tresnanya tan kendhat
 Dadya sareming bumi, wah padhang ing jagad

PENGUTUSAN

PS: Para Sedhèrèk kula sedaya, karayakna pepanggihan panjenengan kaliyan Sang Kristus ing gesang padintenan panjenengan, lan samangké

Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti!

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus, sarana mratélakaken katresnan ing jagad punika

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

PS: Pinujia Gusti sumbering gesang!

U: **Samangké lan ing salami-laminipun**

LUMANTARING BERKAH

PS: Sami mengkera, wangsul dhateng papan padunungan panjenengan piyambak-piyambak kanthi tetep ngèngeti lan pitados, bilih Gusti Yésus Kristus sarana panguwaosipun Sang Roh Suci, badhé tansah ngiyataken lan nuntun panjenengan sedaya.

Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti, lan tampènana berkahipun: “Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhumateng panjenengan (kita), lan ugi ngayomi panjenengan (kita). Pangéran Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wedananipun, dhateng panjenengan (kita), lan maringana sih rahmat. Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wedananipun dhumateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu“. Amin.

U: **(mujèkaken HOSIANA (5x) AMIN (3x))**

(Pangibadah saampun rampung, PS mandhap saking mimbar ngetut wingking Pns/Imam)

[TN/YTD]

BAHAN LITURGI
Minggu Pra Paska IV
Minggu, 14 Maret 2021

Keterangan:

PS: Pelados Sabda
 PL: Palados Liturgi
 Pns: Pinisepuh
 U: Umat
 L: Lektor

**“SIH
 NUGRAHANIPUN
 ALLAH INKANG
 NGGESANGAKEN”**
 ☸☸☸

Sadèrèngipun Pangibadah

- Pandonga pacawisan ing Konsistori
- Keterangan saking Pradata/inkang ngesuhi Pangibadah
- Wartos Pasamuwan
- Arak-arakan Lilin

MAKEMPAL MAREK ING NGARSANIPUN

Arak-arakan

PL: Gusti Allah rawuh ing papan punika, lan nimbali kita sedaya
 Gusti Allah rawuh ing papan punika, lan maringaken
 nugrahanipun
 Sumangga kita sami jumeneng mapag nugranipun sarana
 atur pamuji sokur kita

(Umat Jumeneng)

U: (Mujèkaken KPJ 15: 1,2)

“KULA TUMENGA MRING GUSTI”

- Kula tumenga mring Gusti, kang pinarak ing swarga
 Kados mripatipun abdi, mulat dhateng Gustinya
 Nggih mekaten mripat amba, mandeng mring Gusti kula
 Ngajeng-ajeng pitulungan, ngadhang rentahing sih-Nya
- Mripat amba tansah mandeng, dhateng Allah kawula
 Dados abdi inkang nyawang, mring astaning Gustinya
 Sami ngadhang pitulungan, saking Kang Sinuwitan
 Nggih mekaten inkang abdi, nyadhong piwlasing Gusti

VOTUM

PL: Pitulungan kita wonten ing asmanipun Gusti ingkang sampun nitahaken langit lan bumi

U: **(Mujèkaken) Amin, amin, amin.**

SALAM

PL: Gusti nunggil panjenengan sedaya

U: **Lan nunggil ing panjenengan ugi**

(Umat Lenggah)

ATUR PAMBUKA

PL: Dinten punika kita sami badhé ngraos-raosaken irah-irahan: “Sih-nugrahanipun Allah Ingkang Nggesang-aken” Lumantar pangibadah punika, kita sami kaajak mangertosi lan ngresepi sih-nugrahanipun Allah wonten ing Sang Kristus, ingkang ngasta gesang, kawilujengan lan pemulihan tumrap kita para tiyang dosa. Lumantar irah-irahan punika, kita ugi sami kaajak sumadya dados lantaraning sih-nugrahanipun Allah ingkang mbekta gesang punika dhateng sesami kita

U: **(Mujèkaken KPJ 68: 1-3)**

“ALLAH MAASIH”

1. Allah Maasih, asung Putranya
Allah Maasih, mring manungsa
Reff.:
Mila kula ngidung Allah Maasih
Allah Maasih, mring manungsa
2. Gusti ingutus dadya Pamarta
Gusti ingutus, nebus kita.
Reff.:
3. Gusti Pamarta, ngurbanken nyawa
Gusti Pamarta, mbirat dosa.
Reff.:

PANGAKEN DOSA (*ing pandonga lan pepujèn*)

PL: Sumangga kita sami ngaakeni dosa-dosa kita wonten ing ngarsanipun Gusti.

U: **(Mujèkaken KPJ 46:1)**

AWIT KATHAH DOSA KULA

1. Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmgangan
Gusti kang madhangi manah, myang tukung kabingahan.

PL: Gusti, kawula sami mbuka budi nalar kawula wonten ing ngarsa Paduka

Wonten ing ngarsa Paduka, saèstu nglaha ...

kados punapa nisthanipun gesang kawula sami, kados

punapa kathah cacading gesang kawula sami,

Kawula tumungkul sujud lan mbekta dosa-dosa kawula punika wonten ing ngarsa Paduka

Tetembungan, nalar lan sikep gesang kawula ingkang cacad,

Sikep gesang kawula ingkang kirang nresnani Paduka dalah sesami,

U: **(Mujèkaken KPJ 46:2)**

2. Mugi karsa, angaksama, ing klepatan kawula
Tyas kula mugi ndadosa, padaleman Paduka.

PL: Gusti,

Kawula mboten kepéngin tansah lumèngkèt ing dosa, nanging lumèngekèt dhateng Paduka,

Kawula mboten badhé nuruti hawa nepsu kawula piyambak, nanging kawula sami badhé ngetut buri Paduka,

Ing dalem asmanipun Gusti Yesus Kristus, kawula sami ndedonga. Amin

U: **(Mujèkaken KPJ 46:3-4)**

3. Gusti kang kula ndelaken, mugi nuntun mring kula
Kula badhé ngèstokaken, ing sakarsa Paduka.

4. Kula mboten purun malih karya sekel Paduka
Badhé tansah tuhu setya, tresna ing salaminya.

(Umat Jumeneng)

PAWARTOS SIH RAHMAT

PL: “Sabab, yèn marga saka paneraké wong siji, si pati wus masésa marga saka wong siji iku, méndahané manèh wong kang wus padha nampani kalubèraning sih rahmat sarta ganjaran kabeneran, mesthi bakal urip lan masésa marga déning wong siji, yéku Gusti Yésus Kristus” (Rum 5:17).

Mekaten pawartos sih rahmatipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

*(warga pasamuwan ngucapaken “Salam Tentrem Rahayu”
sinartan ngaturaken salam namaste)*

MEMUJI GUSTI SAKING KPJ 133: 1,3,4

PRACAYAA LAN PASRAH

1. Pracayaa lan pasrah, mring Allah Makwasa
Salir prihatinira tamtu énggal sirna
Ngambah margining Gusti, sira dèn berkahi
Tansah antuk kabegjan, datan kawirangan
3. Sapa bisa njajagi, mring karsaning Gusti?
Sira tan darbé kwasa ngulur umurira
Mung tansah mbudidaya, sinartan pandonga
Suméndhé mring Pangéran, murih kaleksanan
4. Lamun nyangga momotan, ingancam bebaya
Ngungsia mring Pangéran, ywa semplah ing driya
Sira rineksa Gusti, mrih datan bilahi
Tan sandhé linuwaran, wah sinung kraharjan
(Umat Lenggah)

PAMEDHARING SABDA

Pandonga Epiklésé – (Nyuwun Tuntunanipun Sang Roh Suci)

PS: Ngaturaken pandonga

PAMAOSING KITAB SUCI

a. **Waosan Sepisan: Wilangan 21:4-9**

L: Waosan sepisan kapendhet saking Wilangan bab 21 ayat 4-9
(*L maosaken pangandika*),

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

b. **Mazmur Tanggapan: Mazmur 29**

L: Sumangga kita sami nanggapi Sabdanipun Allah
kalawau

sarana maos sesarengan Mazmur 107:1-3, 17-22

(*L maosaken / utawi kapujekaken sesarengan Umat*)

c. **Waosan kaping Kalih saking: Éfésus 2:1-10**

L: Waosan kaping kalih kapendhet saking Éfésus 2:1-10
(*L maosaken ... lan sasampunipun rampung*)

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

d. **Pamaosing Injil: Yokanan 3:14-21**

PS: Waosan Injil kapendhet saking Injilipun Gusti Yesus
Kristus miturut Yokanan bab 3: 14 - 21.

(*PS maosaken ... sasampunipun rampung*),

Mekaten Injilipun Gusti Yesus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Gusti lan ugi sami dipun tetepi ing gesang
padintenanipun. Hosiana

U: Hosiana 3X

KHOTBAH

“Sih Nugrahanipun Allah ingkang Nggesangaken”

WEKDAL ENING

(*Umat Jumeneng*)

PANGAKEN PITADOS

Pns: Para sedhèrèk kula sedaya, sumangga kita sami jumeneng
lan mratélakaken Pangaken Pitados kita:

Pns + U : Kawula pitados.... Lsl.

*(Umat Lenggah)***PANDONGA SYAFAAT****Wos-wosing Pandonga Syafaat**

- a. Gesang Masamuwan
 - b. Inggang sami sakit lan kendho ing pitados
 - c. Bangsa lan Negari Indonesia
 - d. Prekawis-prekawis ingkang dados kabetahanipun pasamuwan
- Kapungkasan sarana Donga Rama Kawula.

ATUR PISUNGSUNG

Dhasaring Pisungsung

Pns: “Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, déné kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdéné sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sedaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika. (1 Babad 29:14).

U: (Mujékaken, KPJ 165: 1,2,3)

“KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG”

1. Konjuk mring kang mahaagung, kula saos pisungsung
Cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah
Sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa
Dadya srana mumpangati, mrih kamulyaning Gusti
2. Konjuk Allah kang Maluhur, kawula saos sokur
Kebabaring raos urmat, wit tansah rinimat
Dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti
Dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah
3. Konjuk ing ngarsaning Allah, kawula sung panrimah
Tandha ajrih-asih kula, wit gung sih-rahmatnya
Mugi Gusti nggih karenan, temah binerkahan
Dadya margi Kratoning Allah binabar nèng bumi

(Umat Jumeneng)

PANDONGA PISUNGSUNG

Pns: Gusti, pisungsung ingkang sami kawula kempalaken punika kagungan Paduka, lan peparing Paduka Mugi Paduka kepareng nampèni minangka atur panuwun kawula sami. Kawula mugi sami Paduka wulang misungsungaken gesang kawula. Paduka wulang supados mripat lan talingan kawula, tansah migatosaken Sabda Paduka. Paduka wulang supados lambé kawula tansah mulyakaken asma Paduka. Paduka wulang supados tangan kawula sami, makarya namung kagem asma Paduka. Suku kawula ugi lumampah ngetut buri margi ambah-ambahan Paduka. Ing dalem asmanipun Gusti Yesus Kristus, kawula sami ndedonga.

U: Amin.

DADOS PARA UTUSANIPUN

PL: Sih nugrahanipun Allah ingkang mulya sampun kaluntakaken lan mbekta gesang énggal, gesang ingkang wetah, gesang langgeng kanggé kita sedaya. Sumangga kita lajengaken sih nugrahnipun Allah ingkang mbekta gesang anyar punika dhateng sesami kita, lumantar panutur, sikep gesang lan pandamel padintenan kita sami.

U: (Mujèkaken KPJ 444: 1-3)

MARGI SIH PADUKA

1. Margi sih Paduka, dhuh Gusti Pamarta
Tiyang dosa, kaluwaran saking paukuman
Reff.
Iba adinira, utusan Paduka, kang ngundhangken
Wartos bingah, sih rahmaté Allah
2. Margi Roh Paduka, dhuh Gusti Pamarta
Kathaha tyang kang nampèni, pawartos basuki
Reff.
3. Wit Pangrèh Paduka, dhuh Gusti Pamarta
Tyang kang pitados, mring Gusti sageda nyawiji
Reff.

PANGUTUSAN

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Dadosa seksinipun Kristus

U: **Puji sokur kunjuk ing Allah**

PS: Pinujia Gusti

U: **Samangké lan ing salami-laminipun**

LUMANTARING BERKAH

PS: Sih rahmatipun Gusti Yesus Kristus, Sihipun Allah Sang Rama, tuwin patunggilanipun Sang Ruci, mugi nunggila ing panjenengan sedaya. Amin.

U: **(mujekaken) HOSIANA 5X, Amin (3X)**

[DL/YTD]

BAHAN LITURGI
Minggu Pra Paska V
Minggu, 21 Maret 2021

Keterangan:

PS: Pelados Sabda
 M: Anggotaning Majelis
 U: Umat
 L: Lektor

KATRESNANIPUN
ALLAH
NGLANGKUNGI
PAUKUMAN
 ☸

PACAWISAN

- Organis/pianis nglantaraken puji-pujian instrumental ingkang saged mbekta dhateng swasana khidmat ing salebeting pangibadah
- Warga pasamuwan sami ening, cecawis sacara pribadi sadèrèngipun pangibadah kawiwatan

TIMBALAN PANGIBADAH

(Umat Jumeneng)

M1: Para Sedhèrèk ingkang dipun kasihi déning Gusti, Minggu punika kita sami lemebet ing Minggu Pra-paska kaping 5. Sumangga kita sami nyawisaken manah lan nalar kita, supados kita saged saèstu ngraosaken pepanggihan kaliyan Gusti. Kanthi jumeneng, kita maos sesarengan **Mazmur 103:8, mekaten:** *“Pangéran Yéhuwah iku ambek welasan lan ambek asih. Gedhé sabaré lan lubèr sih susetyané”*. Sumangga kita caos pamuji sokur nanggapi timbalanipun Gusti marek ing ngarsanipun kanthi sesarengan memuji:

KPJ 20: 1,2 “PANGÉRAN MAMULYA”

1. Pangéran Mamulya, yogya kula puja
 Déné agung kadarman-Nya, kang sumrambah mring kula
 Datan wonten wilcalannya, tan kendhat lumintunya
 Pangéran, Mamulya, yoga pinuja 2X.

2. Pangéran Mamulya, yogya kula puja,
Déné karsa maringaken Putranipun pribadya
Dinadosken Juruslamet miwah Pamarta kula
Pangéran Mamulya, yogya pinuja 2X.
3. Pangéran Mamulya, yogya kula puja
Dé tan karsa malesaken sagung klepatan kula
Malah dipun sucèkaken sarta ingangkat putra
Pangéran Mamulya, yogya kinuja 2X.

VOTUM

PS: Kita miwiti pangibadah Pra-paska kaping 5 punika kanthi pangaken bilih pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang sampun nitahaken langit lan bumi dalah saisinipun, saha ingkang sih-susetyanipun langgeng ing salaminipun.

U: **(mujèkaken) Amin, Amin, Amin**

SALAM

PF: Tentrem rahayu lan sih-katresnanipun Allah Rama, Putra tuwin Roh Suci, mugi nunggila ing panjenengan sedaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

PS: 1 Yokanan 4:18 ngandika mekaten: “Katresnan iku ora kadunungan rasa wedi, katresnan kang sampurna iku malah mbéngkas rasa wedi, amarga wedi iku ngandhut paukuman, lan wong kang wedi iku ora sampurna katresnané“. Para Sedhèrèk ingkang kinasihan déning Gusti, katresnanipun Allah mbekta pemulihan ing salebeting gesang kita. Kita pitados, ing salebeting katresnan, paukuman lan pangadilan kagantos dados pangapunten lan pengasih. Sumangga caos pamuji sokur awit saking kamirahanipun Gusti salebeting gesang kita.

U: Katresnanipun Allah kawula saèstu sampun kabuktèn

Mujèkaken KPJ 140: 1,2,3:

SIHÉ ALLAH GUNG SANYATA

1. Sihé Allah gung sanyata, mring kawula tyang dosa
Sing bangsa sanès umat-Nya, ingangkat dados putra
Tinebus Sang Kristus Gusti, gesang énggal sayekti
Nindakna pakarti luhur, yéku tandhaning sokur.
2. Sih nugrahaning Pangéran, peparing lelahanan
Tan wonten dosa duraka, kang datan ingapura
Nging tyang kang wangkot ing ati, pracaya mung ing lathi
Pinagas saking sih rahmat, sangsara ing akérat.
3. Sihing Allah sèstu adya, nentremken tyang pracaya
Pinurih dadya rowangnya, mbabar kratoning swarga
Awit katresnaning Allah, karaharjan sumrambah
Asmanipun kaluhurna, samangkya lan salaminya.

LITANI PANGAKENING DOSA

PS: Sumangga kita sami ngasoraken manah ing ngarsanipun
Gusti, kanggé ngakeni dosa lan kalepatan kita. Sami
kaaturan wekdal kanggé sacara pribadi ngaturaken
pandanganipun...

(pandonga pangakening dosa sacara pribadi)

U: (mujèkaken KPJ 61: 1 SAÈSTU KEDUWUNG)

1. Saèstu keduwung kula, déné kirang setya
Kadhawuhan kinèn tresna, dhateng Allah wah sesami
Nging tan ana bukti, adhuh Gusti nyuwun suci.

PS: Gusti, kawula manungsa ringkih, lan kebak dosa, nanging
pikantuk sih-nugraha saking Paduka. Kawula sami
ngaturaken pamuji sokur awit Paduka nimbali lan miji
kawula sedaya dados putra-putra pepadhang. Pramila ing

salebeting katresnan lan pangapunten Paduka, dhuh Gusti, kawula sami cecengklungen dhateng pakaryan Paduka ingkang mulihaken lan nganyaraken gesang kawula sami. Wonten ing Sang Kristus kawula ndedonga...

U: **(mujèkaken KPJ61: 2)**

2. Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya
Lampah tan prayogi, aduh Gusti, nyuwun suci.

PS: Èstunipun, nugraha Paduka punika ndamel kawula wantun medal saking cengkeremaning dosa. Éwa-semester, dosa pancèn saèstu sampun ngiket lan narik kawula, satemah kala-kala utawi asring kawula batal nilaraken gesang ingkang kebak dosa mekaten punika. Kamangka pakaryan salibipun Gusti sampun ngapunteni sedaya panerak tuwin ngicali dosa kawula. Awit saking punika, kawula nyuwun pangaksama Paduka, dhuh Gusti, ingkang kebak sih lan katresnan. Wonten ing Sang Kristus kawula nyenyuwun
.....

U: **(mujèkaken KPJ 61: 3)**

3. Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa
Nadyan rinoban sih rahmat, nging datan énggal mratobat
Mangkotaken ati, aduh Gusti nyuwun suci.

PS: Kawula mugi Paduka sucèkaken dhuh Gusti, Nurani dalah nalar kawula mugi sami Paduka resiki; punapa déné sinagedna kawula tansah ngeneraken manah lan pamikir kawula dhumateng Paduka, ingkang tansah setya tuhu nuntun lampah kawula lumantar Sabda Paduka. Namung wonten ing Sang Kristus kawula ndedonga nyuwun pangapuntening dosa. Amin

U: **(mujekaken KPJ 61: 4)**

4. Saèstu keduwung kula, nglirwakken kwajiban
 Mrih tuwuhing pasamuwan, miwah gesanging
 bebrayan
 Tentreming dumadi, adhuh Gusti nyuwun suci

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Umat Jumeneng)*

PS: Wonten ing Sang Kristus, dosa panjenengan samun
 kaamputeni

**U: *Wonten ing Sang Kristus, dosa panjennengan ugi
 sampun kaampunten***

PS: Sumangga kita tampèni pawartos sih rahmat saking Allah
 kanggé pangapuntening dosa kita sami. **I Yok. 1:9-10
 ngandika mekaten:** “Manawa kita padha ngakoni dosa
 kita, Panjenengané iku setya tuhu lan adil, temah bakal
 ngapura kèhing dosamu, sarta ngresiki sakèhing piala kita.
 Saupama kita padha ngaku ora duwé dosa, dadi padha
 nganggep Panjenengané dora, sarta pangandikané ora
 dumunung ana ing kita”.

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti.

U: *Puji sokur konjuk ing Gusti*

PS: Sumangga kita gesang ing salebeting tentrem rahayu
 kaliyan Gusti Allah lan sesami kita. Tentrem rahayunipun
 Gusti wontena ing panjenengan sedaya.

***Salaming Tentrem Rahayu (umat sami nglantaraken
 salam: Tentrem Rahayu Wontena ing panjenengan,
 sinartan tangkep asta ing jaja”).***

U: (Mujèkaken KPJ 346a: 1.2

“NDEDONGA LAN MAKARYA”

1. Ndedonga lan makarya, kanthi trusing driya
 Mbabarken sihing Gusti, mring sagung sesami
 Murih tentrem raharja, sumrambah sadonya
 Asmanya Kang Mamulya, pinuji slaminya

2. Ndedonga lan makarya, kanthi sukarena
Martosken Injil suci, wrata ing sabumi
Mrih sih rahmating Gusti tinampi sesami
Temah samya wilujeng, sarta gesang langgeng

PAMEDHARING SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Pandonga Èpiklésé)

U: **(Mujèkaken PKJ 192: 1 Léktor mapanaken dhiri)**

Isining kabar kabingahan, winangsitken déning Pangéran
Dadya srana paring piwulang, margining kautaman
Dimèn tyang pitados, tansah arumantos
Mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Waosan Sepisan

L1: Waosan sepisan kapendhet saking **Yérémia 31:31-34**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga Sabdanipun Gusti punika kita tanggapi sarana
sesarengan maos **Mazmur 51:2-13** sacara sesautan...

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Ibrani 5:5-10**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Yokanan 12:20-33**

Mekaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken
pangandikanipun Allah lan sami dipun tetepi ing gesang
padintenipun. HOSIANA.

U: **(mujèkaken HOSIANA)**

Khotbah “Katresnanipun Allah Nglangkungi Paukuman”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados

(Umat Jumeneng)

M3: Sesarengan kaliyan sedaya umat ing sedaya zaman, sumangga kita sami ngantebaken malih punapa ingkang sampun kita pitadosi, sarana ngucapaken pengaken pitados rasuli mekaten:

U: **(Sesarengan ngucapaken pangaken pitados rasuli)**

Pandonga Syafaat

(Umat Lenggah)

PS: (Ngunjukaken pandonga syafaat, dipun pungkasi sarana ndedonga Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

M4: Pisungsung mujudaken pamuji sokur kita awit sedaya berkah pangrimatipun Gusti tumrap gesang kita. Sumangga kita aturaken pisungsung kita dhumateng Gusti kanthi manah ingkang kebak raos pamuji sokur lan lila legawaning manah. Dhasaring pisungsung kapandhet saking **Mazmur 107:1-2**, *“Padha saosa puji sokur marang Sang Yéhuwah, awit déné Panjenengané iku saé! Ujer sih-susetyané iku langgeng ing salawasé. Mangkonoa pangucapé para wong kang padha katebus déning Yéhuwah, kang katebus saka ing pangwasané kang gawé susah”*.

U: **(mujèkaken KPJ 165: 1,2,3)**

“KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG”

1. Konjuk mring Kang Mahaagung,
kula saos pisungsung, cihnaning bingah ing manah
wit berkahing Allah, sumengka wah sinengkera
lan temen rineksa, dadya srana mumpangati
mrih kamulyaning Gusti
2. Konjuk Allah Kang Maluhur, kawula saos sokur
Kebabaring raos urmat wit tansah rinimat
Dalah gesang kula mugè kagem déning Gusti
Dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah

3. Konjuk ing ngarsaning Allah, kawula sung panrimah
Tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmatnya
Mugi Gusti nggih karenan, temah binerkahan
Dadya margi kratoning Allah binabar nèng bumi

Pandongga Pisungsung

(Umat Lenggah)

M4: (Nuntun pandonga pisungsung)

Pengutusan

PS: Para Sedhèrèk, sami èngeta bilih pangapunten, lan sih-
katresnanipun Allah anjalari gesang kita sami kapulihaken
lan kaanyaraken. Tetepa gesang ing salebeting
tuntunanipun Allah Roh Suci, ingkang tansah nganyaraken
gesang kita sami.

U: **(Mujèkaken KPJ 352:1,2)**

SANTOSANING TETUNGGALAN

- 1) Santosaning tetunggilan, wit saking katresnan
Dèn sabar ing atinira, sarèh ing wicara
Dipadha lan dilumadi, tan ngegungken dhiri
Kabèh iku kang ingangkah, tandha sih mring Allah
- 2) Atut rukun angesui, timbalan lestari
Yéku badan lan roh kita, manunggal sajuga
Kadya pangesthi sawiji, kang kita darbèni
Yéku sih rahmaté Allah, kang lubèr ing berkah

PENGUTUSAN

PS: Pangibadah saged kelampahan mboten namung wonten
ing salebeting gedhung kémawon. Gesang sadinten-dinten
kita punika èstunipun ugi mujudaken pangibadah ingkang
kedah kita aturaken kagem kamulyanipun Gusti. Pramila
enerna manah panjenengan dhumateng Gusti lan
tampènana berkahipun:
Mugi-mugi Gusti Allah sumbering pangajeng-ajeng,
ngèbeki panjenengan kanthi kabinngahan lan katentreman

ing salebeting gesang pitados panjenengan. Punapadéné
karana kekiyatanipun Sang Roh Suci, panjenengan sedaya
kasagedaken ndarbèni pangajeng-ajeng ingkang lubèr-
lubèr. Amin.

U: **(*mujèkaken*) Haleluya 5x, Amin 3x**

[MG/YTD]



BAHAN LITURGI Minggu Palmarum

Minggu, 28 Maret 2021

Keterangan:

PS: Pelados Sabda
M: Anggotaning Majelis
U: Umat
L: Lektor

WANTUN NANDHANG SANGSARA



PERSIAPAN

- Organisi/pianis nglantaraken lagu-lagu instrumentalia ingkang saged mbekta dhateng swasana khidmat kanggé cecawis ngresep pangibadah ingkang badhé kawiwitan
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka cecawis sacara pribadi
- Pamaosing pawartos pasamuwan
- Prosesi lilin

TIMBALAN PANGIBADAH

(Umat Jumeneng)

M: Dinten punika rawuhipun Gusti Yésus ing Yérusalèm dipun tanggapi kanthi kebak kabingahan, kinanthènan surak-surak ambata rubuh. Kados pundi saged mekaten? Kasewenang-wenangan lan panandhang ingkang saèstu awrat dipun alami sawetawis dangu laminipun, badhé énggal dipun pungkasi.

U: **Hosana! Binerkahana ingkang rawuh ngagem asmanipun Pangéran!** (sinarengan ngawèk-awèkaken ron palem)

M: Rawuhipun mboten sarana nitih kudha perang nanging namung kuldi mudha. Sanès karpèt abrit ingkang dados tetales tindakipun, nanging namung gelaran sruwal sakwontenipun. Mboten kanthi umbul-umbul lan gendéraning perang, nanging namung pang-panging uwit palem.

- U: Hosana! Binerkahana ingkang rawuh ngagem asmané Pangéran!** (sinarengan ngawèk-awèkaken ron palem)
- M:** Tanpa dipun lengganani, rawuhipun punika mboten supados ngremuki, nanging mulihaken. Rawuhipun mboten supados ngluwari umat Israèl saking pangawulanipun kratoning kadonyan, nanging kanggé ngluwari manungsa saking pangwaosing dosa lan pejah. Rawuhipun mboten supados ngawonaken, nanging kanggé maringaken kawilujengan ingkang wetah ing bumi kados déné wonten ing swarga.
- U: Hosana, mugi karsa nylametaken kawula sakpunika!** (sinarengan ngawèk-awèkaken ron palem)
- M:** Kados pundi kawula kedah methukaken rawuh Paduka dhuh Gusti?
- U: Mujèkaken KPJ 231: 1,2**

“KADOS PUNDI DHUH GUSTI”

1. Kados pundi dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat
Methukken klayan puji, mring Ratuning jagad
Mugi Gusti madhangi, lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna, kepareng Paduka.
2. Saking dhampar kang mulya, lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing Donya, nunggil lan pra jalma
Tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan
Ngrukunken tiyang dosa, dhumateng Pangéran.

VOTUM

- PS:** Pangibadah Minggu Palem punika kita sucèkaken kanthi pangaken bilih Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit kaliyan bumi dalah ingkang mboten naté nilarakan wohing pakaryanipun.
- U:** (mujèkaken) **Amin... Amin... Amin.**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti kita Yésus Kristus, mugè nunggila ing panjenengan sedaya.

U: **Mugè nunggila ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

M: Ing salebeting gesang kebak momotan lan panandhang, sedaya tiyang sami ngajeng-ajeng badhé wontenipun pangluwaran. Malah mboten namung ngajeng-ajeng, ananging ugi meksa sagedipun pangajeng-ajeng kalawau énggal kawujud. Emanipun, pameksa punika mboten katujokaken dhateng dhiri pribadinipun langkung rumiyin, nanging katujokaken dhateng tiyang sanès. Inggih wonten ing mriki punika déné Gusti Yésus wantun nandhang sangsara, malah ngantos dumugi ing séda. Pakaryan ingkang mekaten punika saèstu nggadhahi makna ingkang ageng tumrap kawilujenganipun alam raya punika.

U: **(mujèkaken KPJ 231: 3)**

3. Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya
Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa
Inggih piwlas Paduka, saha Palimirma
Lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

PANGAKENING DOSA

PS: (maosaken Mat. 22:37-40), Tuladha katresnan ingkang saèstu sampun dipun paringaken déning Gusti Yésus lumantar salib, séda lan wungunipun. Mboten namung kekendelanipun nanggèl kasangsaran, nanging ugi pangorbanan gesang sawetahipun kanggé kawilujenganing jagad. Punapa kita ugi sampun lila nandhang sangsara kanggé mujudaken katresnan dhumateng Gusti lan sesami? (ening sawetawis)

U: **(mujèkaken KPJ 64: 1-2)**

WONG DOSA REMPU ATIMU

- 1) Wong dosa, rempu atimu, nlangsanana dosamu
Mbok ya ngungsia mring Gusti, mesthi kinarya suci.
Reff.
Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdanya
Pasraha jiwa raga.
- 2) Hé wong kang ilang kesasar, saparanmu kapirsan
Gusti nglari nimbali, bakal karsa nulungi.
Reff.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Tumrap saben tiyang ingkang kanthi temen-temen nalangsani dosa-dosanipun wonten ing ngarsanipun Gusti, Gusti kepareng maringaken nugraha pangaksamanipun. Pawartos sih rahmat kapendhet saking serat Filipi 1:29, “Amarga kowé wus padha kaparingan sih ora mung supaya pracaya marang Sang Kristus baé, nanging uga supaya nandhang sagsara kagem Panjenengané”.

U: **(Mujèkaken KPJ 67: 1,2)**

ALLAH KANG MAKWASA

- 1) Allah kang Makwasa, karsa anampi kula
Dados rowang mitra, wah utusan Paduka
Ngundhangken sih rahmat, mring sagunging umat
Mrih kratoning swarga, sumrambah sadonya.
- 2) Mugi Sang Roh Suci, lestantun mitulungi
Mrih kula sembada, leladi kanthi setya
Manah tansah bingah, datan naté semplah
Klayan ajrih asih, wah sepi ing pamrih.

PAMEDHARING SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Pandonga Èpiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 50:4-9a**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi sarana maos Mazmur 118:1-2, 19-29
sacara sesautan...

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Filipi 2:5-11**
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking **Markus 11:1-11**,
Mekaten Injilipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggihi punika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken
Sabdanipun Allah lan sami dipun tetepi ing gesang
padintenanipun. HOSIANA.

U: **(mujèkaken HOSIANA)**

Khotbah “Wantun Nandhang Sangsara”**Wekdal Ening****Pangaken Pitados**

(Umat Jumeneng)

M: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti, ing wekdal kapengker,
samangké lan ing sedaya zaman, sumangga kita sami
ngantebaken pitados kita sarana ngucapaken sahadat
Pangaken Pitados Rasuli, mekaten:

U: **(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados
Rasuli)**

Pandonga Syafaat

(Umat Lenggah)

PF: (Ngunjukaken pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

M: Sumangga kita sami ngunjukaken panuwun sokur kita
sarana ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita
cawisaken saking griya kita piyambak-piyambak.
Pangandikanipun Gusti ingkang dados dhasar salebetipun
kita ngaturaken pisungsung, kapendhet saking 2 Korinta

8:12 ingkang mekaten: “Awit manawa anggonmu wèwèh iku kalawan éklas, pawèwèhmu iku mesthi bakal ditampani, menawa pawèwèhmu iku awewaton apa kang kok duwèni, ora awewaton apa kang kok ora duwèni“

U: **(mujèkaken KPJ 171: 1-4)**

MANGGA SAOS PISUNGSUNG

1. Mangga saos pisungsung, mring Allah Maagung
Krana gunging sih rahmat, kang lubèr tan kendhat
2. Misungsung kanthi loma, cihnaning panuwun
Dé gesang tansah begja, wit Allah kang nuntun
3. Bandha arta pethingan, kang katur mring Gusti
Bludaging kabingahan wit berkah tan sepi
4. Saos pisungsung kathah, cacahnya tan timbang
Lan gung berkahing Allah tan kénging winilang

Pandongang Pisungsung

(Jemaat Jumeneng)

M: (Pandongang pisungsung, panutup, lan tinutup sarana Donga Rama Kawula)

Pepujèn

U: **(Mujèkaken KPJ 452: 1-4)**

TÉKADING MANAH KAWULA

1. Tékadang Manah kawula, tansah ndhèrèk mring Gusti
Yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.
Reff.
Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki
2. Kula sèstu ndhèrèk Gusti, ngantos slami-laminy
Martosaken Injil suci dimèn samya waluya
Reff.
3. Nulad Sang Pamarta Gusti, sagah ngurbanken dhiri
Tan remen ing kekerasan, nging lubèring katresnan
Reff.

4. Sanadyan rumpil dalannya, nging Gusti tansah nganthi nadyan ribed lan sangsara, kula tegen nglampahi.
Reff.

PANGUTUSAN

PS: Mengkera saking papan pangibadah punika kanthi kebak raos kabingahan ngèneti Sabdanipun Gusti wonten ing serat Rum 8:17b, “Yèn pancèn kita padha ndhèrèk nandhang sangsara supaya iya ndhèrèk kamulyakakè kalawan Panjenengané”. Wantuna nandhang sangsara lan lampahana gesang kanthi raos kebak pamuji sokur salebetipun nindakaken timbalanipun Gusti. Gusti nyarengi lampah gesang panjenengan sarana berkahipun. Enerna manah panjenengan dhumateng Allah

U: **Kawula nggeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PF: Dadosa seksinipun Sang Kristus

U: **Puji sokur konjuk ing Allah**

PF: Pinujia Gusti

U: **Samangké lan ing salami-laminipun**

LUMANTARING BERKAH

PS: Gusti Allah sumbering sedaya sih rahmat, ingkang sampun nimbali panjenengan lumebet ing kamulyan langgengipun, mugi njangkepi, netepaken, ngiyataken lan njejegaken gesang panjenengan sasampunipun sawetawis wekdal nandhang sangsara. Inggih Panjenenganipun punika ingkang kagungan pangwaos ngantos salami-laminipun! Amin.

U: **(mujèkaken Hosiana Amin 3x)**

[AJ/YTD]



BAHAN LITURGI**Kemis Pethak***Kemis, 1 April 2021*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

PL: Pemimpin Liturgi

U: Umat/Pasamuwan

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

**ANDHAP
ASORING
MANAH,
KAMULYANING
SIH**

ꦲꦺꦤ꧀ꦢꦲꦥ
ꦲꦱꦺꦴꦫꦶꦁ
ꦩꦤꦲ,
ꦏꦩꦸꦭꦪꦤꦶꦁ
ꦱꦶꦲ

PACAWISAN

- Pandonga pacawisan ibadah ing konsistori.
- Wekdal ening pribadi
- Arak-arakaning Lilin.

TIMBALAN IBADAH*(umat jumeneng)*

PL: Dinten punika kita tinimbangan déning Allah, tetunggilan ing salebeting pahargyan iman ing Ibadah Kemis Pethak. Ing wanci dalu ndungkap anggènipun Gusti Yésus kasalib, Panjenenganipun kepareng kèndel ing satengahing para murid-Ipun. Maringaken roti tuwin anggur minangka gegambaran bilih Panjenenganipun maringaken Sarira tuwin Rah-Ipun. Mijiki sukunipun para murid-Ipun, supados para murid nampi panduman Sarira lan Rah-ipun Gusti.

Ing sangandhaping wewayanganing pati, kamulyaning katresnanipun Sang Kristus dipuntélakaken jangkep kanthi ngasoraken Sariranipun ing antawising umat kagungan-Ipun.

Ing dalu punika, sanès satunggaling kawontenan giris kémawon. Ananging satunggaling pérangan pangluwaranipun umat manungsa déning pakaryaning Sih-Ipun Gusti Allah. Punapa kita purun nampi ulemanipun Gusti punika?

U: *(sesarengan ngidungaken KPJ 94:1, 2 Sumangga Mareka)*

KPJ 94. SUMANGGA MAREKA

Do=F 4/4

- 1) Sumangga mareka ngarsané Gusti kita,
anggunnung asmanya wit sihé kang sanyata
maringken Kang Putra, yéku marginira
mbirat dosa kita, wah gesang sembada
- 2) Saguning pamuji konjuk ngarsaning Gusti,
kang tansah mberkahi wrata titah sabumi.
Allah ingkang murba pratala-akasa
paring kaéndahan miwah kautaman.

VOTUM*(umat jumeneng)*

PS: Sumangga ibadah Kemis Pethak punika kita pahargya ing
salebeting pangaken:

U: **Pitulungan kita punika\ wonten ing Asmanipun
Gusti\ ingkang Nitahaken langit kaliyan bumi.**

PS: Ingkang ngrimati pasamuwan-Ipun kanthi Sih-kasetyan,

U: **Ingkang mboten naté nilaraken\ pakaryaning
Astan-Ipun.**

PS: ing Asmanipun Allah Rama, Putra, lan Roh Suci. Amin.

U: *(Ngidungaken KPJ 464 Amin kaping tiga)*
Amin, Amin, Amin.

SALAM*(umat jumeneng)*

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama, tuwin
Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan (kita)
sadaya.

U: **Ugi nunggila ing gesang panjenengan.**

ATUR PAMBUKA*(umat lenggah)*

PL: Paska ateges 'lumaku ngliwati'. Tumrap umat Israèl, Paska
dados éwah-éwahaning sejarah nalika Gusti Allah
'lumampah nglangkungi' (milujengaken) umat Israèl
saking pangawulanipun ing Mesir. Paska punika
wewayangan tumrap pakaryanipun Gusti Allah ingkang
nebus tuwin ngluwari umat-Ipun. Bab Gusti Allah ingkang
njagi kawilujenganing umat kagungan-Ipun. Samangké

wewayanganing Paska dipun-tetepi sesarengan lumantar pahargyan ing dinten Kemis Pethak.

Gusti Yésus Kristus dados cempéning Paska sejatos, ingkang nebus tuwin ngluwari manungsa saking iketaning dosa. Roti tuwin anggur ingkang dipun edumaken ngoyod saking Bujana Paska umat Israèl, mboten namung pangluwaran saking pênjajahanipun bangsa Mesir, ananging kawilujengan kanggé umat manungsa. Suku ingkang dipunwijiki dados tenger umatipun Allah ingkang sampun katebus tuwin kasucèkaken supados pikantuk panduman ing salebeting patunggilan kaliyan Panjenenganipun.

Awit saking punika, tilingna Pawartos Pakaryaning Allah ingkang milujengaken ing salebetipun lelampahan Paska ingkang Kapisan:

(maos **Pagentasan 12: 1-14**)

--- saged kinanthénan gambar utawi sandiwara, sarta kairingan lelagon musik tanpa nyanyian ---

Makaten Sabdanipun Gusti Allah!

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah!

PANGAKEN DOSA

(umat lenggah)

PL: Ing dalu pèngetan methukaken pakaryaning pangluwaran sarta kawilujenganipun Allah, sumangga kita ngasoraken dhiri ing ngarsanipun Gusti Allah ing salebeting pandonga:

Dhuh Allah, kénging punapa angèl tumrap kawula, kanggé tetep ngeneraken mripating manah kawula dhumateng Paduka?

Kénging punapa kawula dipun-ribetaken déning prakwis-prakawis sepele ngantos damel sisahipun dhiri pribadi kanggé pinanggih kaliyan Paduka?

Kénging punapa angen-angen kawula nglambrang sarta nggadahi pepénginan dhateng prakawis ingkang nasaraken?

Kénging punapa kawula mangu-mangu dhateng sih-katresnan tuwin rahmat Paduka?

Punapa sanès Paduka ingkang nyekapi kawula tuwin nyawisi sadaya ingkang kawula betahaken?

Dhuh Allah, kersaa nampèni kèmgangan tuwin kasayahaning gesang kawula.

Pirsanana kawula ing salebeding sadaya kasrakataning gesang kawula.

Mugi kawula ngraosaken pangayunan Paduka ing satengahing pepeteng tuwin kawontenan tanpa daya.

Mugi kawula saged tanggon lan mboten kagubet ing kawontenan semplah.

Mugi kawula kèndel wonten ing ngarsa paduka lan mboten ndhelik saking ngarsa Paduka.

Dhuh Allah, kalantinga badan kawula ingkang sumuk tuwin nglumpruk.

Kapulihna angen-angen kawula ingkang worsuh tuwin mboten jenjem.

Paduka aubi jiwa kawula kalayan katentremaning rahmat Paduka.

Wusananipun, kawula Paduka ajak medal saking pepetenging gesang tuwin wilujeng saking jireting pati. Amin.

U: (*ngidungaken KPJ 62:1, 2 Sihing Allah Kang Mahatresna*)

KPJ 62. SIHING ALLAH KANG MAHATRESNA

Do=F 4/4

1) Sihing Allah Kang Maha tresna sung gesang nyata mring kula.
Yéku sih kang ngéram-éramna mring kula tyang kebak dosa.
Mila kula tansah muji tan kendhat rintèn lan ratri.

2) Yèn Allah nganggep dosa kula wah lepat klèntuning lampah,
kawula nemahi antaka wit gesang mung awon tansah.
Nging Gusti lubèr sih-rahmat kula pepuji tan kendhat.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(umat jumeneng)

PS: Pakaryan kawilujenganing Allah ingkang nguwalaken kita ugi nunggilaken kita minangka komunitas utawi patunggilaning Sariranipun Sang Kristus. Kadosdéné Gusti Yésus Kristus ingkang sampun ngedum-edumaken Dhirin-Ipun dhateng jagad, makaten ugi kita tinimbalan supados andum gesang kaliyan sesami. Nyuwungaken dhiri tuwin andum gesang punika pratingkah ngurmati Bujananipun Gusti minangka gesang ingkang dados péranganing Sarira tuwin Rahipun Gusti Yésus Kristus.

(maos 1 Korintus 11: 23-26)

Makaten Pawartos Sih-rahmat saking Gusti Allah!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

(Ngidungaken KPJ 140:1, 3 Sihé Allah Gung Sanyata)

KPJ 140. SIHÉ ALLAH GUNG SANYATA

Do=Bes 4/4

- 1) Sihé Allah gung sanyata mring kawula tyang dosa;
sing bangsa sanès umatnya ingangkat dados putra,
tinebus Sang Kristus Gusti, gesang énggal sayekti.
Nindakna pakarti luhur, yéku tandhaning sokur.
- 3) Sihing Allah sèstu adya, nentremken tyang pracaya
pinurih dadya rowangnya, mbabar kratoning swarga.
Awit katresnaning Allah, karaharjan sumrambah.
Asmanipun kaluhurna, samangkya lan slaminya.

NGRASAKEN TUMINDAK MIJIKI SUKU (lenggah)

PS: “Dadi menawa Aku iki kang dadi Gusti lan Gurumu wus mijiki sikilmu, dadi kowé iya padha wajib wisuh-winisuhan sikil. Awit Aku wis maringi tuladha marang kowé, supaya kowé kabèh uga nindakaké kaya kang wis daktindakaké marang kowé.” (Yohanes 13: 14-15)

Ing sangandhapipun wewayanganing pati, punika wekdalipun sih-Ipun Gusti Allah sumorot gumebyar mboten saget kasirep. Ndungkap sédanipun Gusti Yésus Kristus malah kamulyakaken ngantos Panjenenganipun ngasoraken Dhiri salebet-lebetipun. Lumantar patrap mijiki suku ing salebetipun pahargyan Kemis Pethak, kita

tinimbangan supados pikantuk panduman ing salebeting patunggilaning Sih-Ipun Gusti Allah lumantar gesang andhap-asor sarta lelados. Punapa kita sami purun nampèni timbalan-Ipun Gusti?

Ngraosaken tumindak mijiki suku:

(umat kaajak ngraosaken patrap mijiki ingkang katindakaken déning Gusti Yésus lumantar tetinggalan kados wonten ing: https://www.youtube.com/watch?v=Xyz_jTB32pk)

Imbalan Pangucap Sokur (Jabur Masmur 116: 1,2; 12-19)

PL: Aku tresna marang Sang Yéhuwah awit miyarsakaké swaraku lan panyuwunku,

U: **sarta talingané nilingaké aku,\ mulané sajegku urip\ aku bakal nyebut marang Panjenengané.**

PL: ¹²Kang dakgawé piwales apa marang Sang Yéhuwah, tumrap ing sakèhé sih-kadarmané marang aku?

U: **Aku arep njunjung tuwunging pangentasan\ lan arep nyebut\ asmaning Pangéran Yéhuwah,**

PL: arep ngluware kaulku marang Sang Yéhuwah ana ing ngarepé umat kabèh.

U: **Patiné para kekasihé iku akeh pangajiné\ ana ing paningaling Sang Yéhuwah.**

PL: Dhuh Yéhuwah, kawula punika abdi Paduka, inggih èstu abdi Paduka, anakipun parekan Paduka; Paduka ingkang sampun nguculi bebandan kawula.

U: **Paduka badhé kawula saosi kurban pamuji sokur, saha badhé nyebut asmaning Sang Yéhuwah.**

PL: Dakngluware kaulku marang Pangéran Yéhuwah ana ing ngarepé umaté kabèh,

U: **ing platarané padalemaning Pangéran Yéhuwah, ana ing satengahmu, hé Yérusalèm! Haléluya!**

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

Pandongan paladosan Sabda

PS: *(Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci)*

Waosan Injil

- PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking Injil Yohanes 13: 1-17, 31-35, makaten (*kawaos*) Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken sarta nggatosaken Pangandikanipun Allah. Hosiana!
- U: (*Ngidungaken KPJ 468 Haléhuya kagantos Hosiana*)
Hosiana.

Khotbah

- PS: (*Ngladosaken khotbah kanthi jejer “Andhap-asoring Manah, Kamulyaning Sih”*)

Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS RASULI (umat jumeneng)

- P/D: Sesarengan kaliyan sawenèhing tiyang pitados ing salumahing bumi sarta ing sauruting jaman, kita ngénggalaken pangaken pitados kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan
- U: **Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama,**

PANDONGA SOKUR LAN SYAFAAT (umat lenggah)

- PS: (*Nuntun pandonga sokur lan syafaat*)

PISUNGSUNG (umat lenggah)

- P/D: Sumangga kita caos sokur dhumateng Gusti Allah awit saking kamulyaning Sih-Ipun kanthi ngaturaken pisungsung sokur kita. Kita nguwuh nélakaken pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken kita, kados ing Jabur Masmur 118: 16-17:
- P/D: “Astané tengen Sang Yéhuwah bisa njunjung; Astané tengen Sang Yéhuwah nindakaké kaprawiran!”
- U: **Aku bakal ora mati,\ nanging urip\ lan aku bakal nyiritakaké\ pakaryaning Sang Yéhuwah.”**
- U: (*Ngidungaken KPJ 154:1, 2 Adrenging Tyas Kula*)
KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.:

P/D: (*Ngaturi umat jumeneng, kalajengaken nuntun
pandonga atur pisungsung, **kapungkasane kanthi
ngucapaken sesarengan Donga Rama Kawula***)

PANGUTUSAN (umat jumeneng)

PS: Oh Sang Kristus, Sang Juru wilujeng, Paduka ngalami séda
kadosdéné wiji gandum ingkang dhawah ing pasitèn.
Nunggil kalayan Paduka, gesang kawula badhé ngedalaken
woh ingkang kathah.

U: **Ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka, Dhuh
Gusti!**

PS: Oh Sang Kristus, Paduka ngasoraken dhiri ngantos dados
manungsa ingkang rèmhèh piyambak. Paduka dumunung
ing sacelakipun sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang
mboten kopèn tuwin dipun tilar-nglenthar.

U: **Puji sokur konjuk Paduka, Dhuh Gusti!**

PS: Amargi katresnan, Paduka nanggél dosa-dosa kawula sarta
sanadyan mboten lepat, Paduka kepareng ngalami séda
kanggé mulung kawula saking pati.

U: **Puji sokur konjuk Paduka, Dhuh Gusti!**

PS: Amargi katresnan Paduka, Paduka sampun ngawonaken kadurakan tuwin sesengitan, sarta gesang sesarengan Sang Rama kanggé salami-laminipun.

U: **Puji sokur konjuk Paduka, Dhuh Gusti!**

PS: Wonten ing sih-kawelasan Paduka, Paduka mirengaken kawula tuwin nuwèni kawula ing salebeting kacilakan. Paduka kebaki manah kawula kanthi ngetingalaken cahyaning wedana Paduka.

U: **Puji sokur konjuk Paduka, Dhuh Gusti!**

U: (*Ngidungaken KPJ 441 Kita Sami Tinimbalan*)
KPJ 441. KITA SAMI TINIMBALAN

Do=Bes 4/4

Kita sami tinimbalan, supados ndhèrèk ngladosi pakaryané Gusti Yésus dhateng sesami.

Amartosaken kabar bingah, nggih Injil ing karahayon dhatheng salir para bangsa, nèng alam donya.

Reff. Tiyang pitados kedah wonten pandamel kang nyata !
Klayan éklas mitulungi tyang kang sinangsara;
sanadyan kita pinangkanya saking manéka bangsa,
nging sesarengan nindakaken pakaryan kang mulya

BERKAH

(umat jumeneng)

PS: Samangké, tampènana berkahipun Gusti:

“Tentrem-rahayu lan katresnan kang kanthi pracaya saka Allah Sang Rama lan saka Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing para Sadulur kabèh. Sih-rahmat nunggila ing wong kabèh, kang padha nresnani Gusti kita Yésus Kristus kanthi katresnan kang ora bisa sirna.” (Éfes 6: 23-24). Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 472 Haléluya Amin kagantos Hosiana Amin*)

Hosiana (5x), Amin (3x).

[YKN-DEN]

BAHAN LITURGI**Jumuwah Adi***Jumuwah, 2 April 2021*

Katrangan:

PS : Pelados Sabda

P/D : Pinisepuh/Dhiaken

U : Umat

S : Sadaya

L : Lèktor

**PUNAPA
KELAMPAHAN
GUSTI ALLAH
SAMPUN KAWON?**

**PACAWISAN**

- Pandonga pacawisan.
- P/D1 maos Pokok-pokoking Pawartos Pasamuwan
- Arak-arakan lilin
- Umat jumeneng

TIMBALAN IBADAH (*umat jumeneng*)

P/D1: Tètèsaning rah ingkang dhawah kantung ing saben tabet jangkahing Tindak-Ipun mboten malih dipun-gatosaken. Sabetaning cemethi sarta gebagan, pating-slebar cipratan kecohing panyenyamah sarta guyuning pamoyok kados-kados mewahi momotaning salib ingkang dipun rembat Panjenenganipun. Ananging Gusti Yésus tetep setya mlampah ngenut margining kasangsaran, *Via Dolorosa*.

Margining kasangsaran ingkang ngener ing Golgota dipun-sawang tiyang kathah minangka wiwitaning Kasoranipun Gusti Yésus. Ananging punika sadaya kanthi rila dipun lampahi kanggé kaunggulan kita, umat kekasih-Ipun Gusti Yésus.

Sumangga kanthi andhap asoring manah, kita sowan ing pangibadah dhumateng Gusti Allah, nggegesang Kasetyan-Ipun, Pangorbanan-Ipun, lan nyawang salib-Ipun Gusti Yésus.

U: (Ngidungaken KPJ 261:1-3 “Nèng Golgota”)
KPJ 261. ING GOLGOTA

Do=C 3/4

- 1) Ing Golgota, ing Golgota, Gusti Yésus sinalib.
Kang karebat luwar kula, saking bandaning Iblis.
Siksa kula dipun rembat, kula luwar saking laknat.
Ing Golgota, ing Golgota, Gusti Yésus sinalib.

--- Arak-arakaning palados pangibadah lumebet ing papan
pangibadah ---

- 2) Ing Golgota, ing Golgota dosa kula linebur,
mila mangké gesang kula, bingah ayam alipur.
Rahing Gusti winutahken, pangluwaran pinaringken.
Ing Golgota, ing Golgota dosa kula linebur.
- 3) O, dhuh Gusti, Putra Swargi, mugi nunggil ing kula.
Kula mugi winulanga tresna dhateng Paduka,
dimèn mbénjing kula klilan lumebet dalem kaswargan.
O, dhuh Gusti, Putra Swargi, mugi nunggil ing kula.

VOTUM LAN SALAM

(umat jumeneng)

PS: Sumangga kanthi kayakinan ingkang santosa, kita
sengker pangibadah punika ing salebeting pangaken:

S: **Pitulungan kawula punika\ pinangkanipun
saking Pangéran Yéhuwah,\ ingkang nitahaken
langit kaliyan bumi,\ sarta namung amargi
agenging katresnan-Ipun\ dhateng jagad punika,
Panjenenganipun\ maringaken Kang Putra
Ontang-anting,\ kanggé kawilujenganing jagad.**

PS: “Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama,
tuwin Gusti Yésus, wontena ing panjenengan (kita)
sadaya”

U: **Karahayon ugi kagama ing panjenengan.**

S: (Ngidungaken KPJ 464a Amin kaping tiga)
Amin, Amin, Amin.

ATUR PAMBUKA

(umat lenggah)

P/D1: Lelampahan salib punika lelampahan ingkang nyedhihaken sanget, kadosdéné satunggaling Anak dipun kèndelaken déning Raman-Ipun ngraosaken sangsara sarta dipunkawonaken déning jagad.

Lelampahan salib ngajak kita nggegesang lelampahan wekdal samangké kanggé manggihaken wangsulan tumrap pitakènan “Punapa leres Gusti Allah punika kawon sarta ngèndelaken bencana nguwaosi jagad? Utawi punapa Gusti Allah kagungan cara ing salebetipun nélakaken karsan-Ipun?”

Sumangga kita ngaturi pakurmat tuwin kaéraman kita menggah pangorbanan-Ipun kanthi sesarengan ngidungaken KPJ 270: 1, 2 “Sang Kristus Sinangsara.”

U: (Ngidungaken KPJ 270:1, 2 Sang Kristus Sinangsara)
KPJ 270. SANG KRISTUS SINANGSARA

Do=C 4/4

- 1) Sang Kristus sinangsara sinandhangan wirang
Ri kinarya makutha, pinoyok tyang kathah.
Rinangkèt lir durjana, cinampah siniya.
Dhuh Allah, punapaa tan ngéman kang Putra?
- 2) Wit aku uga Gusti ginitik winirang.
Ngagem makutha eri lan singep poyokan.
Wit aku gawé dosa, tinaton sliranya.
Sinungkawan ing driya lir tingalan nistha.

PANELANGSANING DOSA

(umat lenggah)

P/D2: Wonten ing Kitab Pangandharing Torèt dipun ngandikakaken makaten, “*Pangéran Yéhuwah piyambak kang bakal ngirid lakumu, Panjenengané piyambak kang bakal nunggil marang kowé, kowé ora bakal ditégakaké lan ora bakal ditilar, mulané aja wedi lan aja semplah.*” (Pangandharing Torèt 31:8)

U: **Ananging\ rohani kawula nglawan,\ “Dhuh Allah kawula,\ Allah kawula,\ punapaa déné kawula Paduka tégakaken?\ Kawula munjuk kalayan sora,\ nanging Paduka tetep tebih\ saha boten mitulungi kawula.\ Dhuh Allah kawula,\ ing wanci siyang kawula sesambat,\ nanging Paduka mboten paring wangsulan,\ ing wanci dalu makaten ugi,\ nanging kawula inggih mboten tentrem.”** (Jabur Masmur 22:1-2)

P/D2: Ing Jabur Masmur dipun prasetyakaken, *“15 Ing dina karubedan sira padha nyebuta marang Ingsun, nuli Ingsun bakal mitulungi sira lan sira bakal ngluhuraké Ingsun.”* (Jabur Masmur 50:15)

U: **Ananging\ telenging manah kawula mbokmenawi asring ngucap,\ “Kadospundi Paduka nguwalaken kawula\ sarta salajengipun kawula ngluhuraken Paduka,\ déné Paduka piyambak tanpa daya\ ngrembat salib Paduka?”**

S: Dhuh Gusti Allah, Paduka apunteni gumunggung, piangkuh, tuwin wangkaling manah kawula, ingkang ndamel kawula mboten kecongga ngemataken karsa Paduka.

P/D2: Sumangga ngidungaken KPK BMGJ 252:1,3
“Lelabetanipun Gusti”

252. LELABETANIPUN GUSTI

1) Kula rumaos kang trus ing batos

wit kula dosa Gusti sangsara

Reff.: Ooo kula tiyang kang kawlas asih

Amlas arsa dèn labeti Gusti dugèng séda.

3) Kula ngakeni kang trus ing ati,

wit kula ndlarung Gusti pinenthang,

Reff.:

PS: Kagem saben tiyang ingkang kanthi tulusing manah nelangsani dosanipun ing ngarsanipun Gusti Allah, Panjenenganipun mrasetyakaken peparing pangajeng-ajeng sarta babar pindhah timbalan kanggé gesang ing salebeting pepadhangipun Gusti Yésus kados ingkang kaserat ing 1 Yohanes 1:7 *“Nanging menawa urip kita padha ana ing sajroning pepadhang kayadéné Panjenengané iya ana ing pepadhang, dadi kita siji lan sijiné padha tetunggalan, sarta rahé Yésus, ingkang Putra iku, nucèkaké kita kabèh saka sakèhé dosa.”* Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

U: (Ngidungaken KPJ 78:1, 3 *“Tba Begjaku”*)

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reff.: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Reff.:

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

Pandongan paladosan Sabda

PS: (Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking Yésaya 52:13-53:12;
Mekaten Sabdanipun Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L2: (Maos Masmur tanggapan saking **Jabur Masmur 22**,
saged kawaos gentosan kaliyan umat)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking Ibrani 10:16-25;
Mekaten Sabdanipun Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking Injil Yohanes 18:1-19:42.
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu
inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken sarta
nggatosaken Pangandikanipun Allah. Hosiana!

U: (*Ngidungaken KPJ 468, Haléluya kagantos Hosiana*)
Hosiana.

Khotbah

PS: (*Ngladosaken khotbah kanthi jejer* “**Punapa
Kelampahan Gusti Allah sampun Kawon?**”)

Wekdal Ening**PANGAKEN PITADOS RASULI** (*umat jumeneng*)

P/D3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah, sumangga kita
ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken
Pangaken Iman Rasuli sesarengan.

PANDONGA SYAFAAT (*umat lenggah*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat, saged kapungkasan
kanthi Donga Rama Kawula*)

PISUNGSUNG (*umat lenggah*)

P/D4: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani tuwin dipun
berkahi Gusti, sumangga sami nglairaken raos sokur kita
dhumateng Gusti Allah awit saking sih tuwin
Pangurbanan-Ipun kanggé kita, kanthi ngèneti Masmur
107:1-3,

*“Padha saosa puji sokur marang Sang Yéhuwah,
awitdéné Panjenengané iku saé! Ujer sih-susetyané
iku langgeng ing salawasé. Mangkono pangucapé
para wong kang padha katebus déning Yéhuwah,*

*kang ditebus saka ing pangwasané kang gawé susah,
kang dikumpulaké saka ing nagara-nagara, saka ing
tanah wétan lan kulon, saka ing lor lan saka ing
kidul.”*

Sumangga sadèrèngipun kita ngaturaken pisungsung,
kita purwakani kanthi ngidungaken KPK BMGJ 163:1

163. PITOBAT

- 1) Biyèn nglirowakaké sabdaning Gusti
mung karepé dhéwe kang dituruti
samangkya mratobat nampi sih rahmat
migatosken tansah karsaning Allah
Reff: Mring Yésus Pamarta pasrah jiwa raga
sinung gesang yekti unggul sing pati.

--- (*Sasampunipun ngidungaken pada 1, kanthong pisungsung
kaidheraken, kairingan déning **lelagon musik tanpa
nyanyian**, ngantos rampungipun kanthong kaidheraken.
Sasampunipun kanthong rampung kaidheraken, pasamuwan
jumeneng sarta ngidungaken KPK BMGJ 163:2, kalajengaken
nedonga*) ---

- 2) Biyèn nggunggung dhiri mburu kadonyan,
tan nggapé mring Gusti nyingkur kaswargan,
mangkya anoraga ngendelken Gusti,
mempeng nggayuh swarga mbabar sih yekti,
Reff: Mring Yésus Pamarta pasrah jiwa raga
sinung gesang yekti unggul sing pati.

P/D4: (*Nuntun pandonga sokur*) (umat jumeneng)

PANGUTUSAN LAN BERKAH (umat jumeneng)

- PS: Sumangga kita ngènget-ènget bilih Gusti Yésus ingkang
tuhu setya nindakaken karsanipun Sang Rama ing
Swarga ngantos rila nandhang sangsara séda
ngurbanaken Dhiri kanggé kawilujengan kita.
- U: **Kawula badhé tansah ngraosaken pangurbana-
nipun Sang Kristus punika\ ing gesang kawula.**

PS: Sumangga kita nyuwun supados katresnanipun Sang Kristus tansah njenengi ing satengahing gesang kita ingkang kebak panandhang tuwin pakèwed punika.

U: **Sarta kawula badhé tansah andum kamulyaning salib punika!**

U: (*Ngidungaken KPJ275:1, 3 “Srana Mandeng ing Salib”*)
KPJ 275. SRANA MANDENG ING SALIB

Do=F 4/4

1) Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,
tinebus sagung dosanira.
Dé cempéning Allah kang sinalib ngrembat,
ngésahaken duraka kita.
Reff. : Swawi dèn pandeng!
Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

3) Swawi ngungsi mring Gusti, tyang dosa sagung,
dosa kita dèn unjukna.
Mesthi antuk apura, temah agesang;
mbok dèn tampi lan suka-rena.
Reff.:

PS: Mengkera kanthi tentrem-rahayunipun Sang Kristus, sarta tampènanan berkahipun Gusti Allah:
“Sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus lumantar Kasangsaran-Ipun ing kajeng salib. Katresnanipun Gusti Allah ingkang sampun kepareng ngutus Putranipun dhateng jagad punika, tuwin patunggilanipun Roh Suci ingkang ndamel para sadhèrèk kecongga gesang lan pejah sesarengan Panjenenganipun, nunggilana ing para sadhèrèk (kita) sadaya.”
Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 472 Haléluya Amin kagantos Hosiana Amin*)
Hosiana (5x), Amin (3x).

(WNMN-DEN)

BAHAN LITURGI**Setu Sepi***Setu, 3 April 2021*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

U: Umat

N: *Narator* utawi ingkang
kajibah maos andharan
cariyos.

**PANGAJENG-
AJENG ING
SALEBETING
SUNGKAWA**

**PACAWISAN**

- Papan pangibadah katata wangun makaten supados kawontenanipun saged ngetingalaken swasana dhuhkita. Menawi saged, pirantos musik ingkang dipun-ginakaken mujudaken pirantos musik *akustik* ingkang mboten mbetahaken listrik.
- Papan pangibadah saged dipun paringi cahya ingkang remeng-remeng; kanggé nyengkuyung kawontenan, saged ngginakaken lilin.
- Menawi wonten pawartos pasamuwan lésan, saged katindakaken sadèrèng utawi sasampunipun pangibadah.
- Waosan ingkang badhé kaginakaken ing liturgi wekdal punika namung Waosan Kapisan (Ayub 13:1-14) sarta Waosan Injil (Matius 27:57-66).
- Ing liturgi Setu Sepi punika tatanan pisungsung mboten dipun-lebetaken, menawi ing pasamuwan ngriki badhé dipun wonteni pisungsung. Pradataning Pasamuwan saged mrenahaken umat supados ngaturaken pisungsung sadèrèng utawi sasampunipun ibadah.
- Pandonga syafaat badhé dipun-unjukaken déning sawetawis sadhèrèk kanthi pokok pandonga ingkang saged kajumbuhaken kaliyan kabetahaning pasamuwan sapanggènan.

TIMBALAN NGIBADAH

(umat jumeneng)

P/D1: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, sumangga kita nyawisaken dhiri lumebet ing pangabekti Sebtu Sepi. Ing dinten Sebtu Sepi punika, kita ndhèrèk ngraosaken kawontenan mboten jenjem tuwin kasedhihanipun para pandhèrèkipun Gusti Yésus sasampunipun Panjenenganipun kasalib. Kanthi gegebenganing manah ingkang sarèh, kita nungkulaken dhiri ing ngarsanipun Gusti Allah. Kita nyenyuwun, supados Sang Kristus tetep madhang manah kita kanthi Sih-katresnan-Ipun, supados gesang kita mboten dipun-wengku déning pepeteng. Kita ngidungaken KPJ 37, kakidungaken kaping 6 rambahan.

KPJ 37. KAMULYAKNA, HÉ JIWAKU

(Kanon)

Do=G 4/4

Kamulyakna, hé jiwaku.

Mulyakna Gusti Allah Juruslametku.

Kamulyakna, kamulyakna; mulyakna Gusti, hé jiwaku

--- (Salebetipun umat ngidungaken KPJ 37, para palados pangibadah lumebet dhateng dalem pamujan)

VOTUM (Jabur Masmur 121:1-4; 1 Korintus 1:3)

PS: ¹Mripatku tumenga marang gunung-gunung; pitulunganku iku pinangkané saka ing ngendi?

U: ²**Pitulunganku iku \ pinangkané saka Sang Yéhuwah, \ kang nitahaké langit lan bumi.**

PS: ³Panjenengané ora bakal marengaké yèn sikilku gloyoran, kang ngreksa kowé ora bakal ngantuk.

U: ⁴**Sayektiné \ kang ngreksa umaté ora ngantuk \ lan ora saré.**

PS: ⁵Pangéran Yéhuwah iku kang ngreksa kowé, Pangéran Yéhuwah iku pangayomanmu ana ing tengenmu.

³Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saka Allah, Rama kita, lan saka Gusti Yésus Kristus, anaa ing kowé kabèh. (1 Korintus 1:3)

U: (Ngidungaken KPJ 464 Amin kaping tiga)

Amin, Amin, Amin.

AYUB 14:1-6

(umat lenggah)

N: (*Maos Ayub 14:1-6 kanthi terwaca*)¹Manungsa ingkang lair saking tiyang èstri, celak umuripun, tuwuk ing kasisahan,²mekar kadosdéné sekar lajeng alum, icalipun kados wewayangan, mboten saged lestantun.³Punapa inggih Paduka badhé karsa mirsani tiyang ingkang kados makaten punika saha badhé Paduka tarik dhateng ing pangadilan Paduka?⁴Punapa naté wonten tiyang resik katuwuhaken déning tiyang jember? Satunggal kémawon temtu mboten wonten!⁵Inkang punika sarèhning umuripun manungsa sampun kapesthèkaken watesipun, tuwin cacahing wulanipun sampun Paduka temtokaken, punapadéné wates-watesipun sampun Paduka tetepaken, satemah mboten saged kalangkahan,⁶mila Paduka mugi karsa nilar méngo, supados piyambakipun saged aso, satemah saged ngraosaken nikmating dintenipun kados tiyang berah.U: (*Ngidungaken KPJ 36, kakidungaken kaping 4 rambahan*)

KPJ 36. GUSTI KANG MAWELAS

Do=E 3/4

Gusti Kang Ma'welas, mugi angèngeti kula;

Gusti Kang Ma'asih, mugi amelasi kula.

AYUB 14:7-14

(umat lenggah)

N: (*Maos Ayub 14:7-14 kanthi terwaca*)⁷Amargi tumraping wit-witan taksih wonten pangajeng-ajengipun; manawi kategor, medal trubusipun malih, ingkang nunten gesang ing salajengipun.⁸Sanadyan oyodipun dados sepuh wonten ing salebeting siti, sarta tunggakipun ngantos pejah dumunung ing lebu,⁹éwasemanten angger mambet toya, mesthi semi sarta medal pangipun ingkang dados taneman énggal.¹⁰Nanging manawi tiyang nemahi pejah sampun mboten gadhah daya kakiyatan malih; manungsa manawi sampun pejah, tiyang wau lajeng wonten ing pundi?

¹¹Kadosdéné toyanipun tlaga ingkang nguwab tuwin lèpèn ingkang asat saha pejah,

¹²makaten ugi manungsa inggih ambruk, saha mboten tangi malih, ngantos dumugi sirnanipun langit sami mboten tangi utawi ginugah anggènipun tilem.

¹³Iba begja kawula saupami Paduka karsa ngumpetaken kawula wonten ing teleng palimengan; manawi Paduka karsa ngaling-alingi kawula ngantos sasirepipun bebendu Paduka sarta saupami Paduka karsa paring wangenan lajeng Paduka ènet dhumateng kawula!

¹⁴Manungsa manawi sampun pejah, punapa saged gesang malih? Manawi makaten kawula gadhah pangajeng-ajeng salaminipun kawula nglampahi kangèlan, ngantos dumugi ing giliran kawula.

U: (*Ngidungaken KPJ 36, kakidungaken kaping 4 rambahan*)
KPJ 36. GUSTI KANG MAWELAS

Do=E 3/4

Gusti Kang Mawelas, mugi angèneti kula;
Gusti Kang Maasih, mugi amelasi kula.

PALADOSAN PANGANDIKA

(umat lenggah)

Pandongan Paladosan Sabda

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

Pamaosing Kitab Suci

PS: **Matius 27:57-66** mratélakaken makaten,

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken sarta nggatosaken Pangandikanipun Allah. Hosiana!

U: (*Ngidungaken KPJ 468 Haléluya kagantos Hosiana*)
Hosiana.

Khotbah

PS: (*Ngladosaken khotbah kanthi jejer “Pangajeng-ajeng ing salebeting Sungkawa”*)

Wekdal Ening

PANDONGA SYAFAAT

(umat lenggah)

PS: Dhuh Rama, Putra, tuwin Roh Suci, kawula sowan ing salebeting karingkahan kawula minangka manungsa. Kawula sowan nyuwun sih-kawelasan sarta patuwèn Paduka. Piyarsakna pasambat kawula, ing Sang Kristus kawula ndedonga

U: Piyarsakna panyuwunan kawula, dhuh Gusti.

N: Kawula ndedonga nyuwun pitulungan tumrap sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang saweg nandhang sakit, ringkih badanipun, utawi ingkang saweg kapulihaken. Kawula ndedonga kagem (*menawi kecongghah, saged kawaosaken asma-asmaning warga pasamuwan ingkang ringkih badanipun*)

Ing Sang Kristus kawula nyenyuwun

U: Piyarsakna panyuwunan kawula, dhuh Gusti.

P/D2: Kawula ndedonga nyuwun patuwèn Paduka kanggé pasamuwan Paduka ing ngriki. Kawula ndedonga kanggé para palados Paduka (*saged kawaos asmanipun pandhita ingkang lelados ing pasamuwan ngriki*). Kawula ndedonga kanggé para pinisepuh, dhiaken, para sadhèrèk ingkang kajibah ngurusi komisi, punapa déné simpatisan. Paduka wulang kawula kanggé tansah samidéne nyengkuyung tuwin ngiyataken. Sageda manunggil tumapaking suku kawula ngluhuraken Asma Paduka lumantar pasamuwan ing ngriki.

Ing Sang Kristus kawula nyenyuwun

U: Piyarsakna panyuwunan kawula, dhuh Gusti.

Pdt: Kawula ndedonga nyuwun sih-kawelasan Paduka kanggé jagat punika, langkung-langkung negari kawula Indonesia. Kawula mbetahaken Paduka kersaa mulihaken negari kawula. Bumi kawula saweg sesambat, wonten sawetawis kathah kasangsaran, kasisahan, tumindak mboten adil tuwin rodapeksa. Kawula nyuwun patuwèn Paduka kanggé para pemimpining negari kawula, ugi kanggé kawula minangka warganing negari. Keparenga Paduka ngagem kawula dhuh Allah, supados lumantar tangan-tangan kawula ingkang alit punika, Indonesia sarta jagat raya saged saya ngraosaken angeting sih-katresnan Paduka.

Piyarsakna pasambat kawula dhuh Gusti, amargi kawula ndedonga ing Asmanipun Sang Kristus ingkang sampun paring piwulang ndedonga makaten,

U: (Sesarengan ngucapaken **Donga Rama Kawula**)

Nyanyian Pangutusan (umat jumeneng)

U: (Ngidungaken KPJ 38, kakidungaken kaping 4 rambahan)

KPJ 38. PUJI MRING GUSTI

Do=C 4/4

Puji mring Gusti kathi trusing ati
Puji mring Gusti kang paring basuki

PANGUTUSAN (umat jumeneng)

PS: Mengkera kanthi pangajeng-ajeng dhateng prasetyanipun Gusti Allah. Panjenenganipun tansah makarya sinaosa ing salebedipun kawontenaning gesang ingkang awrat. Gesanga kanthi santosa tuwin ngèstokna timbalanipun Gusti Allah kanthi tumemen.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

BERKAH (umat jumeneng)

PS: Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé (kita), lan ngayomana kowé (kita);
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé (kita), lan maringana sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé (kita), lan maringana tentrem rahayu.
Amin.

U: (Ngidungaken KPJ 472 Haléluya Amin kagantos Hosiana Amin)

Hosiana (5x), Amin (3x).

[YAN-DEN]



BAHAN LITURGI Minggu Paska Subuh

Minggu, 4 April 2021

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

U: Umat

L: Lèktor

S: Sadaya

PP: Panuntun pepujian

N: *Narator* utawi ingkang
kajibah maos andharan
cariyos

DADOS MANUNGSA PASKA



PACAWISAN

- Wekdal ening.
- Sadèrèngipun ibadah kawiwitan, ingkang kajibah ngungelaken orgen saged wiwit ngungelaken lelagon gréja ingkang gegayutan kaliyan Paska.
- Loncèng kapisan kaungelaken (Para palados ibadah ndedonga ing konsistori)
- Pawartos Pasamuwan
- Loncèng kaping kalih kaungelaken minangka tenger ibadah kawiwitan.
- Arak-arakan lilin.

Lampu surem sorotipun, kairingan déning lelagon musik tanpa nyanyian (instrumentalia).....

(Suwanten gumleger kapireng ing sacelakipun pasaréanipun Gusti Yésus para prajurit ingkang njagi pasaréan sami gumeter amargi ngraosaken geteran nggegiri..... para prajurit sami ajrih sarta samidéne gineman tiyang satunggal kaliyan sanèsipun. Dumadakan séla ageng ingkang kanggé nutup pasaréan lajeng mingsed..... njalari pasaréan tinarbuka..... para prajurit sami mlajeng nggenjrit

*milujengaken gesangipun..... ing wekdal
salajengipun.....*

*(Menawi badhé mitontonaken video ingkang saèmper kaliyan
“narasi” punika, saged mirsani ing:*

https://www.youtube.com/watch?v=kPfC9kSPP_Q

*(Lampu surem sorotipun), iringan lelagon musik tanpa
nyanyian..... wiwit ening...*

(Narator:)

Saking katebihan..... Maria Magdaléna kaliyan tiyang-tiyang èstri sawetawis..... gegancangan dhateng pasaréan kanthi sedy badhé njebadi layonipun Gusti Yésus mawi rempah-rempah wangi..... ananging nalika kèndel wonten ing sangajenging pasaréan..... tiyang-tiyang èstri punika njegreg kamitenggengen... sedhih... kuwur..... Maria kepéngin mlebet dhateng pasaréan ananging mangu-mangu.....

Wasana Maria mlajeng nilaraken pasaréan punika sarta martosaken kedadosan punika dhateng murid-murid sanèsipun bilih pasaréanipun Gusti Yésus suwung. Simon Pétrus sarta murid-murid sanèsipun gegancangan dhateng pasaréanipun Gusti Yésus. Simon sakancanipun mirsani pasaréan suwung..... ing satengahing kawontenan awang-awangen sarta kasisahan, Simon sakancanipun katuntun kanggé pitados malih dhateng punapa ingkang naté dipun-ngendikakaken Gusti Yésus, ananging..... Nalika murid-murid sami késah..... Maria taksih dheleg-dheleg ing ngajeng pasaréan kalayan nangis..... Maria ngiyataken manahipun tuwin mbudidaya ngungkap pasaréan punika..... Maria dèrèng mangertos punapa maknanipun lelampahan punika..... Sinaosa makaten, wungunipun Gusti Yésus mujudaken lelampahan nyata ingkang mboten saget dipun-padoni..... Nalika wusananipun Maria ngucap, “Aku wus ndeleng Gusti!” piyambakipun ngalami éwah-éwahaning gesang. Piyambakipun dados manungsa Paska. Manungsa ingkang gadhah pangajeng-ajeng amargi Gusti Yésus èstu-èstu wungu saking séda.....

PP: (Ngidungaken KPJ 253:1 “Gusti Kang Sumaré”)
 KPJ 253. GUSTI KANG SUMARÉ

Do=A 4/4

- 1) Gusti kang sumaré ing kubur sepi.
 ngrantos pajar adi kang madhang.
 Reff. : Sakala Gusti wungu,
 atemahan Iblis keplayu.
 Alaming pati wus kaasoraké,
 Gusti wungu ngasta panguwaosé.
 Wus menang! Wus menang!
 Gusti wungu! Wus menang.

(Lampu dipun urubaken malih)

TIMBALAN IBADAH (umat jumeneng)

P/D1: Pepeteng sami kaliyan kawontenan sirna, ngajal sami kaliyan pratandha pungkasaning gesang. Ananging nalika Gusti Yésus wungu saking séda, ingkang mboten wonten dados wonten. Wonten pangajeng-ajeng énggal, wonten pangertosan énggal, wonten grengseng énggal kanggé mahargya kawilujengan ingkang kaparingaken déning Gusti Allah. Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga sesarengan kita pahargya wungunipun Gusti Yésus Kristus Gusti kita. Pasamuwan kanthi jumeneng ngidungaken KPJ 253:2-3 “Gusti Kang Sumaré”.

KPJ 253. GUSTI KANG SUMARÉ

Do=A 4/4

- 2) Yekti tanpa guna kubur jinaga,
 sarta tanpa guna tutup séla.
 Reff.: Sakala Gusti wungu, atemahan Iblis keplayu.
 Alaming pati wus kaasoraké,
 Gusti wungu ngasta panguwaosé.
 Wus menang! Wus menang!
 Gusti wungu! Wus menang.
- 3) Iblis dalah pati wus tanpa daya,
 nahan mring Gustiku, tetep nglaha.
 Reff.: ...

VOTUM LAN SALAM

(umat jumeneng)

PS: Gusti Yésus wungu saking séda! Panguwaos-Ipun Gusti unggul saking pangwaosipun pati. Panjenenganipun maringi panguwaos dhateng kita, supados kita sembada gesang ing salebetipun kaleresan sarta ing salebeting karsan-Ipun kanggé ing salami-laminipun.

U: **Gusti Yésus wungu saking séda, \ Gusti Yésus Gesang milujengaken kita.**

PS: Mugi panguwaos tuwin kamirahan saking Allah Rama, Putra, Roh Suci, ngayomi gesang panjenengan (kita) samangké ngantos dumugi salami-laminipun.

U: **Ngayomi panjenengan ugi.**

S: (Ngidungaken: 5 3 4 5 6 5 4 5 . .)

A min

PAMBUKA

(umat lenggah)

PS: Roma 6: 8-11 nyerat mekaten: “Dadi menawa kita wis padha ndhèrèk mati karo Kristus kita padha ngandel yèn iya bakal padha urip karo Panjenengané. Amarga kita padha mangerti, yèn Kristus sawisé kawungokaké saka ing antarané wong mati, ora séda manèh: Pati wis ora ngwasani Panjenengané manèh. Awit sédané iku, séda tumrapping dosa, mung sapisan kanggo salawasé; lan gesangé iku gesang lumados marang Allah. Samono uga anggonmu mawas iya mangkénéa: Kowé wis padha mati tumrapping dosa, nanging kowé padha urip lumados marang Allah ana ing Kristus Yésus.”

U: (Ngidungaken KPJ 258:1-2 “Gusti Yésus Wus Wungu”)

KPJ 258. GUSTI YÉSUM WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
 Bumi swarga agirang! Haléluya
 Samnya memuji sokur! Haléluya!
 Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
- 2) Katresnané sampurna! Haléluya!
 Kamenangané nyata! Haléluya!
 Sunaring surya padhang! Haléluya!
 Tinampi kanthi girang! Haléluya!

PANGAKENING DOSA*(umat lenggah)*

P/D1: “Awit padha kaya Sang Rama anggoné nangèkaké lan nguripaké wong kang padha mati, mangkono uga Sang Putra iya nguripaké saben wong kang dikarsakaké. Sang Rama ora ngadili sapa baé, nanging wus masrahaké pangadilan iku marang Sang Putra, supaya wong kabèh padha ngurmati marang Sang Putra kayadéné anggoné ngurmati Sang Rama. Sapa kang ora ngurmati marang Sang Putra, iku uga ora ngurmati marang Sang Rama kang ngutus Panjenengané.” (Yohanes 5:21-23)

Para sadhèrèk ingkang kinasih, kita kedahipun nampèni pati langgeng amargi dosa lan panerak kita, ananging amargi saking séda tuwin wungunipun Sang Kristus, kita sami nampèni gesang. Kita dipun-éwahi dados manungsa Paska. Manungsa ingkang tinimbangan nélakaken katresnan tuwin pakurmatan tumrap gesang. Mila menawi kita dèrèng kecongghah ngurmati ingkang sampun katindakaken déning Gusti Yésus Kristus ing salebeting tumindak kita, wekdal samangké sumangga kita sesarengan nélakaken pangakening dosa pribadi

--- *wekdal ening kanggé ndedonga priibadi* ---

P/D1: Dhuh Allah, punika pangaken kawula, mugi Paduka ngapunteni sadaya panerak sarta dosa kawula. Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus kawula ndedonga. Amin.

U: *(Ngidungaken KPJ 279:1, 3 “Yèn Mandeng Salibing Gusti”)*

KPJ 279. YÈN MANDENG SALIBING GUSTI

Do=D 3/4

- 1) Yèn mandeng salibing Gusti, pucaking kasangsarané, sagung dosa dak getuni, wit sampurna lelabeté.
- 3) Gusti séda, nebus dosa, nglabeti tiyang sadonya; sèstu nggih tumrap kawula ngraosaken sih Paduka.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(umat jumeneng)*

PS: Kanggé sadaya tiyang ingkang èstu-èstu mratobat, Gusti Allah nélakaken sih-rahmat-Ipun:

“³Pinujia Allah Ramané Gusti kita Yésus Kristus, kang marga saka gunging sih-palimirmané wis nglairaké kita manèh lantaran wunguné Yésus Kristus saka ing antarané wong mati, tumuju marang urip kang kebak pangarep-arep” (1 Pétrus 1:3).

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- *(Umat samidéné ngaturaken salam “namasté”, kalayan ngucap “Gusti sampun wungu maringi pangajeng-ajeng dhateng kita!”)* ---

U: *(Ngidungaken KPJ 252:1, 3 “Gusti Gesang Malih”)*

KPJ 252. GUSTI GESANG MALIH

Do=Bes 4/4

- 1) Gusti agesang malih sampun ngawonaken pati.
Gusti wungu, kula nggih sestu sami badhé tangi.
Sinung gesang kang mulya, yéku panglipur kula.

- 3) Gusti wungu, hé kanca, sampun uwas-uwas malih.
Gusti dados Pantawis kang gesang, karsa anggalih
ing kaapesan kula, yéku panglipur kula.

PALADOSAN SABDA *(umat lenggah)***Pandongan paladosan Sabda**

PS: *(Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci)*

Pamaosing Sabda**Waosan Kapisan**

L1: Waosan kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 10: 34-43**,
Makaten sabdanipun Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti Allah punika kanthi maos **Masmur 118:1-2, 14-24** (*saget kawaos gentosan kaliyan umat, ugi saget dipun kidungaken*)

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Korintus 15:1-11**.

Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Pamaosing Injil

PS: Waosan Injil saking **Injil Yohanes 20:1-18**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken sarta nggatosaken Pangandikanipun Allah. Haléluya!

U: (*Ngidungaken KPJ 468*)

Haléluya.

Khotbah

PS: (*Ngladosaken khotbah kanthi jejer “**Dados Manungsa Paska**”*)

Wekdal ening

PANGAKEN PITADOS RASULI (*umat jumeneng*)

P/D1: Kanthi jumeneng, sumangga kita ngékraraken Pangaken Pitados kita kanthi ngidungaken KPJ 122 “Kula Pitados”

KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.

Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,
Gusti Pamarta kula.

2) Kang sampun kabobotaken sing kwanané Roh Suci;
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit

kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupati:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka

- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

PANDONGA SYAFAAT

(umat lenggah)

PS: *(Nuntun pandonga syafaat, dipun-pungkasi kanthi
Donga Rama Kawula)*

PISUNGSUNG

(umat lenggah)

P/D2: 'Gusti Yésus banjur ngandika, "Aku pitutur marang kowé:
Satemené kang dipisungsungkaké randha miskin iku luwih
akèh katimbang wong kabèh iku. Amarga wong-wong
kabèh iku ngaturaké pisungsung saka kasugihané, nanging
randha iki ngaturaké saka ing kamiskinané, malah
nyaosaké sakèhing darbèké kang kanggo uripé.'" (Lukas
21:3-4)

U: *(Ngidungaken KPJ 157:1-3 "Caosna Pisungsungmu")*

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNG MU

Do=F 2/4

- 1) Caosana pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.
Reff.:
Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar. *Reff.:...*

- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.
Reff.:

Pandongang Pisungsung (umat jumeneng)
P/D2: (Nuntun ngonjukaken pandonga pisungsung)

PANGUTUSAN (umat jumeneng)

PS: Gusti Yésus ingkang sampun wungu saking séda, tuwin
awit saking panguwaosing wungun-Ipun Gusti Yésus, kita
kakiyataken tuwin kasagedaken dados Manungsa Paska.
Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah!

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U: **Kawula samekta dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

U: (Ngidungaken KPJ 267:1, 4 “Pamarta Kula Agesang”)

KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 1) Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang
kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula
wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.

Reff.:

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

- 4) Gusti Pamarta kang gesang nimbali marek salir tyang,
kinèn tobat samya. Daton wonten gesang malih,
namung déning kang sinalib kang agesang mulya.
Reff.:

BERKAH

(umat jumeneng)

PS: “3 Pinujia Allah Ramané Gusti kita Yésus Kristus, kang marga saka gunging sih-palimirmané wis nglairaké kita manèh lantaran wunguné Yésus Kristus saka ing antarané wong mati, tumuju marang urip kang kebak pangarep-arep 4 supaya kita padha nampa warisan kang ora bisa sirna, ora cacad sarta ora bisa alum, kang kasimpen ana ing swarga kanggo kowé kabèh.” (1 Pétrus 1:3-4) Amin.

U: **Haléluya 5x, Amin 3x**

do = d 4 ketuk

1 . 2 3 5 | 6 . 7 i 7' | i . 7 6 5 |
 Ha - le - lu - ya, ha - le - lu - ya, ha - le - lu - ya,
 5 . 1 2 3 4 | 3 . 5 i 5' | 6 . 5 . | 4 . 3 . | 2 . 1 . ||
 ha - le - lu - ya, ha - le - lu - ya! A - min, a - min, a - min!

[IAS-DEN]



BAHAN LITURGI Minggu Paska Sonten

Minggu, 04 April 2021

Katrangan:

- PS: Pelados Sabda
 Lt: *Liturgos* (pelados liturgi)
 U: Umat
 U1-3: Umat ingkang kajibah
 maos lèksionari Kitab
 Suci; Sadhèrèk punika
 prayogi kacawisaken
 sadèrèngipun ibadah
 kawiwitan.
 U4-6: Umat ingkang kajibah
 ngonjukaken pandonga
 syafaat; Sadhèrèk punika
 prayogi kacawisaken
 sadèrèngipun ibadah
 kawiwitan.
 S: Sadaya ingkang rawuh
 minangka pelados
 pakempalan ibadah
 online.

**GUSTI ALLAH
 NANGÈKAKEN
 PANGÉLING-
 ÉLING AMBA**



TIMBALAN IBADAH

(umat lenggah)

- Lt: Wilujeng sonten Bapak/Ibu/Sadhèrèk! Kita sami caos sokur, bilih Gusti Allah sampun maringi kita mawarni-warni wewengan tuwin médhia (piranti srawung) kanggé tetep caket kaliyan Panjenengan-Ipun, salah satunggalipun lumantar *media online* (piranti srawung lumantar *internet*) punika. Kita tetep saged ngraosaken katresnan sarta panganthinipun Gusti Allah ing salebeting gesang kita. Sumangga kita unjal ambegan sekedhap, kita ngènget-ènget malih sadaya kasaénan tuwin katresnan-Ipun Gusti Allah ingkang kita raosaken. Pepindhanipun,

wanci siang ingkang éndah sarta aruming sekar mawar,
makaten punika katresnan-Ipun Gusti Allah ing gesang
kita.

S: (Ngidungaken KPJ 258:1, 2 “Gusti Yésus Wus Wungu”)
KPJ 258. GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

Do=Bes 4/4

1) Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!
Bumi swarga agirang! Haléluya
Samnya memuji sokur! Haléluya!
Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!

2) Katresnané sampurna! Haléluya!
Kamenangané nyata! Haléluya!
Sunaring surya padhang! Haléluya!
Tinampi kanthi girang! Haléluya!

VOTUM & SALAM

(umat jumeneng)

Lt: Kita pitados bilih ibadah Paska punika kepareng
lumampah karana sihipun Gusti Allah. Sadaya ingkang
ngamini prakawis punika, kawula aturi ngangkat asta. Para
sadhèrèk ugi saget ngangkat asta ing ngajengipun piranti
kanggé motrèt utawi nyerat punapa ingkang karaosaken
wonten ing pérangan/papan ingkang kacawisaken.

Sumangga kita aturaken simbul manah () dhumateng
saben tiyang ingkang pinarak ing sacelak kita, ugi kagem
para sadhèrèk sanèsipun ingkang saweg nggamblok
tetunggilan wonten ing pakempalan *online* punika.
Sumangga kita tedahaken simbul wau wonten ing piranti
motrèt kita, supados sadhèrèk-sadhèrèk kita pirsá bilih
kita punika pakempalanipun tiyang ingkang samidéne
nresnani. Haléluya!

PANGAKEN DOSA

(umat lenggah)

Lt: Wonten ing gesang punika kita nyipati kathah caranipun
Gusti Allah nresnani kita, lumantar jagad-rayá titahipun
Gusti Allah, ugi lumantar wontenipun sadhèrèk tunggil
kapitadosan, malah lumantar wontenipun tiyang sanès

ingkang kita panggihi. Ananging asring sanget kita ngrèmèhaken katresnan ingkang dipuntedahaken Gusti Allah dhateng kita. Kita gampil ngandika, “Gusti Allah adoh saka kita, Gusti Allah ora ana ing antara kita”.

Awit saking punika, sumangga kita mendhet wekdal ening sekedhap sarta nyuwun pangapunten dhumateng Gusti tumrap saben pamanggih awon utawi négatip ingkang naté ngetingal ing pangangen-angen kita. Sumangga kita ndedonga: “Dhuh Allah, kawula mugi Paduka apunten menawi kawula kumingsun, ingkang asring ndadosaken kawula mboten ngrumaosi rawuh Paduka ing gesang kawula. Paduka kersaa ngapunten kawula menawi rendheting manah kawula damel kawula wurung ningali Gusti Yésus ingkang Wungu saking séda, ingkang rawuh kanggé kawula. Paduka apuntenana dhuh Gusti. Paduka kersaa maringi kawula manah andhap-asor kanggé tetep ngrumaosi bilih kawula mbetahaken Paduka dhuh Allah. Keparenga paduka tetunggilan sesarengan kawula, dhuh Allah. Amin.”

PAWARTOS SIH RAHMAT

(umat jumeneng)

Lt: Mugi-mugi sih-susetyanipun Gusti Allah tansah dumunung ing gesang kita kadosdéné Sabdanipun Gusti Allah ing Yésaya 54: 10,

“Sabab sanadyan gunung-gunung padha ngalih lan tengger-tengger padha gonjing, nanging sih-susetyaningSun ora bakal ngalih saka ing sira tuwin prajanjian-karukunan peparingingSun ora bakal owah gingsir, mangkono pangandikané Pangéran Yéhuwah, kang paring sih-palimirma marang sira.”

S: (Ngidungaken KPJ 74:1, 3 „Gusti Mugi Nunggila”)

74. GUSTI MUGI NUNGGILA

Do=F 4/4

- 1) Gusti mugi nunggila mring kula.
Yèn ta kesaput peteng ing ratri,
namung Paduka kang mitulungi.
Sumangga, Gusti nunggil mring kula.

- 3) Saèstu Gusti dados peparang,
 pikekah jroning gung karibedan,
 tamèng prahara anèng samodra;
 wit Gusti tansah nunggil mring kula.

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

Pandongan paladosan Sabda

PS: (*Nuntun pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci*)

Waosan Kapisan

U1: Bacaan pertama dari **Yesaya 25: 6 -9**
 Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

Masmur Tanggapan

U2: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan wau kanthi
 mirengaken pamaosing **Kitab Jabur Masmur 114.**

Waosan Kaping Kalih

U3: Waosan kaping kalih saking **1 Korintus 5:6-8.**
 Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Injil Lukas 24: 13 -49**
 Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu
 inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken sarta
 nggatosaken Pangandikanipun Allah. Haléluya!

U: (*Ngidungaken KPJ 468*)
Haléluya.

Khotbah

PS: (*Ngladosaken khotbah kanthi jejer “Gusti Allah
 Nangèkaken Pangéling-éling Amba”*)

Wekdal Ening

PANDONGA SYAFAAT

Pandongan Syafaat

(*Katindakaken déning U4, U5, U6, katutup kanthi pandonga-nipun PS*)

Pokok-pokok Pandonga Syafaat:

1. Nyuwun supados umat tansah kaparingan kawicaksanan kanggé njagi keséhatanipun piyambak punapadéné keséhatanipun sesami (*dèning U4*).
2. Nyuwun supados kawontenan ekonomining bangsa Indonesia kapulihaken (*dèning U5*).
3. Nyuwun supados Gusti Allah tansah paring kakiyatan tumrap ingkang sami nandhang sakit; pitulungan tumrap ingkang saweg ginubel déning pakèweting gesang (*dèning U6*).
4. Pandonga kagem bangsa lan negari, kalajengaken panutup (*dèning PS*).

PISUNGSUNG

(umat lenggah)

Lt: Gusti Allah paring Sabda wonten ing Roma 10:9 makaten, “Sabab, menawa sarana cangkemmu kowé ngakoni yèn Yésus iku Gusti, lan atimu ngandel menawa Allah wus mungokaké Panjenengané saka ing antarané wong mati, kowé bakal kaslametaké.”

Puji sokur dhumateng Gusti Allah, awit Panjenenganipun maringi kawilujengan lumantar pangurbananipun Gusti Yésus Kristus. Samangké sumangga wewujudaning caos sokur sarta pasrahing gesang kita dhumateng Gusti Allah, kita télakaken wonten ing atur pisungsung.

S: (*Ngidungaken KPJ 267:1, 2 “Pamarta Kula Agesang”*)
KPJ 267. PAMARTA KULA AGESANG

Do=Bes 4/4

- 1) Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang kang sinalib gesang. Dènnya séda krana kula wunguné dados panjernya, kula ndhèrèk gesang.
Reff.: Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.
- 2) Gesang, Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula, mila kula puji Saiba dènnya ngasihi kula ngantos dèn paring gesang langgeng ugi. *Reff.*: ...

Lt: *(Ngaturi umat sami jumeneng, sarta nuntun pandonga pisungsung)*

PANGUTUSAN *(umat jumeneng)*

Lt: Gusti Yésus punika Gusti Allah ingkang tansah njenengi ing satengahing gesang kita. Tanpa Katresnan-Ipun, kita mboten saget unggul sesarengan kaliyan Panjenenganipun ingkang unggul menggahing pati. Katresnan-Ipun Gusti Yésus ingkang semanten agengipun, ngungkuli sadaya dosa kita, ngungkuli sadaya cubluking gesang kita. Namung Katresnan-Ipun Gusti ingkang sumanggem damel pulhipun sarta maringi gesang anyar kanggé kita. Amin!

Kidunging Pangutusan

S: *(Ngidungaken KPJ 427:1, 2 “Begja Sejati”)*

KPJ 427. BEGJA SEJATI

Do=d 6/8

1) Begja sejati, ngabdi mring Gusti,
yéku gesang kang pangaji.
Dadya lantaran mrih karukunan,
katentreman kelampahan
Reff.: Mung Sang Kristus yéku Gusti,
Panebus kula sejati
Gesang kawula, kagem asmanya
nggih martosken sih rahmatnya

2) Begja sanyata, gesang nèng donya,
lelados mring Sang Pamarta.
Dipun bélani, sabar ing kardi,
temah kalis ing bilahi.
Reff.:

Pangutusan *(umat jumeneng)*

PS: Mengkera kanthi sukarena amargi Panjenenganipun ingkang sampun wungu saking séda mboten badhé nilar kita. Panjenenganipun punika Allah ingkang tansah rawuh sesarengan kalayan kita, sinaosa kita dèrèng saget ningali katresnanipun. Panjenenganipun tansah wonten ing

salebeting kabingahan punapadéné kasisahan kita, malah ugi wonten ing cubluki budi kita.

BERKAH

(umat jumeneng)

PS: Gusti Yésus Kristus ingkang wungu saking séda, tansah maringi kanugrahan sarta katresnan-Ipun Gusti Allah dhateng kita, kinanthéan tentrem-rahayunipun Allah Rama sarta panguwaosing panuntunipun Roh Suci, samangké dumugi ing pungkasaning jaman. Amin.

S: (Ngidungaken KPJ 472 “Haléluya! Amin”)

Haléluya! (5x) Amin (3x)

--- Ngaso 5 sekon ---

Lt: Pakempalan ibadah *online* kita sampun parna, supados kabingahaning kaunggulan tansah nyembadani kita tansah unggul menggahing sadaya pakèweting gesang. Wilujeng Paska! Salam karahayon, Salam kasarasan!

--- Host (ingkang gadhah griya *online*) mungkasi **giyaran pakempalan ibadah online** ---

[GD-DEN]



PANYURAOS KITAB SUCI INTERGENERASIONAL

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL**

*Ngraosaken Sangsaranipun
Gusti Yésus*

Waosan:

Markus 14:32-36

**TERUS MAJENG
SANADYAN
GETER**

☪☪☪

*Panyuraos Kitab Suci saged dipun-wiwiti kanthi ngidungaken
KPJ 254:1, 2 “Gusti Nèng Taman Gètsémané”.*

Purwaka

mBoten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang mboten naté ajrih tuwin geter. Malah Gusti Yésus piyambak naté ajrih sarta geter. Prakawis punika kacathet ing Injil Markus, nalika Gusti Yésus wonten ing Taman Gètsémani. Pengalaman ajrih lan geter asring ndadosaken tiyang pasrah. Amargi ajrih lan geter, kathah perjuanganipun manungsa ingkang wekasanipun kandheg. Amargi ajrih lan geter ugi, asring njalari manungsa milih mundur saking perjuangan punika. Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika, kita dipun-ajak sinau saking pengalaman ajrih tuwin geter ingkang dipun-alami Gusti Yésus, supados kita tetep saged majeng tuwin nglampahi gesang sanadyan geter. Wonten lagu perjuangan ingkang jejeripun *"Maju Tak Gentar"*. Ananging wonten ing pengalaman nyata, tetep majeng sanadyan wonten raos geter mboten dados punapa-punapa. Ingkang wigatos, raos ajrih tuwin geter sampun ngantos ngawonaken kita. Raos geter mboten kedah dipun-sélaki ananging kedah karengkuh minangka péranganing perjuanganing gesang kita.

Andum pengalaman ajrih lan geter

- Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci nuntun lampahing andum pengalaman saking ingkang sami dhèrèk ing Panyuraos Kitab Suci punika: sesulhipun para laré, kanéman,

tiyang diwasa/para kasepuhan, tuwin adiyuswa. Andum pengalaman ajrih tuwin geter katindakaken kanggé manggihaken raos-pangraos tuwin pengalamaning batosipun ingkang sami dhèrèk ing Panyuraos Kitab Suci punika nalika ngadhepi kawontenan ajrih.

- Saged katuntun kanthi pitakènan: “Sumangga kita sami ngènget-ènget pengalamaning gesang kita piyambak-piyambak. Kula aturi nyebataken utawi nyariyosaken salah satunggaling pengalaman ingkang ing wekdal sapunika ndamel panjenengan ajrih tuwin geter sanget! Kadospundi panjenengan ngadhepi raos ajrih punika?”
- Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci punika saged maringi andharan/bundhelan saking asiling andum pengalaman.

Maos Injil Markus 14:32-36

(Nyuwun salah satunggaling laré utawi sesulihing kanéman supados maos péranganing Sabdanipun Gusti kasebat.)

Ngandharaken waosan Markus 14:32-36

Cariyos ing waosan Sabda kasebat nggambaraken kadospundi Gusti Yésus lumebet ing salah satunggaling tataran ingkang angèl/ngrekaos piyambak wonten ing Sugeng-Ipun. Gusti Yésus ngalami jibeg ngajengaken Sedan-Ipun. Markus 14:33 nyebataken tembung: **ajrih** sanget lan **gumeter** ingkang nélakaken kawontenaning batosipun Gusti Yésus. Wonten ing pertal Basa Jawi (edhisi 2006) kasebataken “Yesus wiwit kraos sungkawa banget sarta giris ing galih.” Tembung **ajrih** dipun-pertal saking tembung basa Yunani *ekthambeo* ingkang werdinipun eram sanget, gumun utawi kagèt. Wondéné tembung **gumeter** dipun-pertal saking tembung *ademoneo* ingkang werdinipun kapetek, ajrih tuwin sungkawa. Ketingalipun tembung kalih kasebat kaginakaken déning Injil Markus kanggé nggambaraken bilih raos ajrih tuwin raos kuwatos ingkang dipun-alami Gusti Yésus sanès pengalaman ingkang limrah ananging raos-pangraos ingkang lebet sanget. Katambah malih ing ayat 34 Gusti Yésus ngandika, “Atiku sedhih banget, nganti kaya arep mati.....”. Saèstu gegambaran ingkang cetha lan lebet menggah raos ajrih tuwin kasedhihan ingkang nggegirisi.

Kita mangertos bilih ing satengahipun raos Geter-Ipun, wekasanipun Gusti Yésus sumarah dhumateng karsanipun Sang Rama. Panjenenganipun mboten milih ngrumiyinaken égo utawi pepénginanipun piyambak, ananging langkung prayogi nyingkiraken Pepénginan-Ipun piyambak kagantos déning anggènipun sumarah dhumateng karsanipun Gusti Allah. Malah Gusti Yésus ugi mboten milih mlajeng saking prakawis ingkang dados rembag utawi nungkul saking perjuangan ingkang sampun katindakaken déning Panjenenganipun. Gusti Yésus teras majeng sanadyan geter.

Saking cariyosipun Gusti Yésus punika, kita saged sinau babagan kamampenganing marsudi. Kamampenganing marsudi rak inggih mujudaken satunggaling prakawis ingkang wigatos wonten ing gesang kita? Mriksanana wekdal pageblug Covid-19 ingkang sami kita prangguli. Salah satunggaling kekiranganipun manungsa punika kirang mampeng anggènipun marsudi. Kosokwangsulipun, tiyang-tiyang ingkang saged tahan punika tiyang-tiyang ingkang mampeng. Malah saking kamampenganing para *tenaga medis* utawi tenaga ing babagan kasarasan, kita saèstu saged ngraosaken saiba agenging lelabuhanipun. Ing sisih sanès, wonten sawetawis kathah tiyang ingkang nyepèlèkaken pageblug punika ngantos namung netepi *protokol kesehatan* (tatanan lampahing njagi kasarasan) kémawon taksih sami suthik.

Wonten ing gesang kita mangajeng, geguletan badhé teras wonten. Sanadyan geguletan punika Bénjing badhé ndamel kita geter, kita ampun gampil nungkul utawi mlajeng saking masalah. Kaadhepana pakèweting gesang kita, kalebet geguletan ing salebeting brayat kita piyambak-piyambak, kanthi kasetyan dhumateng karsanipun Gusti Allah. Sinau saking Gusti Yésus, pandonganipun dhumateng Gusti Allah sanès pandonga ingkang fatalis (kawon kaliyan nasib, gampil nglokro) utawi pasrah bongkokan kanthi pikajeng nyuwun dhumateng Gusti Allah supados nyirnakaken pakèweting gesang utawi raos ajrih punika. Ing salebeting pandongan-Ipun, Gusti Yésus pancèn kagungan pangajeng-ajeng tuwin panyuwunan. Ananging wusananipun Panjenenganipun émut bilih perjuanganing gesang kedah tansah katindakaken sanajan awrat. Makaten ugi mugi pandonga kita,

mboten dados sarana kanggé “mlajeng saking pakèweting gesang” utawi “masrahaken tanggeljawab” dhumateng Gusti Allah. Mugi-mugi pandonga kita dipunraosaken minangka sarana kanggé ngekahaken jangkah kita amargi Gusti Allah nunggil tuwin ngiyataken kita.

Andum Kesanggeman

Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci ngaturi wewengan dhateng ingkang sami dhèrèk Panyuraos Kitab Suci kanggé andum kesanggemanipun sasampuning sinau saking lelampahanipun Gusti Yésus. Saged katuntun kanthi pitakènan:

- 1) Sasampunipun kita nyemak lelampahanipun Gusti Yésus salebetipun ngadhepi raos ajrih tuwin geter, punapa ingkang saged kita sinau ing salebetipun kita ngadhepi pakèweting gesang?
- 2) Kesanggeman punapa ingkang saged kita dum ing salebetipun mawujudaken kasetyan dhumateng Gusti Allah sanadyan geter?

nDedonga Sesarengan

- Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci saged ndhaptar raos-ajrih – raos-ajrih ingkang dipun ngandikakaken déning ingkang dhèrèk Panyuraos Kitab Suci ing ngajeng (Langkah 1). Dhaptar punika dados tuntunan kanggé ngonjukaken pandonga syafaat ing salebeting ndongakaken tiyang-tiyang ingkang saweg gulet ing salebeting gesangipun, mirunganipun ngadhepi raos-ajrihipun tiyang-tiyang punika.
- Pandonga saged katindakaken déning sedhèrèk 2 ngantos 3 ingkang kajibah nyulih jinis ing umur lan jodho (jaler-èstri).

Panyuraos Kitab Suci saged dipun-pungkasi kanthi ngidungaken KPJ 155:1, 2 “Aku Tan Naté Mangerti”.

BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL
Ngraosaken Sédanipun Gusti
Yésus

Waosan:

Markus 15:33-39

SÉDA KANTHI
TENTREM (?)



Panyuraos Kitab Suci (PKS) saget dipun-wiwiti kanthi ngidungaken KPJ 446:1, 3 “Nalika Ngambah Margi Kang Sepi”

Purwaka

Salah satunggaling impènipun sadaya tiyang inggih punika supados bénjing saget séda kanthi tentrem. Pancèn mboten temtu gampil ngukur kados punapa séda ingkang tentrem punika. Pramila, dhumateng sadaya tiyang ingkang séda kaparingan wedharan “sampun séda kanthi tentrem” utawi *rest in peace*. mBokmenawi, ingkang dados impènipun saben tiyang inggih punika tentrem ing wekdal ingkang cekak (*detik-detik*) pungkasan ndungkap sédanipun. Nalika dipun suwuni pirs, “bénjing menawi séda, ngersakaken séda ingkang kadospundi?” Kathah ingkang ngandika kepéngin séda mboten ing salebetipun kawontenan sakit. Malah wonten ingkang ngajeng-ajeng mboten ngraosaken sakit punapa-punapa kémawon menawi séda. Wonten ugi ingkang kepéngin supados ing wekdal ingkang cekak ndungkap sédanipun, dipun sandhing déning garwa, putra, lan wayahipun.

Kita ngraosaken tuwin nyeksèni bilih salah satunggaling geguletan ingkang kelangkung-langkung ing mangsa pageblug samangké inggih punika kasangsaranipun para *penyintas* utawi para tiyang ingkang saget panggah gesang ingkang klebetan bibit sesakit Covid-19. Pancèn kathah ingkang wusananipun mantun. Nanging mboten sekedhik ingkang tilar donya. Kesepèn ingkang lebet karaosaken déning tiyang-tiyang ingkang wusananipun tilar donya amargi ing wekdal ingkang cekak ndungkap

sédanipun, tiyang-tiyang punika mboten dipun amping-ampingi déning tiyang-tiyang ingkang caket sanget karana dumunung ing papan isolasi (papan kanggé mencilaken). Piyambakan ngadhepi pati punika pengalaman ingkang awrat. Satunggaling kanca ingkang wonten ing salah satunggaling papan isolasi sesarengan kaliyan para adiyuswa nglairaken uneg-uneg utawi *curhat* lumantar srananing pirembagan *Whatsapp*: Kawula ing ngriki nandhang sangsara ing salebeting kawontenan kijènan.

Pengalaman ingkang saèmper, dipun-raosaken déning Gusti Yésus wonten ing wekdal ingkang cekak ndungkap séda-Ipun. Nalika semanten Gusti Yésus ngraosaken dipun-tilaraken déning Rama-Ipun. Prakawis punika saged dipun-mangertosi lumantar panguwuh-Ipun ing kajeng salib. Nanging waosan kita nyathet bilih Gusti Yésus wusanipun masrahaken nyawan-Ipun (ayat 37). Bahan Panyuraos Kitab Suci punika badhé ngajak kita sinau saking Gusti Yésus kadospundi saged nglampahi gesang tuwin séda ing salabeting anggènipun pasrah dhateng Allah.

Andum Pangajeng-ajeng Bab Kawontenan Séda

Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci ndhudhah pamanggihipun para rawuh kanthi pitakènan:

- a. Kawontenan ingkang kadospunapa ingkang panjenengan ajeng-ajeng nalika bénjang wonten ing wekdal ndungkap séda? Kula aturi maringi pawadanipun!
- b. Kadospundi pangudi kita minangka brayat supados lestantun dados komunitas utawi paguyuban ingkang ngancani tuwin nyengkuyung (*support system*) kanggé warganipun, ing wekdal bingah punapadéné sisah?

Maos Markus 15:33-39

Ngandharaken Waosan Markus 15:33-39

Sédanipun Gusti Yésus pancèn dados lelampahan ingkang nrenyuhaken manah. Punapa nalika semanten Gusti Yésus séda kanthi tentrem? Injil Markus nyathet bilih Gusti Yésus nglonggaraken wekdal nguwuh kanthi suwanten semu nggigat: "Allah kawula, Allah kawula, kenging punapa Paduka nilar kawula?" Ing wekdal ingkang cekak ndungkap sedan-Ipun punika Gusti Yésus ngraosaken kijènan, malah ngalami raos-

pangraos dipun-tilar sarta dipun-supèkaken. Sampun temtu prakawis punika mujudaken raos-pangraos ingkang awrat. Nanging Injil Markus nawèkaken satunggaling pangertosan saking sisih sanès ingkang pantes kita lelimbang, inggih punika bilih sédanipun Gusti Yésus sanès namung lelampahan ingkang nrenyuhaken manah kémawon.

Injil Markus nyathet bilih sédanipun Gusti Yésus kelampahan watawis tabuh tiga sonten. Katrangan wekdal ing ngriki dados wigatos karana ing salebeting tradhisinipun tiyang Yahudi, tabuh tiga sonten punika wekdalipun tiyang-tiyang Yahudi nindakaken ritual (upacara agami) pisungsung kurban wanci sonten ing Padalemanipun Gusti Allah. Nyarengi wekdalipun kaliyan tata upacara kurban punika Gusti Yésus dipun-cariyosaken séda. Ketingalipun Injil Markus njarak kepéngin jèjèraken utawi nyandhingaken lelampahan sédanipun Gusti Yésus kaliyan lelampahan caos kurban. Tegesipun, sédanipun Gusti Yésus sanès lelampahan ingkang nrenyuhaken manah kémawon. Sédanipun Gusti Yésus pancèn mujudaken satunggaling lelampahan ingkang dipun-sedya sarta ngewrat pikajeng ingkang cetha. Sami kaliyan nalika tiyang Yahudi ngaturaken pisungsung kurban, katindakaken ing salebeting kawontenan ènget kanggé manembah dhumateng Gusti Allah.

Prakawis punika dipun-antebaken malih ing ayat 37 ingkang nyathet bilih Gusti Yésus “masrahaken nyawan-Ipun”. Ketingalipun Kitab Suci Prajanjian Anyar 1981 kagungan pikajeng “ngelus” sédanipun Gusti Yésus kanthi rerangkèning tembung (*frasa*) masrahaké nyawa. Rerangkèning tembung punika pancèn ngèngetaken bilih sédanipun Gusti Yésus punika satunggaling prakawis ingkang dipun-sedya karana Gusti Yésus pancèn sinedya masrahaken nyawan-Ipun. Peral punika pancèn radi bènten kaliyan tembung aslinipun, inggih punika tembung *ekpneo* ingkang maknaipun “ngedalaken napas pungkasan” utawi “pegat nyawa”.

Injil Markus mboten nyebataken kanthi gamblang punapa Gusti Yésus séda kanthi tentrem? Injil Markus pancèn nyebataken kaping kalih bilih Gusti Yésus nguwuh kanthi suwanten sora. Panguwuh ingkang kapisan ing ayat 34: “Éloi, Éloi, lama sabakhtani?” Nywanten sora ingkang kaping kalih

wonten ing ayat 37, ingkang mboten dipunsebataken isinipun kados pundi. Panguwuh ingkang kaping kalih punika panguwuh ingkang kebak wewadi, ingkang misterius, ingkang kasusul déning kedadosan Gusti Yésus pegat nyawan-Ipun. Apesipun wonten kawontenan kalih ingkang saget kelampahan, ingkang saget kita angen-angen:

- a. Gusti Yésus ngambali anggènipun nguwuh kanti sora ingkang ngewrat panggigat kénging punapa Gusti Allah nilar Panjenenganipun.
- b. Gusti Yésus ngumandhngaken panguwuh anggènipun pasrah ndungkap pegating nyawan-Ipun.

Menawi kita wangsul dhateng ritus (tata upacara agami) kurban, kita saget maknani bilih panguwuhipun Gusti Yésus punika minangka panguwuhing kurban. Panguwuh kurban padatanipun awis-awis dipun-pirengaken. Malahan sédanipun para kurban ugi asring dipun-sepèlèkaken. Lumantar prastawa sedanipun Gusti Yésus punika ngéwahi pitakénan, “Punapa tiyang-tiyang punika séda kanthi tentrem?” Kita kepara kaajak supados nindakaken émpati (nggadahi raos-pangraos ingkang sami kaliyan raos-pangraosipun tiyang sanès) tuwin nglajengaken perjuanganipun para kurban. Injil Markus ugi nyathet panguwuhipun Gusti Yésus Sang Kurban punika sarta ngajak para tiyang ingkang maos injilipun supados mirengaken sarta méhak dhateng para kurban.

Pirembagan Panyuraos

Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci mantha-mantha para rawuh dados kalih utawi tigang pantha. Saben pantha dipun-aturi pitakèn panyuraos punika:

1. Manut panjenengan, punapa panguwuhipun Gusti Yésus ing ayat 37 mujudaken panguwuh panggigat utawi panguwuh anggènipun pasrah? Nyuwun kaparingan pawadanipun!
2. Ing negari kita ugi wonten sawetawis kathah tiyang ingkang dados kurban tumindak mboten adil, kalebet tiyang-tiyang ingkang dipun-culik sarta dipun-pejahi malah tanpa tilas. Ing salebetipun ngraos-raosaken adeg kita minangka manungsa paska, punapa ingkang saget kita tindakaken wonten ing prakawis kasebat?

nDedonga Sesarengan

Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci miji tiyang 2 ngantos 3 kanggé ngonjukaken pandonga, mirungganipun ndongakaken tiyang-tiyang ingkang gulet kaliyan sesakit, ingkang ngalami sangsara ndungkap séda, saha ndongakaken brayatipun supados nunten saget dados paguyuban panyengkuyung (*komunitas pendukung*), ugi ndongakaken para kurban tumindak mboten adil sarta brayatipun.

Panyuraos Kitab Suci saget dipun-pungkasi kanthi ngidungaken KPJ 178a:1, 3 “Pasrah Sumarah Mring Gusti”.

[DAM-DEN]

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL**

*Ngraosaken Wungunipun Gusti
Yésus saking séda*

Waosan:

Markus 16:9-20

**INJIL TUMRAP
SAKATHAHING
TITAH**



*Panyuraos Kitab Suci saget dipun-wiwiti kanthi ngidungaken
KPJ 385 “Srengéngé Nyunar”*

Purwaka

Salah satunggaling prakawis nyumelangaken ingkang dipun-adhepi déning umat manungsa ing saindenging jagat wekdal sapunika inggih punika kawontenan gawat ing babagan ékologi. Ékologi punika ilmu bab sesambungan kang asipat imbal balik antarané manungsa, kéwan, wit-witan lsp kang asipat urip karo alam sakiwa tengené. Kawontenan gawat punika kelampahan dadosa ing salebetipun kawontenan lokal ing saubengipun kita, ing tingkat nasional punapadéné global. Wonten sawetawis kathah karisakan sarta kawontenan mboten timbangipun alam ingkang prelu dipun-wékani, kalebet déning gréja. Dadosa kadospundi, timbalan kanggé ngrimat bumi punika timbalan kita sadaya.

Kanyatan (*data*) ingkang gegayutan kaliyan karisakaning *lingkungan* ingkang ugi nggadhahi pangaribawa dhateng éwah-éwahaning mangsa sampun kathah sanget dipun-wartosaken. Ananging ketingalipun mboten énggal ngéwahi bebudèning gesangipun manungsa ingkang condhong ngrèmèhaken dhumateng alam. Kawontenan mangertos ngéngingi wigatosing kawontenan timbangipun alam naté tuwuh nalika pageblug Covid-19 ndamel kagiyatan tetumpakan (transportasi) sarta pabrik-pabrik kandheg sekedhap. Ngendikanipun, kiranging kagiyatanipun manungsa mbekta pangaribawa (pangaruh) saé

tumrap bumi, sakmboten-mbotenipun kirangipun polusi/ rereget ing lingkungan. Ananging rak bab punika mboten njamin bilih patrap ndandosi alam badhé teras karimat. Malah sawetawis ahli nginten-inten bilih karisakaning alam badhé wangsul mindhak sasampunipun pageblug.

Punapa sesambadan antawisipun kawontenan gawat ing babagan ékologi kaliyan Paska? Ingkang nengsemaken, pawartos Paska mboten namung ngewrat piweling kanggé mbangun gesang ingkang adil sesambadan kaliyan sesamining manungsa. Pawartos Paska ugi ngewrat piweling kanggé ngrimat ingkang sarwa dumadi. Panyuraos Kitab Suci wekdal punika ngajak kita kanggé ngraosa-raosaken dhawuhipun Gusti Yésus nalika nglairaken sarira dhumateng para murid-Ipun, “..... padha martakna Injil marang sakèhing tumitah.” Rerangkèning tembung “sakèhing tumitah” nedahaken bilih enering Injil mboten namung manungsa ananging sadaya titahipun Gusti Allah. Kanthi makaten, minangka manungsa Paska, kita dipun ajak kanggé ngraos-raosaken bilih sesambadan kita kaliyan Gusti Allah, kaliyan sesami, tuwin kaliyan alam wonten ing kawontenan rumaket dados satunggal ingkang mboten saged kapisahaken.

Andum Pengalaman

- a. Menawi saget, pangarsaning PKS mitontonaken vidhio cekak menggahing *sampah plastik* (larahan plastik): <https://www.youtube.com/watch?v=jOe9nV21Tlw>
- b. Pangarsaning PKS ngajak ingkang ndhèrèk PKS kanggé andum pengalaman utawi pamanggih kanthi pitakénan: Menawi kita maspadakaken *lingkungan* ing sakiwa-tengen kita, wonten conto-conto kawontenan gawat ing babagan ékologi arupi karisakaning alam, upaminipun polusi (bab rereget ing lingkungan) toya, hawa, swanten, larahan plastik, rereget (*limbah*), karisakaning wana, lss. Manut panjenengan, kénging punapa prakawis punika saget kelampahan?

Maos Injil Markus 16:9-20

Nyuwun dhateng salah satunggaling sadhèrèk ingkang ndhèrèk Panyuraos Kitab Suci kanggé maosaken Injil Markus 16:9-20.

Ngandharaken Injil Markus 16:9-20

Pérangan sabda (Markus 16:9-20) ingkang kita waos dinten punika nyariyosaken bab wungunipun Gusti Yésus saking séda. Lelampahan punika kita pèngeti wonten ing dinten riyaya Paska. Pawartos Paska asring namung dipunwatesi kanggé manungsa. Langkung ciyut malih namung kanggé tiyang-tiyang ingkang ngrasuk agami Kristen. Injil Markus nedahaken bilih pawartos Paska jebul mboten namung katujokaken kanggé manungsa, ananging ugi kanggé jagad raya. Injil Markus nyariyosaken bab Gusti Yésus ingkang kaping tiga nglairaken sarira sasampuning wungun-Ipun Gusti. Wonten ing anggènipun nglairaken sariran-Ipun ingkang kaping tiga, Gusti Yésus wonten ing satengahing sewelas murid-murid-Ipun. Wonten ing pepanggihan punika Gusti Yésus paring piweling dhumateng murid sewelas wau supados késah dhateng saindenging jagat sarta martosaken Injil dhateng sakathahing tumitah (ayat 15).

Tembung “*makhluk*” dipunpertal saking tembung ing basa Yunani *ktisis* ingkang tegesipun “ingkang katitahaken”. Wonten ing Kitab Suci Basa Jawi (édhisi 2006) ngginakaken tembung-tembung “sakèhing tumitah”. Ingkang katitahaken, *makhluk*, tumitah, sadaya nedahaken dhateng *alam semesta* (*donya saisinipun*) ingkang mboten namung winates wonten ing manungsa. Saking ngriki kita saget maringi tengara bilih ing salebetipun cariyos Paska ing Injil Markus pinanggih piweling ingkang asipat ékologi. Bilih ingkang ugi prelu dados kawigatosan sarta enering kabar kabingahan (Injil) mboten namung manungsa (*dimensi antropologis*) ananging ugi sadaya tumitah (*dimensi kosmis*). Wungunipun Sang Kristus saking séda mbekta éwah-éwahan wonten ing pamawasipun umat dhateng jagat raya.

Dados manungsa Paska ateges dados manungsa ingkang preduli dhateng kaprihatosanipun sadaya titah. Anggènipun nggatosaken dhateng karisakaning *lingkungan* ugi dados wigatos. Minangka gambaran prasaja, kita saget mirsani segahan

saking *laman* (lembar utawi kebèt utami satunggaling *situs web*) *katadata.co.id*, upaminipun gegayutan kaliyan larahan plastik ing Indonesia. Saben dinten, patrapipun ngginakaken sedhotan plastik ing Indonesia inggih punika 93,2 yuta unit. Kathah piyambak ing sajabat. Minangka gambaran, menawi sadangunipun seminggu larahan sedhotan punika dipun-roncé, panjangipun dumugi 117.449 km (sami kaliyan kaping tiga ubenganipun bumi). Kajawi punika, larahan plastik ing Indonesia saben taunipun dumugi 1,29 juta ton.¹ Dèrèng malih menawi kita ngrembag bab éwah-éwahaning kaginipun pategalan, kabesmènipun wana, pamelikan (*pertambangan*), lsp. Tegesipun, karisakaning alam mujudaken geguletan nyata ingkang prelu dipunwékani.

Dhawhipun Gusti Yésus kanggé ngaturaken kabar kabinngan tumrap sadaya titah punika ugi dhawuh dhateng kita sadaya, dadosa pribadi, brayat, punapadéné gréja. Kanggé netepi dhawuh punika, kita ugi prelu nyambut damel sesarengan kaliyan mawarni-warni péhak. Timbalan dados manungsa Paska punika timbalan dados manungsa ingkang nggadhahi patrap nggatosaken dhateng *dimensi kosmis*, bilih kaadilan tuwin kabecikan mboten namung kawujudaken kanggé manungsa ananging ugi kanggé sadaya titahipun Gusti Allah. Salah satunggalipun kaadilan ingkang prelu tansah kawujudaken inggih punika kaadilan ékologi (*eco-justice*). Sesambèdhan ingkang laras kaliyan jagat raya minangka wewujudaning kawilujengan ingkang ugi dados pokoking pawartos Paska. Gusti Allah ugi ngasihi kita lumantar jagat raya ing sakubenging gesang kita.

Andum Kesanggeman

Salah satunggal timbalaning gesang minangka manungsa Paska inggih punika martosaken Injil kanggé sakathahing titah. Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci ngajak ingkang ndhèrèk Panyuraos Kitab Suci kanggé ngrancang langkah-langkah

¹<https://katadata.co.id/ariemega/infografik/5e9a55e63009d/sedotan-plastik-mengancam-bumi>

ingkang gampang cak-cakanipun ing salebetipun netepi timbalan kasebat.

Pitakénan kanggé pirembagan:

Punapa kesanggeman tuwin pangudi ingkang badhé kita tandangi ing salebetipun ngrimat jagat raya, dadosa ing wewengkon pribadi, brayat, punapadéné pasamuwan?

nDedonga Sesarengan

Pangarsaning Panyuraos Kitab Suci miji tiyang 2 ngantos 3 kasuwun nuntun pandonga sesarengan. Antawisipun ndongakaken jagad raya sarta sakiwa-tengenipun wewengkon ingkang nandhang karisakan; ndongakaken para *penyintas* utawi para tiyang ingkang saget panggah gesang, ingkang kedayan déning karisakaning *lingkungan hidup*; sarta ndongakaken umatipun Allah/gréja supados nindakaken kesanggeman kanggé martosaken Injil kanggé sakathahing titah.

Panyuraos Kitab Suci saget dipun-pungkasi kanthi ngidungaken KPJ 16:1, 3 “Langit Tansah Anyariyosaken”.

[DAM-DEN]

PANYURAOS KITAB SUCI

ADYUSWA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

Bahan
Panyuraos Kitab Suci
Adiyuswa 1

*Ngraos-raosaken
sangsanipun Sang Kristus*

KULA TERAS DIPUN GLADHI GUSTI



Atur Uninga:

1. *Supados métodhe Panyuraos Kitab Suci punika saged katindakaken kanthi prayogi, pramila Panyuraos Kitab Suci kedah katindakaken wonten ing kelompok (pepanthan) alit isi 5-7 tiyang. Pradataning Pasamuwan kaaturan damel kelompok-kelompok alit kasebat.*
2. *Kanthi kelompok alit kasebat kaajab para adiyuswa nggadhahi wewengan kangge wicantenan.*
3. *Kelompok alit kados mekaten prayogi tumraping para adiyuswa awit para adiyuswa mbetahaken sarana kanggé dipunpirengaken saha ngluntakaken isining manahipun.*
4. *Panyuraos Kitab Suci punika katuntun déning satunggaling Panuntun Panyuraos Kitab Suci.*

TUJUWANING PANYURAOS KITAB SUCI:

1. Wonten ing sih-rahmatipun Gusti ingkang ndhidhik lan ngladhi umat-Ipun, Adiyuswa saged ngraos-raosaken prastawa-prastawa pait utawi mboten ngremenaken wonten ing gesangipun.
2. Adiyuswa kanthi grengseng nglampahi siyam wonten ing Mangsa Prapaska minangka salah satunggaling sarana nggladhi dhirinipun wonten ing Gusti minangka murid-Ipun Gusti.
3. Adiyuswa ngraos-raosaken, ngaturaken panuwun saha ngraosaken kabingahan bilih Gusti taksih teras ngladhi piyambakipun kanggé nuju ing kasampurnan wonten ing Gusti.

URUTANING ACARA PANYURAOS KITAB SUCI:

A. Ngidung KPJ 19: 1-3

B. Pandonga**C. Ngidungaken KPJ 269: 1,3****D. Purwaka**

(Dipun waos déning Panuntun Panyuraos Kitab Suci)

Mboten wonten tembung “rampung” wonten ing gesang punika sadèrèngipun Gusti nimbali kita wangsul dhateng Panjenenganipun. Ugi mboten wonten tembung rampung kanggé teras sinau lan nggladhi dhiri dados para putranipun Gusti, dados muridipun Sang Kristus ngantos kita aben ajeng piyambak kaliyan Panjenenganipun.

Kathah prastawa gesang ingkang kita alami, mirungga ingkang mboten kita ajeng-ajeng lan mboten ngremenaken, asring malah dados sarana ingkang dipun agem Gusti nggembèng, ndhidhik saha ngladhi kita supados kita saged nyami rupi kaliyan Panjenenganipun, dados para putranipun Gusti ingkang sangsaya diwasa ing iman kapitadosan, dados murid ingkang mulyakaken Gurunipun. Lumantar Panyuraos Kitab Suci punika kita kaajak ngraos-raosaken, ngaturaken panuwun saha tansah bingah tumrap sedaya prastawa ingkang kelampahan awit sedaya punika sejatosipun satunggaling berkah ingkang badhé ndadosaken kita sangsaya diwasa, sanadyan yuswa kita sampun sepuh kados mekaten.

E. Mbagèkaken Pengalaman saha Rèflèksinipun

(Para rawuh saged mbagèkaken pengalaman saha rèflèksinipun miturut pitakènan-pitakènan ing ngandhap punika)

1. Punapa Ibu/Bapak kagungan pengalaman ing sawetawis taun kepengker, ingkang dipun raosaken minangka satunggaling cara ingkang dipun agem Gusti nggembèng, ndhidhik lan nggladhi Ibu/Bapak?
Menawi kagungan, lan mbok bilih kepara kathah pengalamanipun, kaaturan Ibu/Bapak nyariyosaken kanthi ringkes setunggal kémawon saking pengalaman kasebat ingkang karaos paling mirungga.
2. Piwucal-piwucal punapa kémawon ingkang saged Ibu/bapak pethik saking pengalaman kasebat?

F. Maos Kitab Suci: Titus 2: 11-15

(*Saged kawaos gentosan utawi déning salah satunggaling piyantun*)

G. Ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti

(*Saged kawaos gentosan utawi déning salah satunggaling piyantun utawi déning Panuntun Panyuraos Kitab Suci*)

Supados saged mangertos punapa ingkang dipun kersakaken wonten ing satunggaling périkop ingkang nembé kita suraos, kita prelu migatosaken kontèks saking périkop kasebat. Salah satunggaling cara inggih punika kanthi migatosaken ayat-ayat utawi périkop sakdèrèngipun périkop ingkang nembe kita suraos kasebat.

Périkop sakdèrèngipun Titus 2:11-15, inggih punika Titus 2:1-10, ngrembak bab kuwajibanipun para tiyangsepuh, para wiranèm saha para abdi. Périkop kalih kasebat dipun sambung kanthi ukara, “Awitdéné sih-rahmaté Gusti Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wus kebabar” (ayat 11). Ukara kasebat nedahaken bilih cara gesang anyar ingkang katindakaken déning pasamuwan ing Kréta (ingkang dipun ladosi Titus) saged kelampahan awit sih-rahmatipun Gusti Allah dhumateng manungsa, mirungganipun dhumateng pasamuwan. Sih-rahmat kasebat ingkang milujengaken manungsa (kalebet pasamuwan) saking dosa sarta mitulungi manungsa (kalebet pasamuwan) supados saged mujudaken gesang anyar, inggih punika gesang ingkang tebih saking dosa.

Ananging gesang anyar kados mekaten mboten saged dipun pahami minangka satunggaling bab ingkang *instan* utawi sepisan dados. Gesang anyar punika satunggaling *prosès* utawi lelampahan ingkang kedah teras dipun lampahi déning saben tiyang ingkang pitados saha nampi Gusti Yésus Kristus minangka Gusti lan Juruwilujengipun. *Prosès* kasebat dumados wiwit kita pitados dhumateng Sang Kristus ngantos kita aben-ajeng kaliyan Panjenenganipun. Pramila ing ayat 12 dipun serat, “Iku merdi kita, supaya kita ninggal pamblasar lan kamèlikan kadonyan sarta supaya kita duwéa laku kang wicaksana, adil tuwin mursid ana ing ndonya samengko iki.”

Tembung “merdi” (basa Yunanipun: *‘paideia’*) ing ayat kasebat nedahaken pemahamanipun tiyang Yunani ngèngingi

pendhidhikan nalika semanten, inggih punika minangka satunggaling *prosès* ingkang katuntun déning satunggaling kurikulum (rancanganing pendhidhikan) satemah saged ngasilaken tiyang-tiyang ingkang kuwagang nindakaken kasaénan. Wonten ing pemahaman kados mekaten, Rasul Paulus badhé nélakaken bilih sih-rahmatipun Gusti Allah punika merdi kita lumantar *prosès* ‘kurikulum’ saking Panjenenganipun wonten ing kamardikaning sih-Ipun. *Prosès* kasebat dipun wiwiti kanthi pitados dhumateng Gusti Yésus, kalajengaken kaliyan lelampahan-lelampahan ingkang dipun idinaken Gusti Allah dumados ing gesang kita. Lelampahan-lelampahan kasebat kadhangkala mboten gampil, mboten ngremenaken, mboten naté kita ajeng-ajeng, malah asring nuwuhaken kasedhihan lan kasangsaran. Ananging lelampahan -lelampahan ingkang kados mekaten punika ingkang asring mbekta kita dhumateng gesang ingkang kaanyaraken kados ingkang dipun kersakaken Gusti, inggih punika gesang ingkang wicaksana, adil lan mursid (Titus 2:12).

Wonten ing lelampahan kasebat kita dipun dhidhik/perdi lan dipun gladhi kanthi dhisiplin ingkang kita betahaken satemah sekedhik mbaka sekedhik kita kasagedaken nilar kadurakan saha pepénginan-pepénginan kadonyan, salin dados tiyang ingkang wicaksana, adil lan mursid. Wonten ing lelampahan kasebat wonten gladhèn, malah ugi pendhisiplinan. Dados, sih-rahmatipun Allah punika sanès sih-rahmat ingkang ndadosaken tiyang dados manja lan gesang saksekécanipun piyambak. Sih-rahmat kasebat nggladhi lan ndhisiplin kita supados gesang anyar. Inggih punika gesang ingkang ndadosaken kita, brayat kita, tuwin tiyang-tiyang ing kiwa tengen kita dados ayem tentrem. Gesang anyar ingkang dipun tengenaken déning Rasul Paulus ing ayat punika inggih gesang lempeng lan saged ngendhalèni dhiri. Sadaya punika mbetahaken latayan lan dhisiplin ingkang taberi.

Supados kita saged nggladhi dan ndhisiplinaken dhiri kita kanthi prayogi, sumangga kita nyipati jinising kapribadèn kita piyambak-piyambak. Ing ngandhap punika dipun andharaken 5 jinis kapribadèn. Saking ngriku sumangga kita ngilo, ngraos-raosaken lan pitakèn dhateng dhiri kita piyambak kinten-kinten

kita kalebet jinis ingkang pundi. Minangka uninga, jinis-jinis kasebat dipun pangaribawani déning sipating kapribadèn nalika kita taksih anèm. Sipating kapribadèn kasebat langkung ketinggal cetha nalika kita lumebet ing mangsa adiyuswa.

1. Jinis Konstruktif

Tiyang ingkang kalebet ing jinis punika nalika anèmipun padatanipun nggadhahi raos tepa selira, sabar, tanggel jawab lan mboten kaken. Piyambakipun ugi saged ngadhepi pepalang saha prekawis kanthi wicaksana.

Nalika adiyuswa, tiyang jinis punika saged nampi kasunyatan, kalebet nalika piyambakipun kedah pengsiun. Piyambakipun ugi mboten ngalami *post power syndrome*. Padatanipun, tiyang jinis punika sami tetep aktip lan produktif.

2. Jinis Mandhiri

Nalika anèm, tiyang jinis punika padatanipun aktip ing pasrawungan, remen tetulung, ajur-ajèr, kathah kanca, punapa kémawon dipun urusi piyambak, mboten purun damel sisahing tiyang sanès. Tiyang jinis punika mandhiri sanget lan asring dados pemimpin amargi saking aktipipun saha anggènipun nggadhahi pangaribawa. Tindak-tandukipun ingkang aktip lan tanpa pamrih ndadosaken tiyang kasebat dados tiyang ingkang luwes ing pasrawungan. Piyambakipun padatanipun ugi pinunjul ing bab tanggel jawab ngurusi brayat. Sedaya dipun pimpin lan dipun tata kanthi prigel satemah sedayanipun bèrès. Tiyang jinis punika padatanipun dados tiyangsepuh ingkang migatosaken para larènipun kanthi jangkep.

Nalika sampun adiyuswa, tiyang jinis punika padatanipun ngalami prekawis, inggih punika rumaos kuwatos kécalan anak buwah, kanca, kelompokipun, kalenggahan lan status. Tiyang jinis punika ajrih pengsiun, condhong nandho anggènipun pengsiun, lan ajrih ngadhepi kasunyatan. Tiyang-tiyang kasebat asring ngalami *post power syndrome* saksampunipun pengsiun.

3. Jinis Gumantung dhateng tiyang sanès

Tiyang jinis punika padatanipun pasip lan mboten nggadhahi pepénginan ingkang makantar-kantar wiwit nalika anèmipun. Punapa ingkang dipun tindakaken asring namung

anut grubyuk kémawon. Jinis punika kirang nggadhahi inisiatip lan kréatipitas kanggé ngadhépi kasunyatan.

Nalika pados padamelan, tiyang jinis punika padatanipun gumantung kaliyan tiyang sanès, satemah telat anggènipun lumebet ing jagading padamelan. Wonten ing padamelan, tiyang jinis punika langkung remen dipun prèntah, dipun pimpin lan dipun gatosaken déning tiyang sanès utawi pimpinanipun. Menawi mboten wonten prèntah, tiyang punika condhong namung pasip, kados-kados mboten mangertos punapa ingkang kedah dipun tindakaken.

Ing pasrawungan padintenan, tiyang jinis punika condhong nengga dipun ajak kancanipun. Ananging menawi sampun akrab, padatanipun rumaos kepotangan budi.

Tiyang jinis punika padatanipun ugi telat anggenipun ningkah. Padatanipun, piyambakipun badhé miji sémah ingkang *dominan* (saged ngatur sedayanipun). Padatanipun, brayatipun akur, akrab, tentrem, mboten kathah protès.

Nalika pengsiun, tiyang kasebat saged nampi kanthi bingah. Prekawis tuwuh nalika sémahipun tilar donya. Padatanipun, tiyang kasebat badhé nggrantes, sedhih sanget lan ngraosaken sangsara. Padatanipun lajeng nyusul sémahipun tilar donya.

4. Jinis Memengsahan

Padatanipun, tiyang jinis punika mboten dipun remeni tiyang sanès awit tindak-tandukipun ingkang condhong sawenang-wenang, galak, kejem, agrèsip, saksekécanipun piyambak, lsp. Wiwit anèm, tiyang kasebat sampun gadhah kathah prekawis, remen damel ribut, préstasi ing pawiyatan ugi kirang saé, remen gantos-gantos pacar, gampil kablithuk ing ombèn-ombèn lan narkoba. Ing jagading padamelan, tiyang kasebat remen pindhah-pindhah padamelan lan mboten ajeg (stabil)

Menawi dados priyayi ingkang nggadhahi kalenggahan, tiyang kados mekaten padatanipun remen foya-foya, ngalalaken sedaya cara supados pepénginanipun saged kadumugèn. Padatanipun tiyang kados mekaten kawentar minangka tiyang ingkang mboten purun ngakeni kalepatan, condhong remen nglepataken tiyang sanès. Asring nggresula lan tumindak agrèsip lan ngrerusak, kamangka wonten ing

kasunyatanipun, tiyang kasebat ingkang langkung kathah damel kalepatan.

Ing mangsa adiyuswa, tiyang jinis punika ketingal ‘nggragas’, srakah, gampil muntab saha mboten marem kaliyan gesangipun piyambak, kados-kados kepéngin gesang séwu taun malih.

5. Jinis Kritik Dhiri

Tiyang jinis punika padatanipun asring nggelani lan maiben dhirinipun piyambak, mboten marem dhateng kawontenaning dhirinipun. Wiwit anèm mboten nggadhahi pepénginan ingkang makantar-kantar (*ambisi*), kalebet ing bab pados padamelan lan nyambut damel. Tumraping tiyang-tiyang kados mekaten, ingkang wigatos namung nyambut damel, mboten prelu migatosaken indak-indakaning padamelan. Pungkasanipun, kawontenaning ékonomi brayatipun pas-pasan, amargi piyambakipun mboten remen nyambut damel kanthi wekel.

Tiyang jinis punika padatanipun ugi mboten nggadhahi pepénginan ingkang makantar-kantar kanggé pados sisihan. Saksampunipun nikah, padatanipun, sesambetanipun kaliyan semahipun mboten mesra amargi tiyang punika remen memada kekiranganipun piyambak. Ing babagan komunikasi, tiyang jinis punika gampil klèntu paham saha gampil sakit manahipun.

Tiyang jinis punika nampi wekdal pengsiun kanthi awrating manah amargi rumaos mboten aji malih lan mboten dipun “agem” malih. Sanadyan satunggal griya, tiyang-tiyang jinis punika langkung remen ngurusi kabetahanipun piyambak-piyambak, mboten sami remen wicantenan lan preduli setunggal lan setunggalipun.

Sanadyan wonten panggolongan jinis kapribadèn kasebat, ananging padatanipun mboten wonten satunggala tiyang ingkang persis wonten ing setunggal jinis. Saged kelampahan, ing antawis kita wonten ingkang kapribadènipun kalebet ing antawisipun kalih utawi tigang jinis. Punika dumados amargi saben kita ngalami prosès utawi lelampahan ‘pendhidhikan’ ingkang dipun idinaken Gusti dumados ing gesang kita, ingkang ndadosaken kita sangsaya dangu sangsaya langkung saé. Pramila

punika, kita mboten prelu rumaos alit ing manah amargi mboten wonten satunggala tiyang ingkang sampurna. Kita sedaya punika samangké wonten ing prosès dipun gladhi lan dipun wangun déning Gusti. Pitakènanipun, punapa kita purun nglampahi pendhidhikan, pangladhèn saha dipun wangun Gusti?

Sumangga kita tansah ngaturaken pamuji sokur tumrap saben prastawa ingkang dumados ing gesang kita sanadyan prastawa kasebat mboten ngremenaken, dadosaken sedhik lan malah saged ndadosaken pedhot ing pangajeng-ajeng. Saben wekdal kita ngraosaken mboten kuwagang, sumangga kita pasrah saèstu dhumateng Gusti. Nyuwun panuntunipun Gusti supados punapa kémawon ingkang kita tindakaken kareman wonten ing ngarsanipun. Titus 2:11 ngènetaken kita bilih wonten ing prosès pendhidhikan kasebat, kita mboten piyambakan. Tembung “kebabar” (Bs. Indonesia: “nyata”, Bs. Yunani: *epiphanein*, Inggris: *appeared*) wonten ing Titus 2:11 punika tembung ingkang nedahaken bab kados pundi Ingkang Mahakuwaos utawi satunggaling pahlawan mbekta pitulungan. Tegesipun, bilih wonten ing prosès pendhidhikan kasebat mesti wonten pitulungan saha campur astanipun Gusti Allah lumantar sih-rahmat-Ipun ingkang ndhatengaken kawilujeng-an, inggih punika sesambetan ingkang tanpa aling-alingan kaliyan Gusti Allah, gesang ayem tentrem kaliyan sesami, bingah, raharjo, lan adil. Kita ingkang sampun katebus déning Sang Kristus punika dipun timbali supados nglampahi prosès pendhidhikan utawi “pawiyataning ilahi” kanthi sukarena lan kebaking pangajeng-ajeng. Inggih punika pangajeng-ajeng tumrap jangkepipun kamulyanipun Allah ingkang dipun télékaken lumantar rawuhipun Sang Kristus malih ing jagad punika. Pangajeng-ajeng kasebat ingkang badhé nuntun kita dhateng kabahagyan lan kawilujengan ingkang sampurna. Titus 2: 13-14 nyerat, “kalawan manganti-anti marang ing katetepané pangarep-arep kita, kang kebak ing karahayon lan ngatingalakè kamulyaning Allah kang Mahaagung sarta Pamarta kita Gusti Yèsus Kristus, kang wus masrahakè sariranè kanggo kita, supaya kita luwar saka ing sakabèhing piala apadènè banjur dadi umat kang wus kasucèkakè dèning Panjenenganè, kagem Panjenenganè, dadi kagunganè piyambak, kang taberi marang panggawè besik.”

Ing Mangsa Prapaska samangkè kita dipun ajak supados sacara langkung kerep anggèn kita ngraosaken “pendhidhikan ilahi” kasebat. Lelampahan pendhidhikan kasebat kedahipun tansah kita raosaken saben dinten ing gesang kita. Ananging ing Mangsa Prapaska punika kita saged ngraosaken kanthi mirungga sinambi kita ngraos-raosaken sangsaranipun Sang Kristus ingkang rila masrahaken dhirinipun kanggè nebus kita. Panjenenganipun karsa dipun asoraken, dipun pepoyok lan dipun awon-awon dhemi kita. Kita sakmeshinipun purun nyonto punapa ingkang sampun katindakaken déning Gusti Yésus kasebat. Nulada kadospundi Panjenenganipun nglampahi gesang minangka 100 persèn manungsa, sanadyan Panjenenganipun punika ugi 100 persèn Allah. Amin.

H. Punapa Ingkang Anyar utawi Dipun Kekahaken déning Pangandikanipun Gusti?

(Kanthi migunakaken pitakènan-pitakènan ing ngandhap, para rawuh kaajak manggihaken punapa ingkang anyar ingkang dipun pethik saksampunipun ngraos-raosaken pangandikanipun Gusti, utawi punapa ingkang sampun dipun tindakaken ingkang dipun kekahaken déning pangandikanipun Gusti).

1. Punapa wonten bab-bab anyar utawi piwucal ingkang ngekahaken pandamel ingkang sampun Ibu/Bapak tindakaken, ingkang saged Ibu/Bapak pethik saking pangandikanipun Gusti kalawau?
2. Ibu/Bapak kaaturan nyebataken sacara cekak lan ringkes punapa ingkang anyar utawi ngekahaken kasebat!

I. Punapa Ingkang Kula (para rawuh) badhé Tindakaken

(Kanthi migunakaken pitakènan-pitakènan ing ngandhap, para rawuh kaajak ngrancang tumindak nyata ingkang badhé dipun tindakaken sakbibaripun Panyuraos Kitab Suci).

1. Punapa kémawon ingkang badhé Ibu/Bapak tindakaken menawi ing mangsa mangajeng ngalami prastawa ingkang mbok bilih mboten ngremenaken, kadosta ngèngingi sesambetan kaliyan brayat utawi kaliyan tiyang-tiyang ing kiwa tengen kita utawi bab ékonomi?
2. Punapa kémawon ingkang kinten-kinten Ibu/Bapak betahaken supados prastawa kasebat dados sarana pendhidhikan

ilahi utawi panggladhèn ingkang sangsaya damel kita
langkung diwasa minangka para putranipun Gusti utawi
muridipun Sang Kristus?

J. Ngidung KPJ 155: 1-3

K. Pandonga Syafaat lan Panutup

[MH]



Bahan
Panyuraos Kitab Suci
Adiyuswa 2

*Ngraos-raosaken
sédanipun Sang Kristus*

MANDENG ING SALIB PIRUKUNAN



Atur Uninga:

1. *Supados métodhe Panyuraos Kitab Suci punika saged katindakaken kanthi prayogi, pramila Panyuraos Kitab Suci kedah katindakaken wonten ing kelompok (pepanthan) alit isi 5-7 tiyang. Pradataning Pasamuwan kaaturan damel kelompok-kelompok alit kasebat.*
2. *Kanthi kelompok alit kasebat kaajab para adiyuswa nggadahi wewengan kangge wicantenan.*
3. *Kelompok alit kados mekaten prayogi tumrapping para adiyuswa awit para adiyuswa mbetahaken sarana kanggé dipunpirengaken saha ngluntakaken isining manahipun.*
4. *Panyuraos Kitab Suci punika katuntun déning satunggaling Panuntun Panyuraos Kitab Suci.*

TUJUWANING PANYURAOS KITAB SUCI:

1. Adiyuswa saged kanthi kebaking panuwun sokur nampi prekawis-prekawis ingkang tuwuh wonten ing sesambetan ingkang dumados wonten ing brayatipun (putra-wayah), ugi wonten ing tiyang-tiyang ing kiwa tengenipun.
2. Adiyuswa teras kasagedaken dados suh utawi pangiket sesambetan ing satengahing brayat, ugi ing gesang sesarengan ing pasamuwan punapa déné ing masyarakat.

URUTANING ACARA PANYURAOS KITAB SUCI:

A. Ngidung KPJ 256: 1-4

B. Pandonga

C. Ngidung: KPJ 275: 1-3

D. Purwakaning Panyuraos Kitab Suci

(Dipun waos déning Panuntun Panyuraos Kitab Suci)

Nalika para laré utawi ponakan sampun diwasa lan mbangun balé griyanipun piyambak-piyambak, kadhangkala lajeng tuwuh béda pemanggih ing antawisipun setunggal kaliyan setunggalipun, malah ugi saged ngambra-ambra dados dredah lan pasulayan. Minangka tiyangsepuh, kadhangkala para adiyuswa bingung punapa ingkang kedah dipun tindakaken, utawi malah kepara wonten ingkang klèntu mapanaken dhirinipun satemah malah ndadosaken kawontenan sangsaya mboten prayogi. Kawontenan kados mekaten saged ugi kelampahan wonten ing gréja punapadéné wonten ing masyarakat.

Ing Mangsa Paska punika, adiyuswa kaajak nindakaken *rèflèksi* lan *introspeksi* kanthi mandeng salib pirukunan tanda sihipun Gusti. Tegesipun, adiyuswa kaajak ningali kawontenan dhiri pribadinipun piyambak-piyambak, dipun raos-raosaken sinambi migatosaken prastawa-prastawa saha tiyang-tiyang sakiwa tengenipun lan salib pirukunan, lajeng netepaken punapa ingkang badhé dipun tindakaken. Kanthi mekaten, para adiyuswa saged teras nindakaken timbalanipun Gusti, inggih punika dados suh utawi ingkang nyatunggilaken tiyang-tiyang ingkang wonten ing brayat, pasamuwan (blok/wilayah/kring/komisi), punapa déné ing masyarakat.

E. Mbagèaken Pengalaman lan Rèflèksi

(Para rawuh mbagèkaken pengalaman saha rèflèksinipun miturut pitakènan-pitakènan ing ngandhap punika)

1. Mboten cocok utawi bebèncèngan utawi dredah kalamangsa dumados wonten ing gesanging brayat ageng kita nalika laré-laré utawi ponakan-ponakan sampun diwasa lan sami mbangun balé griyanipun piyambak-piyambak. Ingkang kados mekaten ugi saged kelampahan wonten ing gréja (Blok/Wilayah/Kring/Komisi, lsp) lan ing masyarakat.

Kaaturan Ibu/Bapak nyariosaken sacara cekak aos pengalamaniipun ingkang kasil nyatunggilaken ingkang dredah utawi mbiyantu ingkang dredah satemah sami saged ngrampungaken prekawisipun! Kasuwun namung nyariosaken setunggal pengalaman kémawon, saged

ingkang wonten ing brayatipun, ing gréja (blok/wilayah/kring/komisi) utawi ing masyarakat.

2. Saking pengalaman kasebat, kasuwun Ibu/Bapak nyebataken pokok-pokok ingkang wigatos ingkang sampun Ibu/Bapak tindakaken ingkang ndadosaken rukunipun ingkang sami dredah kasebat.
3. Punapa kémawon ingkang ndadosaken Ibu/Bapak kwawi nindakaken sadaya punika?
4. Punapa wonten tiyang ingkang mbiyantu utawi paring pamrayogi nalika Ibu/Bapak nindakaken sedaya punika? Menawi wonten, punapa ingkang dipun tindakaken déning tiyang kasebat?

F. Maos Kitab Suci: Kolosé 1: 19-23

(Saged dipun waos gentosan utawi déning salah satunggaling ingkang rawuh utawi déning Panuntun Panyuraos Kitab Suci)

G. Ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti

(Saged dipun waos gentosan utawi déning salah satunggaling ingkang rawuh utawi déning Panuntun Panyuraos Kitab Suci)

Mandeng Ing Salib Pirukunan

Kita saèstu begja lan kebak ing panuwun sokur awit kita gadhah Gusti Allah ingkang ngédap-édapi. Panjenenganipun nresnani kita manungsa saha sedaya titahipun. Awit saking punika, Panjenenganipun ada-ada (*berinisiatif*) milujengaken manungsa saha sedaya titahipun kanthi rawuh piyambak ing jagad punika lumantar Gusti Yésus Kristus. Panjenenganipun karsa ngasoraken sariranipun piyambak, ngagem sipating abdi wonten ing Sang Kristus, lan nindakaken pirukun lumantar rahipun Sang Kristus, inggih punika pirukun ing antawisipun Gusti Allah lan manungsa. Kolose 1: 19-22 nyerat, “Marga kawontenané Allah ing sawetahé kepareng dedalem ana ing Panjenengané, kang ngrukunaké samubarang kabèh karo sarirané, kang ana ing bumi lan kang ana ing swarga; yaiku sawusé ngawontenaké pirukun sarana rohé Gusti Kristus kang sinalib. Mangkono uga kowé kabèh kang mauné urip adoh karo Gusti Allah, sajroning ati lan pikiranmu lumawan marang Panjenengané,

kacihna saka panggawému kang ala, saiki wus dirukunaké ana ing sarirané kadagingan Gusti Kristus sarana sédané, supaya kowé padha tinemu suci tanpa cacad lan resik anggonmu kasowanaké ana ing ngarsané.”

Kawilujengan lan tentrem rahayu mboten badhé wonten menawi mboten wonten ada-ada saking Gusti Allah lan Gusti Allah mboten ngasoraken sariranipun. Tanpa ada-ada saking Gusti Allah, ingkang wonten ing jagad punika namung memengsahan lan kadurakan. Tiyang sami remen ngrerisak lan natoni setunggal lan setunggalipun. Ananging puji sokur konjuk Allah awit lumantar pangurbananipun Sang Kristus ing kajeng salib, kita lan sedaya titah sampun dipun wilujengaken saking dosa lan karukunaken kaliyan Gusti Allah. Pirukunan punika kedahipun paring ilham dhateng kita lan nyetir gesang kita sesarengan kaliyan sedaya titah kanggé nglajengaken pakaryan pirukunan kasebat wonten ing gesang kita samangké, kalebet wonten ing gesanging brayat kita, ing pasamuwan lan masyarakat.

Mboten cocok, dredah lan pasulayan kalamangsa tuwuh wonten ing brayat kita, punapa malih nalika laré-laré utawi ponakan kita sampun diwasa lan mbangun balégriyanipun piyambak-piyambak. Kadhangkala kelampahan bilih laré utawi ponakan mboten cocok kaliyan ipénipun. Kakang/mbakyu lan adhinipun sami gadhah pemanggih ingkang bebèncèngan. Ugi marupi-rupi dredah sanèsipun, ingkang kelampahan wonten ing pasamuwan (kalebet wonten ing blok/wilayah/kring/komisi) lan ing masyarakat. Bab ingkang kados mekaten sejatosipun bab ingkang limrah lan asring mboten saged dipun éndhani, amargi laré lan mantu kita sami nggadahi pengalamaning gesang, sipat saha kapribadèn ingkang béda-béda. Dèrèng malih menawi laré-laré punika sami mbekta prekawis ing pedamelan dhateng griya ingkang padatanipun lajeng mangaribawani sesambetanipun kaliyan semah lan laré-larénipun. Ing kawontenan kados mekaten adeging tiyangsepuh minangka ingkang ngrukunaken lan minangka suh utawi ingkang nyatunggilaken sanget dipun betahaken. Ananging kanggé nindakaken

sedaya punika kadhangkala mboten gampang. Pramila punika dipunbetahaken kawicaksanan saha panuntun saking Gusti.

Wonten ing wekdal mirungga kita ngraos-raosaken sédanipun Sang Kristus ing kajeng salib samangké, sumangga kita nindakaken sedaya punika kanthi manah ingkang mandeng ing salib pirukunanipun Sang Kristus. Tembung ‘mandeng’ ngemu teges mboten namung ningali salib pirukunanipun Sang Kristus, ananging ugi kinanthèn-an tumindak ngraos-raosaken, rèflèksi lan introspèksi. Ing rèflèksi, kita ngraos-raosaken kadospundi Allah ingkang mahamulya punika karsa kagungan ada-ada nindakaken pakaryan pirukunan saha ngasoraken sariranipun. Saiba Panjenenganipun karsa ngurbanaken sariranipun dhemi katresnanipun dhateng manungsa lan dhemi pulihing sesambetanipun kaliyan manungsa, sarta ing antawisipun manungsa kaliyan sesaminipun saha kaliyan sedaya titah. Lumantar rèflèksi kasebat kita lajeng kaajak introspèksi, inggih punika ngraos-raosaken punapa ingkang sampun kita tindakaken lan badhé kita tindakaken. Wonten ing introspèksi kasebat kita migatosaken para laré, mantu, lan wayah kita (utawi tiyang-tiyang ingkang saweg ngadhepi prekawising sesambetan ingkang wonten ing gesangipun). Kita nindakaken introspèksi supados kita saged dados berkah kanggé tiyang-tiyang kasebat. Kita ugi kedah tansah ndedonga kanggé tiyang-tiyang kasebat inggih kanggé kasaénanipun. Menawi Gusti Allah kémawon sampun paring tuladha ingkang kados mekaten, pramila sumangga kita ugi nindakaken wonten ing gesang kita. Roh Suci ingkang sampun kaparingaken dhumateng kita badhé tansah mitulungi kita teras nindakaken pakaryan pirukunan kasebat. Panjenenganipun badhé nyagedaken kita lan teras nyagetaken kita kanggé nindakaken. Kolosé 1:23 ngajak kita supados kita mantep ing pitados, tetep santosa mboten kéguh, lan mboten nylèwèng saking pangajeng-ajenging Injil. Amin.

H. Pokok-pokok Piwucal Inggang Saged Kapethik

(Kanthi migunakaken pitakènan-pitakènan ing ngandhap, para rawuh kaajak methik piwucal saking pangandikanipun Gusti kanggé gesang padintenan.)

1. Saking pangandikanipun Gusti inggang kita raos-raosaken kalawau, pokok-pokok piwucal punapa inggang saged kita pethik?
2. Saking pokok-pokok kasebat, pokok piwucal inggang pundi inggang paling nengsemaken utawi mirungga tumrapping Ibu/Bapak?

I. Rancangan Aksi

(Kanthi migunakaken pitakènan-pitakènan ing ngandhap para rawuh kaajak ngrancang aksi utawi tumindak nyata inggang badhé dipun tindakaken)

1. Saksampunipun kita ngraos-raosaken lan metik piwucal saking pangandikanipun Gusti kalawau, aksi utawi tumindak nyata punapa kémawon inggang badhé Ibu/Bapak tindakaken wonten ing satengahing brayat utawi pasamuwan utawi masyarakat?
2. Punapa kémawon inggang Ibu/Bapak betahaken supados saged mujudaken rancangan kasebat?

J. NGIDUNG KPJ 357:1-3

K. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

Sugeng nindakaken karsanipun Gusti. Gusti hamberkahi kita. Amin.

[MH]



Bahan
Panyuraos Kitab Suci
Adiyuswa 3

*Ngraos-raosaken
Wungunipun Sang Kristus*

NEKSÈKAKEN SANG KRISTUS INGKANG WUNGU



Atur Uninga:

5. *Supados métodhe Panyuraos Kitab Suci punika saged katindakaken kanthi prayogi, pramila Panyuraos Kitab Suci kedah katindakaken wonten ing kelompok (pepanthan) alit isi 5-7 tiyang. Pradataning Pasamuwan kaaturan damel kelompok-kelompok alit kasebat.*
6. *Kanthi kelompok alit kasebat kaajab para adiyuswa nggadhahi wewengan kangge wicantenan.*
7. *Kelompok alit kados mekaten prayogi tumraping para adiyuswa awit para adiyuswa mbetahaken sarana kanggé dipunpirengaken saha ngluntakaken isining manahipun.*
8. *Panyuraos Kitab Suci punika katuntun déning satunggaling Panuntun Panyuraos Kitab Suci.*

TUJUWANING PANYURAOS KITAB SUCI:

1. Adiyuswa mbagèkaken cariyos suksès ingkang naté dipun alami supados ndhatengaken ilham bab iman kapitadosan dhateng tiyang sanès.
2. Nalika nyariyosaken pengalaman suksèsipun, adiyuswa langkung nonjolaken paseksi bab Sang Kristus lan pakaryanipun ingkang ndadosaken piyambakipun suksès, sanès nonjolaken dhirinipun piyambak.
3. Adiyuswa teras neksèkakèn Sang Kristus ingkang wungu lan pakaryan-pakaryanipun.

URUTANING ACARA PANYURAOS KITAB SUCI:

A. Ngidung KPJ 258: 1-4

B. Pandonga

C. Ngidung KPJ 267: 1, 2,4

D. Purwakaning Panyuraos Kitab Suci

(Dipun waos déning Panuntun Panyuraos Kitab Suci)

Mbagèkaken pengalaman suksès utawi anggènipun kasil dados bab ingkang ngremenaken. Émanipun, nalika asung paseksi, tiyang kadhangkala langkung nonjolaken dhiripun saha kadigdayanipun piyambak, sanès Gusti. Lumantar panyuraos Kitab Suci punika, adiyuswa kaajak mbagèkaken pengalaman suksèsipun kanthi nonjolaken pakaryanipun Gusti, sanès kadigdayanipun piyambak. Kaajab supados punika dados latiyen rohani utawi gladhèning kasukman satemah gesangipun para adiyuswa saged teras kapisung-sungaken kanggé asung paseksi bab Sang Kristus ingkang wungu lan ingkang sampun nangèkaken piyambakipun nggayuh suksès.

E. Mbagèkaken Pengalaman lan Rèflèksi

(Para rawuh mbagèkaken pengalaman saha rèflèksinipun miturut pitakènan-pitakènan ing ngandhap punika)

1. Kaaturan Ibu/Bapak nyariyosaken setunggal pengalaman suksèsipun sacara cekak aos!
2. Saking cariyos kasebat, kaaturan Ibu/Bapak nyebataken pokok-pokok pengalamaning iman ingkang wonten ing cariyos kasebat!
3. Sepinten agenging iman kapitadosan saha pangraos-raosipun Ibu/Bapak ngèngingi Sang Kristus ingkang wungu ingkang makarya ing gesang panjenengan ingkang mangaribawani suksès panjenengan?

F. Maos Kitab Suci: Lelakoné Para Rasul 3:11-20

(Saged kawaos gentosan utawi déning salah satunggaling ingkang rawuh)

G. Ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti

(Saged dipun waos gentosan utawi déning salah satunggaling ingkang rawuh utawi déning Panuntun Panyuraos Kitab Suci)

Neksèkaken Sang Kristus ingkang Wungu

Wonten ing périkop ingkang kita waos kalawau, kita ningali kadospundi Pétrus ingkang naté nyélaki Gusti Yésus sampun kapulihaken lumantar pepanggihan-pepanggihan

Paska, inggih punika lumantar praswata wungu saha ngatingalipun Gusti Yésus dhateng para murid). Piyambakipun mboten malih ginubet déning raos lepat, ananging malik dados tiyang ingkang wantun asung paseksi.

Kacariyosaken ing périkop sakdèrèngipun bilih nalika Pétrus minggah dhateng Padaleman Suci, Pétrus lan Yohanes pinanggih kaliyan tiyang ingkang lumpuh wiwit lair mila. Para rasul kasebat lajeng nyarasaken tiyang punika mawi asmanipun Gusti Yésus Kristus. Amargi tiyang kasebat teras ngetutaken para rasul, pramila tiyang kathah sami ngrubung ing Srambi Suléman. Wonten ing satengahing pangrubung punika Pétrus asung paseksi bab Gusti Yésus. Piyambakipun nélakaken bilih sanès piyambakipun ingkang nyarasaken tiyang lumpuh kasebat, ananging Gusti Yésus ingkang sejatosipun nyarasaken si lumpuh. Pétrus nglajeng-aken paseksinipun ngèngingi Gusti Yésus ingkang sampun dipun tampik déning tiyang-tiyang Israèl ngantos séda ing kajeng salib, satunggaling prastawa ingkang dèrèng dangu kelampahan wekdal semanten.

Wonten ing cariyos kasebat, kita saged ningali bilih anggènipun Pétrus kasil nyarasaken si lumpuh mboten ndadosaken piyambakipun umuk, rumaos digdaya, lan jumawa. Para rasul ngrumaosi bilih piyambakipun saged nindakaken sedaya punika awit panguwaos ingkang kaparingaken Gusti Yésus dhateng piyambakipun. Pramila, para rasul ngandika, "... Para sadhèrèk Israèl, punapaa déné panjenengan sami gumun dhateng lelampahan punika saha punapa sababipun déné panjenengan sami mirsani dhateng kula, kados-kados kula ingkang murugaken tiyang punika saged lumampah, margi saking panguwaos utawi kamursidan kula piyambak? Gusti Allahipun Rama Abraham, Iskak lan Yakub, Gusti Allahipun leluhur kita sampun ngluhuraken Abdinipun, inggih punika Gusti Yésus ..." (Para Rasul 3: 12-13)

Sadaya punika katindakaken déning Pétrus lan Yohanes amargi para rasul kekalih punika sami ngrumaosi bilih piyambakipun kekalih punika mboten wonten punapa-punapanipun menawi tanpa Sang Kristus. Bilih kekalihipun

saged kados mekaten namung awit sihipun sang Kristus ingkang sampun wungu saking séda lan wungu saking ing antawisipun tiyang pejah. Wungunipun Sang Kristus ingkang nyata saha anggènipun Sang Kristus makaping-kaping ngetingal dhumateng para muridipun dados kekiyatan ingkang ngédap-édapi tumrapping Pétrus lan Yohanes. Tumrapping Pétrus ingkang naté nyélaki Gusti Yésus, pepanggihanipun kaliyan Panjenenganipun dados poncoding prastawa ingkang ngéwahi gesangipun. Pétrus ingkang sakdèrèngipun isin, ajrih, rumaos lepat lan mboten yakin dhateng dhirinipun piyambak awit anggènipun sampun nyélaki Gusti Yésus, lajeng dipun pulihaken déning Sang Kristus. Gesang ingkang kapulihaken kasebat ingkang lajeng dipun agem Gusti martosaken Sang Kristus ingkang séda lan wungu saprelu nebus lan milujengaken manungsa.

Kanthi bantas Rasul Pétrus ngandika, “Punapa déné margi saking pitados dhateng Asma Yésus punika, mila Asma punika sampun kelampahan ngiyataken tiyang ingkang panjenengan pirsani saha ingkang panjenengan sampun tepang punika; sarta kapitadosan punika ingkang njalari sarasipun tiyang punika wonten ing ngarsa panjenengan sadaya” (Lelakoné Para Rasul 3:16). Sepisan malih kita ningali bilih Rasul Pétrus nonjolaken Gusti Yésus ingkang sampun nindakaken pakaryan élok lumantar piyambakipun. Saking ngriku, piyambakipun ngajak tiyang-tiyang ingkang sami ngrubung kasebat supados samia mratobat lan nampi Gusti Yésus minangka Gusti lan Juruwilujengipun. Lelakoné Para Rasul 3: 19 nélakaken, Awit saking punika sami kula aturi ènget saha sami mratobata, supados dosa panjenengan kaapunten.”

Minangka adiyuswa, sumangga kita kados déné Pétrus. Kados déné Pétrus, saben kita mesthi naté nindakaken kalepatan utawi dosa. Ananging, kados déné Pétrus ugi, sumangga kita mboten prelu isin lan nutup dhiri. Sumangga kita tinarbuka kanggé pinanggih Sang Kristus ingkang sampun wungu lan gesang punika. Pinanggih Gusti kanggé ngakeni dosa saha kalepatan kita. Pinanggih Gusti kanggé nampi pangapunten saha éwah-éwahan saking Gusti. Dipun

éwahi supados saged gesang anyar, gesang ingkang langkung wantun asung paseksi bab Gusti Yésus ingkang sampun nresnani kita. Amin.

H. Piwucal Inggang Saged Dipun Pethik

(Kanthi migunakaken pitakènan-pitakènan ing ngandhap, para rawuh kaajak methik piwucal saking pangandikanipun Gusti kanggé gesang padintenan)

1. Saking pangandikanipun Gusti ingkang kita raos-raosaken kalawau, pokok-pokok piwucal punapa ingkang saged kita pethik?
2. Saking pokok-pokok kasebat, pokok piwucal ingkang pundi ingkang paling nengsemaken utawi mirungga tumraping Ibu/Bapak?

I. Rancangan Aksi

(Kanthi migunakaken pitakènan-pitakènan ing ngandhap, para rawuh kaajak ngrancang aksi utawi tumindak nyata ingkang badhé dipun tindakaken)

1. Saksampunipun kita ngraos-raosaken lan methik piwucal saking pangandikanipun Gusti kalawau, aksi utawi tumindak nyata punapa kémawon ingkang badhé Ibu/Bapak tindakaken wonten ing satengahing brayat utawi pasamuwan utawi masyarakat?
2. Punapa kémawon ingkang Ibu/Bapak betahaken supados saged mujudaken rancangan kasebat?

J. Ngidung KPJ 445:1-3

K. Pandonga Syafaat lan Panutup

Sugeng nindakaken karsanipun Gusti. Gusti hamberkahi kita. Amin.

[MH]



PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 1**

*Ngraosaken Kasangsanipun
Gusti Yésus*

Waosan:

Lukas 23:34

**DHUH RAMA,
TIYANG-TIYANG
PUNIKA MUGI
PADUKA
APUNTEN**

☪☪☪

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 187 ANA SABAWA GUMRUBYUNG

1

Ana sabawa gumrubyug, wit wong golongan kumrubut.

Gumrubug dènya peplayon, "Apa baya, kang tinonton?"

Ana kang gupuh sumambung, "Yésus Nasarani kang langkung."

Ana kang gupuh sumambung, "Yésus Nasarani kang langkung."

2

Yésus yéku Sang Pamarta, kang tumedhak saking swarga.

Mundhi dhawuhé Sang Rama, mitulungi wong cilaka.

Kang pracaya trusing kalbu; mesthi dènwelasi satuhu.

Kang pracaya trusing kalbu; mesthi dènwelasi satuhu.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 249 ABDINING SANG YEHUWAH

1

Abdining Sang Yéhuwah, kang sumuyud mring Allah,
yéku Sang Kristus Gusti, Putra sejati.

Ngurbanken sarira, krana tresnanya,

mrih manungsa raharja, mulya nèng swarga.

2

Pindha cempéning kurban kang pasrah tan suwala.
Ing ngarsèng pangadilan dora seksinya.
Tan mbikak lathinya, milaur séda,
tulus lila legawa dadya Pamarta.

3

Sinami lir durjana, sinalib wit duraka;
sinengitan ing jagad, tinampik umat.
Sangsara sedanya, wit ngrembat dosa,
mila tyang kang pracaya gesang raharja.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 23:34

Gusti Yésus tumuli munjuk: “Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten, amargi sami mboten mangretos punapa ingkang dipun tindakaken.”

Lukas 23: 34

6. RENUNGAN

“Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten”

Punika pangandika sepisanan ingkang kaunjukaken déning Gusti Yésus nalika Panjenenganipun wonten ing kajeng salib, minangka pandonga dhumateng Sang Rama

Sinten ta ingkang dipun kajengaken déning tembung “tiyang-tiyang punika” wonten ing pangandika wau? Inggih punika, golonganing tiyang Farisi/Ahli Torèt, inggih tiyang ingkang nguwaosi paugeraning Torèt nanging ingkang kapatrapaken tebih saking katresnan. Ugi golonganing tiyang Israèl/Yahudi ingkang nampèni mujijat-mujijat nanging kesupèn dhateng kasaénanipun Gusti Yésus, tiyang-tiyang ingkang dados prajurit-prajurit Rum. Tiyang-tiyang ingkang nindakaken putusan-putusan pamaréntah Rum punapadéné ugi putusan ingkang mboten manut paugeran. Sadaya golonganing manungsa ingkang sampun nyalibaken Gusti Yésus ingkang mboten wonten lepatipun.

Amargi sami mboten mangretos punapa ingkang dipun tindakaken... Gusti Yésus ngendika bilih tiyang-tiyang wau sami mboten mangretos punapa ingkang dipun tindakaken. mBoten mangretos ingkang tegesipun mboten mangretos bilih tiyang-tiyang punika nembé mihak dhateng dedosa. Tiyang-tiyang wau ngukum dhateng tiyang ingkang mboten ndarbèni kalepatan, nanging namung kanthi dhasar raos sengit. Tiyang-tiyang ngukum dhateng tiyang ingkang mbélani si ringkih lan asring nindakaken katresnan dhateng sok-sintena. Para tiyang wau sami adreng ngukum lan ngraosakaen anggenipun “kasil ngukum” karana para tiyang wau mboten mangretos ingkang dipun ukum punika Allah ingkang manjalma ingkang rawuh dados Juruwilujeng sadaya manungsa dosa.

Mugi Paduka apunten, tegesipun Gusti Yésus kebak katresnan. Kamirahaning Allah mboten badhé ewah karana sikepipun para tiyang ingkang sengit utawi ngginakaken kawontenan kanggé nyingkiraken Gusti Yésus. Wonten ing pangretosan sanèsipun, Gusti Yésus sumadya dados kurban kanggé manungsa ingkang dosa. Ing pangibadahipun umat Israèl, saben pangapuntening dosa dipun tampèni sasampunipun pangibadah kurban. Ing wekdal makaten, Gusti Yésus piyambak karsa dados kurban minangka gantosing manungsa supados manungsa pikantuk pangapuntening dosa lan kawilujengaken.

Para sadhèrèk, lumantar pangandikanipun Gusti Yésus ing kajeng salib: Sumangga kita dadosaken pepadhang kanggé urubing katresnan kita dhumateng Gusti. Pirsanana lan engeta bilih Sang Kristus nandhang sangsara semanten awratipun. Nalika ing wekdal nampèni panandhang ingkang kados makaten, Gusti Yésus munjuk dhumateng Allah Sang Rama, nyenyuwun supados para tiyang ingkang sampun nyalib Panjenenganipun wau dipun apunten: “Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten, amargi sami mboten mangretos punapa ingkang dipun tindakaken.”

Pangandikanipun Gusti ingkang nyuwun dhumateng Sang Rama ngapunteni para tiyang ingkang sami njalari kasangsaranipun, saèstu narik kawigatosan kita kanggé kita raosaken ing sauruding gesang kita. Para tiyang ingkang kanthi sadhar sampun njeksani Gusti Yésus nindakaken kalepatan, nanging sami mboten mangretos bilih panjenenganipun punika Gusti. Malah ingkang mboten mangretos malih bilih para tiyang wau sami nyalib Sang Juruwilujenging jagad.

Sumangga kita sami ngaca:

- Kita rak inggih asring rumaos leres piyambak, rumaos paling sembada. Bok bilih wekdal semanten kita dipun damel peteng déning si dosa satemah mboten saged nanggapi bab ingkang leres. Kita mboten saged tepang dhateng kayekten. Dosa adamel kita kesupèn lan mboten kuwagang mangretosi dhiri pribadi. Sumangga kita dedonga: “Apuntenana kawula, karana kawula asring mboten sumerep punapa ingkang kawula tindakaken.”
- Punapa kita sampun ngunjukakae panuwun sokur. Sumangga kita sami ndedonga: “Dhuh Gusti, kawula ngaturaken agenging panuwun, sabab Gusti ngèngetaken kawula dhateng dosa, lan tansah ngapunteni kawula. Mugi Paduka apunten tiyang ingkang nindakaken kalepatan dhumateng kawula, amargi sami mboten mangretos punapa ingkang dipun tindakaken.”
- Raos panuwun lan kaéraman dhateng pandonganipun Gusti Yésus ingkang nyuwunaken pangapunten dhateng para tiyang ingkang nandukaken kasangsaranipun, badhé dados berkah tumrap tiyang ing sakiwa-tengen kita, rikala sikepipun Gusti Yésus punika ndandosi kita dados manungsa ingkang ndarbèni manah ingkang asih-mirna. Sumangga kita dedonga: “Dhuh Rama,

Paduka karsaa dandosi kawula supados dados murid ingkang ndarbèni manah asih-mirma.” Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 251:1-2 “DOSA PUNAPA”

1

Dosa punapa déné Gusti kula,
nadyan ma suci, nging siniya-siya?
Krana sih tresna Paduka mring kula,
nandhang sangsara.

2

Dhuh, Ratuning rat, napa ta sababnya,
makutha eri ngrenggani mestaka?
Dimèn pra umat rinoban sih-rahmat,
luwar sing laknat.

8. PANDONGA

- Nyuwun supados kasagedaken sumerep agenging katresnanipun Gusti Yésus, supados kita nggadhahi citranipun Sang Kristus, lan gesang ing salebeting katresnan saha asih dhateng sesami.
- Ndedonga supados dados umat ingkang andhap asor, sumerep lan ngakeni dosanipun piyambak lan sumadya ndadosi.
- Ndedonga kanggé patunggilan supados dados papan ingkang neguhaken iman satunggal lan satunggalipun, mirungga ngadhepi prakawis gesang wekdal punika.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 92:1-2 “SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI”

1

Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.

2

Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya
sèstu punika ganjaran dahat agungira.

[PKM/TK]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 2**

*Ngraosaken Kasangsaranipun
Gusti Yésus*

Waosan:

Lukas 24:39-43

**SATEMENÉ ING
DINA IKI UGA
KOWÉ BAKAL
BEBARENGAN
KARO AKU ANA
ING PIRDUS**

✠

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 97 “UWAL SING LAKNAT”

1

Uwal sing laknat; iba begjaku! Gusti wus séda,
mbirat dosaku, temah luwar sing paukuman,
dènnya ngluwar babar pisan.

Reff.:

Babar pisan dènnya nulungi, babarpisan dènnya
ngrampung. Rumaketa ing pamenthangan,
mesthi luwar babarpisan.

2

Saiki kita padha mardika, Gusti wus nanggél ing slamet kita,
linuputken sing karusakan, sinucèkken babar-pisan,
Reff.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 250 “ANÈNG SALIB PADUKA”

1

Anèng salib Paduka, pangayom kawula,
toyaning gesang mulya ing ardi Golgota.

Reff.:

Salibnya, salibnya, kamulyan kawula
ngantos mbenjing nampèni palereman baka.

2

Anèng salib Paduka, katresnan kababar;
inggi namung Paduka pindha lintang fajar.

Reff.:

3

Anèng salib Paduka; pikekah kawula;
tansah kula èneti, ing gesang slaminya.

Reff.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 24:39-43

6. PANGAOSING PANGANDIKA

**“Satemené ing dina iki uga kowé bakal bebarengan
karo Aku ana ing Pirdus”**

Saben tiyang saged dhumawah ing kalepatan. Lumantar pitembungan, pandamel lan sedyanipun. Kalepatan wau wiwit saking ingkang sengaja dipun damel utawi ingkang mboten sengaja. Menawi saged ngrumaosi bilih manungsa saged nindakaken kalepatan, punika badhé dados sarana kanggé ndandosi gesangipun piyambak lan wangsul dhateng margi ingkang leres. Menawi mboten ngrumaosi, tiyang saged gumunggung. Tundhonipun, gesangipun tetep wonten ing margi ingkang lepat.

Nalika Gusti Yésus kasalib, panjenenganipun kapapanaken ing antawising durjana kelalih. Gusti Yésus ingkang tanpa kalepatan dipun damel sami kaliyan para durjana. Durjana satunggal kasalib ing sisih tengenipun lan durjana satunggalipun ing sisih kiwanipun. Inggang makaten wau adamel kathah tiyang sami memoyok Panjenenganipun lumantar pitembungan ingkang ngremehaken. Saben mripat ingkang mandeng lan panyenyamahipun tiyang kathah wau kebak déning pitembungan ingkang njeksani, ingkang nyumerepaken bilih Gusti Yésus kados-kados kebak kalepatan.

Pocapan ingkang nyenyamah, mboten namung kalair saking tiyang kathah, nanging ingih déning satunggaling durjana ingkang sesarengan dipun salib. “Apa Kowe dudu Sang Kristus? Mara, tulungana Awakmu dhéwé lan aku kabèh.” Panyatur wau nedahaken mboten kadunungan manah ingkang ngrumaosi dhateng sadaya pandamel ingkang sampun katindakaken. Piyambakipun wangkot. Paukuman ingkang dipun tampi mboten ndadosaken piyambakipun kapok. Ing tengahing paukuman, durjana wau taksih nyenyamah sesaming tiyang ingkang kapatrapan. Sanadyan piyambakipun mangretos bilih Gusti Yésus mboten kadunungan kalepatan, nanging seserepanipun wau mboten njalari piyambakipun saged mawas dhiri.

Durjana sanèsipun ingkang tumut kasalib sesarengan kaliyan Gusti, tumindak ingkang ngosok-wangsul. Piyambakipun ngrumaosi bilih gesangipun dipun lampahi sarana tumindak awon. Wohing tumindak awon piyambakipun rumaos sampun samesthinipun menawi kapidana. Manah ingkang ngrumaosi lepat, nyagedaken tinarbuka kanggé sumerep Gusti Yésus. Saged kalampahan, nalika nindakaken piawon, piyambakipun sampun mireng cariyos bab katresnanipun Gusti Yésus. Adhedhasar punika piyambakipun nyuwun dhumateng Gusti Yésus, “Dhuh Gusti Yésus, mugi Paduka karsaa ngèneti dhateng kawula, menawi Paduka rawuh ing Kraton Paduka.”

Ngajeng-ajeng supados Gusti Yésus kènetan dhateng piyambakipun, dados satunggaling bab ingkang nelakaken kapangipun Durjana kasebat dhateng pangrengkuhipun Allah, lan dados pangajeng-ajeng anyar. Durjana kasebat sumerep bilih piyambakipun mboten kasèp kanggé nyuwun pangapunten. Awit saking punika ing wekdal pungkasan ndhungkap ngajal, piyambakipun nyuwun sih-piwelasipun Gusti Yésus.

Raos-pangraosing manah lan pamratobat dados margi tumrapping manungsa kapulihaken. Atur pamratobatipun tiyang wau dipun wangsuli déning Gusti Yésus, “Aku pitutur marang kowé, satemené ing dina iki uga

kowé bakal beberengan karo Aku ana ing Pirdus.” (Lukas 23: 43). Gusti Yésus ngyakiniaken tiyang wau bilih pamratobatipun njalari kapulihaken lan ndarbeni pangajeng-ajeng. Kamanungsanipun kapulihaken minangka manungsa ingkang kinebakan sih piwelas. Pangajeng-ajengipun kapenuhan ing prasetyanipun Gusti Yésus bilih dinten punika ugi sesarengan kaliyan Gusti Yésus mlebet dhateng pirdus. Avenius Rosis nyebataken bilih tembung Pirdus saking basa Yunani paradéisos, ingkang tegesipun “taman kabingahan”. Wonten ing pamanggihipun tiyang Yahudi utawi Yudaismé, tembung Pirdus wonten gegayutanipun kaliyan swarga lan inggih mangsa ngajeng nalika Gusti Allah badhé mranata samudayanipun kanggé nyampurnakaken taman Eden. Pirdus punika papan nalika tiyang-tiyang mursid manggen sasampunipun pepejah. Inggih bab punika ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yésus nalika Panjenenganipun ngendika bab Pirdus ing pérangan punika.

Pangandikanipun Gusti Yésus punika badhé nandhesaken dhateng kita bilih wonten ing Panjenenganipun kawilujengan punika saèstu nyata wontenipun. Ing sisih sanès, pangandikanipun Gusti Yésus dados pepènget kanggé kita supados tansah gesang kanthi andhap asor. Andhap asor ing manah kawujudaken lumantar purun mawas dhiri, nebih saking pepénginan rumaos langkung saé lan leres. Nalika dhumawah ing kalepatan, tumuntena enggal sowan dhumateng Gusti kanthi nyuwun pangapunten. mBoten wonten tembung kasèp kanggé mratobat lan nyuwun sih-piwelasipun Gusti.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 275 “SRANA MANDENG ING SALIB”

1

Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,
tinebus sagung dosanira.

Dé cempéning Allah kang sinalib ngrembat,
ngésahaken duraka kita.

Reff.:

Swawi dèn pandeng!

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang
tinebus sagung dosa nira

2

Napa ta damelé Gusti Yésus séda,
yèn datan ngruwat dosa kita?

Napa ta damelé nombokaken nyawa,
yèn datan nebus dosa kita?

Reff.:

8. PANDONGA

- Nyuwun kasagedaken mawas dhiri lan gesang ing salebeting pamratobat
- Ndedonga supados patunggilanipunpara tiyang pitados dados papan kanggé sinau gesanging salebeting katresnan lan ngapunteni

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 275 “SRANA MANDENG ING SALIB”

3

Swawi ngungsi mring Gusti, tyang dosa sagung,
dosa kita den unjukna.

Mesthi antuk apura, temah agesang;
mbok dèn tampi lan suka-rena.

Reff.:

[WSN/TK]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 3**

*Ngraosaken Kasangsaranipun
Gusti Yésus*

Waosan:

Yohanes 19:26-27

**IBU, PUNIKA
INGKANG
PUTRA**

ꦲꦶꦧꦸꦥꦸꦤꦶꦏꦏꦁꦥꦸꦠꦫ

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 269 “SAIBA SANGSARANE GUSTI”

1

Saiba sangsarane Gusti, nglampahi pinenthang.
Kasamèkaken tyang durjana, nggene kapatrapan
Pinaku samparan lan asta, cinamah asmanya,
pinanggang ing bentèring surya, temah pegat nyawa.

2

Pundi dosané Gusti kula, nglampahi pinenthang.
Saèstu Gusti tanpa dosa ngrembat dosaning tyang.
Nggènipun masrahaken nyawa dhasar dipun sedya,
karsa nebus mring tiyang kathah nggih kula sadaya.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 307 KULA NIKA TIYANG DOSA

1

Kula nika tiyang dosa lan sami timbalan.
Déning Gusti Kang Masuci, mrih sami tetunggilan.

2

Kang nimbali wus nyawisi bujana ingkang suci,
ingkang suka, manah rena; mila gung kula puji.

3

Allah nrima dhateng kula punika panjerira
anggur roti kang dèn bukti minangka kang sarira.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yohanes 19:26-27

6. RENUNGAN

“Ibu, punika ingkang putra”

Punapa ingkang wonten ing pangangen-angen kita nalika mirengakaen lelagon

“Di Doa Ibuku?” sumangga kita nyanyi lagu punika kaliyan ngraosaken cakepanipun:

Di waktu ‘ku masih kecil, gembira dan senang

Tiada duka kukenal, tak kunjung mengerang

Di sore hari nan sepi... ibuku bertelut

Sujud berdoa ku dengar namaku disebut

Refr.: Di doa ibuku, namaku disebut

Di doa ibuku ku dengar, ada namaku disebut

Seringlah ini kukenang, di masa yang berat

Di kala hidup mendesak dan nyaris ku sesat

Melintas gambar ibuku, sewaktu bertelut

Kembali sayup kudengar.... namaku disebut, *Refr.:*

Pandanganipun ibu manggèn ing margining gesangipun para laré. Manahipun ibu kebak ing katresnan. Para laré tinampi ing kawontenan punapa kémawon ingkang nyarengi. Nalika para laré manahipun sarwi bingah, raosing batinipun ibu inggih kebak déning kabingahan. Ibu nyawiji ing kabingahanipun para laré. Nalika para laré wonten ing wekdal ingkang damel sisah, kangèlan lan prakawis, alusing manahipun ibu dados papan ingkang nentremaken tumrap para laré supados sami ayem.

Ibu badhé mirengaken punapa kemawon pasambatipun para laré. Ing nalikanipun laré sakit, wonten ing prakawis lan

kangèlan, asring kapireng suwantenipun ibu, “Saupama ibu bisa njupuk, mikul laramu, kangèlanmu, lan prakaramu, cik bèn ibu waé sing ngalami.” Kénging punapa saged makaten? Jalaran ibu ingkang nggèndhong para laré dangunipun sangang wulan langkung wonten ing kandhutanipun. Piyambakipun ngrimati lan merjuwangaken gesangipun laré kinanthènan katresnan.

Pangraosing batin ingkang makaten punika inggih ugi wonten ing ibu Maria, keng ibunipun Gusti Yésus. Ing lelampahan salib, piyambakipun tumut nyarengi Panjenenganipun. Nalika Gusti dipun rangkèt, dipun adili, dipun siksa lan dipun salib, ibu Maria nyarengi Gusti Yésus. Minangka jejering ibu, temtu manahipun ngraosaken tatu ningali lelampahanipun Gusti Yésus. Bok menawi tatuning batin sangsaya lebet nalika kèngetan pangandikanipun malaikat nalika manggihi ibu Maria, “...Putra kang bakal miyos iku bakal kasebut suci, Putraning Allah.” (Lukas 1:35b). Menawi Gusti Yésus Putraning Allah, kénging punapa Panjenenganipun kedah ngalami prakawis awrat lumantar salib?

Alusing manahipun ibu Maria inggih dados santosaning batinipun. Ing salebeting swasana batin ingkang manéka warni, piyambakipun tetep ngadeg jejeg ing sacelakipun salib. Gusti Yésus boten piyambakan. Wonten sawetawis sakabat lan para tiyang estri sanèsipun ingkang sesarengan kaliyan ibu Maria. Gusti Yésus pana kadospundi raosing manahipun keng ibu. Saking salib Panjenenganipun ngendika, “Ibu, punika ingkang putra.” Sasampunipun makaten lajeng paring pangandika dhateng para sakabatipun, “Lah iku ibumu.” Sarana pangandika punika badhé nedahaken bilih Gusti Yésus sanget anggènipun nresnani keng ibunipun. Salebeting katresnan, Panjenenganipun badhé mujudaken patunggilan ingkang boten kapisahaken.

“Punika ingkang putra.” Pangandikanipun Gusti Yésus badhé nandhesaken dhateng jagad bilih saben tiyang kedah kèngetan dhateng tiyang ingkang sampun ngandhut, ngrimati lan ngrembakakaken gesang. Inggih punika ibu. Laré kedah bekti dhateng tiyang sepuhipun. Wonten tetembungan, “Mikul dhuwur, mendhem jero.” Minangka wujud bektinipun laré lumantar gesang ingkang sembada supados laré saged njunjung lan mulyakaken tiyang sepuhipun.

“Lah iku ibumu.” Pangandikanipun Gusti ingkang dados piweling dhateng para sakabat supados para sakabat nampèni ibu Maria minangka ibunipun. Panjenenganipun kados-kados nitipaken ibu Maria dhateng patunggilaning para sakabat, supados sami tumut njagi, lan ngrimati keng ibuniPun kanthi kebak katresnan.

Manah satunggaling ibu, manah ingkang sarwa alus. Bektinipun laré minangka wujud pamuji sokur dhumateng Gusti Allah Sang Rama ingkang sampun paring gesang lumantar satunggaling ibu. Manah ingkang kaparingaken ibu dhateng para laré punika kababaring katresnanipun Sang Rama. Antawisipun katresnan lan bekti, kekalihipun dados satunggal supados gesang kawujud ing salebeting katresnan ingkang langgeng ing sadanguning jaman.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 146 “YEN SIRA SANGSARA”

1

Yèn sira sangsara sarta sedhih,
manteba pracaya, Allah tan tebih.
Aja wedi, Gustimu nganthi.
Rèhing kadursilan mesthi kasoran.
Pepeteng dosa ilang sirna,
mung gung karaharjan, linubèran.

2

Yen nyanggi momotan wah panandhang,
sira aja semplah alit ing manah.
Iblis julig memilut driya,
milih margi ènthèng nging dugèng nraka.
Pasrah mring Allah nyuwun kiyat,
sira tamtu rinoban sih-rahmat.

8. PANDONGA

- Ndedonga supados katresnanipun Gusti Yésus dados tuladha ingkang katindakaken wonten ing patunggilanipun umat.
- Nyenyuwun supados sesambetanipun laré lan tiyang sepuh katindakaken kanthi kebak katresnan.

9. KIDUNG PAMUJI

KPK LAMI 139 “GUSTI YÉSUS RATU ADIL”

1

Gusti Yésus Ratu adil
Panetep Panatagami
Kang mengku sajagad rat
Sagung ilat badhé nyebut
Wah salir dengkul
Asujud mring Gustine pra umat
Mring Gustine pra umat

2

Namung déning Kangjeng Gusti
Kita saged dados suci
Kinumbah klayan rahnya
Gesang langgeng wus sinungken
Wah tyang dosa rinukunken
Lantaran Sang Pamarta

[YS/TK]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 4**

*Ngraosaken sangsaranipun
Gusti Yésus*

Waosan:
Markus 15:34

**DHUH, ALLAH
KAWULA, ALLAH
KAWULA,
PUNAPAA
KAWULA PADUKA
TÉGAKAKEN?**

❧❧❧

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPK LAMI 75 “Kesambutan kula dumateng Gusti”

1

Dhuh pamarta séda Tuwan ngluwar kula sing ukuman
iba gunging pitulungan

Tuwan kang nebus kula Dé kula nyaur napa

Tuwan kang nebus kula Dé kula nyaur napa

3

Kala Tuwan pinisakit Rah Tuwan ndlewer ing salib

Wah kang srira tatu wradin Tuwan nglabuhi kula

Dé kula males napa Dé kula nyaur napa

Tuwan kang nebus kula Dé kula nyaur napa

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPK LAMI 69 “Sihipun Gusti Ketawis Saking Anggènipun
Nglampahi Sangsara”

1

Panglipuring tyang prihatos Klengen ing tyas kula

Sakathah sumlanging batos Tuwan nirken sadaya

Sing swarga Tuwan kang mulya Tuwan tumedhak mriki

Nyaur pundhat utang kula Tuwan gung kula puji

2

Iba-iba Tuwan mlasì Bangsa apes lan nista
 Sing laknat Tuwan luwari Margi sangsara séda
 Riwé rah lan waspa Tuwan Nèng Gètsemene mili
 Ngluwar kula sing ukuman Mbikak margining swargi

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Markus 15:34

6. RENUNGAN

**“Dhuh, Allah Kawula, Allah Kawula, punapaa
 Kawula Paduka tégakaken?”**

Menawi mirengaken ukara ingkang dipun ngendikakaken Gusti Yésus ing kajeng salib, punapa ingkang panjenengan raosaken? Menawi panjenengan nggambaraken nembé wonten ing panggènan sacelakipun Gusti kasalib lan Panjenenganipun nguwuh sora, “Dhuh, Allah Kawula, Allah Kawula, punapaa Kawula Paduka tégakaken?”

Tumrap sapérangan kita mbok menawi ngraosaken kanthi manah ingkang kados kairis-iris. Bok menawi sapérangan mboten kiyat nyumerepi lan mirengaken suwanten punika. Mirengaken tiyang ingkang ngalami kacilakan kita asring dipun damel mrinding punapa malih sumerep lan mireng panguwuhipun Gusti Yésus ingkang makaten anggènipun nandhang sangsara sakit kanthi sarira ginantung ing kajeng salib sarta paku ingkang nancep ing astanipun kekalih.

Mangga dipun gatosaken, panguwuh punika kaeneraken kanthi cetha dhumateng Gusti Allah. Pitakènanipun, kénging punapa Gusti Yésus nguwuh ingkang makaten? Punapa Gusti Yésus sampun kécalan pangajeng-ajengipun dhumateng Gusti Allah?

Kita mitados bilih Gusti Allah punika Mahaasih lan Mahatresna. Nanging menawi namung mandheg ing ngriku badhé mboten wonten tegesipun; mboten badhé wonten pangaribawanipun dhateng gesang kita. Inggih wigatos kadospundi kita saged ngraosaken katresnanipun Gusti Allah wonten ing gesang kita, satemah ing salebeting sangsara kados

punapa kita tetep tanggon lan kiyat saha mmboten kécalan pangajeng-ajeng.

Kasangsaran ingkang awrat sampun dipun pikul déning Gusti Yésus ing kajeng salib, satemah manungsa mmboten prelu nguwuh lan pitakèn menggah rawuhipun Gusti Allah ing kasangsaran kita. Samangké kita kantun ngraosaken Gusti Allah rawuh wonten ing gesang kita.

Dumugi dinten punika kita taksih aben-ajeng kaliyan manéka warni kasangsaran. Kita kaèngetaken kadospundi pandhemi covid-19 ingkang dangu lan nguras mmboten namung bandha donya nanging inggih totohan nyawa ingkang ngiring kita dhateng kawontenan ingkang awrat. mMboten sakedhik tiyang ingkang kécalan panyambut-damel, kécalan ingkang dipun darbeni, kécalan tiyang ingkang dipun tresnani lan kécalan pangajeng-ajeng.

Punapa panguwuhipun Gusti Yésus taksih kedah kita unjukaken? Ketingalipun mmboten prelu. Kita namung kantun nyawang dhateng salib. Salib punika sampun makili sadaya kasangsaran kita. Ingkang prelu kita tindakaken sapunika namung mbikak manah lan ngraosaken rawuhipun Gusti Allah wonten ing gesang kita.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 244 “SAJRONING PEPETENG”

1

Sajroning pepeteng ing donya, sumunar cahya minulya amadhang bangsa sajagad; sadaya nampi sihrahmat. Rawuhé nyingkirken pepeteng; sirna wayangan ing pati. Bumi nampani gesang langgeng, krana pepadhang nelahi.

2

Nadyan Paduka amberkahi, bandha donya anglubèri, sanyata datan maédahi; tan kwasa nentremken ati. Datan ana gunging panènan nuwuhaken katentreman tumrap wong kang nyingkur Pangéran; koncatan ing karaharjan.

8. PANDONGA

- Nyuwun kasagedaken mandeng dhateng salib lan masrahaken gesang wonten ing sih-rahmatiPun.
- Nyuwun supados kakiyataning Allah ndadosaken umat kendel ngadhepi lelampahaning gesangipun.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 351 “SAMANGKYA KITA MARDIKA”

1

Samangkya kita mardika, rinuwat saking dosa,
ngegungken bekti mring Gusti wah asih mring sesami.

Reff.:

Karaharjan lan kabegjan kang tansah ngiring gesang,
karana Sang Kristus Gusti, kula sinung basuki

2

Mangkya kita titah anyar tan winengku kadonyan.
Kanthi setya sarwi bingar lelados mring Pangéran.

Reff.:

[VS/TK]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 5**

*Ngraosaken sangsaranipun
Gusti Yésus*

Waosan:

Yohanes 19:28-29

“AKU NGELAK”

ꦏꦸꦒꦺꦭꦏꦏꦸ

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 59 “PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH”

1

Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresna nira mring salir titah.

Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki

Reff.:

Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!

Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.

Pasrah maring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

2

Pinuji slaminya Allah Matresna,
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci

Reff.:

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 68 “ALLAH MA’ASIH”

1

Allah Ma'asih asung Putranya,
Allah Ma'asih mring manungsa.

Reff.:

Mila kula ngidung Allah Ma'asih,
Allah Ma'asih mring manungsa.

2

Gusti ingutus dadya Pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.

Reff.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yohanes 19:28-29

6. RENUNGAN

“Aku Ngelak”

Para sadherek ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti,

Kita sadaya saged ngraosaken menawi pinuju ngelak, babar pisan boten ngremenaken. Ing sakathahing pengalaman, nahan ngelak langkung awrat katimbang nahan luwé. Sampun cetha bilih ngelak badhé ngganggu métabolisme utawi tumataning raga satemah boten mlampah kanthi samesthinipun. Bab punika inggih badhé ngèmbèt dhateng utek kita. Akibatipun, pikiran lan pangraos kita badhé kagangu.

Nalika wonten ing kajeng salib Gusti Yésus ugi ngraosaken ngelak. Panjenenganipun ketaman ngelak sanget. Saged dipun gambaraken kadospundi kasangsaranipun. Punapa ngelakipun Gusti Yésus ngelak ingkang salimrahipun? Saged kita mangretosi kénging punapa Gusti ngelak. Semanten dangunipun kakiyatanipun dipun telasaken, tindakipun tebih, manggul salib, kasiksa, kepanasen, lsp. Dèrèng malih kasangsaran ing pérangan batos utawi *psikologis*. Bab punika nedahaken péranganing kamanungsanipun Gusti Yésus ingkang nandhang sangsara ingkang kados makaten punika.

Panguwuhipun, “Aku ngelak.” Inggih pangandika ingkang tumrapping Yohanes kapapanaken minangka pepènget dhateng panguwuhipun Dawud nalika wonten ing pameteg. Panguwuhipun Dawud punika sinerat wonten ing Mazmur 69:22b, “... sarta nalika kawula ngelak, dipun sukani anggur kecut.’ Inggih makaten Gusti Yésus wonten Injil Yohanes inggih dipun aturi anggur kecut. Ralph Wilson nyebataken anggur kecut sarana tembung cukak anggur, ingkang dipun damel sarana *reaksi bakteri asam asetat* ingkang wonten ing alkohol. Wekdal samanten anggur kecut dados ombèn-ombèn paling mirah ingkang kulina dipun bekta déning prajurit perang. Ombèn-ombèn punika cepet damel jampi ngelak menawi katandhingaken kaliyan ombèn-ombèn sanesipun. Langkung-langkung cukak anggur punika boten njalari *mabuk*.

Para Sadherek ingkang dipun tresnan lan nresnani Gusti,

Sarana ningali malih cariyos ing Mazmur 69, ketingalipun Yohanes badhé nengenaken pérangan raos sesak ingkang dipun alami déning Gusti Yésus. Panguwuhipun Juru Mazmur punapadéné Gusti Yésus saged dados panguwuh kita sadaya ingkang gesang wonten ing swasana ingkang sesak. Sakmbotenipun wonten kalih bab ingkang kita raosaken:

Panguwuh ing salebeting kahanan ingkang sesak:

- 1) Sadaya tiyang nggadhahi wewengan ngunjukaken panguwuh isining manahipun nalika nembé ngraosaken sesak. Pangraosing manah lajeng saged lega, sanadyan namung sekedhap. Panguwuh wau ugi saged arupi bludaking isining manah dhateng tiyang sanès ingkang kita pitados. Kanthi ngluntakaken raosing manah, kita saged pikantuk kawigatosan saking tiyang sanès. Bab punika inggih saged mitulungi kita ngènget-ènget panguwuhipun tiyang sanes ing sakiwa-tengen kita. mBok menawi panguwuhipun sora, mbok menawi lirih, bok menawi boten ngginakaken pitembungan, nanging sepen jalaran kabungkem. Kita kaajak sageda tengèn

mirengaken panguwuhipun para tiyang ingkang wonten ing kawontenan sesak.

2) Ngicali raos ngelak.

Kita kaajak saged ngraosaken bilih Gusti Allah makarya ngicali raos ngelak kita. Gusti Allah kagungan manéka warni cara kanggé kabetahan punika. Nalika Gusti Yésus ngelak, wonten prajurit ingkang ngaturi anggur kecut. Inggih makatena ugi, Gusti Yésus tetep nglampahi kasalib. Gusti Yésus aben-ajeng kaliyan kasunyatan. Makaten ugi kita. Ngajeng-ajeng dhumateng berkahipun Gusti Allah ingkang karsa ngicali ngelak, boten ateges lajeng uwal saking tanggel jawab. Boten ateges kasunyataning gesang badhé manut pikajeng kita. Kita prelu nglajengaken mbudidaya tetep gesang, sanadyan kadhangkala ngalami sesak. Ing saben kawontenan, Gusti Allah midhangetaken pasambat kita. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 145 “YÈN PRAHARA URIP ANERJANG”

1

Yèn praharaning urip anerjang,
lan pancobaané nyerang ngrusuhi
mung sajuga pengarep-arepmu
prasetyané Gusti iku tangguh

8. PANDONGA

- Nyenyuwun supados umat saged ngunjukaken panguwuhipun dhumateng Gusti Allah lumantar pandonga.
- Ndongakaken patunggilan supados saged samidéné ajeg anggènipun donga-dinonga.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 145 “YÈN PRAHARA URIP ANERJANG”

1

Yèn praharaning urip anerjang,
lan pancobaané nyerang ngrusuhi
mung sajuga pengarep-arepmu
prasetyané Gusti iku tangguh

[DAM/TK]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 6**

*Ngraosaken sangsaranipun
Gusti Yésus*

Waosan:
Yohanes 19:30

**WUS RAMPUNG –
LELABET
DUMUGI
PUNGKASAN**

❧❧❧

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPK LAMI 71 “GUSTI YÉSUS NANDHANG SANGSARA”

1

Dhuh Gusti manah kawula mugi Tuwan kekahi
Badhé ngraosken sangsara anggèn Tuwan nglampahi
Iba gung ing palimirma lan sih Tuwan mring tyang dosa
Ngantos ngrembat dosanya setyaning piwelas
Tuwan kang nyawisi karaharjan Pinujia slamanya

2

Nadyan Tuwan wujud Allah Sutèng Allah kekasih
Tuwan nyanggi dosèng jagad Nandhang sungkawèng galih
Panyidra binantu nraka Wit saking gunging cintraka
Lir tinuwek kalbunya Sambat Tuwan: Adhuh Rama
Kang mugi tuwung punika Langkunga ing Kawula

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 92 “SÈSTU AGUNG SIHE GUSTI”

1

Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.

2

Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya
sèstu punika ganjaran dhahat agungira.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yokanan 19:30

6. RENUNGAN

“Wus rampung – Lelabet dumugi pungkasan”

Gesangipun manungsa kadosdéné lomba balap motor. Wiwit saking pemanasan, ngantos nglangkungi satunggal mbaka satunggal ubengan dumugi garis pungkasan. Supados dumugi garis pungkasan utawi tujuwan pungkasan wonten sawenehing bab ingkang kedah dipun lampahi. Sami kaliyan waosan ingkang nggambaraken wekdal pungkasan lelabetanipun Gusti Yésus sadèrèngipun séda lan ngancik tujuwan pungkasan gesangiPun ing donya.

Injil Yokanan 19:30 minangka rerangkèning pangurbanan lan kasangsaranipun Gusti Yésus ing kajeng salib ngantos dumugi sédanipun. Pangandikanipun Gusti Yésus ing ayat 30 “Wus rampung” kalebet dhateng pangandika pitu ing kajeng salib sadèrèngipun séda. Pangandika “Wus rampung” punika kapangandikakaken karana sadaya pakaryanipun ing jagad punika sampun rampung, lan wekdalipun kundur dhumateng Sang Rama sampun dumugi. Pangandikanipun Gusti Yésus “Wus rampung” kados-kados minangka tandha kawon karana Gusti Yésus pasrah dhateng kasangsaran ingkang dipun sandhang ing kajeng salib. Nanging sayektinipun maknaning pangandika punika wujud ing kamenanganipun. Anggènipun sumuyud dhumateng karsanipun Sang Rama dumugi sédaniPun ingkang mratandhani katresnanipun ingkang ageng dhateng manungsa. Punika katresnan ingkang katindakaken dumugining séda.

Wiwit saking miyosipun ing jagad punika, ngantos dumugi diwasa, pinanggih semanten kathahipun pakaryan, mukjijat, kasaénan, kadilan, pangrengkuhiPun dhateng sadaya tiyang ingkang mbetahaken, tuwin sakathahing pangandikaniPun. Sadaya punika minangka lelabetanipun Gusti Yésus kanggé mujudaken karsanipun Sang Rama ing suwarga ngrawuhaken karatonipun Allah ing jagad lan kawilujengan tumraping

manungsa. Pangandika “Wus rampung” kawiyos minangka tandha bilih lelabetanipun Gusti Yésus sampun ngancik garis pungkasan. Sasampunipun punika, Gusti Yésus ndhingklikaken mastaka lan masrahaken nyawaniPun. Pawarta punika nyumerepaken bilih sédanipun Gusti Yésus minangka gesang lan kanugrahan kawilujengan tumrap manungsa saking dosa lan pejah, inggih punika pucaking pakaryanipun Gusti Yésus kanggé manungsa.

Kadosdéné satunggaling perlombaan, Gusti Yésus sampun kasil nglangkungi pénggokan-pénggokan tajem kebak pepalang, ubengan-ubengan ingkang angèl ngantos dumugi garis pungkasan. Gusti Yésus kuwangang nglangkungi panampikipun manungsa ingkang boten nampèni pangandikanipun, kuwangang nampèni panyenyamah, dipun rèmhèhaken tiyang, dipun cidrani, dipun kuya-kuya lan dipun salib. Gusti Yésus saged dumugi ing pungkasaning lelabetanipun kanggé netepi tujuwaning gesangipun.

Kadospundi menggahing gesang kita? Temtu kathah prakawis, dadosa wonten ing brayat, sesambetan kaliyan sesami, pasinaon, panyambut damel, olah tetanèn, punapadéné dagang lan sapanunggalanipun. Minangka pandhèrèkipun Gusti Yésus prayogi sampun ngantos kawon déning pepalang lan prakawising gesang. Sumangga kita sesarengan sinau saking tuladhanipun Gusti Yésus ingkang boten kawon lan tetep mbudidaya ngranggèh garis pungkasan. Gusti mberkahi. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPK LAMI 132 “TINEBUS BABAR PISAN”

1

Uwal sing laknat iba begjaku Gusti wus séda mbirat dosaku
Temah luwar sing paukuman Dènnya ngluwar babar pisan
Reff.:

Babar pisan dènnya nulungi
Babar pisan dènnya ngrampung
Rumaketa ing pamentangan
Mesthi luwar babar pisan

2

Saiki kita padha mardika Gusti wus nanggél ing slamet kita
 Linuputken sing karusakan Sinucèkken babar pisan
 Reff.:

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

- Ndedonga nyuwun kasagedaken tekun wonten ing lampah gesang ingkang dipun tampèni.
- Ndedonga supados pasamuwan saged dados patunggilan ingkang nyantosakaken para warganipun, salebeting setya ndhèrèk Gusti Yésus dumugi pungkasanipun.

9. KIDUNG PAMUJI

KPK LAMI 137 “MANGGUL SALIB”

1

Gusti Yésus kula badhe ndhèrèk Tuwan slaminya
 Ndhèrèk manggul salib Tuwan sajeg kula nèng Donya
 Kula Tuwan kiyataken sageda tahan susah
 Sampun ngantos kemuriten sampun cuwa ing manah

2

Nadyan kula sinengitan dening tiyang nèng Donya
 Nadyan tinilar ing mitra Gusti tan nilar kula
 Lamun Tuwan ingkang nganthi kula ndhèrèk lan bingah
 Lamun Tuwan kang ngasihi kula tan ngétang susah

[YBW/TK]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 7**

*Ngraosaken sangsaranipun
Gusti Yésus*

Waosan:
Lukas 23:46

**DHUH RAMA,
KAWULA
MASRAHAKEN
NYAWA KAWULA
WONTEN ING
ASTA PADUKA**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 416 “SAPRAKARA KANG PANTES”

1

Saprakara kang pantes dèn upadi,
ye'ku Kratoning Allah Sang Rama.

Samubarang pinaringken tumuli,
angger sumuyud jroning pracaya
Reff.:

Kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha.

Sarwa kadonyan wus mesthi sirna.

Mung sihe' Allah kang langgeng slamanya.

Tyang kang ngayom wus mesthi raharja

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 416 “SAPRAKARA KANG PANTES”

2

Drajad, kasugihan, wah kasenengan

Ginayuh kanthi margi utami.

Aywa lali kang aji lan sejati,
yéku setya wah nunggil lan Gusti.

Reff.:

3

Sagung kadonyan ingkang kadarbya
 iku sranané mbabarken tresna.
 Ye'n dugèng janji tan badhé binekta,
 mung gesang langgeng bandha ing Swarga
 Reff.:
 Kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha.
 Sarwa kadonyan wus mesthi sirna.
 Mung sihe' Allah kang langgeng slamanya.
 Tyang kang ngayom wus mesthi raharja

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 23:46

6. RENUNGAN

“Dhuh Rama, Kawula masrahaken nyawa Kawula wonten ing asta Paduka”

Punika pangandika pungkasan ingkang kaunjukaken kanthi sora, nalika Panjenenganipun wonten ing kajeng salib. Sédanipun Sang Kristus dipun terangaken lumantar suwanten sora ingkang kawiyos saking lésanipun nalika Panjenenganipun masrahaken nyawanipun (ay. 46). Sadèrèngipun, Sang Kristus inggih nguwuh kanthi sora, “punapaa déné Kawula Paduka tégakaken?” Punika kados ingkang kacariyosaken déning Matius lan Markus, lan kadosipun ing ngriki Panjenenganipun nguwuh sora. Sayektinipun, saged kemawon Panjenenganipun boten nguwuh amargi Sang Rama temtu midhanget pangandikanipun. Nanging Panjenenganipun kanthi suwanten sora badhé nedahaken ing salugunipun lan supados tiyang-tiyang sami nggatosaken menawi Panjenenganipun punika Sang Mesih ingkang dipun utus déning Sang Rama. Tumrap bab punika Panjenenganipun nguwuh sora, “Dhuh Rama, Kawula masrahaken nyawa Kawula wonten ing asta Paduka”

Gusti Yésus ngagem pitembungan ingkang dipun agem déning leluhuripun, inggih punika Sang Prabu Dawud (Mzm

31:6). Punika badhé nedahaken bilih inggih Rohipun Sang Kristus ingkang sampun nate kaseksènan déning para nabi wonten ing Prajanjian Lami, saha bilih Panjenenganipun rawuh karsa netepi pangandika wau. Sang Kristus ngadhepi sèdaniPun kanthi ngunjukaken pangandikanipun Allah. Panjenenganipun memulang dhateng kita supados tansah ènget pangandika ing wekdal ngadhepi kangelaning gesang lan pepejah.

Gusti Yésus ngaturi Allah kanthi sebatan “Rama”. Sadèrèngipun, nalika Panjenenganipun sesambat karana dipun tilar, panjenenganipun munjuk, “Eli, Eli, Allah Kawula, Allah Kawula.” Nanging wonten ing pungkasaning panguwuhipun, Panjenenganipun ngaturi “Rama.” Punika badhé nedahaken bilih kasangsaran ingkang kasanggi punika katindakaken minangka tugas ingkang dipun tampi saking Ramanipun. Tumrap punika Panjenenganipun ngaturi Allah minangka “Rama”. Sarana mekaten, Panjenenganipun mapanaken sariraniipun minangka Putraning Allah lan Panjenenganipun nindakaken sedaya punika kanggé kita, supados lumantar Panjenenganipun, kita saged kaangkat dados para putranipun Allah.

Gusti Yésus ngersakaken ngagem ukara kasebat kanggé nedahaken pakaryanipun minangka Pantawis. Panjenenganipun masrahaken gesangipun dados kurban panebusing gesang kita (Yés. 53:10). Nyawanipun dados tebusan tumrap sakathahing manungsa (Mat. 20:28), ingkang déning Roh ingkang langgeng ngurbanaken sariraniPun piyambak (Ibr. 9:14). Gusti Yésus punika Imam lan Kurban ingkang kapisungsungaken. Nyawa kita ingkang kedahipun wonten ing sangandhaping paukuman, ananging nyawaniPun kedah dados tebusan kanggé nguwalaken saking paukuman punika. Regi ingkang awis kedah wonten ing astanipun Allah, minangka pihak ingkang sampun kadamel rugi amargi peneraking si dosa. Inggih Panjenenganipun punika ingkang mbayar lunas dhumateng Allah. Kanthi pangandika punika, Panjenenganipun misungsungaken kurban, ingkang sinami kadosdéne ngulungaken astanipun dhateng sanginggiling sirah kurban

lan masrahaken; “Kawula nyèlèhaken, lan nebus wonten ing asta Paduka. Dhuh Rama, Paduka tampèni nyawa Kawula lan nyawa Kawula minangka gantosing nyawanipun tiyang dosa ingkang Kawula tebus lumantar pejah Kawula.” Sang Kristus nguningakaken anggènipun rila misungsungkaken nyawaniPun piyambak, kados ingkang sepisanan dipun tindakaken déning Panjenenganipun (Ibr. 10:9-10), “Lah sapunika, Kawula sowan badhé nglampahi karsa Paduka.”

Gusti Yésus nyumerepaken menggah kadospundi Panjenenganipun masrahaken dhumateng Allah supados kawungokaken malih déning Rohipun, lumantar manunggaling nyawa lan sariraniPun. Panjenenganipun masrahaken Rohipun dhumateng asta Sang Rama supados katampi ing pirdus, lan kawangsulaken malih ing dinten kaping tiganipun. Lumantar sadaya punika, Gusti Yésus nedahaken bilih Panjenenganipun kagungan sarira jasmani lan makaten ugi nyawanipun ingkang boten pinisah saking sarira kamanungsanipun. Makaten punika Panjenenganipun dipun dadosaken sawiji kaliyan para sadhèrèk sanèsipun. Panjenenganipun masrahaken nyawa ing astanipun Sang Rama, ing panguwaos pangayomaning Sang Rama, supados lerem wonten ing pangajeng-ajeng bilih nyawaniPun boten badhé dipun kèndelaken wonten ing jagading tiyang pejah nalika pisah saking sariraniPun.

Gusti Yésus paring tuladha kanthi ngginakaken pitembunganipun Sang Prabu Dawud kanggé nyumerepaken wigatining pejahipun para suci, lan nucèkaken pitembungan punika supados dipun ginakaken ing samesthinipun. Nalika kita ngajal, nyawa kita ingkang kedah dipun gatosaken, lan bab ingkang langkung prayogi ingkang kita tindakaken tumraping nyawa kita inggih punika masrahaken nyawa kita dhateng astanipun Gusti Allah, minangka Sang Rama, supados kasucèkaken lan dipun kuwaosi déning Roh lan katresnaniPun, lan bénjing, nalika kita ndhungkap ngajal, kita kedah masrahaken nyawa kita wonten ing astaniPun supados dipun sampurnakaken wonten ing kasucèn lan katentreman. Kita kedah nedahaken anggèn kita rila pejah, lan pitados kanthi tumemen badhé

gesang sasampunipun pejah, saha nganjeng-ajeng gesang malih, kanthi matur, “Dhuh Rama, Kawula masrahaken nyawa Kawula wonten ing asta Paduka” Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 257 “GUSTI YÉSUS SINALIB”

1

Gusti Yésus sinalib sinrahken Allah priyanga,
karsa nyangga paukuman myang laknat dados lintuning
berkat.

2

Gustiku kang sinalib, pasrah pyambak mring sédané,
supayané aku padha slameta, sihé winangsulana.

8. PANDONGA

- Nyuwun supados umat tansah pitados bilih wonten ing astanipun Gusti, wonten ayem lan tenrem
- Nyuwun supados umat tansah pitados bilih rancanganing Allah punika rancangan katentreman, satemah umat saged masrahaken gesang dhumateng Gusti
- Ndedonga supados patunggilan dados patunggilan ingkang samidéne nyantosakaken.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 257 “GUSTI YÉSUS SINALIB”

3

Gustiku kang sinalib, marga déning durakaku,
mangka aku jenak mring pakareman, pantes tampi ukuman.

4

Panebusku sinalib, aku iki tebusané.
Kwajibané, aku mbuwang piala margané Gusti séda.

[NS/TK]

